M. DA'WLETOV, B. QUTLI'MURATOV

# QARAQALPAQ TILI

6-KLASS USHI'N SABAQLI'Q

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi tasti'yi'qlag'an*

*Qayta islengen u'shinshi basi'li'm*

«BILIM»
«O'ZBEKISTON»
TASHKENT — 2013

UO‘K: 811.512.121
(075)
KBK 81.2
Д-59

**Qaraqalpaq tili.** 6-klass ushi’n sabaqli’q.
Д-59 No’kis, «Bilim», 2013-j. 208 bet.

**UO‘K: 811.512.121**
**(075)**
**KBK 81. 2**

Sabaqli’qti’n’ kirisiw, V klasta wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw, Fonetika ha’m imla (§ 1-3), Leksikologiya (§ 7-18), Morfologiya ha’m imla. Atli’q (§ 29-41), Sanli’q (§ 42-51), Almasi’q (§ 52-61), Ra’wish (§ 80-94) — **M. Da’wletov;** U’nleslik ni’zami’ (§ 4-6), So’z jasali’w ha’m imla. So’zlerdin’ quri’li’si’ jag’i’nan tu’rleri (§ 19-28), Feyil (§ 62-79), Woqi’w ji’li’ dawami’nda wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw — **B. Qutli’muratov** ta’repinen ja’zi’ldi’.

Pikir bildiriwshiler:

**Kurbaniyazova P.** — No’kis qalali’q 6-sanli’ mekteptin’ joqari’ kategoriyali’ mug’allimi;
**Ismaylova Z.** — No’kis qalali’q 10-sanli’ mekteptin’ I kategoriyali’ mug’allimi;
**Qaljanova N.** — Xojeli rayonli’q 10-sanli’ mekteptin’ II kategoriyali’ mug’allimi.

**«Respublikali’q maqsetli kitap qori’» ta’repinen ijara ushi’n basi’p shi’g’ari’ldi’**

**ISBN 978-9943-327-96-2**

**© «Bilim» baspasi’, 2013**
**© «O‘zbekiston», 2013**

## 1-SENTYABR — G'A'REZSIZLIK KU'NI

### G'a'rezsizlik bayrami'n'i'z ha'm jan'a woqi'w ji'li'n'i'z qutli' bolsi'n, qa'dirli woqi'wshi'lar!



***1-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' ta'sirli woqi'n'. Qosi'q mazmuni' boyi'nsha g'a'rezsizlik haqqi'nda ayti'p berin'.

### ULLI' G'A'REZSIZLIK

Ulli' g'a'rezsizlik sharapati'nan,
Woni'n' qu'diretinen, ka'ramati'nan,
Ruwxi'y ku'sh ali'p, du'nyani' tani'p,
Jerdegi juldi'zdi' sanap ati'rman...

G'a'rezsizlik bergen g'a'niymet demnen,
Yerkin na'pes ali'p yerjetken yermen,
Tuwi'lg'an jerimdi, awi'l-yelimdi,
Wo'zimnin' biyg'a'rez Watani'm dermen.

Ulli’ g’a’rezsizlik sharapati’nan,
Turmi’si’m bar tan’layda pal tati’g’an,
Buni’n’ ba’ri — tuwi’sqanli’q, dosli’q ha’m
Tati’wli’qti’n’ mehri-muhabbati’nan.

I’ri’sqal ha’m duz-nesiybe mol bolsi’n,
G’a’rezsizlik — ulli’ jipek jol bolsi’n.
Bul ken’ a’lem Tu’rkstannan baslani’p,
Atqan adi’m — wog’an basqan mo’r bolsi’n.

*(T. Qabulov)*

***2-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’n’. Berilgen sorawlarg’a awi’zeki juwap berin’.

## DU’NYA TILLERI

Birlesken Milletler Sho’lkeminin’ xabari’ boyi’nsha jer ju’zi xalqi’ni’n’ sani’ 6 milliardqa jetti. 1987-ji’li’ 5 milliardtan zi’yati’raq bolg’an. Wolar 5000 nan aslam tilde so’ylesedi.

Jer shari’ndag’i’ xali’qlardi’n’ u’shten yeki bo’legi 13 tu’rli tilden paydalanadi’.

Du’nya ju’zi tillerinen inglis, wori’s, francuz, qi’tay, arab, ispan tilleri ra’smiy xali’q arali’q tiller dep tabi’ladi’.

Wo’zbekstan mekteplerinde balalar 7 tu’rli tilde: wo’zbek, qaraqalpaq, wori’s, ta’jik, qazaq, tu’rkmen, qi’rg’i’z tillerinde, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ mekteplerinde balalar 5 tilde: qaraqalpaq, wo’zbek, wori’s, qazaq, tu’rkmen tillerinde bilim ha’m ta’rbiya almaqta.

Wo’zbekstan Respublikasi’ 1989-ji’li’ 21-oktyabrde til haqqi’nda Ni’zam qabi’l yetti. Qaraqalpaqstan Respublikasi’da 1989-ji’li’ 1-dekabrinde til haqqi’nda Ni’zam qabi’lladi’. Bul Ni’zam boyi’nsha qaraqalpaq ha’m wo’zbek tili Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik tili boli’p tabi’ladi’.

*(«Ma’rifat» gazetasi’nan)*

### *Sorawlar:*

1. Du'nya ju'zi tillerinin' sani' qansha ha'm qaysi' tiller xali'q arali'q tiller dep yesaplanadi'?
2. Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan mekteplerinde qaysi' tillerde sabaq wo'tiledi?
3. Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstanda til haqqi'nda Ni'zam qashan qabi'l yetildi?
4. Sizler wo'z ana tilin'izden basqa qaysi' tillerdi u'yrenip ati'rsi'z?

***3-shi'ni'g'i'w.*** Sorawlarg'a awi'zeki juwap berin'.

1. Jazg'i' demali'sti' qalay wo'tkerdin'iz? Demali's waqti'nda lagerde boldi'n'i'z ba? Yeger lagerde bolsan'i'z, qi'zi'qli' sayaxatlarg'a shi'qqani'n'i'z tuwrali' so'ylep berin'.

2. Siz wo'z u'yin'izde ata-analari'n'i'zdi'n' qanday jumi'slari'na ja'rdemlestin'iz? Ne menen shug'i'llandi'n'i'z?

3. Yeger siz qalada tursan'i'z, awi'lda jasaytug'i'n tuwg'an-tuwi'sqan, tani'slari'n'i'zdi'n' u'ylerine bardi'n'i'z ba? Wolardi'n' turmi'si'n, awi'l ko'rinisin su'wretlep ayti'p berin'.

4. Jazg'i' demali's waqti'nda qanday gazeta-jurnallar, ko'rkem shi'g'armalar woqi'di'n'i'z? Woqi'g'an kitaplar, ko'rgen kinofilm ha'm teleko'rsetiwler boyi'nsha ku'ndelik du'zdin'iz be? Wolardan wo'zin'izdi qi'zi'qti'rg'an waqi'yalar tuwrali' so'ylep berin'.

## V KLASTA WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

### *Sorawlar:*

1. Grammatikani'n' sintaksis tarawi'nda neler u'yreniledi?
2. Irkilis belgilerinin' qag'i'ydalar ji'ynag'i' qanday termin menen ataladi'?
3. Ga'p ag'zalari' neshege bo'linedi? Atap ayti'n'.
4. Qaysi' ag'zalarg'a bas ag'zalar delinedi?
5. Yekinshi da'rejeli ag'zalarg'a qaysi' ag'za kiredi?

***4-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Wondag'i' ga'plerdi mazmuni'na qaray tu'rlerine aji'rati'n' ha'm irkilis belgilerin ayti'n'.

Joq A'miwda'ryani'n' suwi' yele tasi'mag'an yedi, buri'ng'i' an'g'ari'n boylap, ultani'nan az g'ana ji'lti'rag'an suw ag'i'p turi'pti'. Wol ji'lti'rag'an suwg'a na'zer taslap biraz turdi':

— Ha'w, A'miw! – dedi da'ryag'a g'a'zeplengendey.

— Sen nege mehirsiz anag'a uqsap barati'rsan'? Adamlarg'a wo'kpelimisen'? Senin' to'ppeleme qi'li'p tolti'ri'p turg'an Aral ten'izi de sag'an wo'kpeli sekilli, kirpidey ji'yi'ri'li'p kishireyip barati'r, tu'sin!

— Ilayi'm, Araldi' aman ali'p qali'wdi'n' jollari' tabi'lg'ay. *(T.Q.)*

***5-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Xabar, soraw ga'plerdin' asti'n si'zi'p, wolarg'a qanday irkilis belgileri qoyi'lg'ani'n ha'm ga'ptin' ma'nisin tu'sindirin'.

Aldi'mnan kishkentay, biraq ta sonday suli'w ag'ashli' bag' shi'qti'. Woni'n' kire bergen jerinde qoldan jasalg'an biyik mu'sin ko'rindi. Wol Karamzinnin' mu'sini yeken. Bul qalada ha'r qi'yli' yestelik wori'nlari' ko'p uqsaydi'. Izimnen bag'qa kirgen bir hayal mag'an jaqi'n kelip toqtadi' da, siz shet yelden kelgen turistsiz be, bul qaladag'i' gimnaziyani' mag'an ko'rsete alasi'z ba? — dedi. Men wol hayalg'a wo'zimnin' kim yekenimdi ayti'p boli'p, sol gimnaziyani' men de ko'rmekshimen. *(A.Bek.)*

***6-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ga'ptin' bas ag'zalari'n tawi'p, wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap beretug'i'ni'n ha'm qanday so'z shaqabi'nan bolg'ani'n ayti'n'.

1. Mi'rza uri's baslanbastan buri'n-aq oficerlik da'rejesine iye yedi. Wol Tu'rkstan a'skeriy okruginde xi'zmette boli'p, frontta batalyon komandirlik yetken yedi. Men starshina yedim. Meni qatardag'i' jawi'ngerlikke tu'sirdi.

Mi'rzani'n' worni'n to'menletse de, wog'an vzvod bergen yedi. Men wog'an qarasli' boli'p qaldi'm.

2. Ko'p keshikpey a'skeriy xi'zmetten bosatqan yedi. Keterimnin' aldi'nda qayi'n'g'a keldim. Ko'zge zorg'a-zorg'a tu'serliktey ko'k sho'pke bo'lengen to'beshiklerdin' qasi'nda tuwi'lg'an ma'kani'mday boli'p qalg'an jerlerdi jaqsi' yeste qaldi'ri'w ushi'n a'tirapqa ko'z jiberip, uzaq waqi't wog'an qarap turdi'm. *(J.M.)*

***7-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'n tawi'p, asti'n si'zi'n'.

Jaz wo'tip, gu'z baslandi', jap-salmalarda suw qayta basladi'. A'yne ji'yi'n-terim ku'nleri yedi.

Bi'yi'lg'i' gu'z sozi'li'p ketti. Juwg'arada qi's tu'spedi. Qara gu'zekten wo'te ji'yi'n-terim pitken son', qazi'w baslanatug'i'n yedi.

Bi'yi'l wolay bolmadi'. Qazi'w da, woni'n' ta'ta'rrigi de biraz keshikti. Sebebi, qazi'wdi'n' worni'na xojali'qqa ja'rdemlesiw ha'm yegiske tayarli'q ko'riw kerek yedi. Kim qay jerge barmasi'n, ha'mmenin' awzi'nan ba'ha'rgi tayarli'q ko'riw so'zleri yesitiler yedi. *(W.X.)*

***8-shi'ni'g'i'w.*** To'mende ko'rsetilgen ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari'ni'n' ha'rbir tu'rine ga'p qurap jazi'n'. Jazg'an ga'p-lerin'izde xabar, soraw, buyri'q, u'ndew ga'plerdi yesapqa ali'n'.




## Sintaksislik tallawlar

### Tallaw jobasi':

1. Ga'ptin' ma'nisine qaray tu'rleri.
2. Ga'ptin' du'zilisine qaray (jay yaki qospa ga'p yekenligi).

3. Ga'ptin' bas ag'zalari' yekenligi.
4. Ga'ptin' yekinshi da'rejeli ag'zalari' yekenligi.

### Jazba tallaw u'lgisi:

| | |
|---|---|
| 1. Baslawi'sh | ———————— |
| 2. Bayanlawi'sh | ════════ |
| 3. Ani'qlawi'sh | ～～～～～～ |
| 4. Toli'qlawi'sh | – – – – – – – – – – |
| 5. Pi'si'qlawi'sh | – · – · – · – · – · – · |

### Jazba tallaw:

Men aldi'ng'i' waqi'tlarda da usi' u'lken isenimdi aqlayman.

### Awi'zsha tallaw u'lgisi:

Arqa betten jag'i'mli' samal yesip turadi'. Xabar ga'p, ken'eytilgen jay ga'p. **Samal** ne? sorawi'na juwap beredi — **baslawi'sh, yesip turadi'** ne qi'ladi'? sorawi'na juwap beredi — **bayanlawi'sh, jag'i'mli'** qanday? sorawi'na juwap beredi — **ani'qlawi'sh, arqa betten** qayaqtan? sorawi'na juwap beredi — **pi'si'qlawi'sh**.

***9-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdin' da'slepki yeki ga'pin jazba tu'rde, son'g'i' yeki ga'pin awi'zsha tu'rde sintaksislik tallan'.

1. Sport penen shug'i'llani'w fizikali'q ha'm ruwxi'y jaqtan shi'ni'qti'radi'. 2. Ha'rbir insang'a ta'n za'ru'rli pazi'yletlerdi qa'liplestiredi. 3. Ko'rkem gimnastika sportti'n' yen' na'zik ha'm go'zzal tu'rlerinen yesaplanadi'. 4. Barli'q aymaqlarda ko'rkem gimnastika mektepleri jumi's islep barmaqta.

***10-shi'ni'g'i'w.*** Gu'z ma'wsimine baylani'sli' tekst du'zin'. Jay ga'plerdi mazmuni'na qaray tallan'.

## FONETIKA HA'M IMLA

### § 1. Buwi'n ha'm buwi'nni'n' bo'liniwi

*11-shi'ni'g'i'w.* Tekstti woqi'n'. Teksttegi ha'rbir so'zdi woqi'g'anda wo'kpeden shi'qqan hawa tolqi'ni'ni'n' qalay shi'g'atug'i'ni'na ha'm bo'liniwine di'qqat awdari'n'.

Bizlerdin' qoy jayatug'i'n jerimiz «Ko'ksay» dep ataladi'. Bulay atali'wi'ni'n' sebebi, ba'ha'rde bul saydi' adam boyi' ko'k sho'pler qaplaydi'. Woni'n' da'l wortasi'nda yeski qudi'q worni' bar. Mi's qaynag'an Qi'zi'lqumni'n' ishinde suwi' gu'mbirlegen bul qudi'q buri'n talay adamlardi'n' sho'lin qandi'rg'an.

«Ko'ksay»di'n' g'i'rra a'tirapi' ji'n'g'i'llar menen seksewillik. Qoylardi'n' aldi' usi'lardi'n' tu'plerine bari'p jata basladi'. Wo'ytkeni, ku'n wog'i'ri' i'si'g'an yedi. Bizler de u'lken bir tu'p, asti' qoyi'w ko'len'keli seksewildi panalap woti'rmi'z. *(S.J.)*

So'zlerdi aytqanda ishten shi'qqan hawa tolqi'ni' bo'leklerge bo'linbey, bir tegis boli'p ta yamasa bo'lek-bo'lek boli'p ta ayti'ladi'. Mi'sali': **al, at, sal, ber, tut, su't** ha'm t.b. si'yaqli' so'zlerdi aytqanda ishten shi'qqan hawa bir tegis ayti'li'p, bir pu'tin boli'p shi'g'adi'. Al, **ata, alma, salma, paxta, woqi'wshi', bilimli** si'yaqli' so'zlerdi aytqanda, hawa tolqi'ni' bo'lek-bo'lek boli'p ayti'ladi': **alma, a-ta, sal-ma, wo-qi'w-shi', bi-lim-li** ha'm t.b.

Awi'zdan shi'qqan hawani'n' pa'ti menen bo'linip-bo'linip ayti'latug'i'n bir yamasa birneshe seslerden quralg'an so'z bo'legi **buwi'n** dep ataladi'.

Buwi'n dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z seslerden quraladi'. Buwi'nni'n' jasali'wi'nda dawi'sli' sesler tiykarg'i' xi'zmetti atqaradi'.

Buwi'n bir dawi'sli' sesten (**a-na, Uli'q-bek, U'mit, i-nim**), bir dawi'sli', bir dawi'ssi'z sesten

(**ba-la, yer-te, ke-le-di**), bir dawi'sli', yeki dawi'ssi'zdan (**tis, suw, dos, dos-li'q, qum, ko'l-shik, sho'p-lik**), bir dawi'sli' ha'm birneshe dawi'ssi'z seslerden de (**bult, qant, qunt, jalt, du'rs**) du'zile beredi.

***12-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi buwi'nlarg'a bo'lip, ko'shirip jazi'n'. Buwi'nlardi'n' neshe dawi'sli' sesten du'zilgenin tu'sindirin'.

Awi'l, ati'zli'q, terekler, japi'raq, suw, kanal, baradi', mektepte, zoologiya, astronomiya, paxtakesh, qa'ha'rleniw, avtomobil, sawi'nshi'lar, sayaxat, zu'ra'a't, traktorshi', woyi'nshi'q, a'tko'nshek, woqi'wshi'larg'a, mug'allim.

***13-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Qosi'qtag'i' ha'rbir so'zdi buwi'ng'a bo'lip, ayti'p berin'.

## ATA- ANA ALDI'NDA

Shi'n qa'lbimnen su'yemen,
So'zin woyg'a tu'yemen.
Diz bu'gip bas iyemen,
Ata-ana aldi'nda.

Shi'n ju'rekten aytari'm,
So'ylemeymen biypari'q.
Ga'p aytpayman qaytari'p,
Ata-ana aldi'nda.

Juwi'raman, shabaman,
Qusti'n' su'tin tabaman,
Nuri' boli'p janaman,
Ata-ana aldi'nda.

Ne buyi'rsa ba'ri saz,
Yetkim keler kewlin jaz.
Qansha xi'zmet yetsem az,
Ata-ana aldi'nda.

(*X. Sap.*)

***14-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Tekstten ko'p buwi'nli' so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' neshe buwi'nnan ha'm ha'rbir buwi'nni'n' neshe sesten du'zilgenin tu'sindirin'.

Klasi'mi'z benen «Biydayko'l»di boylap birneshe ma'rte ekskursiyag'a shi'qti'q. Basqari'p ju'rgen mug'allimimiz —

Jan'i'l apa. Ekskursiyami'z ju'da' qi'zi'qli' wo'tti. Gerbariyler ji'ynadi'q. Ko'l boyi'ndag'i' a'jayi'p ta'biyat ko'rinislerine ja'ne suwdag'i' qundi'zlarg'a uzaq qi'zi'g'i'p qaradi'q. Mug'allimimiz usi' ku'ni bir xabardi'n' ushli'g'i'n aytti'. Kelesi ji'li' usi' ko'ldin' boyi'nda «Jen'is» atli' woqi'wshi'lar lageri ashi'ladi'. Al, ko'ldegi si'nawdan wo'tken qundi'zlar qaytadan awlani'p, Aral ten'izinin' quyarli'g'i'ndag'i' mayda ko'llerge ko'shiriledi yeken. *(S.J.)*

## § 2. Buwi'nni'n' tu'rleri

So'zlerdegi dawi'sli' ses penen dawi'ssi'z ses-lerdin' wornalasi'w ta'rtibine qaray buwi'n: 1) *ashi'q buwi'n*, 2) *tuyi'q buwi'n,* 3) *qamaw buwi'n* boladi'.

1. Dawi'sli' sestin' jeke wo'zinen yamasa dawi's-si'z sesten baslani'p, dawi'sli'g'a tamamlang'an buwi'ng'a *ashi'q buwi'n* delinedi. Mi'sali': **a-ta, wo-ta, ba-la, qa-la, sa-na, so-na** ha'm t.b.

Bul jag'dayda dawi'sli' sesler arti'nda basqa dawi'ssi'z ses kelmey, ashi'q ko'rinip turadi'.

2. So'zlerdegi buwi'nlar dawi'sli' sesten baslani'p, dawi'ssi'z seske pitse, *tuyi'q buwi'n* dep ataladi'. Mi'sali': **al, art, iyt, ay, an'** ha'm t.b.

3. Yeger dawi'sli' ses dawi'ssi'zlardi'n' arasi'nda kelip, buwi'n jasap kelse, wonday buwi'n *qamaw buwi'n* dep ataladi'. Qamaw buwi'n, ko'binese so'z tu'rinde de keledi. Mi'sali': **taw, tas, tal, gu'z, qus, qant, qar-maq, miy-net-kesh, stil, tekst, si'r, shek, yel, wol, yer, yer-kin, wo's, wo'n** ha'm t.b.

***15-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Wondag'i' so'zlerdi buwi'ng'a bo'lip, qanday buwi'n yekenin ayti'n'.

Woqi'wshi'ni'n' atasi' ha'm anasi',
Quwang'annan mug'allimge gu'l berdi.
Mekteptegi woqi'p ju'rgen balasi',
Bilmeytug'i'n sabag'i'nan u'lgerdi.

Mug’allim shadlandi’ ju’regi tasi’p,
Sonshama miyneti ketpedi bosqa.
Woti’r, wol jurnaldi’n’ betlerin ashi’p,
U’lgermewshi woqi’wshi’ joq klasta.

Mug’allim de abi’royg’a sherikles,
Woqi’wshi’ni’n’ jaman ati’ shi’qpasa.
Ta’rtipli ha’m sabag’i’nan ali’p «bes»,
Miynetin’di, isenimdi aqlasa.

(*X. Sap.*)

***16-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerdi buwi’ng’a bo’lip, ko’shirip jazi’n’. Wolardi’n’ qanday buwi’n yekenin ayti’p berin’.

Awi’l, qala, yegislik, jon’i’shqa, xojali’q, sharwashi’li’q, yegin, paxtashi’li’q, minnetleme, mashina, a’debiyat, universitet, teatr, pyesa, Nyuton, qaraqalpaq, Wo’zbekstan, respublika, basshi’li’q, tart, to’rt, institut, kitapxana.

***17-shi’ni’g’i’w.*** Tekstti woqi’p, wondag’i’ so’zlerdi buwi’nlarg’a bo’lin’ ha’m buwi’nni’n’ qaysi’ tu’ri yekenin ayti’n’.

Ko’z ushi’mi’zdag’i’ do’n’gelenip ati’rg’an «Biydayko’l»din’ de wo’z tariyxi’ bar. Yertede bul ko’ldin’ ultani’ qunarli’ ha’m i’zg’arli’ jer boli’p awi’l adamlari’ jabi’la jazli’q biyday yegip aladi’ yeken. So’ytip ju’rgende ba’ha’rgi sen’ ju’riste da’rya bir ku’nde tasi’pti’ da, wo’zinin’ yenapattay suwi’n usi’ biyday ati’zg’a ag’i’zi’pti’. Sol-sol yeken, «Biydayko’l» dep atali’pti’. *(S.J.)*

## § 3. So’zlerdi wo’tkermelew

Jazi’wda ko’p buwi’nli’ so’zlerdin’ bir qatarg’a si’ymay qalg’an bo’lekleri yekinshi qatarg’a buwi’n boyi’nsha wo’tkeriledi. Bunda to’mendegi qag’i’ydalar yesapqa ali’nadi’:

1. Bir buwi'nli' so'zler wo'tkermelenbeydi: **taw, tas, tis, suw, al, bar, wol, bir, u'sh** ha'm t.b.

2. Ko'p buwi'nli' so'zlerdin' aldi'ng'i' qatarg'a si'ymay qalg'an buwi'ni' yaki buwi'nlari' wo'tkeriledi: **mek-tep, Wo-mar, ye-sik, wo-ti'n, wo'-ris, su-wat, su-wi'q, Gu'l-jamal, Gu'lja-mal, Nizamat-din, Niza-matdin, Ni-zamatdin** ha'm t.b.

3. Buwi'n jasap kelgen dawi'sli' sestin' (ha'riptin') jalg'i'z wo'zin buri'ng'i' qatarda qaldi'ri'wg'a yaki keyingi qatarg'a wo'tkeriwge bolmaydi'. Wol aldi'ng'i' yaki keyingi buwi'ng'a qosi'p wo'tkeriledi: **a-ta** yemes, **ata**; **a-nasi'** yemes, **ana-si'**; **a'-debiy** yemes, **a'de-biy** ha'm t.b.

4. Adam atlari'ni'n' qi'sqarti'li'p ali'ng'an bas ha'riplerin wo'z aldi'na wo'tkermelewge bolmaydi': **A. S. — A'wezov yemes, A. S. A'wezov; B. — Yusupova yemes, B. Yusupova** ha'm t.b.

5. Bas ha'riplerden jasalg'an qi'sqarg'an so'zlerdi bo'lip wo'tkermelewge bolmaydi': **QR, BMSh, QMU, NMPI.** Usi'nday so'zlerge jalg'ang'an qosi'mtalardi' wo'tkermelewge boladi': **TashMI-ge, AQSh-tan** ha'm t.b.

6. Cifr menen keletug'i'n ha'ripten ibarat sha'rtli belgi ha'm menshikli atama so'zler cifrdan bo'lip ali'ni'p, keyingi jolg'a ko'shirilmeydi: **6 «a» klass, «Foton-774» 500 kg,** (televizor), **«Il-62»** (samolyot), **«GAZ-69»** (avtomashina) ha'm t.b.

***18-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Wondag'i' wo'tkermelewge bolatug'i'n ha'm bolmaytug'i'n so'zlerdi atap, wo'tkermelewge bolatug'i'n so'zlerdi buwi'ng'a bo'lip, ayti'p berin'.

Adam ushi'n alti'n besik,
Ata-ma'kan jer qa'dirli.
Jer qoyni'nda tuwi'p-wo'sken,
Baxi't tapqan yel qa'dirli.

Keleshekke talpi'ndi'rg'an,
Jasli'q hu'jdan-yosh qa'dirli.
Ta'g'dirine wortaq bolg'an,
Haq niyetli dos qa'dirli.

*(T.Q.)*

*19-shi'ni'g'i'w.* Tekstti woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' wo'tkermelewge bolatug'i'nlari'n bir bo'lek, wo'tkermelewge bolmaytug'i'nlari'n bir bo'lek terip jazi'n'.

**Hawa** rayi' **wo'zgerip ketti**. **Uytqi'g'an** samal **yendi ayazg'a** aylandi'. **Qi'sti'n'** borani' baslandi'. Jerde **g'i'shi'rlag'an** qar. Jalan'ash qum yendi jalan'ash **yemes**. Appaq ko'ylek **kiyip, tuw** uzaqtan ko'zin'di **qamasti'radi'**. Quyashti'n' ko'zi bultlardi'n' arasi'nan **jalt yete** qalsa boldi', **woni'n'** basi'nda gu'mis sag'i'mlar woynap, **a'jayi'p** bir aq tawg'a **usap** ketedi. Yetegindegi jalg'i'z tu'p toran'g'i'l da **wog'an** jarasi'p tur. «Biydayko'l»de **muz** qatti'. Jazda **suwi'ni'n'** tu'si qanday bolsa, muzi' da sonday, ko'k-ko'n'bek. *(S.J.)*

## U'NLESLIK NI'ZAMI'

### § 4. U'nleslik ni'zami' haqqi'nda tu'sinik

*20-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Bul so'zlerdegi tu'bir menen qosi'mtani'n' arasi'ndag'i' seslerdin', birikken so'zler menen so'z dizbeklerinin', buwi'nlardi'n' qalay u'nlesip kelgenligine itibar berin'.

Sali'g'a, mektepke, terekke, woraqti', qawi'ndi', ju'werini, gu'njige, lobiyadan, belbew, birqazan, aqqutan, qarabaraq, qolg'ap, jarg'anat, aybalta, aqterek, to'sqalta, temir jol, ayaq kiyim, biyday ren'li, won bir, won jeti.

*21-shi'ni'g'i'w.* Qosi'qti' ko'shirip jazi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdegi tu'bir menen qosi'mtani'n' aralari'ndag'i' seslerdin' bir-biri menen qalay u'nleskenin bilip ali'n'.

## MIYNET BAXI'T

Ku'n ku'lip, nurlani'p **iske** jan bergen,
Barli'q is aynali'p **miynetke** ko'ngen.
Islewge, **woqi'wg'a yerkinlik** bizde,
Yerkin miynetlerim **turmi'sti'** jen'gen.

Hadal miynet ha'r isime **jarag'an,**
Miynet penen baxi't bizge qarag'an.
Miynet baxi't ha'm **hu'rmetli dan'qi'mi'z**,
Miynet penen men gu'llenip **baraman.**

*(N.J.)*

Tu'bir so'zlerge qosi'mta qosi'lg'anda ya'ki so'zler bir-biri menen birigip yamasa dizbeklesip kelgende, wolardi'n' arali'g'i'nda kelgen sesler ha'm buwi'nlar bir-birine ta'sir yetip u'nlesip keledi. Mi'sali': **awi'lg'a, terekke** so'zlerin alsaq, wondag'i' **awi'l, terek** so'zlerine qosi'lg'an qosi'mtalar da (-g'a, -ke) tu'bir so'zdegi dawi'sli' seslerdin' juwan-jin'ish-keligine sa'ykes qosi'li'p tur. Sonday-aq, **awi'l** so'zindegi keyingi **i'** sesi u'nli bolg'anli'qtan wog'an qosi'lg'an qosi'mtani'n' (-g'a) da'slepki sesi de (-g') u'nli, al, **terek** so'zindegi keyingi ses **(-k)** u'nsiz bolg'ani' ushi'n wog'an qosi'lg'an qosi'mtani'n' (-k) da'slepki sesi de (-k) u'nsiz boli'p, bir-biri menen u'nlesip kelgen.

Seslerdin' bir-birine ta'siri birikken so'zlerdin' ha'm so'z dizbeklerinin' arali'g'i'nda da boladi'. Mi'sali': **Aytbay, aq alti'n** so'zleri ayti'li'wda **Ayt-pay, ag' alti'n** tu'rinde ayti'ladi'. Bunda **Aytbay** so'zindegi **t** sesi wo'zinen keyin kelgen **b** sesine ta'sir yetip, wol ayti'li'wda **p** sesine aynali'p tur. Al, **aq alti'n** so'zinde bolsa keyingi so'zdin' da'slepki sesi (a) da'slepki so'zdin' keyingi sesine (q) ta'sir yetip, ayti'li'wda wol **g'** sesine aynalg'an.

Demek, **u'nleslik ni'zami'** dep tu'bir so'z benen qosi'mtani'n', buwi'nlardi'n', so'z dizbeklerinin' aralari'ndag'i' seslerdin' bir-birine ta'sir yetip u'nlesip keliwine ayti'ladi'.

U'nleslik ni'zami' yeki tu'rli boli'p keledi: 1. *Buwi'n u'nlesligi.* 2. *Ses u'nlesligi.*

***22-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi si'zi'qsha arqali' tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'p ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qalay u'nlesip turg'ani'na di'qqat awdari'n'.

Balalar, qi'zlar, terekler, yeshkini, adamlari', jumi'sti', pitkerdim, ag'ayinler, ag'alari'm, kemeler, wo'zektin', ko'ldin', woraqtan, wo'tkel, atti'n'.

**U'lgi:** *ko'l-din', wo't-kel.*

***23-shi'ni'g'i'w.*** Gu'rrin'di woqi'p shi'g'i'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' quri'li'si'ndag'i' buwi'nlar menen seslerdin' arali'g'i'ndag'i' u'nlesiwlerdi ayti'p berin'. «**Gu'z keldi**» temasi'nda qi'sqasha bayan jazi'n'.

## GU'Z KELDI

Miyzan ayi'ni'n' birinshi sa'nesi keliwi menen gu'z ayi' baslanadi'. Bul ku'ni **mekteplerimizde** jan'a woqi'w ji'li' baslanadi'. Jaz qushag'i'nda kewilli dem alg'an woqi'wshi'lari'mi'z ana mektep qushag'i'na asi'qpaqta. **Mektepke** jan'a qa'dem taslap ati'rg'an jas **wo'spirimler qollari'na gu'lda'stelerin** ali'p, wo'z ustazlari'n ko'rgenshe asi'qpaqta. Jazg'i' demali'sta kewilli dem alg'an woqi'wshi'lari'mi'z bolsa, wo'zlerinin' ko'rgen qi'zi'qli' waqi'yalari'n, woqi'g'an **kitaplari'ni'n'** mazmuni'n **doslari'** menen wortaqlasi'wg'a asi'g'adi'. Gu'z qushag'i' qi'zg'i'n ji'yi'nterim mapazi' boli'p yesaplanadi'. Sebebi, ha'mme **daqi'llari'mi'z** gu'zde pisip, woni' sepsitpey tezirek ji'ynap **ali'wg'a** asi'g'ami'z. Zu'ra'a'ti ji'ynap ali'ng'an **ati'zlardi'**

shayi'p suwg'ari'w, shu'digarlaw **jumi'slari'** da tezletilgen pa't penen ali'p bari'ladi'.

***24-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zler menen so'z dizbeklerinin' arali'g'i'ndag'i' wo'zgeshelikti ayti'n'. Yeki so'z arali'g'i'ndag'i' seslerdin' bir-birine wo'z ara ta'sirin bilip ali'n'.

Bo'lip ali'w, tuwi'ldi', u'ydi, bag'shi'li'q, qara ala at, ju're almadi', bardi', joldi'n', jeti asi'ri'm, biyiklik, tog'ayli'q, qalada, won qi'z, keldi, Qaraqalpaqstanni'n', ko'k at, aq alti'n, Sa'rsenbay.

***25-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'n'. So'zdegi buwi'nlardi'n' juwan ha'm jin'ishke boli'p keliw sebeplerin bilip ali'n'.

1. Menin' ag'am **u'lgili traktorshi'**. Wol bul **ka'sipti** kishkene waqti'nan baslap jaqsi' ko'retug'i'n yedi. Wol wo'z isine puxta, isin qayta-qayta ko'zden wo'tkeredi.
2. Sawatli', qa'tesiz jazi'w ushi'n ana **tilinin' imla' qag'i'ydalari'n** ti'yanaqli' wo'zlestirip ali'w kerek.
3. Kitap — bilim bulag'i'. Sol ushi'n da, **kitapti'** u'zliksiz woqi'p bari'w kerek. Mektep **kitapxanalari'nda** ha'r tu'rli **kitaplar** saqlang'an. A'sirese, **balalarg'a** arnalg'an ko'rkem a'debiy kitaplar ko'plep tabi'ladi'.

### Tapsi'rma

1. U'nleslik ni'zami' tuwrali' qag'i'ydani' ayti'n' ha'm mi'sallar arqali' tu'sindirip berin'.
2. U'nleslik ni'zami' neshe tu'rge bo'linedi? Tu'sindirin'.

## § 5. Buwi'n u'nlesligi

***26-shi'ni'g'i'w.*** 1. Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. 2. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi buwi'ng'a bo'lip ko'shirip jazi'n'. 3. Bul so'zlerdegi qosi'mtalardi'n' juwan ha'm jin'ishke boli'p keliwin tu'sindirin'.

## MIYNET TU'BI — RA'HA'T

Miynet — wo'mir tiykari'. Tek miynet g'ana **jansi'z** ta'biyatti' janlandi'radi', go'zzallandi'radi'. Miynet adam **turmi'si'n** abadanlasti'radi'. Miynet yetiw — jaqsi' pazi'ylet. Miynet yetiwge yerinbe, sonda **jerden** ko'p wo'nim alasan'. **Xalqi'mi'z** — miynet su'ygish xali'q. Sonli'qtan da, **wolardi'n'** islegen **miynetleri** na'tiyjesinde **yelimizde** ne degen **bayli'qlar** wo'ndirilip ati'r.

So'zler juwan buwi'nlardan da, jin'ishke buwi'nlardan da jasala beredi: **a-dam-lar, te-mir-shi**. Yeger so'zlerdin' aqi'rg'i' buwi'ni' juwan bolsa, wog'an qosi'latug'i'n qosi'mtalar da juwan, aqi'rg'i' buwi'ni' jin'ishke bolsa, qosi'mtalar da jin'ishke boli'p keledi: **a-g'ash-lar-di'n', gu'l-ler-din'.**

Biraq so'zlerdin' ha'mmesi ba'rha juwan yaki jin'ishke buwi'nnan qurala bermey, bir so'zde yekewi de aralasi'p kele beredi: **paxta-kesh, jem-xor, wo'ner-paz, xi'zmet-ker.**

So'zdin' keyingi buwi'ni'ni'n' juwan-jin'ishkeligine qaray sog'an sa'ykes qosi'mtalardi'n' da juwan yaki jin'ishke boli'p jalg'ani'p keliwine **buwi'n u'nlesligi** dep ataladi'. Mi'sali': **bala-lar, yerik-ler, tal-lar-di'n', bali'q-shi'-li'q, yetik-shilik.**

So'zdin' aqi'ri' **nk, ks, kt, rk, st** qosarli' dawi'ssi'zlari'na pitken so'zlerge jin'ishke buwi'nli' qosi'mtalar jalg'anadi': **bank-ke, tank-ti, boks-ten, tekst-ti, punkt-ke, park-tin'.**

***27-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi woqi'p shi'g'i'n'. So'zlerdegi qosi'mtalardi'n' juwan-jin'ishkeligin ayi'ri'p, wolardi'n' qalay u'nlesip kelgenligin ayti'n'.

Watani'mi'zg'a, tabi'slari'mi'z, jetkilikli, ustashi'li'q, bayli'g'i'mi'z, su'tilmekti, qumi'ri'sqani'n', hu'jdani'n', hu'rmetli, ma'rtliktin', sali'gershilik, mal sharwashi'li'qtan, qi's-

lati'wdi'n', jay sali'wdi'n', suwg'ari'wdi'n', suwg'ari'ldi', u'yrektin', wo'zligimiz, tazali'q, densawli'q, yetikshilik, ilimpaz, jen'impaz, yemlewxana, malxana, jarasi'qli'.

***28-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi buwi'nlarg'a bo'lip woqi'p shi'g'i'n'. Da'slep juwan buwi'nli', keyin jin'ishke buwi'nli' so'zlerdi, wonnan son' juwan buwi'nli' qosi'mtalar jalg'ang'an so'zlerdi, yen' son'i'nda tek jin'ishke buwi'nli' qosi'mtalar jalg'ang'an so'zlerdi bo'lek-bo'lek ko'shirip jazi'n'.

Wotawlar, qarli'g'ashlardi'n', bali'qshi'li'q, adamgershilik, punktten, tankti, kitapxana, tekstten, suwg'ari'lg'an, qurg'aqshi'li'q, pillekeshler, No'kistin', Qarajar, tawli'q, su'wretshiler, japlarg'a, bankten, parkke, gu'lalshi'li'q, temirshilik, wo'nerpaz, miynetkesh, awi'lli'q, qalali'q, jantaqli', jerju'zilik, diyqanshi'li'q, toqshi'li'q, g'a'rezsizlik, ma'limleme, talapnama, saatlap, ku'nler, ji'llar.

***29-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'z dizbeklerinin' ayti'li'wi' menen jazi'li'wi' arali'g'i'ndag'i' wo'zgeshelikti ayti'n'.

Bara almadi', ala at, sari' ala, alti' qi'z, qara qoy, qali'n' qami's, ayti'p ber, jap bette, ko're almadi', ayta almadi', ala qoy, kele qoysa, ala kel, keshegi ku'n, sala qoy, ayti'p ket, kelip ket.

***30-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi ko'shirip jazi'n'. Tu'bir so'zlerge qosi'lg'an qosi'mtalardi' ayti'p berin'.

Woraqti'n', g'o'rekti, woylasi'qli', shortannan, ko'lemli, ko'len'kege, qudi'qtan, maqluqtan, quli'nli', du'n'gir.

Qaraqalpaq tilinde buwi'nlardi'n' yerinlik u'nlesiwi de boladi'. Mi'sali': **bu'lbu'l, U'stu'rt, du'ldu'l, gu'mgu'm, Aqsu'ngu'l** t.b.

Biraq bunday yerinlik buwi'n u'nlesligi ayi'ri'm so'zlerde g'ana ushi'rasadi'.

***31-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ga'plerdegi yerinlik buwi'n u'nlesligi menen kelgen so'zlerdi buwi'ng'a bo'lip ko'shirip jazi'n' ha'm wondag'i' buwi'nlardi'n' qalay u'nlesip kelgenligin tu'sindirin'.

1. Gu'mgu'm qumli' jerlerde ko'p ushi'rasadi'. 2. Bizler Qumshu'n'gilge jaqi'n jerde jasaymi'z. 3. Aqsu'ngu'l klasi'mi'zdag'i' yen' ta'rtipli woqi'wshi'. 4. U'stu'rt ken'isliginde jer asti' bayli'qlari' ko'plep tabi'lmaqta.

Qali'n' tutqa kirdim yerte woyani'p,
Japi'raq terdim aq bilegim si'bani'p,
Tan' bu'lbu'li tami'lji'ti'p sayrasa,
Men de wog'an nama qosti'm quwani'p.

*(I. Y.)*

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Buwi'n u'nlesligi dep nege aytami'z?
2. Qanday so'zlerge qosi'mtalar tek juwan tu'rinde jalg'anadi'?
3. Qanday so'zlerge qosi'mtalar tek jin'ishke buwi'n tu'rinde jalg'anadi'? Mi'sallar keltirin'.
4. Buwi'nlardi'n' so'zlerde juwan ha'm jin'ishke boli'p aralasi'p kelgen tu'rlerine mi'sallar keltirin'.

## § 6. Ses u'nlesligi

***32-shi'ni'g'i'w.*** Gu'rrin'di woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi buwi'ng'a bo'lip ko'shirin'. Wondag'i' tu'bir so'z benen qosi'mtani'n' arali'g'i'nda qatar kelgen yeki sestin' ayti'li'wi' menen jazi'li'wi'na itibar berin'.

**Mo'reshi.** Mo'reshi yerkek adamlardan boladi'. Mo'reshi **jerdi** qazi'p qozaq qi'li'p, u'stine jalpaq taxtay qoyadi'. Mo'reshinin' ayag'i' **taxtaydi'n'** asti'na jayg'asadi', arbani'n' ari'si'nday juwan ag'ashti'n' joqari'si' masli'qqa bekitiledi. **Ag'ashti'n' to'mengi** basi'ni'n' wortasi' kesilip u'lken domalaq (jumi'ri' jalpaq) shiyshe wornati'ladi'. Ari's

**ag'ashi'ni'n'** worta beline awi'r digirman tasi' baylanadi'. Mo'reshi wo're ag'ashti'n' wortasi'n tesip wo'tkerilgen shu'y tutqadan uslap, **qozaqta** woti'ri'p **toqi'lg'an** alasha, **bo'zdi taxtaydi'n'** u'stine jayi'p, alashani' uzi'n boyi'na sawmalap shiyshe menen arman-berman i'sadi', alasha tawarda ji'lti'raq payda boladi'.

Tilimizde so'zler bir-biri menen wo'z ara ses arqali' da u'nlesip keledi. Ma'selen, **ba'ha'rde, kitapti'** so'zlerin alsaq, bundag'i' **ba'ha'r** so'zinin' son'g'i' sesi (r) u'nli bolg'anli'qtan, wog'an qosi'lg'an qosi'mta da u'nli sesten (d) baslang'an. Al, **kitap** so'zindegi keyingi ses (p) u'nsiz bolg'ani' ushi'n wog'an qosi'lg'an qosi'mta da u'nsiz sesten (t) baslang'an.

So'zlerdegi seslerdin' bunday boli'p u'nlesiwine **ses u'nlesligi** delinedi.

Seslerdin' u'nlesiwi so'z dizbeginin' ha'm birikken so'zlerdin' arali'g'i'ndag'i' qon'si'las seslerdin' ayti'li'wi'nda da boladi'. Mi'sali': **Qurbangu'l, won bes** so'zleri ayti'li'wda **Qurban'gu'l, wom bes** tu'rinde ayti'ladi'.

***33-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'p shi'g'i'n'. Bul so'zlerge jalg'ang'an qosi'mtalardi' ayti'p berin'. Tu'bir so'z benen qosi'mtani'n' arali'g'i'nda qatar kelgen seslerdin' u'nlesiwin tu'sindirin'.

Qi'sta, ba'ha'rde, gu'zde, jazda, asqabaqti', g'arbi'zg'a, aspazdi'n', inimnin', kelmekshi, woti'rg'i'zdi', aytsa, bali'qshi', tog'aydan, qazi'qqa, Tashkentte, No'kiske, bardi', keldi, ju'rdi, woti'nnan, awqatqa, ko'ylekke, traktordi'n', adamnan, gu'mbezdin', qusti', palawdan, nandi'.

***34-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'z dizbekleri menen qospa so'zlerdi ko'shirip jazi'n'. Wolar arali'g'i'nda qatar kelgen qon'si'las seslerdin' u'nli ha'm u'nsiz boli'p u'nlesiwin tu'sindirip berin'.

Ali’p keldi, Aralbay, Worazbay, ko’rip ketti, Amangu’l, ayti’p ketti, Qi’zketken, temir jaba, du’zetip ket, Wori’nbasar, ko’k qunan, jarg’anat, belbew, ashi’wdas, Alti’ngu’l, qoljazba, qi’zi’l sharshi’, biyday ren’li, bas kiyim, ayaq kiyim, temir jol, ali’p shi’qti’, bari’p keldi, Yellikqala, Ten’geshashqan, taskene, aq qutan.

***35-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerden paydalani’p «Bizin’ mektep» degen temada do’retiwshilik diktant jazi’n’.

Mektep, klass, woqi’wshi’, sabaqli’q, taxta, taza, jari’q, kitapxana, mektebimizde, sabaqli’g’i’, qasi’nda, bag’i’, kitabi’, asxana, gazeta, jurnallar, tazali’g’i’, biyik, mug’allim, qi’zi’qli’, test, matematika, qaraqalpaq tili, fizika.

**U’lgi:** *Mektebimizde kitapxana bar.*

Tu’bir so’z benen qosi’mtani’n’, so’z dizbeginin’ arali’g’i’nda qatar kelgen **nb, ng, ng’, nq** sesleri keyingi sestin’ ta’sir yetiwi na’tiyjesinde so’ylewde **mb, n’g, n’g’, n’q** tu’rinde ayti’ladi’. Biraq jazi’wda so’z tu’birindegi **n** ha’ribi saqlani’p jazi’ladi’.

Mi’sali’:

| Ayti’li’wi’ | Jazi’li’wi’ |
|---|---|
| ko’rimbedi, so’mbedi | ko’rinbedi, so’nbedi |
| isembedi, yembedi | isenbedi, yenbedi |
| ko’mbedi, wo’mbedi | ko’nbedi, wo’nbedi |
| azan’g’i’, qashan’g’i’ | azang’i’, qashang’i’ |
| tu’n’gi, Jiyen’gu’l | tu’ngi, Jiyengu’l |
| Wori’mbay, qambadi’ | Wori’nbay, qanbadi’ |
| won’ qoy, won’ qag’az | won qoy, won qag’az |

***36-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi da'slep woqi'n'. Keyin wolardi' ayti'li'wi' boyi'nsha jazi'p shi'g'i'n'.

Aq i'laq, ko'p bala, ayti'p ber, jazi'p ber, ko'k qag'az, ko'k i'laq, aq qag'az, berip al, ayti'p jiber, ali'p qayt, so'ylep ber, ko'k alma, aq shi't, aq ko'ylek, ayti'p bar.

**U'lgi:** *ag'i'laq — aq i'laq.*

***37-shi'ni'g'i'w.*** Gu'rrin'di woqi'p shi'g'i'n'. Tu'bir so'zler menen qosi'mtalar ha'm so'z dizbekleri arali'g'i'ndag'i' qon'si'las seslerdin' qalay u'nlesip kelgenligin tu'sindirin'.

## WO'ZBEKSTAN — MIYWELI U'LKE

Wo'zbekstanda miywe ag'ashlari' ko'p yegiledi. Miywe ag'ashlari'n yekpegen xojali'qlar menen jeke menshik iyeleri ju'da' az ushi'rasadi'. Qaysi' jerge barsan'i'z da yerik, alma, ju'zim, shiye, shabdal, qa'reli ha'm tag'i' basqa da miywe ag'ashlari'ni'n' wo'sip turg'ani'n ko'resiz. Ko'plegen fermerler menen xojali'qlar ha'm jeke menshik iyeleri ha'r ji'li' wo'zleri wo'sirgen miywe tu'rlerinen ju'da' mol zu'ra'a't aladi'. Wolar wo'zleri wo'ndirgen miywelerinin' belgili mug'dari'n shet yellerge de jiberedi.

**Tapsi'rma:** «Wo'zbekstan» temasi'nda qi'sqa bayan jazi'n'.

***38-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi ayti'li'wi' boyi'nsha ko'shirip jazi'n' ha'm wondag'i' **nb**, **ng**, **ng'**, **nq** seslerinin' wo'zgeriw sebeplerin tu'sindirin'. Qa'legen 4 so'zge ga'p qurap jazi'n'.

So'nbedi, wo'nbedi, ko'nbedi, Wori'nbay, bu'gingi, qashang'i', won qag'az, yerten'gi, wortang'i', Alti'nbay, ko'rinbedi.

**U'lgi:** *azan'g'i' — azang'i'. Azang'i' taza hawada yen' bolmag'anda yari'm saat ju'riw — densawli'q ushi'n ju'da' paydali'.*

## FONETIKADAN WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

***39-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge qosi'lg'an qosi'mtalardi'n' juwan-jin'ishke tu'rinde jalg'ani'w sebeplerin tu'sindirin'.

Wo'shin'di al **dushpani'n'nan**,
**Ku'shin'di** ji'yna jasi'n'nan,
Xalqi'n' qalmasi'n **qasi'n'nan**,
**Kishipeyil** bol jastan, balam.
Is qi'l **man'laydan** aqsi'n ter,
Jaqsi'-jamandi' si'nap ko'r.
Jaqsi' **adamni'n' keynine** yer,
Sonda joli'n' bolar, balam.

*(Berdaq)*

***40-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi si'zi'qsha arqali' tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'p ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' qalayi'nsha u'nlesip kelgenligin ayti'n'.

Bali'qshi'li'q, adamgershilik, miynetkesh, tuwi'ldi', jerimizde, qolg'a, tabi'slari'mi'z, pedagogqa, parkten, aspaz, ilimpaz, wo'nermentli, ustali' yel, bilimli, yerikke.

***41-shi'ni'g'i'w.*** Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdegi qosi'mtalardi'n' ha'm so'z dizbeklerindegi qon'si'las seslerdin' qalay u'nlesip turg'ani'n ayti'n'.

Menin' ag'am da, apam da **jumi'sqa** wo'z waqti'nda **baradi'.** Bizler **mektepte** woqi'ymi'z. Klasi'mi'zda **alti' qi'z** qosi'qlar tan'lawi'nda birinshi wori'n aldi'. Klass **basshi'mi'z woqi'wshi'lardi'n' bilimli**, ta'rtipli boli'wi'na ayri'qsha di'qqat **awdaradi'**.

***42-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerge dawi'sli' sesten baslang'an qosi'mta qosi'p, ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Tu'bir so'zlerdin' keyingi sesi qanday wo'zgeriske ushi'rag'ani'n ayti'n'.

Sap, qap, sep, shap, kerek, terek, jari'q, woyi'q, shelek, sho'rek, woymaq, qarmaq.

**U'lgi:** *Sap-sabi'. Usta ketpennin' de, woraqti'n' da, beldin' de sabi'n ku'ta' suli'w yetip isleydi.*

***43-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'p shi'g'i'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' quri'li'si'ndag'i' buwi'nlar menen seslerdin' arali'g'i'ndag'i' u'nlesiwlerdi ayti'p berin'.

Qi'si'-jazi' ultani'nan suwi' ari'lmaydi'. **Qi'sta** shamali' ku'n g'ana qatadi'. Qami'slar ala ba'ha'rden **suwg'a** shanshi'li'p **shi'g'i'p,** jaz wortasi'na kele bir payi'z boli'p beredi. Qara dolan, jap-jasi'l, na'rwan qami'sli'q samal tursa, telegey **ten'izdey** ten'selip atqani'. Qashqan-qutqan mallardi'n' da, ji'l quslari'ni'n' da ba'ri usi' jerde. **Tan'ni'n'** ati'wi'nan, ku'nnin' bati'wi'na shekem qus bazari' qaynaydi'. Suwi'ni'n' da yen' teren' jeri **adamni'n'** ko'kirek awzi'nan keledi. Shambi'rlati'p keship kete beresen'. (*Sh. S.*)

## LEKSIKOLOGIYA

### § 7. Leksikologiya haqqi'nda tu'sinik

Tildegi barli'q so'zlerdin' ji'yi'nti'g'i' so'zlik quram yamasa leksikani' du'zedi.

Ha'rbir so'z belgili leksikali'q ma'ni bildiredi. So'zlerdin' belgili bir zat, qubi'li's, belgi, ha'reket t.b. ma'nileri **leksikali'q ma'nisi** dep ataladi'.

Bir g'ana leksikali'q ma'ni bildirgen so'zler **bir ma'nili so'zler** dep ataladi'.

Birneshe leksikali'q ma'ni bildirgen so'zlerge **ko'p ma'nili** so'zler delinedi.

So'zler tuwra ha'm awi'spali' ma'nili boli'p ta keledi. So'zlerdin' tiykarg'i' leksikali'q ma'nisine **tuwra ma'ni** dep ataladi'. So'zlerdin' da'slepki

leksikali'q ma'nisinen awi'si'p ayti'li'wi'na **awi'spali' ma'ni** dep ataladi'.

Ayti'li'wi' ha'm jazi'li'wi' birdey, biraq leksikali'q ma'nisi ha'r tu'rli so'zlerge **omonimler** delinedi.

Formasi' ha'r tu'rli leksikali'q ma'nileri bir-birine jaqi'n bolg'an so'zler **sinonimler** dep ataladi'.

Leksikali'q ma'nileri bir-birine qarama-qarsi' so'zler **antonimler** delinedi.

***44-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdin' leksikali'q ma'nilerin ayti'n'. Zat, qubi'li's, tu'r-tu's, ha'reket ha'm t.b. ma'nilerde me? Wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi' yekenligin ha'm sorawlari'n ayti'n'.

Jer, suw, paxta, sali', si'yi'r, qoy, isleydi, woqi'p ati'r, juwi'rdi', keledi, dem aladi', dawi'l, qi's, qar, jawi'n-shashi'n, gu'z, ha'zir, bu'gin, azanda, joqari'da, to'mende, tez, a'sten, aq, qi'zi'l, suli'w, juwan, jin'ishke, mazali', qoyi'w, suyi'q, yeki, bes, alti'nshi', won yeki, men, sen, wol, bizler, wolar.

***45-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi ga'p ishinde keltirip, ko'p ma'nili so'z yetip jazi'n'.

Tumsi'q, to'be, bas, u'sti, sabaq, ko'z, ayaq, joldas.

**U'lgi:** *Bu'rkit tawdi'n' to'besine qonaqladi'. Wolar jaydi'n' to'besin basti'rdi'.*

## § 8. Qaraqalpaq a'debiy tilinin' so'zlik bayli'g'i' haqqi'nda tu'sinik

Tildin' so'zlik bayli'g'i'na yerte da'wirden baslap ha'zirge deyin qollani'li'p kiyati'rg'an barli'q so'zler kiredi. Ma'selen: **taw, tas, samal, ag'ash, dawi'l, jawi'n, ko'l, da'rya, jer, suw, al, ber, ko'r, bas** t.b. si'yaqli' so'zler tilimizde a'yyem zamanlardan beri qollani'ladi'.

Tildin’ so’z bayli’g’i’ turmi’stag’i’ ha’r tu’rli wo’zgerisler menen jan’ali’qlarg’a baylani’sli’ toli’g’i’p, bayi’p baradi’. Ja’miyetlik wo’ndiristin’, ekonomikani’n’, ilim ha’m texnikani’n’, ma’deniyatti’n’ ha’m t.b. tarawlardi’n’ rawajlani’wi’ menen tildin’ so’zlik qurami’na **kompyuter, uyali’ telefon, kino, disk, ekonomika, elektron kitapxana, bankomat, finans, kredit** t.b. si’yaqli’ toli’p ati’rg’an jan’a so’zler kirdi.

Tildin’ leksikali’q bayli’g’i’n tek joqari’dag’i’ so’zler g’ana ko’rsetip qoymaydi’. Tilimizde buri’nnan qollani’li’p ju’rgen so’zler ha’r tu’rli jollar menen jan’a so’zlerdi payda yetedi. Ma’selen: tu’bir so’zlerge so’z jasawshi’ qosi’mtalar qosi’li’w arqali’ (**suw-shi’, bas-shi’-li’q, basla-ma, bas-pa-xana**), so’zlerdin’ birigiwi (**jarg’anat, qolg’ap, Xojeli, bu’gin,** t.b.), so’zlerdin’ juplasi’wi’ (**qawi’n-qa’mek, u’yir-u’yir,** t.b.), so’zlerdin’ dizbeklesiwi (**won ji’lli’q, qara u’y** t.b.) arqali’ so’zler jasali’p tildin’ leksikasi’ bayi’p baradi’.

Tildin’ so’z bayli’g’i’ basqa tillerdin’ ta’siri arqali’ da bayi’ydi’. Ha’zir a’debiy tildin’ leksikasi’nda wori’s tili ha’m basqa tillerden kirgen so’zler a’dewir qollani’ladi’.

***46-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’p, qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerdin’ qanday jollar arqali’ jasalg’ani’n ayti’p berin’.

1. Xojali’qta **mal sharwashi’li’g’i’** rawajlandi’. 2. Baqsha, pali’z, bag’ ha’m **ju’zimgershilik** tarawlari’ da a’dewir rawajlandi’. 3. Bul xojali’qtag’i’ jumi’slar **ken’ tarawli’,** quramali’. *(I.Q.)* 4. **Xojali’q basqarmasi’** paxtani’n’ zu’ra’a’tin artti’ri’wg’a ayri’qsha kewil bo’ldi. 5. Bes ji’ldi’n’ juwmag’i’nda ha’r gektar jerden ali’ng’an **paxta zu’ra’a’ti** 30 centnerge shekem jetti. *(I.Q.)* 6. **Qi’zi’lqumni’n’** arasi’ a’ptap i’ssi’. 7. **Qoy-yeshkiler** awi’l arasi’nda **ko’len’keli** jerlerdi iyelep alg’an. *(G’.S.)*

***47-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerden qosi'mta arqali' jasalg'an do'rendi so'zlerdi bir bo'lek, yeki tu'bir so'zden jasalg'an do'rendi so'zlerdi bir bo'lek ko'shirip jazi'n'.

To'rtku'l, Yellikqala, basli'q, basqarma, basshi'li'q, yegislik, yegin, Qaraqalpaqstan, suwshi', suwli'q, aqterek, Qaraqum, ko'zbe-ko'z, ju'zbe-ju'z, sali'kesh, bu'gin, bi'yi'l, temir jol, kempir-g'arri', qolg'ap.

***48-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ha'zirgi da'wirge baylani'sli' so'zlerdi ayti'p berin'.

Men paytaxti'mi'zdag'i' 1-sanli' qa'nigelestirilgen ma'm-leketlik uluwma bilim beriw mektebinde woqi'yman. No'kiste internet kafe, til u'yreniw woraylari', ha'r qi'yli' sport sekciyalari' biz, balalar ushi'n islep tur. Men de balalar ushi'n jarati'lg'an bunday imkaniyatlardan wo'nimli paydalani'w ushi'n paytaxti'mi'zda jaylasqan Ma'limleme-resurs worayi'na ag'za boldi'm. Woray zamanago'y texno-logiyalar menen toli'q ta'miyinlengen. Wo'zimizde kerekli bolg'an kitaplardi' kompyuterden ko'rip, tawi'p ali'w mu'mkinshiligi de bar. Sonday-aq, bul jerde internet tarmag'i'nan biypul paydalani'wg'a da boladi'.

Men yendi ha'r ku'ni woqi'wdan son' usi' jerge asi'g'aman. Sebebi, du'nyada kitaptan a'ziz, aqi'lli' dos joq.

*(«Jetkinshek» gazetasi'nan)*

## § 9. Uluwma qollani'latug'i'n ha'mmege wortaq so'zler

A'debiy tilde qollani'latug'i'n so'zlerdin' ko'p-shiligi ha'mmege tu'sinikli uluwma wortaq so'zlerdi quraydi'. Mi'sali': **jer, suw, tog'ay, ko'l, aspan, jul-di'z, uzi'n, qara, ket, ha'zir** t.b. si'yaqli' so'zler bir tilde so'yleytug'i'n yamasa bir-birine jaqi'n tuwi'sqan

tillerde so'yleytug'i'n xali'qlarg'a tu'sinikli uluwma wortaq so'z boli'p ken' qollani'ladi'. Bunday so'zlerdin' topari' **uluwma qollani'wshi' wortaq so'zler** dep ataladi'.

Tildegi ko'p qollani'latug'i'n ha'mmege wortaq so'zlerdi a'debiy tildin' leksikali'q birlikleri quraydi'. Woni'n' qurami'na bir ma'nili ha'm ko'p ma'nili so'zler, tariyxi'y ha'm go'nergen so'zler, neologizmler ha'm frazeologiyali'q birlikler kiredi.

***49-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Jazlawdi'n' ko'rinisin ha'zirgi turmi'sqa sali'sti'ri'p so'ylep berin' ha'm wondag'i' qara u'yge qatnasli' so'zlerdi ayti'n'.

## JAZLAWDA

Awi'llar sa'wirdin' samali' yelpip yesip, jerge ko'k ko'gerer-ko'germesten-aq qi'slawdan jazlawg'a ko'shiw tuwrali' woylasadi'. Jazlaw qi'slawdan wonsha uzaq bolmaydi'. Qi'sta qara u'ylerdin' qanatlari'na qali'n' kiyiz, ya shi'pta tuti'lsa, jazda wolarg'a jez shiy yamasa qog'a qami's shiyler tuti'ladi'. U'ylerdin' aldi'nda moyi'nlari'na burshag'i' tu'rilgen buzawlar woynaqlap, i'laq, qozi'lar ha'mmesi ba'ha'rdin' jarasi'g'i'nday boli'p ko'rinedi. Buzaw, i'laq, qozi'lardi' bag'i'w balalardi'n' wazi'ypasi'na tiyedi. Jazlawdag'i' awi'l ko'rinisi adamni'n' kewlin ayri'qsha wo'zine tartadi'. *(Q.A'.)*

***50-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'q tekstin ko'shirip jazi'n'. Uluwma qollani'latug'i'n ha'mmege wortaq so'zlerdin' asti'n si'zi'p ko'rsetin'.

Ta'biyatti'n' sa'ni a'tsho'k, wo'pepek,
Wolar ba'ha'r, jazda ko'rinedi tek,
Ko'llerde g'an'qi'ldap g'az benen u'yrek,
Yemin-yerkin usha bersin aspanda.

Qumi'ri' ta'rk yetpey ja'nnetiy jayi'n,
Mudam qi'slap qali'p tuwraydi' payi'n,
Ti'rnalar dizbegi qanday shi'rayli',
To'ben' ko'kke jeter ha'r ko'rgen sayi'n.

Qus ko'p bolsa ko'l shawqi'mg'a toladi',
Suw mol bolsa yerkin na'pes aladi',
Wolarsi'z ta'biyat jetim qaladi',
Ushsi'n ba'ri yemin-yerkin aspanda.

*(«Y. Q.»)*

## § 10. Terminler haqqi'nda tu'sinik

Belgili bir ilim yamas ka'sip-wo'ner ha'm basqa tarawlarda ani'q bir ma'nili boli'p kelgen so'zlerge **terminler** (yamasa atamalar) dep ataladi'.

Terminler ma'nilik qollani'li'wi'na qaray ilimiy terminler ha'm ka'siplik terminler boli'p bo'linedi.

Termin so'zler turmi'sti'n' ha'r tu'rli tarawlari'na — ilim, ma'deniyat, ekonomika ha'm t.b. qatnasli' boli'p keledi. Ma'selen, **til bilimine** qatnasli' (lingvistikali'q) terminler: fonetika, leksika, morfologiya, sinonim t.b.; **a'debiyattani'w:** gu'rrin', povest, roman, proza, poeziya, t.b.; **matematikag'a:** algebra, geometriya, ten'lemeler t.b.; **ka'sipke baylani'sli':** awi'l xojali'g'i', fermer t.b.

Terminler du'nya ju'zindegi barli'q tillerdin' ko'pshiligine wortaq boli'p ta keledi. Bunday so'zler **internacionalli'q terminler** dep ataladi': elektr, traktor, telefon, televizor, kompyuter, kolledj t.b.

***51-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Terminlerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi' ilim tarawi'na qatnasli' yekenin tu'sindirin'.

1. Duri's jazi'w qag'i'ydalari'ni'n' ji'yi'nti'g'i'na orfografiya dep ataladi'. 2. Xabar ma'nisin bildiretug'i'n

ga'ptin' keynine noqat qoyi'ladi'. 3. Jer betinin' bizge ko'rinip turg'an bo'limi gorizont dep ataladi'. 4. Az mug'dardi' u'lkeytip ko'rsetetug'i'n a'piwayi' mikroskop XVI a'sirdin' aqi'ri'nda islep shi'g'ari'lg'an. 5. Hawa qatlami' atmosfera dep ataladi'. 6. Suw wo'simliklerinin' arasi'ndag'i' sayada yen' shi'damli'si' vodoroslller. 7. G'awasha, asqabaq, qawi'n birqansha to'men temperaturada nabi't boladi'. *(Mektep sabaqli'qlari'nan)*

***52-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qaysi' ilim tarawi'na baylani'sli' terminler yekenligin tu'sindirin'.

Ashi'q hawada (si'rtta) wo'siriletug'i'n gu'llerdin' **tuwi's** ha'm **sortlari'** ju'da' ko'p. Magnoliya lala teregi, akaciya, kashtan **dekorativ** terekler arasi'nda gu'l ha'm japi'raqlari'ni'n' suli'wli'li'g'i' menen aji'rali'p turadi'.

Shi'nar, yemen, ko'k terek, qarag'ay, aq qayi'n'lar gu'li shi'raysi'z, lekin qoyi'w saya beretug'i'n **dekorativ** ag'ashlar topari'na kiredi.

***53-shi'ni'g'i'w.*** **U'yge tapsi'rma.** Til iliminin' fonetika, leksika, morfologiya tarawlari', a'debiyat, tariyx, matematika tarawlari' ha'm sportqa baylani'sli' 5 termin so'zden tawi'p jazi'n'.

## § 11. Ka'siplik so'zler

Belgili bir ka'sipke, mamanli'qqa baylani'sli' qollani'latug'i'n so'zler **ka'siplik so'zler** dep ataladi'.

Ka'siplik (professionalli'q) so'zler turmi'sta adamlardi'n' ha'r tu'rli ka'sibine baylani'sli' birneshe tu'rlerge bo'linedi. Ma'selen, **diyqanshi'li'q islerine baylani'sli'**: **su'digarlaw** (su'rilgen jer), **tapqa keliw** (jerdin' su'rimge tayar boli'wi'), **tapqa taslaw** (tuqi'mdi' tapqa sali'w), **g'awasha, shigit, siyrekletiw, kultivaciyalaw, shi'rpi'w, wotaw** ha'm t.b.; **mal**

**sharwashi'li'g'i'na baylani'sli': gu'wenlew** (i'laq, qozi'lardi' bir qatar dizip baylaw), **sharwa, jaylaw, qoy qora, jipgilen'** (jerdegi sho'p-shardi'n' jawi'n yamasa shi'q tu'sip jumsaq boli'wi'), **jawi'nnan keyingi** (wo'ris), **ko'terem** (mallardi'n' ari'qlawi'), **silos** (maydalang'an wot-sho'p), **sawli'q qoy** (qozi'-laytug'i'n qoy), **bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' so'zler: ji'li'm, na'rete** (awdi'n' tu'rleri), **jo'rgem, jormal** (bali'q dizetug'i'n jip), **tayaw-yeskek** (kemeni i'g'i'zi'w ushi'n paydalanatug'i'n qurallar), **iynelik** (na'rete toqi'g'anda qollani'latug'i'n qural), **mardan** (jekennen toqi'lg'an bali'q salatug'i'n i'di's) t.b.

***54-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday ka'sipke baylani'sli' yekenin ayti'n'.

1. Paxtasi' terip ali'ng'an **g'awasha** paqallari'n arnawli' traktor kosilkalari' menen shawi'p, jerdin' beti jumsarti'ldi'. *(I.Q.)* 2. Alg'an bali'qlari'n **jo'rgem jibine** baylap, keshke shekem ko'p bali'q shanshadi'. *(A.B.)* 3. Ha'mmenin' qoli' qi'ymi'ldap ati'rg'an son', kempir de qarap woti'ri'wdi'n' yesabi'n tappay, skladtan won-won bes kilo jip ali'p, **iynelik** sali'p woti'rg'ani'na ji'li'nan asti'. *(K.S.)* 4. **Mexanizator** Xojanazar g'awashani' sapali' yetip kultivaciyalaw, azi'qlandi'ri'w jumi'si'n kewildegidey ju'rgizdi. *(I.Q.)* 7. Ko'k sho'pten tuwrali'p tayarlang'an wot-sho'pti bizin' ag'am **silos** dep ataydi'. 8. **Silos** degen mazali' bolatug'i'n qusaydi'. Qoylar woni' jaqsi' jeydi. *(T.N.)* 9. Wol ji'llari' **aw**, **na'rete** toqi'w ushi'n bali'qshi'lar uzi'nli'g'i' qari'stay juqa taxtadan basi'n su'yir yetip, u'sh tilli shani'shqi'g'a usati'p bo'z toqi'ytug'i'n **ma'ki** isleytug'i'n yedi.

***55-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi qaysi' ka'sipke qatnasli' yekenligine qarap bo'lek-bo'lek aji'rati'p jazi'n'.

Traktor, jaylaw, wotar, qarako'lshilik, sawli'q, ma'lshi qoy, qazaqi' qoy, shani'shqi', qarmaq, na'rete, su'digarlaw,

shi'rpi'w, ti'rmalaw, motorli' qayi'q, aw-duzaq, aq sali', qi'rmi'zi' sali', tu'yeklew, qozi'law, alao'kpe, qarasan, mal qora, kultivaciya, siyrekletiw, shel tarti'w.

***56-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'p shi'g'i'n', ka'sipke baylani'sli' so'zlerdi ayti'p berin'.

1. Bizin' xojali'q jumi'sshi'lari' ha'r ji'li' yegislik jerlerin gu'zde su'rip qoyadi'. Yerte ba'ha'rden suwg'aradi'. Yegis baslani'wi' menen barli'q yegislik jerlerine yegin yegedi. 2. Worazi'mbet ag'ani'n' ata ka'sibi bag'man-shi'li'q. Wol wo'zi wo'sirip ka'malg'a keltirgen bag'i'nan ha'r ji'li' ma'mleketke birneshe tonna alma, a'nar ha'm t.b. miyweler tapsi'radi'.

## § 12. Dialektlik so'zler

Awi'zeki so'ylewde belgili bir aymaqtag'i' jergilikli xali'qlardi'n' tilinde so'ylew wo'zgesheliklerine iye bolg'an so'zlerge **dialektlik so'zler** dep ataladi'.

Qaraqalpaq tilinin' so'ylew wo'zgeshelikleri aymaqli'q jaqtan **arqa** ha'm **qubla** dialekt boli'p yekige bo'linedi. Arqa dialekt respublikani'n' arqa rayonlari'n, qubla dialekt To'rtku'l, Beruniy, A'miwda'rya ha'm Yellikqala rayonlari'ni'n' aymaqlari'n qamti'ydi'. Qaraqalpaq a'debiy tili usi' yeki dialekt tiykari'nda ko'birek arqa dialektti qamti'wi' arqali' qa'liplesken. Atalg'an yeki jergilikli wori'nlarda jasaytug'i'n adamlardi'n' tilinde dialektlik so'zler ushi'rasadi'. Ma'selen, arqa dialektte **shi'rpi', gu'ze, qulaqshi'n, diywal, buzaw, sezim, palawga'di, silos, kelsap so'zleri qubla dialektte ku'kirt, i'bi'ri'q, toppi', soqpa, wo'jek, an', asga'di, du'rishte, soqi'** dep ayti'ladi'. Ha'tte, bir aymaqli'q toparg'a kiretug'i'n so'ylemlerde de dialektlik so'zler ushi'rasadi'. Arqa dialektte sora so'zi — bozan', seksewil

so'zi — sazaq, alasha so'zi — shal, qi'rg'awi'l so'zi — su'ylin, arnap so'zi — a'deyi, suli'w, shi'rayli' so'zleri — a'demi dep te ayti'ladi'.

**Sorawlar:**

1. Dialekt so'zler dep nege aytami'z?
2. Qaraqalpaq tilinin' dialekti neshege bo'linedi ha'm woni'n' aymaqli'q bo'liniwin ayti'n'.
3. Qaraqalpaq a'debiy tili ko'birek qaysi' dialektke tiykarlang'an?

***57-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Dialektlik so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ne ushi'n dialekt so'zler dep atali'wi'n tu'sindirin'.

1. Wol Nuri'mbetke juwap bergen boli'p, a'deyi Bekimbet yesitsin degendey juwan dawi'si'n dari'ldata so'yledi. *(W.A.)* 2. Wol meshit qa'wim ja'ma'a'tinin' woylasi'g'i' menen u'sirdi ali'w ushi'n a'deyi kepshik soqti'ri'p keldi. *(K.S.)* 3. Wol xojali'qti'n' yen' qalaq bo'limi sanalg'an Sari'ari'q boylari'na jaylasqan bo'limge basshi'li'q yetti. *(A.Bek.)* 4. Qara u'ydin' suwi'q samal kirip turg'an arqa jag'i'na shal tuti'lg'an.

***58-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen dialektlik so'zlerdi arqa ha'm qubla dialektke keste tu'rinde bo'lip jazi'n'.

Yet, pu'tkil, ka'r, bu'ku'l, wo'jet, wori'nli'q, ma'net, wo'rdek, miynet, ku'rsi, yenepat, a'dewir, tarqati'w, g'osh, g'aybar, yet, dag'i'ti'w, zontik, ka'sip, sayaman.

| Arqa dialekt | Qubla dialekt |
|---|---|
| Yenepat, ... | A'dewir, ... |

***59-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na berilgen so'zlerdin' dialektlik qatarlari'n tawi'p jazi'n'.

1. Arnap — ... , 2. Shi'rpi'— ... , 3. Wo'jek — ... , 4. Diywal — ... , 5. Toppi'— ... , 6. Shal — ... , 7. Qi'rg'awi'l — ... , 8. Sazaq — ... , 9. Malaqay — ... .

## § 13. Basqa tillerden wo'zlestirilgen so'zler

Tilimizdin' leksikasi' basqa tillerden wo'zlesken so'zler arqali' da bayi'p baradi'. A'sirese, tildin' leksikali'q qurami'nda yerteden qollani'li'p kiyati'rg'an arab-parsi' so'zleri ko'plep ushi'rasadi'. Bul so'zler tilimizge ha'r tu'rli ma'deniy qatnasi'qlardi'n', sawda-sati'q islerine baylani'sli' wo'zlesken. Mi'sali': **kitap, qa'lem, xat, ilim, tariyx, mug'allim, ha'rip, namaz, haji', Qurban hayt, millet, xali'q, payda, g'ayrat, qi'yal, qi'mbat, arzan, pikir, ja'miyet, Watan, a'sker, qarar, yesap, saat, su'wret, awqat, wo'mir, waqi't, zaman, a'debiyat, ma'deniyat, abadan, ba'ha'r, da'rwaza, keshe, baha, paxta, baxi't, ga'whar, miyman, da'stan, diyqan, qaharman, miywe, yosh, piyaz, sali', g'oza, aspan, qi'rman, saray, zu'ra'a't, sanaat** ha'm t.b.

Bul si'yaqli' basqa tillerden wo'zlesken so'zlerdin' ha'mmesi de tu'pkilikli wo'z so'zlerimiz si'yaqli' ha'mmege tu'sinikli boli'p ketken.

Qaraqalpaq tilinin' so'zlik qurami'na basqa tillerden kirgen so'zler **wo'zlestirilgen so'zler** delinedi.

***60-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Arab-parsi' tillerinen wo'zlestirilgen so'zlerdi tawi'p, qanday so'z shaqabi' yekenligin ayti'n'.

## DA'STU'RLER HAQQI'NDA

«Ha'rbir na'rse wo'zinin' waqti'-waqti' menen wo'z mu'ddetinde ju'z beredi,» — degen danali'q ga'p bar.

Waqi'tlardi'n' wo'tiwi menen xali'qti'n' u'rp-a'detleri, salt-da'stu'rleri wo'zgerip, jan'adan payda boli'p woti'radi'.

So'ytip, wolar kem-kemnen turmi'sqa sin'isip, bekkemlenip, tamamlang'an boli'p, turaqli' bir formag'a tu'sip baradi'. Son'i'nan birte-birtelep xali'q da'stu'rlerine aylanadi'.

Da'stu'r degenimiz sanani'n' wo'zgermeytug'i'n, qati'p qalg'an bir qubi'li'si' yemes. Wol xali'qti'n' bir na'rsege birikken bay ta'jiriybesi. Wol turmi'sli'q, u'rp-a'detlik ruwxi'y ta'jiriybe. Wol xali'q do'retken naqi'l-maqallar si'yaqli' hikmetli so'zlerde, qi'yallarda ko'rinetug'i'n danali'q yemes, al xali'qti'n' minez-qulqi'nda, ha'reketlerinde, turmi's-salti'nda ko'rinetug'i'n dani'shpanli'g'i'. (*T. Q.*)

***61-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen arab-parsi' tillerinen wo'zlestirilgen so'zlerdi ilim tarawi'na ha'm ka'sipke baylani'sli' so'zlerge aji'rati'p ko'shirip jazi'n'.

Almanax, a'debiyat, ba'yit, gu'rrin', yertek, maqala, feyil, hal feyil, sha'rt meyil, tariyx, ja'miyet, algebra, algoritm, yesap, hu'jim, a'sker, qi'nap, du'ka'n, qi'mbat, qassap, qarji', sanaat, ka'sip, a'sbap, a'lipbe, ha'rip, ta'lim, da'pter, qa'lem, xat, ni'zam, ji'nayat, hu'kim, huquq.

## § 14. Wori's tilinen ha'm wori's tili arqali' basqa tillerden kirgen so'zler

Wori's tilinen ha'm wori's tili arqali' ilim ha'm texnikag'a, ma'deniyat ha'm ekonomikag'a baylani'sli' ko'p g'ana so'zler wo'zlesti. Mi'sali': **elektr, traktor, kombayn, avtomashina, aeroport, samolyot, leksika, grammatika, botanika, fizika, stadion, voleybol, komediya, teatr, klub, park, televizor, radio, magnitofon, kolledj, licey, fermer** ha'm t.b.

Wori's tilinen ha'm wori's tili arqali' wo'zlesken so'zler, ko'binese wori's tilinde qalay ayti'lsa ha'm qalay jazi'lsa, qaraqalpaq tilinde de sol tu'rinde ayti'ladi' ha'm jazi'ladi'.

***62-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Wori's tilinen kirgen so'zlerdi tawi'p ayti'n'. Wolardi'n' ayti'li'w ha'm jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n'.

## BA'RKAMAL A'WLAD WORAYI'

Respublikali'q Ba'rkamal a'wlad worayi' 2011-ji'li' No'kis qalali'q woqi'wshi'lar u'yinin' tiykari'nda du'zilgen yedi. Bul ji'llar ishinde sarayi'mi'zdi'n' do'gerekleri san ha'm sapa jag'i'nan wo'sti. Ha'rbir do'gerekti wo'z isinin' mamani', ta'jiriybeli ustazlar basqaradi'. Worayi'mi'zda quwi'rshaq teatri' da bar.

Jas xudojniklerdi biriktiretug'i'n ko'rkem su'wretlew do'geregi de bar. Wonda jaslar akvarel boyawlar menen su'wret sali'wdi' u'yrenedi. Wolar tuwg'an jerdin' ta'biyati', kosmos haqqi'ndag'i' su'wretlerge jari's wo'tkerdi. Balalar ko'rkem wo'ner muzeyine bari'p Qaraqalpaqstan xudojniklerinin' ko'rgizbesi menen tani'sti'. *(«J»)*

***63-shi'ni'g'i'w.*** Wori's tilinen kirgen so'zlerdi terip, ko'shirip jazi'n' ha'm qanday ka'sipke baylani'sli' yekenligin ayti'n'.

Dem ali'w worayi'mi'z qoyi'w sayali' terekliktin' asti'na jaylasqan. Sport maydanshalari'na ku'n tu'speydi. Bul jerde balalar menen qi'zlar sportti'n' birneshe tu'rleri boyi'nsha, atap aytqanda, voleybol, futbol, basketbol, qol tobi' ha'm jen'il atletika menen shug'i'llanadi'. Wolarg'a belgili qa'nigeler ha'm sport sheberleri basshi'li'q yetedi.

Mine, basketbolshi' qi'zlar shi'ni'g'i'wg'a kiristi. Respublikami'zda sportti'n' jas tu'rinin' biri velosipedshiler No'kis -Shi'mbay joli' boyi'nda shi'ni'g'i'wlar wo'tkeredi. So'ytip balalar jazda dem ali'p, densawli'g'i'n bekkemlep ati'r. Ja'ne jan'a sport tu'rlerine tayarlanbaqta. *(«J»)*

***64-shi'ni'g'i'w.*** Gazetalardan ha'm ko'rkem shi'g'armalardan bilimlendiriw ha'm ilimge, medicinag'a, ko'rkem wo'ner ha'm awi'l xojali'g'i'na baylani'sli' wori's tilinen wo'zlesken 10 — 15 so'z jazi'n'. Wolardi'n' ayti'li'wi' ha'm jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n'.

## § 15. Go'nergen so'zler

*65-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi berilgen so'zlerdi bir-biri menen sali'sti'ri'p woqi'p shi'g'i'n'. Qaysi' topardag'i' so'zler tilimizde jiyi qollani'ladi', sebebin tu'sindirin'. Bul so'zlerdin' ayi'ri'mlari'ni'n' worni'na qollani'latug'i'n so'zlerdi ayti'p berin'.

| | |
|---|---|
| Gu'nde, moyi'nti'ri'q, shi'g'i'r, qozaq, shi'g'i'rshi'q, shi'ra, qadaq, wo'nseri, batpan, hawa keme, shu'tik shi'ra. | Traktor, ekskavator, nasos, toqi'mashi'li'q fabrikasi', kilogramm, tonna, samolyot, elektr shi'rag'i'. |

Belgili bir waqi'tti'n' wo'tiwi menen wo'ndiris qurallari', ha'rtu'rli u'y buyi'mlari', kiyim-kenshekler qollani'li'wdan shi'g'i'p, wolardi'n' worni'na jan'alari' kelip qosi'ladi'. Usi'nday turmi'sta qollani'li'wdan shi'g'i'p qalg'an zatlardi'n' atamalari' kem qollani'latug'i'n go'nergen so'zlerge aynaladi'. Mi'sali': **pazna, shi'g'i'r, shari'q, qozaq, jegde, kiymeshek, atali'q, ma'rdikar, ku'nlikshi, wo'giz arba** t.b.

Ku'ndelikli turmi'sta jiyi qollani'wdan shi'g'i'p qalg'an so'zlerge **go'nergen so'zler** delinedi.

Go'nergen so'zler tariyxi'y ko'rkem shi'g'armalarda ha'm xali'qti'n' turmi's ma'deniyati'n ko'rsetetug'i'n tariyxi'y materiallarda qollani'ladi'.

*66-shi'ni'g'i'w.* Woqi'p, go'nergen so'zlerdi tabi'n'. Wolardi'n' ne ushi'n qollani'lmaw sebebin tu'sindirin' ha'm teksttin' mazmuni'n so'ylep berin'.

Qaraqalpaqlarda qatnas qurallari'ni'n' ken' taralg'an tu'rinin' biri yeki degershikli arba bolg'an. Qaraqalpaqlardi'n' arbasi' ko'lemi jag'i'nan kishilew boli'p, wog'an wo'giz jegiledi. Sonli'qtan bul wo'giz arba dep ataladi'.

Degershigine gu'l mi'yi'q qaqqan wo'zbekler qollanatug'i'n arbalar qaraqalpaq awi'llari'nda paydalani'lg'an.

Qaraqalpaqlar bunday arbalardi’ wo’zleri soqpag’an, Xorezm wo’zbeklerinen sati’p alg’an. Arbani’n’ bul tu’rin tatarba yamasa at arba dep ataydi’. Da’ryani’n’ to’mengi jag’i’nda jasawshi’ qaraqalpaqlar wo’zlerindegi arbani’n’ wo’giz qosatug’i’n tu’rin telegen arba dep te ataydi’.

Wo’giz arba ha’m at arba menen bir qatarda xali’qti’n’ turmi’si’nda yeshek qosqan arba da qollani’lg’an.

*(Qaraqalpaqlar tariyxi’nan)*

***67-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi go’nergen so’zlerdin’ ishinen ha’zirgi ku’nde turmi’sta kem qollani’latug’i’nlari’n bir bo’lek, qollani’lmaytug’i’nlari’n bir bo’lek ko’shirip jazi’n’.

Arsha, sandi’q, sabayaq, qarshi’n, bog’jama, kergi, shari’q, shi’g’i’rshi’q, urshi’q, kelep ag’ash, tas shi’ra, qorji’n, shi’pta, boyra, sebet, keli, kelsap, tu’belek, gu’bi, piskek, atlaw, suw qabaq, may qabaq, qari’n, tuli’p, digirman, kepshik, shanash, tikesh, qi’rg’i’sh, a’to’shkir.

***68-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Go’nergen so’zlerdi tawi’p, wolardi’n’ ha’zirgi turmi’sta kem qollani’li’w sebebin ha’m wolardi’n’ qanday wori’nlarda saqlanatug’i’nli’g’i’n ayti’p berin’.

Qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ni’n’ kiyim-kenshekleri wog’ada bay tu’rge iye bolg’an. Wolar ha’r tu’rli alti’n, gu’mis penen bezelgen.

Hayallar basi’na taqi’ya kiygen, si’rti’nan aydi’nli’ yamasa jupqa menen worag’an. Ha’mmesi de si’rti’nan woraypek tartqan. Jaslari’ qi’zi’l, sari’, ko’k tu’rinen, al ka’ywani’lari’ aqtan tartqan.

Toy-merekege shi’g’arda, bir jaqqa qi’di’rg’anda bulardi’n’ ha’mmesinin’ u’stinen jegde jami’lg’an. Jegde menen bir qatarda hayal-qi’zlardi’n’ kiymeshek degen kiyimi de bolg’an. Qi’zlar kiyetug’i’n ko’ylek, ko’binese, shati’rash yetip nag’i’slap toqi’lg’an. Buni’ «shati’rash ko’ylek» dep atag’an.

Shati'rash ko'ylek shan' bolar dep qag'aman,
Wo'n'irime ha'ykel, monshaq tag'aman.

*(Xali'q qosi'g'i')*

Hayal-qi'zlardi'n' ayri'qsha kiyimlerinin' bir tu'ri — sa'wkele. Sa'wkele — nag'i's penen kestelep tigilgen, ha'rtu'rli alti'n-gu'mis penen bezelgen hayal-qi'zlardi'n' bas kiyimi.

*(Qaraqalpaqlar tariyxi'nan)*

***69-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Arbag'a qatnasli' go'nergen so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi' yekenin ayti'n'.

Wo'gizdin' moyni'n taldi'rg'an,
I'rg'ati'li'p joldi' ji'rg'an,
Ataqli' usta balta urg'an,
Ko'meshlerin' si'ni'q arba.

Bergenegin' berkinbegen,
Degershigin' dirkildegen,
Wo'giz jekse zorg'a ju'rgen,
Ari'si'n' da jaman arba.

*(Ku'nxoja)*

## § 16. Neologizmler

Turmi'si'mi'zda ilim ha'm texnikani'n', a'debiyat, ko'rkem wo'ner ha'm t.b. tarawlardi'n' rawajlani'wi' menen jan'a miynet qurallari', u'y buyi'mlari', mashinalar, ha'r tu'rli a'sbaplar payda boldi'. Sol jan'a zatlar menen birge wolardi'n' atamasi'n bildiretug'i'n **disk, marketing, kolledj, kompyuter**, **biznes** t.b. si'yaqli' jan'a so'zler leksikami'zdi' toli'qti'rdi'.

Tildegi jan'adan payda bolg'an so'zler **neologizmler** dep ataladi'.

***70-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'p shi'g'i'n'. Neologizm so'zlerdi tawi'p, ma'nilerin tu'sindirin'.

Woqi'wshi'lar informatika sabag'i'nda kompyuter menen islesiwdi, ha'r qi'yli' audiovizual qurallardan paydalani'wdi', prezentaciya ha'm web saytlardi' jarati'wdi' u'yrenedi.

Kompyuter menen isley baslag'anda to'mendegi texnikali'q qa'wipsizlik qa'delerine boysi'ni'w kerek:

Klavishlerdi basi'wda ku'sh isletpen'.

Quri'lmalarg'a i'zg'ar qol menen tiymen'.

Quri'lmalardi'n' tesiklerine avtoruchka, si'zg'i'sh ha'm basqa na'rseler ti'qpan'.

Kompyuter ha'm woni'n' basqa quri'lmalari' u'stine tu'rli buyi'm ha'm kiyimlerdi qoyman'.

Bul qag'i'ydani' ha'rbir woqi'wshi' yadi'nda saqlawi' kerek. Ha'zirgi da'wirde kompyuter turmi'si'mi'zdi'n' barli'q tarawlari'na kirip kelmekte. Ma'selen, bank, telekommunikaciya, yemlewxana, ma'limleme-resurs woraylari', aeroport, temir jol vokzallari' ham t.b. toli'q kompyuterlestirilgen. Sonli'qtan kompyuterdi jaqsi' men'geriw ha'zirgi zaman talabi'na aylanbaqta.

***71-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'p shi'g'i'n'. Tekst ishinen neologizm so'zlerdi tawi'p, ma'nisin ayti'p berin'.

Awi'li'mi'zda jan'a ka'sip-wo'ner kolledji ashi'ldi'. Kolledj zamanago'y usi'lda quri'lg'an boli'p, wonda bank isi, menedjement, finans ha'm t.b. qa'nigelikler boyi'nsha ju'zden aslam woqi'wshi'lar bilim almaqta.

Kolledjimizde kompyuter xanalari', lingofon kabinetleri, ximiya, fizika laboratoriyalari', ma'limleme-resurs worayi', elektron kitapxana ha'm tag'i' basqa da pa'n kabinetleri bar. Bul jerde woqi'wshi'lardi'n' bilimi reyting tiykari'nda bahalanadi'.

***72-shi'ni'g'i'w.*** **«Informatika pa'ni sabag'i'nda»** temasi'nda neologizm so'zlerden paydalani'p kishi tekst du'zin'.

## § 17. Turaqli' so'z dizbekleri tuwrali' tu'sinik

| | |
|---|---|
| Ko'zdi ashi'p jumg'ansha | tez |
| Iyt wo'lgen jer | ali'sta |
| Qoyan ju'rek | qorqaq |
| Qulaq aspadi' | ti'n'lamadi' |
| Ko'zi tu'sti | qaradi' |
| Ko'z ushi'nda | uzaqta |

Bag'anani'n' yeki jag'i'na berilgen so'zlerdi sali'sti'ri'n'. Ne ushi'n shep ta'reptegi so'zlerdin' dizbegi won' ta'reptegi bir so'zge ma'niles boli'p kelgen? Shep jaqtag'i' so'zler ne ushi'n **turaqli' so'z dizbegi** dep ataladi'?

Leksikali'q ma'nisi bir so'zge barabar bolg'an yeki yamasa birneshe so'zlerdin' dizbegi **turaqli' so'z dizbegi** (frazeologizm) dep ataladi'.

Turaqli' so'z dizbegine birikken so'zlerdi ga'p ag'zalari'na aji'rati'wg'a bolmaydi'. Wolar neshe so'zden du'zilse de, leksikali'q ma'nisi jag'i'nan bir so'zdin' ma'nisin bildiredi ha'm bir ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Awi'ldi'n' do'geregi **pi'shi'q murni' batpaytug'i'n** tog'ayli'q yedi. *(A.B.)* Bul ga'ptegi di'qqat yetilgen **pi'shi'q murni' batpaytug'i'n** degen so'zlerdin' dizbegi **qali'n'** degen so'zdin' ma'nisin bildiredi ha'm bir ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqaradi'. Turaqli' so'z dizbekleri jekke so'zler menen sinonimles boli'p keledi:

| | |
|---|---|
| qaradi' | ko'z saldi' |
| ti'n'ladi' | qulaq tu'rdi |
| ali'sta, uzaqta | iyt wo'lgen jerde |
| so'ylemedi | la'm-mim demedi |
| u'ndemedi | awzi'n ashpadi' |

Turaqli' so'z dizbekleri awi'zeki so'ylewde ha'm ko'rkem shi'g'armalarda ken' qollani'ladi'. Wolar

ga'pke wo'tkirlik, ta'sirlilik ma'ni beredi: Bizin' a's-kerler dushpanni'n' **ku'lin ko'kke ushi'rdi'.** *(M.D.)* Bundag'i' **ku'lin ko'kke ushi'rdi'** turaqli' so'z dizbegi ga'pke ku'sheytiwshilik ma'ni berip kelgen.

*73-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Turaqli' so'z dizbeklerin tawi'p, wolardi'n' bir so'zge ten' ma'nislerin ayti'n'.

1. Awzi' ala heshkim menen dos bola almaydi'. *(T.Q.)* 2. Degen menen jaslardi' si'naw ma'jilisine shekem awzi' bir si'yaqli' boli'p ju'rgen biylerdin' Maman saylang'annan keyin toyg'a qaramay ketkenine hayran. *(T.Q.)* 3. Maman woni' tu'sinedi dep woylamag'an yedi, awzi' ashi'li'p lal boldi'. *(T.Q.)* 4. Woni'n' tag'i' bir minezi qanday jumi's bolsa da bas tartpaydi'. *(A.B.)* 5. Demnin' arasi'nda bawi'r basi'p qalg'anli'qtan ba, usi' «qonaq» degen so'zdi yesitkende, woni'n' qay waq-bir waq bizin' u'yden ketetug'i'ni'n yeslep, jani'm ashi'r yedi. *(Sh.S.)*

*74-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na to'mende berilgen turaqli' so'z dizbeklerinin' tiyislisin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi'ni'n' ma'nisinde yekenin ayti'n'.

1. Raketa ... aspang'a ko'terildi. 2. Wol yele hesh na'rsenin' parqi'na tu'sinbeytug'i'n ... bala yedi. 3. ... birewlerdin' ketip barati'rg'an yelesi ko'rindi. 4. Jumi'sti'n' basa-basi'nda kitap woqi'wg'a da ... . 5. Wol woti'rg'anlarg'a qaray ... bir qarap aldi'. 6. Sultan woni'n' ga'plerin ... ti'n'ladi'.

**Tiyisli frazeologizmler:** *qulaq sali'p, ko'zdi ashi'p-jumg'ansha, qoli' tiymedi, awzi'ni'n' sari'si' ketpegen, ko'z ushi'nda, ko'z juwi'rti'p.*

*75-shi'ni'g'i'w.* Berilgen turaqli' so'z dizbeklerinin' ma'nisinin' bir so'zge bara-bar sinonimlerin tawi'p, ko'shirip jazi'n'.

1.Aq kewil — ... . 2. Arag'a wot taslaw — ... . 3. Jaydi' basi'na ko'terdi — ... . 4. Gu'dibuzar — ... . 5. Yeki ko'zi to'rt boli'w — ... . 6. Jaman ko'zi menen qaraw — ... . 7. Ko'pti ko'rgen — ... . 8. Quwani'shi' qoyni'na si'ymaw — ... .

***76-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qurami'nda turaqli' so'z dizbegi bar ga'plerdi tawi'p, wolardi'n' basqa turaqli' dizbeksiz qollang'an ga'plerden wo'zgesheligin ayti'n'.

Hesh waqi'tta kisiden aldanbag'an aldi'-arti'n wo'lshestirip ju'retug'i'n Du'ysenbay wo'mirinshe yesinen shi'qpastay boli'p aldang'an yedi.

Izlerine quwg'i'nshi' tu'sken Ta'jim murt ta bul awi'lg'a qa'demin izep baspay ketti. Ha'mme menen baylani's u'zilip qalg'ani'na bir jag'i'nan quwansa, yekinshi jag'i'nan qorqatug'i'n yedi. Du'ysenbaydi'n' yendigi jalg'i'z qa'wpi Ta'jim murtti'n' tuti'li'wi'. «Wol uslansa istin' pitkeni — jalaxor adam. Meni so'zsiz sati'p ketedi» — deydi wo'ziwo'zine. Awi'lg'a a'skeriy kiyim kiygen birew kelse de, ishi uli'-du'pildi boli'p as batpay, bezgek tiygendey qalti'raydi'. Dizesinin' da'rmani' ketip ji'g'i'la beredi. Al, sol kelgen atli'ni'n' paraxatshi'li'q penen kelgenin yesitse, betine qan juwi'ri'p, boyi'na as taraydi'. Sol woylaspay woq atqan naymi'tlardi'n' yele tabi'lmay ati'rg'ani'n shala yesitse de, ani'g'i'n sorawg'a ha'mmeden, ha'tteki, Turi'mbetten de qorqadi'. Tosi'nnan duwsharlasi'p qalsa ilaji' joq, bolmasa To'rebaydi'n' ko'zine tu'se beriwge de ju'regi dawamas yedi. Bir jola yesiginin' aldi'nda turg'ani'nda wo'tip barati'rg'an To'rebaydi'n' «assalawma a'leykumin» yesitip, ju'regi biraz toqtasqanday boldi', sonda da isenbes yedi. *(T.Q.)*

## SO'ZLIKTIN' TU'RLERI

So'zlikler tu'pkilikli ana tilimizdin' so'zlerin yamasa basqa bir tillerdin' so'zlerin ha'm wolardi'n'

ma'nilerin u'yreniw ushi'n du'ziledi. Ma'selen, imla ha'm orfoepiyali'q so'zlik duri's jazi'w ha'm ayti'w ushi'n, tu'sindirme so'zlik a'debiy tildin' so'z bayli'g'i' ha'm woni'n' ha'rbir so'zinin' ma'nilik wo'zgesheliklerin ani'qlaw ushi'n qollani'ladi'. Yeki tillik yamasa ko'p tillik awdarma so'zlikler basqa tillerdin' so'zlerin u'yreniw maqsetinde du'ziledi. Bul atalg'an so'zliklerden basqa da terminologiyali'q, dialektologiyali'q, etimologiyali'q, sinonimlik t.b. so'zlikler qollani'ladi'. Soni'n' ishinde mektep turmi'si'nda yen' ko'p qollani'latug'i'n tu'rleri: imla, orfoepiya, yeki tillik awdarma ha'm sinonimlik so'zlikler.

## § 18. Tu'sindirme so'zlik

Tu'sindirme so'zlik a'debiy tildegi jazba ha'm awi'zsha qollani'latug'i'n so'zlerdi wo'z ishine qamti'ydi'. So'zliktin' bul tu'ri a'debiy tildin' so'zlik qori'nda qollani'latug'i'n tiykarg'i' so'zlerdin' tuwra ha'm awi'spali' ma'niligin ani'qlaydi' ha'm wolardi' duri's tu'sindiriwdi maqset yetedi. Ma'selen, awi'zeki so'ylewde geypara so'zlerdin' ha'r tu'rli boli'p ayti'li'w jag'daylari' ushi'rasadi'. Mi'sali': jarpaq—japi'raq, torpaq—topi'raq. Bulardi'n' a'debiy til ushi'n qabi'l yetilgen normasi' son'g'i' tu'ri dizim so'z retinde ali'nadi' ha'm wog'an tu'sindirme berilip, tiyisli dereklerden mi'sallar keltirilip ani'qlanadi': **Japi'raq** at. — wo'simliktin' shaqasi'ndag'i' hawa arqali' azi'qlandi'ri'wshi' ha'm gaz almasti'ri'wshi' xi'zmetin atqari'wshi' mu'shesi.

Tu'sindirme so'zlikke berilgen so'zler a'lipbe ta'rtibinde tu'bir so'z tu'rinde dizimge ali'nadi'. Wolardi'n' do'rendi tu'rinde dizimge ali'ni'p, tu'bir so'zden keyin sol so'z benen uyalas retinde grammatikali'q ma'nisine izbe-iz tu'sinik beriledi.

Mi'sali': **Japi'raqlaw** f. — wo'simliktin' japi'raqlawi'. Ba'ha'rde ku'n ji'li'wi' menen wo'simlikler japi'raqlaydi'.

«Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zligi»nin' to'rt tomli'g'i' 1982—1992-ji'llari' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda basi'li'p shi'qti'.

***77-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerge wo'z tu'siniklerin'iz boyi'nsha tu'sindirme so'zliktin' u'lgisinde awi'zsha tu'sinik berin'.

Abadan, abadanshi'li'q, abi'roy, abi'royli', a'dep, a'depli, a'dep, a'depki, vagon, vokzal, gu'rrin', gu'rrin'lesiw, dag'al, dag'allani'w, jan'a, jan'ali'q, jan'a, jan'ag'i'.

***78-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi tu'sindirme so'zliktin' du'ziliw ta'rtibi boyi'nsha ma'nilerine jazba tu'rde tu'sindirme jasan'.

Ag'ayi'n, ag'ayi'nli', bazar, bazarlaw, yelshi, yelshixana, bezew, bezewli, yeliw, yeliwinshi, izey, izeykesh, kelisim, kelisiw, qu'diretli, qu'diretlilik.

***79-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'p, wondag'i' qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge tu'sindirme so'zliktin' ta'rtibinde dizimge ali'p, jazba tu'rde qi'sqasha tu'sindirme berin'.

Bu'gingi ku'ni biz heshkimnen kem bolmastan, ko'plegen bag'darlar — ekonomika, **ilim, ma'deniyat, ruwxi'yli'q ha'm sportti'** u'lken tabi'slar **ha'm** jetiskenlikler menen ko'rsetpekshimiz. Sport usi'nday **salalardi'n'** biri. Ma'mleketimizdin' **basshi'si'** g'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen baslap woni' rawajlandi'ri'wg'a u'lken itibar berip kelmekte. Yelimiz xalqi'n, a'sirese, balalar ha'm jaslardi' **dene ta'rbiyasi'** ha'm **sport** penen belsene shug'i'llani'wg'a tarti'w Wo'zbekstanda m'amleketlik **siyasatti'n'** a'hmiyetli bag'darlari'na aylandi'. Prezidentimizdin' **pa'rmani'na** muwapi'q Wo'zbekstan balalar sporti'n rawajlandi'ri'w **qori'** du'zildi. *(Gazetadan)*

## §19. Dialektologiyali'q so'zlik

A'debiy til awi'zeki so'ylew ha'm jazba til boli'p yekige bo'linedi. Awi'zeki so'ylew tili qaraqalpaq xalqi'ni'n' yerte da'wirlerden kiyati'rg'an janli' tili.

Qaraqalpaq milliy a'debiy tilinin' awi'zeki so'ylewi yeki dialektlik (jergilikli) toparg'a bo'linedi: 1) arqa dialekt ha'm 2) qubla dialekt. Qaraqalpaq tilinin' dialektologiyali'q so'zligi usi' yeki dialektlik wo'zgesheliklerdegi awi'zeki so'ylemlerde qollani'latug'i'n jergilikli so'zlerdi wo'z ishine ali'p du'ziledi. Ma'selen, arqa dialektte **qulaqshi'n, buzaw, diywal, kelsap, silos, qatnas** t.b. so'zler qubla dialektte **toppi', wo'jek, soqpa, soqi', du'rshe, alaqa** si'yaqli' so'zler menen qollani'ladi'.

Dialektologiyali'q so'zlikke berilgen so'zlerdin' qaysi' dialektke tiyisli yekenligi arqa dialekt ushi'n **A**, qubla dialekt ushi'n **Q** ha'ribi menen belgilenedi. Mi'sali': Ag'armay (A) — aqmay, ag'ari' (Q) — awi'rli'q wo'lshem t.b.

Dialektologiyali'q so'zlikke kiretug'i'n so'zler xali'qti'n' neshshe a'sirler boyi' shug'i'llani'p kiyati'rg'an tarawlari': mal sharwashi'li'g'i', diyqanshi'li'q, bali'qshi'li'q, wo'nermentlik, salt-da'stu'r, u'y buyi'mlari' ha'm t.b ruwzi'gershilikke baylani'sli' jergilikli wo'zgeshelikke qatnasli' so'zlerdi qamti'ydi'.

Qaraqalpaq tilinin' jergilikli dialektologiyali'q so'zligi 1983-ji'li' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nda basi'li'p shi'qti'.

***80-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi arqa ha'm qubla dialektlerge aji'rati'p ayti'n'.

Almi'rt, apari'w, appari'w, aptabi'z, aptawi'z, as, asman, aspan, awqayi'q, ash kadi, ashna, a'lgi, atqulaq, basalay, baxmal, maqpal, don'i'z, don'guz, za'lbar, za'mber, ko'zi hayat, muxir, muhir, mo'r.

***81-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip, awi'zeki so'ylewge qatnasli' so'zlerdin' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' a'debiy norma boyi'nsha duri's jazi'li'wi'n ani'qlan'.

1. Pa-ay, yaman adam-aa! 2. Buni'n' g'oy qoli'nan hesh na'rse kelmeydi, hu'ku'wmetke de jag'i'p ju'rgen joq. 3. Islam bayrag'i'na jeti i'qli'mnan qaliymag'oy bendelerin ja'mlep, wori'ssi'z hu'ku'wmetin du'ziw. 4. — Ha'-a', so'ytip so'ylep woti'ri'n', g'oshshi'm ag'an'di' i'nti'qti'ra bermey, — dedi. Sen wo'zin', yashulli', awi'li'n'ni'n' azanda qayda ketkenin bilmeysen'. Bir jaqtan keldin' be?!

***82-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Awi'zeki so'ylewge qatnasli' so'zlerdi tawi'n', yeger wolarda dialektlik so'zler bolsa, wolardi'n' qaysi' dialektke tiyisli yekenligin ayti'n'.

1. Arqa muz degen bar deydi, qi'si'-jazi' muzi' yerimes yemish, shuyaqlarda jasag'anlardi'n' da a'rmani' barmeken. 2. Meyli za'ku'ni menen-aq ju're bereyik. 3. «Bessari'» qi'shlag'i'ni'n' ku'nshi'g'ari'nda paxtag'a shotlap ju'rgen to'rt-bes gektarli'q go'ne jon'i'shqali'q bar yedi. 4. Albi'rag'an Bazarbay «atti', atti' meni» dep, way-waylap yet betinen su'digarg'a tasladi'. 5. Ma'diyar shu'digardi' kesip bardi' da, pi'shi'qtay jelkesinen ko'terip turg'i'zdi'.

## LEKSIKADAN WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

### *Tekseriw sorawlari' ha'm tapsi'rmalar:*

1. Ha'mmege wortaq so'zler menen terminlerdin' ayi'r-mashi'li'g'i'n ayti'n'.
2. Qanday so'zler **ka'sipke baylani'sli'**, qanday so'zler **dialektlik so'zler** dep ataladi'?
3. Tilimizdin' leksikasi'na basqa tillerden kirgen so'zlerdi ayti'n'.
4. Yadi'n'i'zdan turaqli' so'z dizbeklerine mi'sallar keltirin'.
5. Leksika ha'm turaqli' so'z dizbekleri til iliminin' qaysi' tarawi'nda u'yreniledi?

***83-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdegi ha'mmege birdey wortaq so'zlerdi bir bo'lek, termin so'zlerdi bir bo'lek ko'shirip jazi'n'.

Kel, bar, ku'n, kitap, komediya, proza, ani'qlawi'sh, grammatika, kvadrat, globus, kompozitor, koncert, jaqsi', segiz, u'y, nan, ag'ash, tog'ay, mazali', men, stol, parta.

***84-shi'ni'g'i'w.*** Sali'gershilik, mal sharwashi'li'g'i', paxtashi'li'q, bag'shi'li'q ha'm bali'qshi'li'q ka'siplerinin' ha'rbirine baylani'sli' yeki so'z tawi'p, wolardi' ga'p ishinde keltirip jazi'n'.

***85-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday ma'nilerde qollani'li'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Za'riypa qudi'qti'n' **basi'na** bari'p, uzaqqa ko'z jiberdi de, **basi'ndag'i'** sharshi'si'n qoli'na ali'p, wolay-bulay bi'lg'ay basladi'. 2. A'miwda'ryani'n' **ayag'i'** Aral ten'izine quyadi'. 3. Uyqi'lar aldi'nda **ayaqti'** juwi'p jati'w ku'ta' paydali'. 4. Istin' **ko'zin** bilip islesen', isin' wo'nimli boladi'. 5. Mektep woqi'wshi'lari'ni'n' salg'an su'wretlerin wo'z **ko'zim** menen ko'rdim. 6. Do'gerek **ko'k** sho'p penen qaplang'an. Sebebi, **ko'ktin'** shi'qqani'na da a'dewir ku'n boldi'.

***86-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday so'zler menen sinonim boli'p turg'ani'n ayti'n'.

1. **Jurt** bali'qqa baradi' degenge Wo'mirbek te bali'qqa baradi'. **Adamlardi'n'** ana jerden de, mi'na jerden de bali'q awlap ati'rg'ani'n ko'redi. 2. Patshadan ha'mir bolsa, **puqarag'a** ne turi's, wa'zirler ja'ne izlewge ketti. 3. Bir ku'ni Xoja Nasi'ratdin bazarg'a bari'p u'lken bir **to'benin' basi'na** shi'g'i'p: —**xalayi'qlar,** berman kelin'ler, **tez** kelin'ler! — dep bazardag'i' bar adamlardi' ji'ynap boli'p: — men bir na'rse aytajaqpan, bilesizler me? — dep wolardan sorapti'.

Ha'mme: «Bilmeymiz» — dep baqi'ri'si'pti'. *(«Q. L.»)*

***87-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip, antonim so'zlerdin' asti'n si'zi'n'.

Xi'zmet yeter adam wo'zin xosh yetip,
Dushpani'n mun'ayti'p, dosti'n'di' shad yetip,
Keshe-ku'ndiz ata-anasi'n yad yetip,
Xi'zmet yeter ata-anani'n' haqqi' ushi'n.

Jaqsi' adamni'n' ayag'i'na bas urar,
Jamanlar darg'azep yetip tas urar.

Berdimurat, duri's ayt, so'yleme yalg'an.

Jo'nsiz qi'rq ku'n qayg'i' uwayi'm shekkennen,
Densawli'qta bir ku'n shadli'q jaqsi'raq.

*(Berdaq)*

***88-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen neologizm so'zlerge ga'p quran'.

Web-sayt, video-konferenciya, skaner, quyash batareyalari', sputnik antennalari', pult.

***89-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi qosi'qtan paydalani'p, wo'z awi'li'n'i'zdi'n', ko'shen'izdin' yamasa dala ko'rinisin su'wretlep shi'g'arma jazi'n'. Ati'n wo'zlerin' tan'lan'.

## DALA KO'RINISI

Araladi'm, ko'rdim awi'l-qalamdi',
Ha'r ko'shem, ha'r u'yim ko'zime wottay.
Ko'k jasi'l jami'lg'an go'zzal dalamdi'
Ko'rdim qulpi' do'ngen qi'zg'i'sh borlattay.

U'yrekler g'arqi'ldap, g'azlar g'an'qi'ldap,
Jag'adan suwlarg'a taslag'an boyi'n.
Ko'l u'stinde shag'alalar shan'qi'ldap,
Wo'mir a'detinshe ko'rsetken woyi'n.

Qoyan qi'r qoyni'nda, wormanda quslar,
Quyash hu'rmetine qosqan dawi'sti'.
Ha'r ko'rgen sapari' bolasan' qushtar,
Tarani'p, dolani'p ju'rgen tawi'sti'.

*(J.A.)*

## SO'Z JASALI'W HA'M IMLA

### § 20. So'zlerdin' quri'li'si' boyi'nsha tu'rleri

So'zlerdin' quri'li'si' ma'nili bo'leklerden — **tu'bir** ha'm **qosi'mtalardan** turadi'.

So'zdin' tiykarg'i' ma'nili bo'legi **tu'bir so'z** dep ataladi'. Wolar basqa ma'nili bo'leklerge bo'linbeydi.

Bir tu'birden jasalg'an so'zlerge **tu'birles** so'zler dep ataladi'. Mi'sali': **bas-shi', bas-li'q, bas-qar.**

Tu'bir so'zlerge qosi'mtalar jalg'anadi'.

Qosi'mtalar so'zlerge qosi'li'p bildiretug'i'n ma'nisi ha'm wazi'ypasi'na qaray **so'z tu'rlewshi** qosi'mtalar ha'm **so'z jasawshi'** qosi'mtalar boli'p yekige bo'linedi.

So'z tu'rlewshi qosi'mtalar so'z dizbegi ha'm ga'ptegi so'zlerdi bir-biri menen baylani'sti'radi'. Wolar so'zlerdin' si'rtqi' tu'rin g'ana wo'zgertedi, jan'a so'z jasay almaydi': **menin' awi'li'm, mektep-ten shi'qti'm, woqi'wshi'lar sayaxatqa shi'qti'**.

So'z jasawshi' qosi'mtalar (suffiksler) jan'a so'z jasaydi': bali'q-**bali'qshi'**, bas-**basli'q,** ku'sh-**ku'shli**, an'-**an'la**, suw-**suwg'ar** ha'm t.b.

***90-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. So'zlerdin' quri'li'si'na di'qqat awdari'n'. Wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p ayti'n'.

— Jan'a ji'l aqshami'nda qanday tilek aytsan' wori'n-lanadi'. A'japasi'ni'n' bul ga'pi kishkene Jan'abay ushi'n xat ha'm qa'lem boldi'.

— Qanday tilek aytsam yeken? — dep woyladi’ wol. Jan’a ji’l bolsa jaqi’nlap qaldi’. Jan’a ji’lda Ayaz ata ko’p sawg’alar berse yeken. A’sirese, mazali’ konfetalar ko’p bolsi’n!

Wol usi’nday tatli’ qi’yalg’a beriledi. Biraq ku’n wo’tken sayi’n ja’ne woylandi’.

— Yaq, mazali’ni’ ko’p jey bersen’, tisin’ awi’radi’. Ag’amni’n’ a’kelgen konfetalari’n Sa’rbinazdan jasi’ri’p jep ne boldi’m? Yeki ku’n tu’ni menen uyqi’lay almadi’m. U’shinshi ku’ni shi’pakerge barg’ani’mdi’ yele umi’tqani’m joq. Yaq, ko’p shokolad a’rman yetpey-aq qoyayi’n. Ko’p yeken dep ko’zim toymay jey bersem ja’ne... Jaqsi’si’ «Jan’a ji’lda qar jawg’ay!» — dep tilek aytaman. Demali’sqa shi’qqali’ berli dalada woynamadi’q. Qar jawsa, ha’z yetip qar boran woynaymi’z. Ayaz ata sog’ami’z.

***91-shi’ni’g’i’w.*** So’zlerdi tu’bir ha’m qosi’mtalarg’a ayi’ri’p ko’shirip jazi’n’. Wolardi’n’ qanday qosi’mta yekenin ayti’n’.

Bali’qshi’, bali’qshi’lar, bali’qti’, isle, islegish, qalali’q, qalag’a, qalasha, mekteplerdin’, so’ylewshi, so’ylew, so’yledi, pillekesh, pillekeshtin’, bilgish, bilim, bilimli.

***92-shi’ni’g’i’w.*** So’zlerdi woqi’n’. Tu’bir so’zlerdi bir bo’lek, qosi’mta qosi’lg’an so’zlerdi bir bo’lek ko’shirip jazi’n’. Qosi’mtalardi’n’ atqari’p turg’an xiz’metin tu’sindirin’.

Bala, qi’z, balali’q, qi’zlar, ag’ash, gu’l, ag’ashli’q, kitapxana, kitapxanashi’, kitap, sali’gershilik, putali’q, adamgershilik, biyik, biyiklik, ko’l, sho’l, paxta, tog’ay, suwshi’, yetikshi, paxtashi’li’q, tog’ayli’q, yetik, woqi’, woqi’w, woqi’wshi’, woqi’di’, joldas, qoylar, joldasli’q.

***93-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen tu’bir so’zlerge so’z jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ tiyislisin jalg’ap, ga’p quran’.

Wor, woqi’w, gu’l, bag’, jol, iybe, jaqsi’.

***94-shi'ni'g'i'w.*** So'z jasawshi' qosi'mtali' so'zlerdi bir bo'lek, so'z tu'rlewshi qosi'mtali' so'zlerdi bir bo'lek ko'shirip jazi'n'. Qosi'mtalardi'n' asti'n si'zi'n'.

U'yinshik, u'yler, u'ylerdin', wo'tti, almalar, suwli', xalqabadli', an'shi'li'q, yemlewxana, basqarma, gu'ller, kitabi'm, woqi'wshi', jaspan, balasi', da'rixana, wo'nim, wo'nimsiz, baxi'tli', jen'impaz, wo'nimdar, so'zlik, so'zge, adamlardi'n', bosli'q, anasi', jazg'an, jazi'p, kitapta.

***95-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'mtani'n' tu'rlerin mi'sallar keltirip ayti'p berin', to'mendegi so'zlerge sol qosi'mtalardi' qosi'p, ga'p quran'.




Mashina, ag'a, u'y, woqi', bilim, licey, prezident, g'a'rezsizlik, bayram, ti'ni'sh, biz, paytaxt.

## § 21. Do'rendi so'z

Belgili bir tu'bir so'zlerge so'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi'nan jasalg'an so'zler **do'rendi so'zler** dep ataladi'. Mi'sali': **suw-suwshi', suwli'q, suwli', suwg'ar, bas-basshi', basli'q, basshi'li'q** t.b.

***96-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerdi woqi'p, wolardi'n' ne ushi'n tu'bir, ne ushi'n do'rendi so'z dep atali'wi'n tu'sindirin'.

An', an'shi', an'shi'li'q; bali'q, bali'qshi', bali'qshi'li'q; sali', sali'kesh, sali'gershilik; bas, basshi', basqarma; qum, qumli'q, qumshi'q, qumlaq (jer).

***97-shi'ni'g'i'w.*** Do'rendi so'zlerdi tawi'p, asti'n si'zi'n'.

Maman biy wo'z zamani'ni'n' ju'da' aqi'lli' adami' bolg'an. 2. Wonnan danali'q so'zlerdi yesitip turi'wdi' adamlar a'rman yetedi yeken. *(«Maman biy» a'psanasi'nan)* 3. Tandi'r basi'nda bir qabawi'q iytke joli'g'adi'. *(To'rt Abdulla yerteginen)*

4. Bala bilgir bala yeken,
Jasi'nan-aq dana yeken. *(T. J.)*

5. Da'slep woyla, keyin so'yle.

***98-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tu'bir so'zlerge tiyisli qosi'mtalardi' jalg'ap do'rendi so'z jasan'.

Sali', paxta, traktor, as, bas, san, terim, xi'zmet, suw, su'wret, ilim, ku'sh, wo'ner, adam, g'amxor, jaqsi', awi'l, jem, an'.

**Qosi'mtalar:** *-shi', -shi, -kesh, -paz, -li'q, -ker, -li, -li', gershilik, -xor, -shi'li'q.*

## § 22. Dara so'z ha'm qospa so'z

So'zler du'zilisi jag'i'nan **dara so'z** ha'm **qospa so'z** boli'p yekige bo'linedi.

Bir tu'bir so'zden du'zilgen so'z **dara so'z** dep ataladi'. Mi'sali': **woqi', jaz, woti'r, basla, taw, ko'l, suw, mazali', uzi'n** ha'm t.b.

Yeki ya birneshe so'zlerdin' qosi'li'wi'nan du'zilgen so'zler **qospa so'z** dep ataladi'.

Qospa so'zler yeki tu'bir so'zdin' birigiwinen (**tasbaqa, birqazan, bi'yi'l, qolg'ap** t.b.), yeki ya birneshe so'zdin' juplasi'wi'nan (**qurt-qumi'rsqa, yerteli-kesh, so'yley-so'yley**), so'zlerdin' dizbeklesiwinen (**xali'q arali'q, Qi'zketken kanali', uzi'n boyli', ken' jawi'ri'nli'**), yeki ya birneshe so'zlerdin' qi'sqari'wi'nan (**NMPI, QR** t.b.) du'ziledi.

***99-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Yeki ta'repte berilgen so'zlerdi sali'sti'ri'n'. Wolardi'n' neshe tu'birden du'zilgenin ayti'n'.

| | |
|---|---|
| Qali'n', uzaq, qami's,<br>tog'ay, paxta, alma,<br>sali'kesh,<br>ay, ku'n, bali'qshi',<br>qami'sli'q, pillekesh. | ko'z a'ynek, bas kiyim,<br>A'miwda'rya, Aral ten'izi,<br>Qarataw, Qarao'zek,<br>Qon'i'rat, awi'zbirshilik,<br>suwqabaq, awi'l xojali'g'i',<br>aq saqalli'. |

***100-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Geografiyali'q atamalardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'zlerden du'zilgenin ayti'n'.

## AZIYA

Aziyani' haqi'yqati'nda da tawlar u'lkesi dep atasa boladi'. Woni'n' aymag'i'ni'n' 75 procentke jaqi'ni' tawlardan ibarat. Bul tawlardi'n' yen' u'lkenleri — Pamir, Tyan-Shan, Tibet, Gimalay, Indikush ha'm Qaraqum tawlari' sanaladi'.

Aziyani'n' ta'biyati' da wog'ada go'zzal ha'm ha'r qi'yli'. Wonda qali'n' tog'aylar, ken' jazi'q adi'rlar, u'lken taw dizbekleri, muzli'qlar, da'ryalar, ko'ller ha'm sho'listanli'qlar bar. Wondag'i' Pamir, Tyan-Shan, Qaraqum, Gimalay tawlari'nda 1150 kvadrat kilometr maydandi' muzli'qlar iyelep jati'r.

Kontinenttegi da'ryalar Arqa muz okeani'na, Ti'ni'sh ha'm Hind okeanlari'na quyadi'. Da'ryalardi'n' ishindegi yen' uzi'ni' Yanczi' boli'p, wol 5800 kilometrge ten'.

Okeanlarg'a quyi'latug'i'n da'ryalardan ti'sqari', kontinent wortasi'nda payda boli'p, jer suwg'ari'wg'a paydalani'latug'i'n A'miwda'rya menen Si'rda'rya usag'an da'ryalar da bar. *(«Y.Q.»)*

***101-shi'ni'g'i'w.*** Gazeta-jurnallardan, ko'rkem shi'g'armalardan qospa so'zlerge 10 so'z jazi'n'. Qospa so'zlerdin' birigip, juplasi'p yamasa bo'lek jazi'li'w wo'zgesheliklerine di'qqat awdari'n'.

## § 23. So'zlerdin' jasali'w usi'llari'

***102-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' ta'sirli yetip woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi tu'bir menen qosi'mtag'a aji'rati'n'. Wolardi'n' qanday xi'zmet atqari'p turg'anli'g'i'n tu'sindirin'.

Sen aytti'n': «kel menin' **balali'q** dosti'm,
Yen' jaqsi' namamdi' sayrap bereyin».
Senin' sol qo'diren' sahrayi' **sestin'**,
Terbirenter yen' son'g'i' demime deyin.

Sayra **dosti'm**, a'l hawada pi'rpi'rlap,
Saz benen **sa'wbetsiz** da'wran boldi' ma.
Sen ko'kte, men jerde bunshelli shi'rlap,
Su'ymegende, wonnan Watan boldi' ma!

*(I.Y)*

So'zler yeki tu'rli usi'l menen jasaladi':

1. So'z tu'birine so'z jasawshi' qosi'mtani'n' qosi'li'wi' arqali'. Mi'sali': **bil-im, wora-m, is-le, tas-la, sawi'n-shi'** t.b.
2. So'z benen so'zdin' qosi'li'si'wi' arqali'. Mi'sali': **Aytjan, tasbaqa, temir jol, tuwi'sqan-tuwg'an, wot-sho'p, shay-pay** ha'm t.b.

So'z jasawshi' qosi'mtalar arqali' jasalg'an so'zler **do'rendi so'z** delinedi de, so'zlerdin' qosi'li'wi'nan jasalg'an so'zler **qospa so'zler** dep ataladi'.

***103-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdegi do'rendi so'zdi wo'z aldi'na, qospa so'zlerdi wo'z aldi'na ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' qalay jasalg'ani'n ayti'p berin'.

Ko'rpeshe, to'gin, adi'mla, alabug'a, su'tilmek, Taxtako'pir, woyshi'l, tu'yin, asqabaq, baspaso'z, xi'zmetker, yegis, azadali'q, qi'zi'l shi'rayli', aybalta, qoljazba, aqbas, aq quba, woyi'nshi'q, an'shi', jasli'q, bilimpaz, woraqshi', qazan-tabaq, ko'zbe-ko'z, Gu'lsa'nem, woraq, toraq.

*104-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Do'rendi ha'm qospa so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qalay jasali'wi'n tu'sindirin'.

Shalag'ay bolma jasi'n'nan,
Ko'pshilikte tis jersen',
Jaqsi'li'qti' u'mit qi'l,
Ku'ler ju'zli adamnan.

Sa'lemsiz kirgen uyat,
Juwapsi'z shi'qqan uyat.

Uzi'n boyli' sari'lar,
Qolti'g'i'nda nani' bar.

*(biyday)*

Duzsi'z pisken as ko'rdim,
Dumalang'an tas ko'rdim.

*(qawi'n)*

## § 24. So'z jasawshi' qosi'mtalar

Tu'bir so'zge so'z jasawshi' qosi'mtalar qosi'li'w arqali' do'rendi so'z jasaladi':

Ekskavator-**ekskavatorshi'**, ilim-**ilimpaz**, suw-**suwli'**, suw-**suwg'ar**, ko'l-**ko'llik** ha'm t.b.

*105-shi'ni'g'i'w.* Berilgen so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtag'a defis arqali' ayi'ri'p jazi'n'.

**So'zler:** sali'gershilik, basshi'li'q, bu'klew, balali', wo'nim, woqi'g'i'sh, su'wretshi, xabarshi', wo'nimdar, hasi'ldar, qosi'qshi', baslama, tapqi'rli'q, kewilsizlik.

Tu'bir so'zge bir ha'm wonnan da ko'p so'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi'nan da do'rendi so'z jasala beredi: **bas-qar, bas-qar-ma, bas-shi'-li'q** ha'm t.b.

So'z jasawshi' qosi'mtalar (**-li'q, -lik, -la, -le, -ma, -me, -shi', -shi, -li', -li, -shi'li'q, -shilik** t.b.) do'rendi so'zler jasawda wo'nimli qollani'ladi'. Mi'sali': **jag'ali', kewilli, yetikshi, qatlama** t.b.

Al, geypara **-xor, -kesh, -paz, -ment** ha'm t.b. qosi'mtalar so'z jasawda wo'nimli qollani'lmaydi', bular tek ayi'ri'm so'zlerge g'ana qosi'li'p, do'rendi so'zler jasaydi'. Mi'sali': **wo'nerpaz, paxtakesh, jemxor, wo'nerment** ha'm t.b.

***106-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi so'zlerge qawi'sta ko'rsetilgen so'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' tiyislisin jalg'ap, ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' ma'nilerin ayti'p berin'.

1. Bizin' brigadami'z ha'm paxta (-shi'li'q, -shilik) ha'm sharwa (-shi'li'q, -shilik) penen shug'i'llanadi'. 2. Bizler paraxat (-shi'li'q, -shilik) ta'repdari'mi'z. 3. Wol ba'rha kewil (-li', -li) ju'redi. 4. Bizler ju'rip wo'tken jollar qami's (-li'q, -lik) ha'm woypat (-li'q, -lik) yedi.

5. Naqi'ldi' bir aytpasa,
Aqi'l (-siz, -si'z) aytpaydi',
Aqi'l (-li', -li) adam a'n'gimesin,
Naqi'l (-si'z, -siz) aytpaydi'. *(Q. n. m.)*

So'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' ko'pshiligi **-la, (-le), -shi', (-shi), -li'q (-lik), -li' (-li), -ma (-me)** ha'm t.b. so'zlerge jalg'ang'anda tu'bir so'zdegi buwi'nlardi'n' juwan-jin'ishkeligine qaray jalg'anadi'. Mi'sali': sawi'nshi', yetikshi, maydala, irile. **Al, -paz, -xor, -xana, -kesh, -gershilik** qosi'mtalari' juwan buwi'nli' so'zge de, jin'ishke buwi'nli' so'zge de ten'dey jalg'ana beredi. Mi'sali': adamgershilik, sali'gershilik, woti'nxana, topanxana.

***107-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Do'rendi so'zlerdi tawi'p, tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'n'.

## BIZIN' ARMIYA

Gu'reste shi'ni'qqan,
Bizin' Armiya.
Yerlik dan'qi' shi'qqan,
Bizin' Armiya.
Ten'lik, a'dillikti,
Jaqlaydi' ba'rha,
Yerkinlik bayrag'i'n,
Berik tutqan qolda.

Hasi'l jerimizdi,
Qorg'ag'an jawdan,
Ti'ni'shli'q boli'wdi',
Woylag'an mudam.
Gu'reste shi'ni'qqan,
Bati'r Armiya!
Yerlik dan'qi' shi'qqan,
Bati'r Armiya!

*(J.D.)*

***108-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. So'zlerge qanday qosi'mta qosi'li'p turg'ani'n ha'm wolardi'n' ma'nilerin ayti'p berin'.

**So'zler:** Qaraqalpaqstan, basqarma, ju'zimgershilik, aqi'lli', aqi'lli'li'q, toqi'mashi'li'q, bag'man, yerlik.

So'z jasawshi' qosi'mtalar so'zlerge qosi'li'w arqali' ha'r tu'rli leksikali'q ma'ni bildirip keledi. Ma'selen: **-kesh, -ker, -shi', -shi, -im** qosi'mtalari' so'zlerge qosi'li'p, zat ma'nisindegi do'rendi so'zler jasasa **-la, -le, -a, -e** qosi'mtalari' ha'reket ma'nisindegi so'zlerdi jasaydi'. Mi'sali': **paxtakesh, suwshi', bilim, arqala, birle, wota** ha'm **t. b.**

## § 25. So'zlerdin' qosi'li'wi' arqali' jasali'wi'

***109-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n', qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge itibar berin' ha'm jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. Bizin' yelimizde **atqulaqti'** da'ri ushi'n paydalanadi'. 2. Yeger qi'sta qar jawmasa, wo'simliklerdin' tami'ri'n **suwi'q uri'p**, ko'germesten qali'wi' mu'mkin. 3. Keshquri'n balalar **u'yli-u'yine** tarqadi'. Marat u'yine kelip **dem ali'p, bet-qoli'n** juwi'p, sabag'i'n tayarladi'.

4. Wol wo'zinin' **qayg'i'-uwayi'mi'n** umi'ti'p, menin' menen **yemin-yerkin** so'ylese basladi'. *(A. X.)* 5. Wol **ashi'q ju'zli, qi'zi'l shi'rayli'** jigit yedi.

Yeki yamasa birneshe so'zdin' qosi'li'wi' arqali' **qospa so'zler** jasaladi': **tu'yetawi'q, u'sh qabatli', aq quba, biyday ren'** ha'm t.b.

Qospa so'zler birneshe so'zden quralsa da, bir leksikali'q ma'ni bildiredi.

Qospa so'zlerdin' ko'pshiligi zatti'n' ati'n (mi'sali': **aq qutan, bilezik, temir jol** t.b.) bildirse, geyparalari' ha'reketti (**qosi'q ayti'w, hu'rmet yetiw, dem ali'w** t.b.), al ayi'ri'mlari' zatti'n' tu'r-tu'sin (**uzi'n shashaqli', ken' jawi'ri'nli', bes qabatli'**) an'latadi'.

***110-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi qospa so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Wolardi'n' qanday ma'ni bildirip turg'ani'n ayti'p berin'.

**So'zler**: tilxat, jolbasshi', won birinshi, ju'zbe-ju'z, ji'lma-ji'l, shay-pay, uzi'nli'-qi'sqali', ko'rsetip jiber.

***111-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n', mazmuni'n so'ylep berin'. Ishindegi qospa so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' qalay jasalg'ani'n ayti'n'.

Ja'n-jag'i'ma ko'zimnin' qi'yi'g'i'n jibersem, ag'am saqqa ju'ginip birnemelerdi ayti'p woti'r. Allaniyaz atam u'sti-basi'n sheship ati'r. Wolardan jasi' kishi Sabi'r tikke qati'p, jolbari'sti' an'li'p tur. Men bolsam qorqa-qorqa, aqi'ri' bati'r boldi'm ba, ya balali'g'i'm ba, bolmasa yesten ayi'ri'li'p qaldi'm ba, wonsha qorqi'p ta turg'ani'm joq. Qorqqan menen ne qi'laman. Ha'zir bas ayag'i'mi'z aman. Ali'si'p ya topi'li'p ati'rg'an jolbari's joq. Woni'n' u'stine men sira' tuwdi'-pitti jolbari'sti' ko'rippen be? Biraq u'yge kelgen adamlardi'n' jolbari's haqqi'nda talay a'n'gime ayti'p woti'rg'ani'n yesitkenmen. *(K.S.)*

Qospa so'zler jasali'w wo'zgesheligine qaray 4 tu'rli boladi'.

1. **Birikken qospa so'zler:** baspaso'z, qarabay, atqulaq, asqabaq, bi'yi'l, aybalta ha'm t.b.

2. **Birikpegen qospa so'zler:** sari' may, sari' ala, qara tori', biyday ren', besten bir ha'm t.b.

3. **Jup so'zler:** jeti-segiz, jaza-jaza, qazan-tabaq, qurt-qumi'rsqa, taw-tas ha'm t.b.

4. **Qi'sqarg'an so'zler:** QR, NMPI, QMU t.b.

## § 26. Birikken qospa so'zler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***112-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi birikken qospa so'zlerdi tawi'p, wo'z aldi'na ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' qalay jasalg'ani'n ayti'n'.

1. Qaraqalpaqstanda Taxtako'pir, Qarao'zek, Xojeli, Qon'i'rat ha'm basqa da rayonlar bar. 2. Bizin' awi'l Alti'nko'lde. 3. Dawi'tko'lde aq qutan, ko'k qutan ju'da' ko'p. 4. Tasbaqa basqalardan arqasi'ndag'i' tas arqali' saqlanadi'. 5. Dosjan Alpi'sbay menen birge awi'lg'a jaqi'n jerden qarabaraq shawi'p a'keldi.

Yeki ya wonnan da ko'p so'zler birigip bir ma'ni bildirip keledi. Bunday so'zler **birikken so'zler** dep ataladi'. Wolar sol birikken tu'rinde qosi'li'p jazi'ladi'. Mi'sali': **Gu'lmurat, bi'yi'l, bu'gin, Xojeli, Qi'zketken** ha'm t.b.

***113-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi birikken so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Wolardi'n' qalay jazi'latug'i'ni'na itibar berin'.

**So'zler:** kishipeyil, belbew, wori'nbasar, Qaraqum, Jumabay, alabug'a, jolbari's.

***114-shi'ni'g'i'w.*** Bag'anani'n' yeki ta'repinde berilgen tu'bir so'zlerdi ma'nisine qaray biriktirip, qospa so'z jasan' ha'm leksikali'q ma'nilerin ayti'p berin'.

| | |
|---|---|
| G'aniy | qulaq |
| at | bay |
| Yel | qap |
| Dos | murat |
| Biybi | mi'rza |
| qol | da'ri |
| kene | nur |

***115-shi'ni'g'i'w.*** Birikken so'zlerdin' qanday so'zlerden jasalg'ani'n ayti'n'. Adam atlari'ni'n' jazi'li'wi'n bilip ali'n'.

Baltabay, Joldasbay, Aygu'l, Nurbiybi, Mi'rzamurat, Saparniyaz, Dosbergen, Gu'lja'ha'n, Almagu'l, Nurli'bay, Sultanbek, Aqda'wlet, Alpami's.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Birikken qospa so'zler qalay jasaladi'?
2. Birikken so'zlerdin' orfografiyasi'n ayti'n'.
3. Yeki so'zden jasalg'an adam atlari'na mi'sallar tabi'n'.
4. Birikken so'zden jasalg'an wo'simlik, qala, ko'l, da'rya, taw, qus atlari'n jazi'p kelin'.

## § 27. Birikpegen qospa so'zler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***116-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' qalay jasalg'ani'na ha'm jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n'. Keyin ma'nilerin tu'sindirin'.

Won besinshi, ashi'q ju'zli, sari' ala si'yi'r, tan' qali'w, jeti saatli'q, yeki ju'z jetpis bes, woqi'y ber, ko'rsetip jiber, ayta sali'w, qara tori'.

Yeki yamasa wonnan da ko'p so'zlerdin' diz-beklesiwinen **birikpegen qospa so'zler** jasaladi'. Wolar bir-birinen bo'lek jazi'ladi': **jerju'zilik, xali'q arali'q, mal sharwashi'li'g'i', mal qora** t.b.

Birikpegen qospa so'zler bo'lek-bo'lek jazi'lg'ani' menen bir ma'ni bildiredi. Wolar zatti'n' ati'n, ha'reketin, sani'n, sonday-aq ma'keme, jer-suw, gazeta-jurnallardi'n' atlari'n bildirip keledi. Mi'sali': **qara torg'ay**, **shad yetiw**, **qi'zi'l shi'rayli', jigirma bes, No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti', gu'rrin' yetiw, islep taslaw** ha'm t.b.

***117-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Birikpegen qospa so'zlerdin' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' qalay jasalg'ani'n ayti'p berin'.

1. Bizin' xojali'qta u'sh wori'nda balalar baqshasi' islep tur. 2. «Jen'is» xojali'g'i' ji'lli'q jobasi'n waqti'nan buri'n wori'nladi'. 3. No'kiste temir jol stanciyasi' bar. 4. Bas kiyimdi jerge taslama. 5. No'kiste won bir qabatli' miymanxana, jeti qabatli' pochta jaylari' bar.

***Sorawlar ha'm tapsi'rma:***

1. Birikpegen qospa so'zler qalay jasaladi'?
2. Birikpegen qospa so'zler qalay jazi'ladi', wolardi'n' qanday tu'rleri bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi'?
3. Yadlari'n'i'zdan 5-6 birikpegen qospa so'z tawi'p jazi'n'.

## § 28. Jup so'zler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***118-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen jup so'zlerdin' jasali'wi' ha'm jazi'li'wi'n bilip ali'n'.

Ata-ana, bala-shag'a, qazan-tabaq, sha'ynek-kese, jeti-segiz, shan'-tozan', uzi'nnan-uzaq, u'sti-u'stine, tez-tez, su'rtip-su'rtip, tilim-tilim, ju'zbe-ju'z, ayta-ayta, taw-tas, nan-pan, bali'q-shabaq, u'lken-kishi, uzi'nli'-qi'sqali'.

Yeki so'zdin' juplasi'p yaki qaytalani'p keliwi arqali' **jup so'zler jasaladi'**. Wolardi'n' ma'nileri ha'r tu'rli boli'p keledi. Ma'selen: **tuwg'an-tuwi's-**

**qan, qazan-tabaq, mal-mu'lk** degen jup so'zler ji'y-naqlaw, ja'mlew ma'nisin bildirse **nan-pan, shay-pay** degen so'zler uluwmali'q ma'ni bildiredi.

Jup so'zlerdin' arasi'na defis qoyi'li'p jazi'ladi': **ko'zbe-ko'z, yer-turman, qant-pant, ku'sh-quwat, u'lken-kishi, qi'p-qi'zi'l, dayi'li'-jiyenli** ha'm t.b.

***119-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Jup so'zlerdi tabi'n'. Jazi'li'wi'na itibar berin'.

## PILLE QURTI'

Aq qurt, ko'k qurt, ala qurt,
Birinen-biri ag'la qurt,
Tut japi'rag'i' jemisi,
Gu'lden suli'w ko'rinisi.

Pish-pish yetip alan'lap,
Japi'raqti' jeydi jalan'lap,
Ku'ni-tu'ni xi'zmette,
Soni'n' ushi'n izzette.

Iyirtip shi'r-shi'r aylani'p,
Bolar shayi', atlaslar,
Tu'rli-tu'rli lipaslar.

*(Q. M.)*

***120-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na tiyisli jup so'zlerdi qoyi'p, ga'plerdi ko'shirip jazi'n'.

1. Bi'yi'l sharwa ushi'n ... mol boldi'. 2. ... yekewi de student. 3. Tu'si ... mami'q ju'nli, ayaqlari' ... , tumsi'g'i' jalpaq ha'm juwan, basqa sho'jelerge usamag'an.

4. Si'n'g'i'rlati'p dawi'si'n,
... so'yleydi.
... yetip tamag'i',
Ji'mi'n'laydi', biyleydi.

**Tiyisli so'zler:** wot-jem, sap-sari', apali'-sin'lili, qi'p-qi'sqa, bu'lk-bu'lk, a'sten-a'sten.

*121-shi'ni'g'i'w.* Berilgen jup so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n', ma'nilerin tu'sindirin'.

Kiyim-kenshek, wot-jem, uzi'nli'-qi'sqali', jaqsi'-jaman, bara-bara, suw-puw, won-won bes, ku'sh-quwat.

## § 29. Qi'sqarg'an so'zler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

*122-shi'ni'g'i'w.* Qi'sqarg'an so'zlerdi tarqati'p ko'shirip jazi'n', wolardi'n' jazi'li'wi' menen jasali'wi'na itibar berin'.

**So'zler**: NMPI, BMSh, QR, Wo'zR, QMU.

Qi'sqarg'an so'zler birikpegen qospa so'zlerdin' qi'sqari'wi'nan jasaladi': **QR, Wo'zR, ma'kankom.**

Qospa so'zler to'mendegishe qi'sqarti'ladi':

1. Ha'rbir so'zdin' birinshi ha'ripleri ali'ni'wi' arqali' qi'sqaradi' ha'm bas ha'ripler menen jazi'ladi'. Mi'sali': **QMU, NMPI, AQSh** ha'm t.b.

2. Da'slepki so'zdin' birinshi buwi'ni', keyingi so'zdin' da'slepki ha'riplerinin' qi'sqarti'li'p ali'ni'wi'nan jasaladi'. Bunday qi'sqarg'an so'zlerdin' qurami'ndag'i' buwi'nni'n' birinshi ha'ribi, keyingi qi'sqarti'lg'an so'zlerdin' da'slepki ha'ripleri bas ha'rip penen jazi'ladi': **Wo'zR, TashMI, KamAZ** t.b.

3. So'zlerdin' da'slepki buwi'nlari'ni'n' qi'sqari'wi'nan jasaladi': **pedfak, matfak** t.b.

4. Birinshi so'zdin' da'slepki buwi'ni', keyingi so'zdin' qi'sqarmay qosi'li'wi'nan da jasaladi': **pedinstitut-pedagogikali'q institut**. Bunday qi's-qarg'an so'zler kishi ha'rip penen jazi'ladi'.

*123-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Qi'sqarg'an so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n ayti'p berin'.

1. No'kis qalasi'nda Wo'zR Ilimler Akademiyasi'ni'n' Qaraqalpaqstan bo'limi bar. 2. Wo'zR hu'kimeti jaslardi'n'

awi'l xojali'q jumi'si'na qatnasi' tuwrali' tiyisli qarar qabi'l yetti. 3. Qaraqalpaqstanni'n' ko'plegen qi'zlari' TashMI de woqi'p ati'r.

*124-shi'ni'g'i'w.* Berilgen so'zlerdi qi'sqarti'p jazi'n', so'zlerdin' toli'q tu'ri menen qi'sqarg'an tu'rinin' wo'zgesheligin tu'sindirip berin'.

1. Tashkent ma'mleketlik universiteti. 2. Qaraqalpaqstan Respublikasi'. 3. Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti. 4. No'kis ma'mleketlik pedagogikali'q instituti'.

*125-shi'ni'g'i'w.* Qi'sqarg'an so'zlerdin' jazi'li'wi'n bilip ali'p, bul so'zlerdi toli'q tu'rinde tarqati'p jazi'n'.

TITU, DFX, MPJ, XBM, KO'K, XDP.

## TA'KIRARLAW

### *Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. So'zler quri'li'si' jag'i'nan qanday bo'leklerge bo'linedi?
2. Qosi'mtalar qanday tu'rlerge bo'linedi?
3. So'zlerdin' jasali'w usi'llari' qanday?
4. Qospa so'zler qanday tu'rlerge bo'linedi?
5. Qi'sqarg'an qospa so'zlerdin' qi'sqari'w usi'llari'n ayti'n', mi'sallar keltirin'.

*126-shi'ni'g'i'w.* Berilgen so'zlerge da'slep dawi'ssi'z sesten baslang'an seplik qosi'mta, wonnan keyin dawi'sli' sesten baslang'an tarti'm qosi'mtasi'n jalg'ap, ga'p ishinde keltirip jazi'n'.

Metall, gramm, trest, bank, poezd, teatr.

*127-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi birikken qospa so'zlerdi dara - dara tu'birlerge aji'rati'p jazi'n'. Wolardi'n' birigip jazi'li'wi'ndag'i' wo'zgerislerin ayti'n'.

Bu'gin, bi'yi'l, birqazan, qolg'ap, shegara, belbew, kes-pas, toralag'az.

*128-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi aralas berilgen birikken qospa so'zler menen birikpegen qospa so'zlerdin' jazi'li'wi'n imla so'zliginen tawi'p, bilip ali'n'.

Dawi't ko'l, Taxta ko'pir, Qazaq da'rya, Qi'zi'l qum, Boz ataw, qara tori', aq quba, balalar baqshasi', u'sh qabat, tas baqa, alti'n qabaq.

*129-shi'ni'g'i'w.* Berilgen so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Bul so'zlerdin' ne ushi'n qosi'li'p jazi'li'p turg'ani'n tu'sindirin'.

Teleko'rsetiw, fotoapparat, mulftilm, pedkolledj, med-institut.

*130-shi'ni'g'i'w.* Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa gazeta-lardan qospa so'zlerdin' ha'rbirine yeki so'zden tawi'p, 8 ga'p jazi'p kelin'. Wolardi'n' bir-birinen jazi'li'w wo'zgesheligin ayti'n'.

## ATLI'Q

### § 30. Atli'qti'n' jasali'wi'

*131-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an atli'qti'n' tu'bir ha'm qosi'mtalari'na di'qqat awdari'n'. Qosi'm-tani'n' qaysi' tu'ri yekenin ani'qlan'.

1. **Ji'ynali'sti'n'** yerten'ine Ayjigit ferma **basli'q** Sul-tanbek penen birge **Qi'zi'lqumg'a** atlandi'. 2. **Xojali'qti'n' basshi'lari'** tu'ske deyin ko'p jerlerdi ko'rip shi'qti'. 3. **Sali'gershilik xojali'g'i'** bul jerde birinshi ji'l sho'l-kemlesip ati'r. 4. Siz benen biz **jumi'sti'n' baslamasi'n** g'ana so'ylesip ati'rmi'z. *(T.N.)* 5. Keshegi bes ku'nlikte sizler menen jari'si'wshi' Musayev ati'ndag'i' xojali'q **birinshilikti** aldi'.

Atli’qlar yeki tu’rli jol menen jasaladi’: 1) so’z jasawshi’ qosi’mtalar qosi’li’w joli’ menen; 2) atli’q-lardi’n’ qosi’li’si’w joli’ menen.

Qosi’mtalar arqali’ jasalg’an atli’qlarg’a **do’rendi atli’qlar** dep ataladi’. Do’rendi atli’qlar atli’q ha’m basqa so’z shaqaplari’ni’n’ tu’birine atli’q jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasaladi’. Mi’sali’: **bali’q-shi’, sali’-kesh, tuwra-ma, bas-li’q, ko’rin-is, wo’n-im, tu’yin-shik** ha’m t.b.

Atli’qlardi’n’ qosi’li’si’wi’ arqali’ jasalg’an tu’rine **qospa atli’q** delinedi. Mi’sali’: **Qi’zi’lqum, Taqi’ya-tas, Xojeli, Aral ten’izi** ha’m t. b.

***132-shi’ni’g’i’w.*** Ko’shirip jazi’n’. Atli’qlardi’n’ asti’n si’zi’p, wolarg’a qanday qosi’mtalar jalg’ani’p kelgenin tu’sindirin’.

1. Traktorshi’ kanaldi’n’ biyik i’rashi’na traktori’n taqap qoydi’. 2. Son’g’i’ ku’nleri sayaman shertek asti’ payi’zli’ boli’p ketti. 3. U’lken japtan aqqan suw wog’an sal-qi’nli’q bag’i’shlaydi’. 4. Yerinsheklik biylegen maqsetine jetpeydi. *(Naqi’l)* 5. To’gin — jer i’ri’si’, yegin — yel i’ri’si’. *(Naqi’l)* 6. Birlik bar jerde tirilik bar. *(Naqi’l)*

## § 31. Atli’q jasawshi’ qosi’mtalar

***133-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Do’rendi atli’qlardi’ tawi’p, tu’bir ha’m qosi’mtalarg’a aji’rati’p, tu’sinik berin’.

Woni’n’ qasi’nda turg’an suwshi’ worta jastan wo’tken adam yedi. Wol u’stine gu’rteshe kiyip, sali’ suwg’ari’p ju’r. Go’ne gu’rteshesinin’ shalg’ayi’ menen man’layi’ni’n’ terin su’rtip turdi’. Asqar shelden-shelge wo’tti. Suwshi’ da woni’n’ izine yere berdi.

Ku’n sa’skelikten awg’an yedi. Rayon ha’kimi basqar-ma basshi’lari’ menen so’ylesip qaytti’. Aldi’ng’i’ sali’-keshlerdin’ ta’jiriybe almasi’w boyi’nsha ushi’rasi’wi’ boldi’. *(I.Q.)*

Do'rendi atli'qlar ha'r tu'rli so'z shaqaplari'na to'mendegi qosi'mtalardi'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'.

**-shi', -shi:** suwshi', yetikshi, bali'qshi'.

**-li'q, -lik:** tog'ayli'q, jantaqli'q, sho'plik (jer).

**-shi'li'q, -shilik:** diyqanshi'li'q, jon'i'shqashi'li'q, kemshilik, ko'pshilik.

**-ma, -me (-ba, -be, -pa, -pe):** ko'rgizbe, bo'lme, tuwrama, tapsi'rma, baspa, su'zbe.

**-g'i', -gi, -qi', -ki:** su'rgi, jong'i', tu'rtki.

**-i'm, -im, -m:** bo'lim, bilim, ayti'm, toqtam.

**-aq, -ek:** woraq, gu'rek, qonaq.

**-i's, -is, -s:** ayti's, ko'rinis.

**-i'sh, -ish:** wo'tinish, su'yinish, quwani'sh.

**-kesh:** paxtakesh, miynetkesh, izeykesh, arbakesh.

**-paz:** bilimpaz, aspaz, wo'nerpaz.

**-das:** joldas, qurdas, qari'ndas.

**-xana:** asxana, woti'nxana, malxana.

**-shi'q, -shik, -shek:** woyi'nshi'q, tu'yinshik, bo'lshek, kelinshek.

**-i'n, -in:** jawi'n, tu'yin, ji'yi'n.

***134-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p ko'shirip jazi'n'.

Bali'qshi', ju'zimgershilik, sharwashi'li'q qami'sli'q, pishenlik, ko'rsetpe, tu'rtki, quwani'sh, su'yinish, ilimpaz, shayxana, ko'lshik, jantaqli'q, bo'lim, baylani's.

***135-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan yamasa gazetalardan atli'q jasawshi' qosi'm-talardi'n' **-shi' / -shi, -li'q / -lik**, **-shi'li'q-shilik**, **-ma/-me**, **i's/is**, **-kesh, -paz**, **-li'-li** tu'rlerinin' ha'rqaysi'si'na yeki-yekiden so'z tawi'p jazi'n'.

Atli'q jasawshi' qosi'mtalar atli'q, kelbetlik, sanli'q ha'm feyil so'zlerdin' so'z jasaw wo'zgesheligine qaray yeki toparg'a bo'linedi:

1) atawi'sh so'zlerden atli'q jasawshi' qosi'mtalar;
2) feyilden atli'q jasawshi' qosi'mtalar;

1. Atawi'sh so'zlerden atli'q jasawshi' qosi'mtalar: **-shi'/-shi, -li'q/-lik, -shi'li'q/-shilik, -qar/-ker, -ger, -man, -kesh, -xor, -dar, -she, -shik, -shaq/ -shek.** Mi'sali': **yetikshi, bali'qshi'li'q, ji'lqi'man, yetikshilik, sali'kesh.**

2. Feyillerden atli'q jasawshi' qosi'mtalar: **-ma/-me, -pa/-pe, -ba /-be, -aq /-ek, -k, -i'q / -ik, -g'i'/-gi, -qi'/-ki, -g'i'sh/-gish, -qi'sh /-kish, -i'n/in, -n, -i'm/-im, -m, -i's/-is, -s, -i'sh/-ish:** Mi'sali': **su'zbe, woraq, jawi'n, ko'rinis** ha'm **t.b.**

Atli'q jasawshi' qosi'mtalardan **-shi' / -shi, -li'q/ -lik, - shi'li'q / -shilik,** tu'rleri wo'nimli, **al, -ker, -ger, -kesh, -paz, -dar, -xor, -man** tu'rleri wo'nimsiz qollani'ladi'.

***136-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen atli'q jasawshi' qosi'mtalardi' u'lgi boyi'nsha bo'lip jazi'n'.

- shi' / - shi, -li'q / -lik /, - shi'li'q / - shilik, - sha / - she, - ma /-me, -aq, -ek, -q, -k, -qar/-ker, -ger, -man/-men, -i'm/-im, -g'i'/ -gi, -kesh, -xor, -dar, -i'n/-in, -n, -shi'q/ -shik, -shaq/-shek, -g'i'sh/-gish, -i's/-is, -i'sh/-ish.

| Atawi'sh so'zlerden atli'q jasawshi' qosi'mtalar: | Feyilden atli'q jasawshi' qosi'mtalar: |
|---|---|
| | |

## § 32. Atli'q jasawshi' qosi'mtalardi'n' jazi'li'wi'

***137-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Do'rendi atli'qlardi' tawi'p, wolardi'n' qosi'mtalari'ni'n' jazi'li'wi'n ayti'n'.

1. Shalg'i'n yegislikler kewilin'di ko'terip, zeynin'di ashadi'. 2. Buri'ng'i' «Shi'mbay-Taxtako'pir» joli' menen

jolawshi' bolg'an ha'rbir adam ku'nbatar jaqta ko'ringen shoq tereklikti ko'rmey, wog'an su'ysinbey wo'te almaydi'. 3. Wol sol bo'limnin' basqari'wshi'si' boli'p tayi'nlandi'. 4. Ha'zir xojali'qta ko'p mi'n'shi'lar ha'reketi yen jayi'wda. 5. Tilek — usi', u'lken jolg'a adi'm atqan qa'demlerin'iz qutli' boli'p, quwani'sh-quwani'shqa, tabi's-tabi'sqa ulasa bersin, shi'mbayli'lar. *(«Y.Q.»)*

Atli'q jasawshi' qosi'mtalar tu'bir so'zlerden keyin to'mendegishe jazi'ladi':

1. **-shi', -shi, -li'q, -lik, -shi'li'q, -shilik, -li', -li, -ma, -me, -g'i', -gi, -qi', -ki, -q, -i'sh, -ish, -is, -i'n, -in, -maq, -mek** si'yaqli' juwan-jin'ishke boli'p juplasi'p kelgen qosi'mtalar so'z-lerdin' son'g'i' buwi'ni'ni'n' juwan-jin'ishkeligine qaray jalg'anadi'. Yeger de, so'zdin' tu'biri yamasa son'g'i' buwi'ni' juwan boli'p kelse, juwan qosi'mta jalg'anadi'. Mi'sali': **traktorshi', suwshi', tog'ayli'q si'zg'i'sh.** Al, so'zdin' tu'biri yamasa son'g'i' buwi'ni' jin'ishke boli'p kelse, qosi'mtani'n' jin'ishke tu'ri jalg'anadi'. Mi'sali': **yetikshi, wo'tirikshi, wo'shirgish, ma'kkeshilik, ken'islik, jen'is, su'zbe**.
2. **-kesh, -paz -ker, -ger, -das, -der, -xana**, **-xor, -stan, -man** qosi'mtalari' juwan buwi'nli'g'a da, jin'ishke buwi'nli'g'a da jalg'anadi'. Mi'sali': **miynetkesh, sali'kesh, ilimpaz, aspaz, isker, zerger, joldas, jemxor, asxana, Wo'zbekstan, sayaman.**

***138-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Juplasti'ri'li'p jazi'lg'an so'zlerdin' qosi'mtalari'na itibar berip, wolardi'n' juwan-jin'ishke boli'p jazi'li'wi'n yeske tu'sirin'.

Bali'qshi'-terimshi, sawi'nshi'-yetikshi, paxtashi'li'q-pilleshilik, bali'qshi'li'q-terimshilik, jazli'q-gu'zlik, dalan'li'q-ken'islik, kitapsha-ko'rpeshe, qapshi'q-to'beshik, quli'nshaq-kelinshek, quwani'sh-wo'tinish, jarma-su'zbe, jarg'i'-su'rgi, si'zg'i'sh-wo'shirgish.

***139-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerge atli'q jasawshi' qosi'mtalardi'n' tiyislisin jalg'ap ko'shirip jazi'n', wolardi'n' jazi'li'wi'n tu'sindirin'.

Buldozer, qum, tog'ay, sho'p, Xojeli, jon'i'shqa, ma'kke, jas, jaz, gu'z, kitap, ko'rpe, to'be, kelin, qi's, qi'z, tas, paxta, sali', as, shay, jala, ilim, qaraqalpaq, sho'l, bag', saya, is, zer.

***140-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi ko'p noqatti'n' worni'na to'mende berilgen qosi'mtalardi'n' tiyislisin qoyi'p, ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' jazi'li'w qag'i'ydasi'n ayti'n'.

1. Mashina joldi'n' aylan...si'na kelgende birden toqtap qaldi'. 2. Ayrannan su'z... islenedi. 3. Ba'ha'rde mekteptin' aynalasi'ndag'i' tereklerdin' puta...lari' ali'ndi'. 4. Bizler mektep aynalasi'ndag'i' quwrag'an ag'ashlardi' jar... menen kestik. 5. Qalami'zda wo'ndir... wori'nlari' ko'p. 6. Traktor gu'zde jer su'r...ge tayar yetildi.

**Qosi'mtalar:** -ma/ -me, -ba/-be, -pa/-pe, -g'i'/-gi, -qi'/ -ki, -q/-k, -i's/-is, -i'm/-im.

***141-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Mazmuni'n berilgen joba boyi'nsha so'ylep berin'. Menshikli atli'qlardi' ayti'n'.

## TA'BIYAT GO'ZZALI'

*Joba:*

1. Bala woqi'wg'a barati'rg'anda ko'she boyi'nda neni ko'retug'i'n yedi?
2. Jiyde ag'ashi' ne ushi'n worni'nda joq yedi?
3. Sizler jasap ati'rg'an jerlerde jiyde ag'ashlari' wo'se me?
4. Jiyde ag'ashi'ni'n' qanday paydasi' bar?

Ha'r sapari' woqi'wg'a ketip barati'ri'p ko'she boyi'ndag'i' jiyde ag'ashqa yerksiz ko'z taslap keter yedim. Bir

ku'ni wo'z ko'zime wo'zim isenbedim. Jiyde ag'ashi' worni'nda joq, ja'n-jaqqa qarap izlestirip tursam, joldi'n' shetindegi tani's ag'ashqa ko'zim tu'sti. Woni'n' tami'rlari' jer betinde jati'r.

Ko'zimnen jasti'n' qalay aqqani'n da bilmey qaldi'm. Aqi'ri' wol ju'da' ayani'shli' awhalda yedi.

Menin' yele yesimde, wo'tken ba'ha'rgi ku'nlerdin' birinde usi' jiyde ag'ashi' qulpi'ri'p, sari' boyawdi' wo'zine sin'dirip turg'anday, gu'ller iyisi ko'she boyi'n ali'p turatug'i'n yedi.

## § 33. Atli'qti'n' so'z qosi'li'w usi'li' arqali' jasali'wi'

Yeki yamasa birneshe so'zlerdin' qosi'li'w, birigiwi arqali' jasalg'an atli'qlarg'a **qospa atli'qlar** delinedi. Mi'sali': **asqabaq, qolg'ap, Aral ten'izi, ku'n-ko'ris, azi'q-awqat, yer-ju'wen, QMU, pedfak** t.b.

Qospa atli'qlar qurami' ha'm qosi'li'w usi'li'na qaray: **birikken, birikpegen, jup, qi'sqarg'an atli'qlar** boli'p to'rtke bo'linedi.

***142-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qospa atli'qlardi' ani'qlap, wolardi'n' jasali'wi'na di'qqat yetin'.

Surxan-Sherabad, Qarshi, Mi'rzasho'l wo'zlestirildi. Biz de qarap qalmadi'q, Yellikqala, Jambasqala massivleri menen jas tog'ayli'q boli'p turg'an Qumji'qqi'n, Shortanbay, Begjap massivlerin wo'zlestirdik. A'miwda'ryani' da wo'z ag'i'si'na qoymay, a'weli Taqi'yatas, son' Tu'yemoyi'n tarnawlari'n qurdi'q. A'miwda'ryani'n' quyarli'g'i'nda sali'gershilikti rawajlandi'ri'wdi' bes ji'lli'q jobalarg'a yengizdik. A'miwda'rya menen Si'rda'ryani'n' suwlari'n Aral ten'izine jetkermewge ha'reket yettik, son' ten'iz bizden tu'n'ilip qasha basladi'. *(W. A.)*

***143-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa atli'qlardi'n' asti'n si'zi'p, teksttin' mazmuni'n Aralg'a baylani'sti'ri'p so'ylep berin'.

Geografiyali'q kartag'a qarasan', A'miwda'rya menen Si'rda'rya qaraqalpaq qi'zi'ni'n' qos buri'mi'nday iyretilip, ushlari' Tyan-Shan menen Pamirdi qamti'sa, shashbawlari' Afg'anstan menen Irang'a jetip tur.

Aral ten'izi du'nyadag'i' yen' u'lken ko'llerdin' biri. Wol ko'lemi jag'i'nan Kaspiy ten'izi, Arqa Amerikadag'i' joqarg'i' ko'l, Afrikadag'i' Viktoriyo — Nianc ko'linen son'g'i to'rtinshi wori'nda turadi'. Araldi'n' ko'lemi 66458 kv.km. *(Y.A.)*

## § 34. Birikken atli'qlar ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***144-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Di'qqat yetilgen atli'qlardi'n' neshe so'zden jasalg'ani'n ha'm jazi'li'wi'n ani'qlan'.

Wol ji'li' **Yesbergenshi'g'anaq** penen **Qattag'ardi'n'** sag'asi'nan ketken da'rya ji'qqi'ni' **Qi'rantawdi'n'** aldi' menen **Sapaqko'ldi** si'pi'ri'p ag'i'p **Qusxana tawi'na** tireldi de, **Yerkinda'rya** an'g'ari'na tu'sti. **Mardanatani'** aylani'p **Tasqi'rman, Pa'shentawdi'** aydi'ng'a aylandi'ri'p, **Qanji'g'ali'jap, Mayjap** arnalari'n si'pi'ri'p **Dawi'tko'lden Maqpalko'lge** wo'tti de, bir tili **Shaqamandi'** jalasa, yekinshi tili **Aspantaydi'** sharpi'di'. Qi'r do'gerek **Qazanketken** menen **Bayxojag'a** deyin ko'galay ten'izge aylandi'. Bul jerlerdegi xali'q tez ko'ship qa'dimgi **Taxtako'pir** jaqtag'i' **Yesimo'zek** boyi'n jag'alap, **Da'wqara, Ko'ko'zek** u'stinen **Birdemge** deyin qoni's basti'.

Yeki ya wonnan da ko'p so'zdin' qosi'li'p, birigiwinen jasalg'an atli'qlarg'a **birikken atli'q** delinedi. Birikken qospa atli'qlar neshe tu'birden tursa da qosi'li'p jazi'ladi'.

Birikken qospa atli'qlardi'n' geyparalari' ma'ni ha'm jazi'li'wi' jag'i'nan pu'tkilley birigip, bir tu'bir taqi'lette boladi': **bilezik, belbew, qolg'ap, shegara** t.b. Al, geyparalari' tu'bir formalari'n saqlap birigedi. **Qarao'zek, Bozataw, Sapargu'l, tasbaqa** t.b.

***145-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi woqi'p, fonetikali'q wo'zgeriske ushi'rap birikken atli'qlardi' bir bo'lek, tu'birlerin saqlap birikken atli'qlardi' bir bo'lek ko'shirip jazi'n'.

Qaraqulaq, ayg'abag'ar, shegara, tasbaqa, qarabaraq, Aytjan, Biybigu'l, Bo'ribasar, Xojeli, Qon'i'rat, ashi'wdas, qolg'ap, To'rtku'l, Taqi'yatas, palawga'di, jarg'anat, Aqbo'get, Qi'zketken, Yellikqala, Alti'nko'l, Yaqi'pbay, Turdi'murat, Seytimbet, qolg'anat, atqulaq, Qi'zi'lqum.

| Tu'biri wo'zgeriske ushi'rap birikken atli'qlar | Tu'biri wo'zgeriske ushi'ramay birikken atli'qlar |
|---|---|
| Shegara | Ha'ktaw |
| | |

***146-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Birikken atli'qlardi'n' asti'n si'zi'n'.

Men A'm'iwda'ryani'n' bir ta'biyiy tarmag'i'ni'n' ishi menen ju'rdim. Tog'aydi'n' shetinen Sultanwa'yis tawi'ni'n' ko'rinisi ashi'ladi'. Dala menen taw arali'g'i'ndag'i' No'kis penen To'rtku'ldi tutasti'ratug'i'n jol jati'r. Zerbaraq shar Sultanwa'yis tawi'ni'n' arti'na jasi'ri'na baslag'anda, taw wo'rkeshlerinin' a'jayi'p ko'rinisleri yerksiz wo'zine tartti'.

## § 35. Birikpegen atli'qlar ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***147-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi qospa atli'qlardi'n' ne ushi'n birikpegen qospa atli'qlar dep atali'wi'na itibar berin' ha'm wolardi'n' neshe so'zden jasalg'ani'n, sorawlari'n ayti'n'.

1. Ko'zimdi ashsam juldi'zlar! Jeti qaraqshi' ji'mi'n'lasi'p arqa ta'repti ko'rsetip tur. 2. Tu'ske taman jen'il gazik mashinasi' posyolkadan shi'g'i's-arqag'a qaray jol aldi'. 3. Ku'n awa Qosbulaq degen jerge keldik. 4. Woni'

U'stu'rtti izertlewshi geologlardi'n' stanciyasi' dese boladi'. 5. Ta'jiriybe stanciyasi' da usi' Qosbulaqta. 6. Buxara — Ural trassasi'ni'n' truba to'sewshileri a'lleqashan bul jerdegi sheklerin pitkerdi. 7. Kompressor stanciyasi' da boy tikledi.

Yeki yamasa birneshe so'zlerdin' ma'nilik ha'm jazi'li'wi' jag'i'nan toli'q birigip pitpegen tu'rine **birikpegen qospa atli'q** delinedi. Birikpegen qospa atli'q jasawshi' so'zler bir-birinen bo'lek jazi'ladi'.

Birikpegen qospa atli'qlardi'n' birikken atli'q-lardan ayi'rmashi'li'g'i', wolar bir ug'i'm, bir ma'ni-ni an'latsa da, so'z dizbeklerine usap biri yekin-shisin ani'qlap keledi. Mi'sali': **aq may, awi'l xojali'g'i', temir qasi'q, mal ferma** ha'm t.b.

***148-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Birikpegen qospa atli'qlardi' ayti'n'. Wolardi'n' birikken atli'qlardan ayi'rmashi'li'g'i' qanday yekenin tu'sindirin'.

1. Bul Aral ten'izindegi bali'qshi'lardi'n' miynet da-bi'li' yedi. 2. Buyra tolqi'ni' qanasi'na si'ymay toli'qsi'p ag'i'p turg'an Talli'q da'ryasi'ni'n' yeki boyi' qami'sli'q. 3. Aqda'ryani'n' boyi' toli'sqan yelat. Bul awi'ldi' «Wori's awi'l» dep ataydi'. 4. Miynetke shi'n berilgen ataqli' bali'qshi'ni'n' miyneti joqari' bahalandi'. (K.S.)

***149-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin'iz ma'keme ha'm sho'lkemlerdin', woqi'w wori'nlari'ni'n' ati'n bildiretug'i'n 8—10 birikpegen qospa atli'qlar tawi'p jazi'n'.

## § 36. Jup atli'qlar ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

***150-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi jup atli'qlardi' tawi'p wolardi'n' jasali'wi'na ha'm jazi'li'wi'na itibar berin'.

Ushi'-qi'yi'ri' joq Qi'zi'lqum. Jerdegi sho'p-shardi'n' ba'ri suwg'a mali'ni'p, jup-jumsaq melledey boli'p qaldi'.

Ha'zir qi'sqi' **wot-sho'p** tayarlaw jumi'slari'ni'n' qi'zg'i'nli' mapazi'. **Wot-sho'pler** wo'z waqti'nda **wori'p-ji'ynap** ali'nbasa, keyin paydasi'z. *(T.N.)*

Yeki so'zdin' juplasi'p ayti'li'wi'nan jasalg'an atli'qlarg'a **jup atli'qlar** dep ataladi'. Jup atli'q-lardi'n' arasi'na jazi'wda defis qoyi'ladi'. Mi'sali', **mal-mu'lk, kiyim-kenshek, taw-tas**, **yer-ju'wen** t.b.

Jup atli'qlar ji'ynaqlawshi' ma'ni an'latadi'. Wolar ko'p na'rselerdi daralap atamastan, ma'nileri jaqi'n bolg'an yeki yamasa birneshe so'zlerdi juplasti'ri'p, ji'ynaqlap ayti'ladi'. Mi'sali': *Gu'zde ji'yi'n-terim basla-nadi'* degende **ji'yi'n-terim** tek paxta yamasa sali' g'ana yemes, barli'q daqi'llardi'n' ji'ynalatug'i'ni'n an'latadi'.

Jup atli'qlardi'n' yekewi de ma'nili so'zlerden boladi': **ata-ana, qazan-tabaq, qurt-qumi'rsqa** t.b.

Biri ma'nili, yekinshisi ma'nissiz so'zlerden boli'p juplasadi': **mayda-shu'yde, kiyim-kenshek** t.b.

Ta'kirarlani'p kelip te juplasadi': **qap-qap** (da'n) **u'yir-u'yir** (ji'lqi'), **si'bi'r-si'bi'r** (ga'p) t.b.

***151-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'p, jup atli'qlardi'n' ma'nisi ha'm jasali'wi'n ayti'p berin'.

1. Qa'ddi-qa'wmeti kelisken aq saqalli' Sapar ag'a bali'q awlap ju'r. 2. Wol adam yele saqal-murti' shi'q-pag'an gu'zetshi jas jigittin' qasi'na kelip toqtadi'. 3. Bul meshitler, qaqi'ra-i'lashi'qlar qalasi' boli'p, wonda jaylar wog'ada ta'rtipsiz sali'ng'an. 4. Wol Yaqshi'ni'n' qay jerde turatug'i'ni'n, woni'n' ha'wli-ha'reminin' qalayi'nsha wornalasqani'n jaqsi' biletug'i'n yedi. 5. Minekey, xojayi'n miymang'a a'dettegi so'zlerin ayti'p bir-birine xi'zmet-izzet ko'rsetti. 6. Do'gerek-a'tirapta jan joq. 7. Qazan-tabaq juwi'li'p, u'y-ishi ji'ynasti'ri'lg'annan son', Lalagu'l hayal-lardi' da u'ylerine jiberdi.

*152-shi'ni'g'i'w.* Berilgen jup atli'qlardi' keltirip ga'p du'zin'. Wolardi'n' jazi'li'wi'n, jasali'wi'n ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

Azi'q-awqat, kiyim-kenshek, qazan-tabaq, bala-shag'a, da'ri-da'rmaq, ku'sh-quwat, ji'yi'n-terim, yer-ju'wen.

## § 37. Qi'sqarg'an atli'qlar ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

Qospa atli'qlar qi'sqarti'li'p ta qollani'ladi'. Bunday jag'dayda birneshe so'zlerden quralg'an qospa so'zlerdin' ayti'li'w ha'm jazi'li'wi' i'qshamlasadi'. Mi'sali': Tashkent medicina instituti' degen so'zler **TashMI**, pedagogikali'q ken'es degen so'z **pedken'es** dep qi'sqarti'li'p ayti'ladi'.

Qi'sqarg'an qospa atli'qlar to'mendegishe qi'sqarti'ladi':

1. Ha'rbir so'zdin' bas ha'ribin ali'w joli' menen qi'sqarti'ladi'. Bunday qi'sqarg'an so'zler bas ha'rip penen jazi'ladi'. Bularg'a qosi'latug'i'n qosi'mtalar son'g'i' ha'riptin' ayti'li'wi'na qaray jalg'ani'p, sol so'zge qosi'li'p jazi'ladi'. Mi'sali': **QR**da, **BMSh** qa.
2. So'zlerdin' bas buwi'ni'n ali'w joli' menen qi'sqaradi'. Mi'sali': **pedfak, yurfak, matfak** t.b.
3. Birinshi so'zdin' bas buwi'ni', qalg'anlari'ni'n' bas ha'riplerin ali'w joli' menen qi'sqaradi'. Mi'sali': **Wo'zR, QazR, TashMI** t.b.
4. Da'slepki so'zdin' bas buwi'ni', son'g'i' so'zleri toli'q ali'ni'w joli' menen de qi'sqaradi'. Mi'sali': **pedinstitut, medinstitut** t.b.

*153-shi'ni'g'i'w.* To'mendegi qi'sqarg'an atli'qlardi' toli'q so'z qa'lpinde tarqati'p ayti'n'. Ja'ne de wolardi'n' qi'sqari'w jollari'n tu'sindirin'.

Wo'zLiDeP, NMPI, TashMI, XDP, Wo'zR, QR Joqarg'i' Ken'esi, QR Ministrler Ken'esi, QR Xali'q bilimlendiriw ministrligi, KO'K.

***154-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin'iz qi'sqarg'an atli'qlardi'n' ha'rbir tu'rine yeki so'zden tawi'p, ga'p qurap jazi'n'. Qi'sqarg'an atli'qlardi' toli'q so'z tu'rinde tarqati'p jazi'li'wi'n ayti'p berin'.

**U'lgi:** *Periyzat No'kis pedinstituti'nda (pedagogikali'q instituti'nda) woqi'ydi'.*

## § 38. Menshikli qospa atli'qlardi'n' jazi'li'wi'

***155-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n', menshikli atli'qlardi'n' jazi'li'wi'na itibar berin'.

Qazaqda'ryada, Da'wkempir, Jari'qultan ko'llerinin' suwi' tarti'li'p, bali'q ten'izge teren'legen sayi'n buri'ng'i' ata qurali' na'rete bali'q awlawg'a jaramay qaldi'. Mu'y-tenler awi'li'ni'n' i'ri'si' bolg'an Ko'ko'zektin' suwi' ash-qi'lti'm tartti'. Ko'ko'zek bolmasa Terbenbes, Mergenataw, Uzi'nqayi'ri'mi'z az ba degendey bali'qshi'li'qti' gu'jitip jibergen yetekli yelat ko'beymese, azayg'an joq.

Aral ten'izinin' asaw tolqi'nlari' menen ayqasqan bul isker bali'qshi' xali'qti'n' iygilikli ma'pine hadal ku'shi menen u'les qosti'. *(K.S)*

Menshikli qospa atli'qlar adam yamasa bir zat-ti'n' menshikli ati'n bildiredi. Wolar bas ha'rip penen jazi'ladi'. Menshikli atli'qlardi'n' bas ha'rip penen jazi'li'wi'nda wo'zgeshelikler bar:

Birikken menshikli atli'qlardi'n' da'slepki ha'ribi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': **Sultanbek, Aysa'-nem, Bozataw, Qarao'zek, Mayjap**.

Birikpegen menshikli qospa atli'qlardi'n' jazi'li'wi' yeki tu'rli boladi'.

1. Ma'mlekettin', respublikani'n', joqarg'i' sho'l-kemlerdin' atlari', joqarg'i' sho'lkemlerdin' hu'rmetli ataqlari'ni'n' ha'rbir so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': **QR Joqarg'i' Ken'esi basli'g'i', QR Ministrler Ken'esi, Wo'zbekstan Qaharmani'** t.b.

2. Ma'mleketlik ha'm respublikali'q ma'keme, kitap, jurnal, xojali'q ha'm basqalardi'n' menshikli atlari'ni'n' tek birinshi so'zi bas ha'ripten baslani'p jazi'ladi': **QR Ma'deniyat ministrligi, QR Xali'q bilimlendiriw ministrligi, «Qi'rq qi'z» da'stani'** t.b.

*156-shi'ni'g'i'w.* Ga'plerdi woqi'n'. Birikken ha'm birikpegen menshikli atli'qlardi'n' bas ha'rip penen jazi'li'w wo'zgesheligin ayti'p berin'.

1. Bul Moynaq rayoni'ni'n' ataqli' bali'qshi'si' Usnatdin Ka'rimov yedi. 2. Axantaydi' Moynaqta bilmeytug'i'n kisi joq. 3. Tentekarnani'n' boyi' g'azday qatarlasqan bali'qshi'lardi'n' qosi'. (*K. S.*)

*157-shi'ni'g'i'w.* Berilgen birikpegen menshikli qospa atli'qlardi' to'mendegi u'lgi boyi'nsha ko'shirip jazi'n'.

| **Tek da'slepkisi bas ha'ripten baslanatug'i'n** | **Ha'mmesi bas ha'ripten baslanatug'i'n** |
|---|---|
| QR Tog'ay xojali'g'i' ministrligi | QR Ministrler Ken'esi |

QR Joqarg'i' Ken'esi, Samanbay bo'limi, Baday tog'ayi', Wo'zbekstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi, «Qi'rq qi'z» da'stani', Ka'spiy ten'izi, Birlesken Milletler Sho'lkemi, Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken mug'allim.

## § 39. Ko'p ma'nili atli'qlar

*158-shi'ni'g'i'w.* Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Wolardag'i' qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' ma'nisine di'qqat awdari'n'.

1. Jas maraldi'n' **ko'zindey** mo'ldir qara **ko'zin** do'geregine to'n'kerip taslap qaraydi'. 2. Miynettin' **ko'zin**

tapqan, baxi'tti'n' wo'zin tabadi'. *(Naqi'l)* 3. U'stindegi shati'rash ko'ylektin' **yetegi** ji'rti'lg'an **yetigine** worali'p ju'rgizbeydi. 4. Taw **yetegi** qi'snaq, iyretilgen jol. *(S.S.)* 5. Ati'zda g'arri'ni'n' **to'besi** ko'riniwden aqli'qlari' wog'an juwi'ri'sti'. *(«A'».j)* 6. Biyik tawlardi'n' **to'besi** appaq boli'p ko'rinedi. 7. Bul isti qaytadan Bektursi'nni'n' **qoli'na** tapsi'rg'an yedi. *(A.B.)* 8. Ayshagu'l yeki **qoli'** menen betin japti'. *(A.B.)*

Atli'q so'zler yeki, u'sh yamasa wonnan da ko'p ma'nili boli'p keledi. Atli'q so'zlerdin' ko'p ma'nililigi negizgi ma'ninin' tiykari'nda payda boladi'. Ma'selen: **ayaq** so'zi wo'zinin' negizgi ma'nisinde adamni'n' dene mu'shesin bildiredi. Mi'sali': **Ayag'i'** u'lken si'yg'ani'n kiyedi, **ayag'i'** kishi su'ygenin kiyedi. *(Naqi'l)*

**Ayaq** so'zi ko'p ma'nili boli'p kelgende, sol da'slepki ma'nige uqsas, do'rendi ma'nilerde qollani'ladi'. Mi'sali': 1. Japti'n' **ayag'i'** (aqi'ri'). 2. Stoldi'n' **ayag'i'**. 3. Qoydi'n' **ayag'i'**.

Sonday-aq, **bas, ko'z, qulaq** si'yaqli' atli'q so'zler de ko'p ma'nili boli'p qollani'ladi'. Mi'sali': Adamni'n' **basi'**, tawdi'n' **basi'**, ji'ldi'n' **basi'** t.b.

**An'lati'w.** Ayti'li'wi' menen jazi'li'wi' birdey bolg'an so'zlerdin' barli'g'i' da ko'p ma'nililikti bilsire almaydi'. Ma'selen, omonimlik ma'nidegi so'zler ko'p ma'nililikti bildirmeydi. Sebebi, bunday so'zlerde bir-birine ma'nilik jaqi'nli'q an'lati'lmaydi'. Mi'sali': **sabaq** so'zi to'mendegi yeki ma'nide: 1. Birinshi **sabaq** — ana tili. 2. Ko'ylek qi'rqi'n-shi' **sabaq** penen tigiledi. Bul ga'plerdegi **sabaq** so'zi ma'nileri bir-birine jaqi'n yemes, ma'nileri ha'r tu'rli yeki atli'q so'zdi bildiredi. Yeger bul so'zler: 1. Bu'gingi **sabaq** yerte baslandi'. 2. Biz wolardi'n' islerinen **sabaq** aldi'q dep qollanatug'i'n bolsaq, wonda bul so'zler bir tuwi'slas do'rendi ma'nige iye boladi'.

Atli'q so'zlerdin' ko'p ma'niliIigi kontekst arqali' ma'lim boladi'. Wolardi'n' ma'nisi so'z dizbegi yamasa ga'ptin' ishinde kelgende ani'qlanadi'. Ma'selen, **ana** so'zi to'mendegi dizbeklerde kelgende ko'p ma'nililikke iye boladi': 1. **Tuwg'an ana**. 2. **Ana — Watan, ana tili, ana — mektebim** t.b.

***159-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ko'p ma'nili atli'q so'zlerdin' asti'n si'zi'n', wolardi'n' qaysi'si' da'slepki (tiykarg'i') ma'nide, qaysi'si' do'rendi yekenin ayti'n'.

1. Jug'i'rlasqan shi'mshi'qlar ag'ashlardi'n' baslari'na toplani'wda. 2. Tek menin' an'lap qalg'ani'm sol boldi', woni'n' basi'nda qazanday qara sho'girme bar. 3. Wol a'ynektin' perdesin jawdi'. 4. Arti'mi'zg'a qarag'ansha bolg'an joq, qara quptanni'n' perdesin jami'lg'an bir atli' shawi'p kele berdi. *(Q.D.)* 5. Qanli'qi'li'sh beti surlani'p kiyati'r. 6. Jer betine u'n'ilip qaraydi', biliner iz joq. *(Sh.S.)* 7. Wol awzi' ti'nbastan so'ylep woti'r. 8. Jaydi'n' awzi' ku'nshi'g'i'sqa qarag'an yedi.

***160-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi u'lgige qarap, ko'p ma'nili so'z yetip jazi'n' ha'm do'rendi ma'nili so'zlerdin' qanday ma'ni bildirip turg'ani'n ayti'n'.

Bas, qol, ju'z, ana, qara, qanat.

**U'lgi:**

ko'z — adamni'n' ko'zi; a'ynektin' ko'zi; istin' ko'zi; bulaqti'n' ko'zi; ku'nnin' ko'zi

tumsi'q — qusti'n' tumsi'g'i'; buzawdi'n' tumsi'g'i'; tawdi'n' tumsi'g'i'; adamni'n' tumsi'g'i'

## § 40. Sinonim atli'qlar

*161-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n', qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' ma'nilerine di'qqat bo'lin'. Wolardi'n' qaysi'lari' ma'niles (sinonimles) yekenligin ayti'n'.

### JOL QI'SSASI'

Bir tu'rli qaran'g'i'li'q. Duman arasi'nan qanday da bir **salqi'n** ha'm **i'zg'ar** lep seziledi. Kabinani'n' aynasi'n qaplag'an **ho'l**, qi'raw da hesh na'rseni ko'rsetpeydi. Daladan, **jazi'qli'q** u'stinen san'laq izlewge mende de qushtarli'q joq. Deneni jaylag'an **suwi'q** jel, uyqi', woy!

Melshiyip ati'rg'an **ja'ziyrali'q.** Zan'g'ardi'n' sheksizligin qa'ytersen'!

**A'rman, tilek, maqset-**aspandi' tolti'ri'p wo'z jarasi'g'i' menen shag'i'rayi'si'p turatug'i'n juldi'zlar qayda? Hesh na'rse, hesh na'rse ko'rinbeydi!... .

Wol wo'z **qa'ddi-qa'wmetin, shi'ri'si'n** buzajaq yemes. Ha', wonda **kelbet te, ko'rk te** bar! Yeger u'mitin'di u'zbesen' qara ko'kshil «taw» dizbeklerine ha'm ali'p baradi'. Wo'z **qari'wi'n', ku'shin'** barda isen, wo'z betin'nen qaytpa. *(S.S.)*

> Bir-biri menen ma'niles yamasa wo'z ara jaqi'n ma'nide ayti'lg'an atli'qlarg'a **sinonim atli'qlar** delinedi.
>
> Sinonim atli'qlardi'n' si'rtqi' ko'rinisi, seslik du'zilisi ha'r tu'rli boladi'. Mi'sali': **awqat-tamaq, ko'mekshi-ja'rdemshi, qurg'aqli'q-sho'listanli'q**.

*162-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Sinonim atli'qlardi' ayti'p berin'.

1. Ko'p wo'simlikler jipek sabag'i'n, jasi'l japi'rag'i'n ku'nge qarati'p, men tuwi'lg'an jerdin' sonshelli bostan yekenin bayanlag'i'si' keledi. Qaysi' giyani' ko'rsem de, woni'n' bay saltanati'na qaray bergim keledi. *(Q.D.)*

2. Ha'r qi'yli' woylar, sharta'repten gezgen qi'yallar ha'm kirpik ayqasti'rmadi'. 3. Ku'n bati'p barati'r. Quyashti'n' qi'zg'i'lt-ko'gis sa'wleleri A'miwda'ryani'n' burqi'p aqqan suwi'n a'lleqanday bir su'ykimli ra'wishke do'ndirip tur. 4. Ku'n degen qaynap, shi'jg'i'ri'p tur. Jer bassan' ayag'i'n' ku'yedi. Tik tursan' ko'kten qadalg'an quyash miyin'di tesedi. Yelp yetken jel joq. 5. Arqa betten suwi'q samal yesip tur. *(W.X.)*

***163-shi'ni'g'i'w.*** U'yge tapsi'rma. Berilgen so'zlerdegi ko'p noqatti'n' worni'na sinonimlik qatarlari'n tawi'p jazi'n'.

Qaharmanli'q — ... , dosli'q — ... , g'a'lle — ... , quyash — ... , miyman — ... , ko'mekshi — ... , zu'ra'a't — ... , woy — ..., wo'mir — ... , awqat — ... , jay — ... .

## § 41. Antonim atli'qlar

***164-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi antonimlik si'n'arlari' menen ko'shirip jazi'n'.

Bay, jaz, toq, paraxatshi'li'q , jamanli'q, uri's, toqshi'li'q , jari'q , asharshi'li'q, jarli', barshi'li'q , ash , qaran'g'i', jaqsi'li'q, tu'n, joqshi'li'q, qi's, ku'n.

Ma'nileri wo'z ara qarama-qarsi' bolg'an atli'qlarg'a **antonim atli'qlar** delinedi.

Antonim atli'qlar adamlar arasi'ndag'i' qatnasi'q, turmi's talaplari'na baylani'sli' qollani'ladi'. Mi'sali': *dos-dushpan, quwani'sh-qayg'i'* si'yaqli'lar adamg'a, ku'ndelikli turmi'si'na qatnasli' ug'i'mlardi' bildiredi.

***165-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdin' qarama-qarsi' ma'nili so'zlerin tawi'p, juplasti'ri'p ko'shirip jazi'n'.

Bay, dos, shi'damli'li'q, paraxatshi'li'q, ku'n, payda, zu'ra'a'tlilik, ma'rtlik, shadli'q, wo'mir, bati'r.

***166-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Antonim so'zlerdin' asti'n si'zi'p, qarama-qarsi' ma'nilerin ayti'p berin'.

Dushpan ku'ldirip, dos ji'lati'p aytadi'. *(Naqi'l)*

Bizler ba'rhama paraxatshi'li'qti' tileymiz. Xalqi'mi'z du'nyada uri's boldi'rmawg'a ku'sh jumsaydi'.

Jawlardi'n' tili lal, ju'zi boz boli'p,
Dos awzi'nda ati'n' in'kar so'z boli'p. *(I.Y.)*

Nawqan tutti'm xalqi'm jipek kiysin dep,
Dos quwani'p, dushpanlari'm ku'ysin dep. *(I.Y.)*

## § 42. Atli'qti'n' sintaksislik xi'zmeti

1. Atli'qlar ataw seplik formasi'nda is-ha'rekettin' iyesin bildirip, baslawi'sh xi'zmetin atqaradi': Salmalarda **suwlar** si'ldi'r-si'ldi'r ag'i'p tur. Tabi'sqa **miynet** jetekleydi.

2. Atli'qlar iyelik seplik qosi'mtali' yamasa ataw seplik formasi'nda basqa bir atli'q so'zlerdi ani'qlap ani'qlawi'sh xi'zmetinde keledi: Ko'rkem gimnastika **sportti'n'** yen' na'zik ha'm go'zzal tu'rlerinen yesaplanadi'. *("Y.Q.")* Wol qoli'ndag'i' **alti'n** saati'ni'n' bawi'n sheship aldi'. *(A.W.)*

3. Atli'q so'zler ataw ha'm iyelik sepliklerden basqa sepliklerde zatli'q (obyektlik) ma'ni bildirip, toli'qlawi'sh boladi'. Millettin' salamatli'g'i' birinshi gezekte bolajaq analar — **qi'zlarg'a** baylani'sli'. Sport penen shug'i'llani'w ha'rbir insang'a ta'n **pazi'yletlerdi** qa'liplestiredi. *("Y.Q.")*

4. Atli'qlar is-ha'reketke (bayanlawi'shqa) qatnasli' **qayerge?, qayda?, qaydan?, qayerden?, qashan?** t.b. si'yaqli' ra'wishlik ma'nidegi sorawlarg'a juwap berip pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi': **Jolda** Aybergen ag'ag'a ushi'rasti'm. *(W.X.)* Ha'zir bir

gektar g'awasha maydani'nan ali'ng'an wortasha zu'ra'a'tlik 45 **centnerge** tuwra kelmekte. *("Y.Q.")*

5. Atli'q so'zler baslawi'shti'n' kim, ne yekenligin, jan'ali'q xabari'n bildirip, bayanlawi'sh boli'p keledi. Wo'zi – **woqi'wshi'**. Anasi' – **mug'allim**. Awi'zbirshilik – **tabi's girewi.**

***167-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Atli'qlardi' tawi'p, wolardi'n' sorawlari' ha'm qaysi' ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqari'p kelgenin ani'qlan'.

G'awashalari' qulpi'rg'an sala-sala ati'zlar shalqar ten'izdey ko'k-ko'n'bek. Arqa betten yesken salqi'n samallardi'n' yepkini menen ga' terbelip, ga' shayqali'p ko'rinedi. Keshki salqi'n ha'mmeni miynetke qulshi'ndi'rg'an. Keshki salqi'nda Ja'hangir ati'z aralap, jumi'sti'n' jag'dayi'n ko'riwge shi'qti'. Wol qaysi' ati'zda bolsa da, suw alg'an suwshi'ni'n' da, ketpen urg'an qi'z-kelinsheklerdin' de kewilli yekenin ko'rip quwani'shqa bo'lendi. Aqi'ri', g'awashalardi'n' tu'pleri dombi'qlang'an, wol suwdan yamasa azi'q-awqattan qalmag'an. *(W.X.)*

***168-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh, pi'si'qlawi'shlar xi'zmetinde kelgen atli'qlardi' tawi'n'. Wolardi'n' qanday so'z shaqaplari' arqali' bildirilgenin ayti'n'.

Wo'simliklerdin' aralari' qapi'ri'q. Sho'ptin' basi' yelp yetpeydi. Quslardi'n' tamaqlari' bu'lkildeydi. Quslar suw aqqan japlardi'n' yerneklerine wo'tedi. A'ptap heshkimdi betletpeydi. Qarsi' qarasan' jali'nday sharpi'ydi'. Qalay bolsa solay betin'di qari'p, tula bedenin'di ku'ydiredi. *(W.X.)*

***169-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Atli'qlardan bolg'an ga'p ag'zalari'ni'n' asti'n' si'zi'p ko'rsetin'. Wolardi'n' wo'zi qatnasli' so'zlerge baylani'sli' sorawlari'n, qaysi' seplikte ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Jarasi'qli' nur to'kken quyashti'n' a'ptabi' jol ju'rgen jolawshi'larg'a yosh bag'i'shlaydi'. 2. Wog'an ma'nzilinin' sa'tli boli'wi'n tilegen keyip an'latadi'. 3. Jol boyi' ushi'rasqan, ko'zge tu'sken taw ha'm tog'aylar, ag'i'p ati'rg'an da'rya, paxta ati'zlari' — ha'mmesi usi' quyashti'n' qabag'i'ni'n' shi'ti'lmag'ani'n, diyqanni'n' ma'wsiminin' ashi'q-jari'q boli'wi'n qa'leydi. 4. Tikkeley tawg'a shi'g'i'p, arnawli' kiyati'rg'an jerime pi'yada bari'wdi' maqul ko'rdim. *(S.S.)*

## ATLI'QLARDI' TA'KIRARLAW BOYI'NSHA SORAWLAR HA'M TAPSI'RMALAR

### *1. Sorawlarg'a awi'zeki juwap berin'*

1. Atli'q qanday jollar menen jasaladi'?
2. Do'rendi atli'qlar qalay jasaladi', mi'sallar keltirin'.
3. Atli'qti'n' qaysi' qosi'mtalari' juwan-jin'ishke boli'p jalg'anadi', qaysi' qosi'mtalar bul qag'i'ydag'a bag'i'nbaydi'?
4. Qospa atli'qlardi'n' tu'rlerin ayti'n', wolardi'n' ha'rbirinin' jazi'li'wi'n mi'sallar menen ayti'p berin'.

### *2. Tapsi'rmalardi' wori'nlan'.*

1. **-shi', -kesh, -paz, -shi'li'q** qosi'mtali' atli'qlardi' keltirip, 4 ga'p jazi'n'. Qosi'mtalardi'n' ma'nisi boyi'nsha wolardi'n' qanday atli'q yekenligin ayti'n'.
2. Ani'q ha'm abstrakt atli'q jasawshi', wori'n ha'm kishireytiwshi ma'nili atli'q jasawshi' qosi'mtalardi'n' ha'rbirine 4 so'z tawi'p jazi'n'.
3. Birikken qospa atli'qlarg'a 4 so'z, birikpegen qospa atli'qqa 4 so'z yadtan tawi'p jazi'n', ne ushi'n wolardi'n' birigip ha'm bo'lek jazi'li'w wo'zgesheligin ayti'n'.

***170-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n', mazmuni'n so'ylep berin'. Wondag'i' do'rendi atli'qlardi' tawi'p, wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'n'.

## MA’KKENIN’ XALI’Q XOJALI’G’I’NDAG’I’ A’HMIYETI

Ma’kke — yen’ joqari’ zu’ra’a’tli yegin. Wol sharwashi’li’q mallari’ ushi’n ju’da’ jug’i’mli’ azi’q-awqat wo’nimlerin beredi. Ma’kkeden aytarli’qtay qaldi’q shi’qpaydi’. 1 kg ma’kke da’ninin’ azi’qli’q jug’i’mli’li’g’i’ 1,34 kg sali’g’a, yag’ni’y 1,21 kg arpag’a ten’ keledi.

Kim de kim ma’kke jetistiriwdi wo’z qoli’na alsa wol mal sharwashi’li’qti’ rawajlandi’ri’wda jaqsi’ jetiskenliklerge yerisedi. Ma’kke wo’siriwshi diyqanlardi’n’ ta’jiriybeleri teren’ u’yreniliwi, turmi’sqa ken’ yengiziliwi kerek. *(X.A.)*

***171-shi’ni’g’i’w.*** Si’zi’qsha menen jazi’lg’an so’zlerdin’ birbirinen ma’nilik wo’zgesheligin ayti’p berin’.

Jon’i’shqali’q — jon’i’shqashi’li’q, paxtali’q — paxtashi’li’q, tog’ayli’q — tog’ayshi’li’q, ju’zim — ju’zimgershilik, bag’ — bag’shi’li’q, to’belik — to’beshik, traktor — traktorshi’.

***172-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’n’. Do’rendi atli’qlardi’ tawi’p, wolardi’ tu’bir ha’m qosi’mtalarg’a aji’rati’n’, tu’bir so’zdin’ qanday so’z shaqabi’ yekenin ani’qlan’.

1. Kelinshek birese tan’lani’p, birese yelewsiredi. Iyt bolsa jalg’i’z jolawshi’g’a a’dewir yes boladi’ yeken g’oy. To’beshikler bir sazdi’n’ bo’zindey usas bolg’anli’qtan, ayi’ri’p tabi’w qi’yi’n. Bir-yeki asi’wdan asqannan keyin bari’p, tani’s shoqalaqlar duslasa basladi’. (Sh.S.) 2. Duri’s, bo’limde ken’ ha’m jaqsi’ ha’wli bar. 3. Wol jerde paxtakeshler ushi’n kino boli’p turadi’. 4. Wol bir ku’ni worayli’q ustaxanag’a keldi. 5. Xojali’qqa quri’li’sshi’lar keldi. 6. Bo’lim basli’g’i’ bul kemshiligine qi’si’ni’p, artta qali’wshi’li’q sebeplerin izledi. *(W.X.)*

***173-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Qospa atli’qlardi’ tawi’p, wolardi’n’ atli’qti’n’ qaysi’ tu’ri yekenligin ayti’p tu’sindirin’.

Qoylardi’n’ Qi’zi’lqumnan awi’lg’a keliwi menen sharwalardi’n’ jumi’si’ ko’beyip ketti. Ha’rbir qoy qorani’n’ basi’na sol qoylardi’ bag’atug’i’n shopan wo’zinin’ qara u’yin tigip woti’r, ayi’ri’mlari’ bala-shag’asi’ menen ko’ship kelip ati’r. Awi’l arasi’nan qoylarg’a jug’i’mli’ wot-sho’pler ji’ynali’p, wolar qoy qorani’n’ qasi’na gu’dilenip qoyi’lg’an.

Rayani’n’ da jumi’si’ basi’nan asti’. Wol xojali’qti’n’ vetvrachi’ boli’p xi’zmet atqari’p ju’r. *(T.N.)*

***174-shi’ni’g’i’w.*** Atli’qti’n’ qosi’mtalar arqali’ jasali’wi’ ha’m qospa atli’qlar boyi’nsha diktant jazi’n’.

## SANLI’Q

### § 43. Sanli’q tuwrali’ tu’sinik

***175-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Qara ha’rip penen jazi’lg’an so’zlerge itibar berip, wolardi’n’ qanday so’z shaqabi’ yekenin ha’m qaysi’ so’z shaqabi’ni’n’ aldi’nda kelip turg’ani’n ani’qlan’.

1. Wol wo’zine bekitilgen **30** si’yi’rdi’ **yeki** saatqa jetkermey sawi’p boldi’. *(Q.J.)* 2. Al, menin’ shan’arag’i’mday shan’araqlar usi’ awi’lda **bes-altawdan** aspaydi’. 3. Al, **ju’zlegen** shan’araqta keminde **4-5** baladan bar. 4. **Jigirma** ju’k mashinadan **won to’rti** islep tur. 5. Wol **yekinshi** qabatqa shi’g’i’p, yesigin qaqti’. 6. Avtobustan tu’skennen keyin «Jan’ali’q» xojali’g’i’ni’n’ worayi’na shekem **yeki** kilometrdey piyada ju’riw kerek yedi. *(T.Q.)*

Zatti’n’ sani’n, shamasi’n, qatar ta’rtibin, bo’lsheklerin bildiretug’i’n so’zler **sanli’q** dep ataladi’.

Sanli’qlar **neshe?, neshinshi?, neshew?, qansha?, qanshadan?** t.b. sorawlarg’a juwap beredi. Mi’sali’: **10** woqi’wshi’, **jigirma** kitap, **jetinshi** qabat, **wonlag’an** qoy, **won-won bes** ji’lqi’ t.b. Bul mi’sallardag’i’ 10, jigirma, jetinshi, wonlag’an, won-won

bes degen so'zler sanli'q. Wolar zatlardi'n' sani'n, qatar ta'rtibin, shamali'q sani'n bildirip kelgen.

Sanli'q ma'nisinde qollani'latug'i'n so'zlerdin' sani' wonsha ko'p yemes. Wolar 23 jay sannan turadi': **nol, bir, yeki, u'sh, to'rt, bes, alti', jeti, segiz, tog'i'z** — bular birlik sanlar; **won, jigirma, woti'z, qi'rq, yeliw, alpi's, jetpis, seksen, toqsan** — bular wonli'qlar; **ju'z, mi'n', million, milliard** t.b.

Sanli'qlar quri'li'si'na qaray jay ha'm qospa sanli'q boli'p yekige bo'linedi. Mi'sali': **bir, u'sh, to'rt, altaw, jetew, woti'z, qi'rq** t.b. — bular jay (dara) sanli'qlar, **won u'sh, jigirma bes, bes ju'z yeliw, won-won bes,** t. b. — bular qospa sanli'qlar.

Sanli'qlar atli'q ma'nisinde kelgende seplik, betlik, tarti'm qosi'mtalari' menen tu'rlenedi. Mi'sali': u'sh, u'shtin', u'shten, u'shte, alti'nshi'g'a, alti'nshi'ni', alti'nshi'dan, alti'nshi'da — bular sepleniw; u'shewmiz, u'shewsiz, u'shew — bular betleniwi; u'shewimiz, u'shewin'iz, u'shewi — bular tarti'mlani'wi'. Sanli'qlar jazi'wda cifrlar (arab ha'm rim) ha'm ha'ripler arqali' jazi'ladi'. Mi'sali': 1(I), 3 (III), 10 (X), 30 (XXX), bir, u'sh, won, woti'z t.b.

***176-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Sanli'q so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n ha'm qanday so'z shaqabi' menen dizbeklesip kelgenin tu'sindirin'.

Xojali'qti'n' traktor ustaxanasi'nda 17 su'rim, 54 paxtani'n' qatar arasi'n isleytug'i'n traktor bar. 24 nasos dvigateli, 20 ju'k mashinasi' isleydi. 130 mexanizatori'mi'z bar.

Xojali'q aymag'i'nda 4 mektep bar. Tek Berdaq ati'ndag'i' worta mekteptin' wo'zinde 400 den aslam bala woqi'ydi'. Xojali'g'i'mi'zda 50 den aslam mug'allim miynetkeshlerdi'n' balalari'na bilim berip, wolardi' adamgershilikke ta'rbiyalap ati'r.

Xojali'g'i'mi'zda 8-10 balali' xojali'qlardi'n' sani' ha'zir 17 den asti'. Solardi'n' ishinde Narjan Qalmuratova,

Sapargu'l Narbayevalardi'n' ha'rbiri 10 balani' ta'rbiyalap wo'sirmekte. Bunday ko'p balali' analarg'a xojali'g'i'mi'zda g'amxorli'q ko'rsetilmekte. *(«Y.Q.»)*

*177-shi'ni'g'i'w.* Cifr menen berilgen sanli'qlardi' so'z benen jazi'n'. Wolardi'n' jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n', quri'li'si' boyi'nsha qanday sanli'q yekenin ayti'n'.

8, 9, 30, 40, 69, 70, 215, 300, 1001, 1941, 1945, 1991, 1998, 2001, 51675, 100000, 169005, 1500000.

## § 44. Jay ha'm qospa sanli'qlar

Sanli'qlar quri'li'si' boyi'nsha **jay** ha'm **qospa sanli'q** boli'p bo'linedi.

1. **Jay sanli'q** tek dara cifr ha'm dara so'zlerden turadi'. Mi'sali': 5 (bes), 6 (alti', altaw), 7 (jeti, jetew), 8 (segiz), 20 (jigirma), 100 (ju'z).

2. **Qospa sanli'qlar** yeki yamasa birneshe sanlardi'n' qosi'li'wi' ha'm juplasi'p keliwinen jasaladi'. Mi'sali': 12 (won yeki), 35 (woti'z bes), 98 (toqsan segiz), 550 (bes ju'z yeliw) t.b.

Qospa sanli'qlar cifr menen berilgende, cifrlar bir-birine qosi'li'p jazi'ladi'. Al, so'z benen berilgende bir-birinen bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': 1989 (bir mi'n' tog'i'z ju'z seksen tog'i'z), 155 (bir ju'z yeliw bes), 2005 (yeki mi'n' bes) t.b.

Jup sanli'q cifr menen jazi'lg'anda da, so'z benen jazi'lg'anda da juplasi'p kelgen yeki sanni'n' arasi' defis arqali' jazi'ladi'. Mi'sali': **5-6** (bes-alti'), **10-15** (won-won bes), **40-50** (qi'rq-yeliw) t.b.

*178-shi'ni'g'i'w.* Woqi'n'. Sanli'qlardi' tawi'p wolardi'n' du'zilisine qaray qanday sanli'q yekenligin ani'qlan'.

Mal sharwashi'li'g'i' boyi'nsha qara mallardi'n' bas sani' 1486 bas boli'p, joba boyi'nsha 3060 centner su't

sawi'p ali'ni'wi' kerek yedi. Sawi'wdi' jaqsi' sho'lkemlestiriw na'tiyjesinde 3368 centner su't sawi'p ali'ndi'. Xojali'q boyi'nsha ha'r si'yi'rdan wortasha 820 litr su't sawi'p ali'w jobalasti'ri'ldi'. Al, haqi'yqat sawi'p ali'ng'an su't 965 litrdi quraydi'. Mayda mallardi'n' bas sani' joba boyi'nsha 264 bas qoydan 1115 basqa ko'beytildi.

«Namuna» diyqan fermerler xojali'g'i'ndag'i' Sh. Da'wletbayevani'n' shan'araq ag'zalari' yeki yari'm gektar jerinen 7 tonnadan aslam paxta zu'ra'a'tin ji'ynap aldi'.

A'sirese, ijarashi' fermer Nigara Matqurbanova 5,5 gektar jerinen 10 tonnadan aslam paxta ji'ynap ali'p, joqari' sortlarg'a tapsi'rdi'. *(«Y.Q.»)*

***179-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen cifrlardi' (sanli'qlardi') so'z benen jazi'n'. Jay sanli'qlardi'n' asti'n bir, qospa sanli'qlardi'n' asti'n yeki si'zi'n' ha'm wolardi'n' jazi'li'w wo'zgesheligin ayti'p berin'.

25, 12, 40, 51, 79, 20, 32, 5-6, 50-60, 40-50, 56575, 350, 2013, 1978, 1984.

***180-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa sanli'qlardi'n' dizbeklesip kelgen so'zi menen birge asti'n si'zi'n'.

Buzawlardi'n' 8 ayli'q waqti'ndag'i' tiriley salmag'i' 180-200 kilogramg'a jetkerildi. Wolar 18-20 ayli'q waqti'na shekem jaqsi'lap bag'i'li'p, semirtilip, 300-320 kilogramg'a jetkerilip go'shke tapsi'ri'ladi'.

Jas waqti'nda jaqsi' wo'spey ha'm rawajlanbay qalg'an buzawlar wortasha yesap penen 2,5 jasi'na shekem bag'i'ladi' ha'm wolardi'n' tiriley salmag'i' 330-350 kilogramg'a jetken waqti'nda go'shke tapsi'ri'ladi'.

Mal padalari' wolardi'n' jasi'na ha'm ji'ni'si'na qarap padalarg'a bo'lip bag'i'ladi'. Ha'rbir padada 100-150 bas mal boli'p, wolar ushi'n 5-8 gektar jaylaw aji'rati'ladi'.

Buwaz ha'm sawi'n si'yi'rlar padasi' wortasha 80-100 bas si'yi'rdan aspawi' tiyis. 1-2 jastag'i' mallar padasi' 100-120 bas maldan ibarat boladi'.

## § 45. Sanli'qti'n' tu'rleri

Sanli'qlar zatti'n' yesapli'q sani'n, mug'dari'n, qatar ta'rtibin ha'm t.b. bildirip keledi. Mi'sali': **2** kitap, **200** qoy, **500** qara mal, **25** woqi'wshi' degendegi **2, 200, 500, 25** sanlari' zatti'n' ani'q yesapli'q sani'n an'latadi'. Al, **altaw, jetew, yekewden, u'shewden, wonlap, ju'zlep, u'sh-to'rt, u'shten-biri, to'rtten-birine, woni'nshi'** sanli'qlari'ni'n' birewleri zatti' ji'ynaqlap ko'rsetse, yekinshi birewleri shamali'q sani'n, qatarli'q ta'rtibin t.b. belgilerin bildirip keledi. Sanli'qlar usi' wo'zgesheliklerine qaray **sanaq san, ji'ynaqlaw san, toplaw san, sha-mali'q san, bo'lshek san** ha'm **qatarli'q san** boli'p alti'g'a bo'linedi.

Atalg'an sanli'qlar ma'nisine qaray **yesapli'q sanli'qlar** ha'm **qatarli'q sanli'qlar** boli'p ja'ne de yeki toparg'a bo'linedi:

1. Sanaw mug'dardi', yesaplawdi' bildiretug'i'n **1, 2, 10, 11; birew, u'shew, jetew, yekewden; wonlap, ju'zlep; 3-4, u'shten biri** si'yaqli' sanaq, ji'ynaqlaw, toplaw, shamali'q ha'm bo'lshek sanlar **yesapli'q sanli'qlar** dep ataladi'.

2. Qatar ta'rtipti bildiretug'i'n **birinshi, yekinshi, tog'i'zi'nshi', won birinshi** t.b. si'yaqli' sanli'qlar **qatarli'q sanli'qlar** dep ataladi'.

***181-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Sanli'q so'zlerdi tawi'p, wolardi'n' ma'nisine qaray sanli'qti'n' qaysi' tu'ri yekenligin ayti'n'.

1. Bir ku'n duz bergenge qi'rq ku'n sa'lem ber. (*Naqi'l*) 2. Woni'n' minnetlemesi ha'rbir 100 bas sawli'qtan 170 qozi' ali'w. *(«Y. Q.»)* 3. Bizler ko'p adam boli'p u'shinshi ku'ni azanda qoylardi' izlep kettik. *(W. X.)* 4. Xojali'qta mekteptin' sani' u'shew. 5. Wol qoylardi' ga' jerden wonlap, ga' jerden jigirmalap qurasti'rdi'. *(W. X.)* 6. Keyninde yeliwdey ji'lqi', yeki ju'zdey tu'yesi bar yedi.

***182-shi'ni'g'i'w.*** So'z benen berilgen sanli'qlardi' cifr menen jazi'n'. Wolardi' ma'nisine qaray tu'rlerine aji'rati'p ani'qlan'.

U'sh, tog'i'z, jigirma, woti'z bes mi'n', won bes mi'n', jetpis mi'n', bes ju'z, u'shten yeki, alti'dan u'sh, ju'zden won, mi'n'nan bir, birinshi klass, jigirma birinshi a'sir.

## § 46. Sanaq san ha'm woni'n' sepleniwi

**Sanaq san** zatti'n' ani'q sani'n bildirip, san ko'rsetkishi retinde woni'n' aldi'nda turadi'. Sanaq san **neshe?, qansha**? sorawlari'na juwap beredi. Mi'sali': **25 woqi'wshi', 100 tawi'q, 300 qoy, 20 da'pter**.

**Sanaq sanlar** zatti'n' aldi'nda kelip, woni'n' ani'q sani'n bildirgenlikten, ga'pte ani'qlawi'sh boladi': Jayg'a **yeki** adam kirip keldi.

Al, feyillerdin' aldi'nda kelip, is-ha'rekettin' isleniw sani'n bildirip kelgende, pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Mashinalar ku'nine **3 ret** qatnadi'. Ku'n **bir** jawsa, terek **yeki** jawadi'. (Naqi'l)

Sanaq sanlar atli'q so'zlerdin' worni'na qollani'li'p kelgende, seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi. Mi'sali':

| Seplik | Dara sanli'q | Qospa sanli'q |
|---|---|---|
| A. | U'sh, jeti | Won bir, jigirma bes |
| I. | U'shtin', jetinin' | Won birdin', jigirma bestin' |
| B. | U'shke, jetige | Won birge, jigirma beske |
| T. | U'shti, jetini | Won birdi, jigirma besti |
| Sh. | U'shten, jetiden | Won birden, jigirma besten |
| W. | U'shte, jetide | Won birde, jigirma beste |

***183-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Sanaq sanlardi' wo'zinin' ani'qlap turg'an so'zi menen birge tawi'p, woni'n' qaysi' ag'za xi'zmetin bildirip kelgenin ayti'n'.

Qarshi'g'ani'n' qarawi'nda 700 bas sawli'g'i' bar. Jaylawda ha'm wog'an jetkenshe ha'r 10-15 kilometr arali'q-ta artezian qudi'qlar bar. Qoylar 300-350 kilometr uzaqli'qtag'i' jaylawg'a ko'ship-qoni'p, wo'z yerkinshe wot-lati'li'p kete beredi. Wo'tken ji'li' qarawi'ndag'i' 564 qoydan 736 bas qozi' aldi'. Ha'r ju'z sawli'qtan 130 bastan qozi', ha'rbir qoydan 3,5 kilogramnan ju'n qi'rqi'p aldi'. Wol ma'mleketke tapsi'ri'lg'an 261 dana qarako'l terinin' 80 procentin birinshi sortqa tapsi'rdi'. *(«Y.Q.»)*

## § 47. Qatarli'q san, woni'n' jasali'wi' ha'm jazi'li'wi'

**Qatarli'q sanli'qlar** zatlardi'n', qubi'li'slardi'n' qatar sani'n, sanaw ta'rtibin bildiredi ha'm **ne-shinshi?** degen sorawg'a juwap beredi.

Qatarli'q sanli'qlar sanaq sanlarg'a **-nshi'/-nshi** qosi'mtalari' jalg'ani'w arqali' jasaladi'. Mi'sali': **alti'nshi', jetinshi, tog'i'zi'nshi', woti'zi'nshi'** t.b.

Qatarli'q sanli'qlar cifrlar arqali' berilgende, **-(i') nshi' -(i)nshi** qosi'mtalari'ni'n' worni'na defis jazi'-ladi'. Mi'sali': **9-klass, 1991-ji'l 1-sentyabr** t.b.

Qatarli'q sanlardi' bildiriwshi sanli'q so'zler birneshe boli'p kelgende, wolardi'n' ha'rbirinen keyin defis qoyi'ladi'. Mi'sali': **7-, 8-, 9-klaslar, 50-, 60-, 80-ji'llar** t.b.

Qatarli'q sandi' bildiriwshi rim cifri'nan keyin defis qoyi'lmaydi'. Mi'sali': XXI a'sir, IX klass, II taraw, IV bap t.b.

Qatarli'q sanli'q atli'q so'zlerdin' worni'na qolla-ni'li'p kelgende, ko'plik, seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi. Mi'sali': **besinshi, besinshinin', besin-shige, besinshini, besinshiden, besinshide** ha'm t.b.

***184-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qatarli'q sanli'qlardi' tawi'p, wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p ayti'n'.

1. Wol birinshi bo'limnen yekinshi bo'limge kiyati'r yedi. *(M.D.)* 2. Bir mi'n' tog'i'z ju'z qi'rqi'nshi' ji'ldi'n' avgusti'nda usi'nday tag'i' bir waqi'ya boldi'. *(Q.D.)* 3. Usi' jerde Gu'la'sen birinshi ret bo'lim miynetkeshleri menen ma'jilis wo'tkerdi. *(J.Sap.)* 4. Tog'i'zi'nshi' klasti' pitkergennen son' balalar u'yi ruqsat yetedi. 5. Bul tuwrali' Men'limurat ag'a 1920-ji'ldi'n' yekinshi iyunindegi 261-buyri'qti' woqi'p berdi. *(T.Q.)* 6. Shadi'murat woni'nshi'ni' pitkerip, a'skerlikke ketken ji'li', Perixan jetinshini pitkergen yedi. *(I.Q.)*

***185-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qatarli'q sanli'qlardi'n' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday ma'ni bildirip turg'ani'n ani'qlan'.

1. Tog'i'zi'nshi'ni' pitkerip ketemen dep arza berdim. 2. Baxi't qusi' birewdin' basi'nan ushi'p, yekinshi adamni'n' basi'na qondi'. 3. Al, sizge qi'rq birinshi wo'lshemdegi yetik kerek shi'g'ar. 4. Yekinshi ha'ptede-aq pyesa tayi'n boldi'. 5. Birinshi ko'rgenimde Turi'mbet mag'an da unap yedi. *(T.Q.)* 6. Muhammed ag'a bayag'i' birinshi ja'ha'n uri'si'na qatnasqan jawi'nger yedi.

***186-shi'ni'g'i'w.*** Dag'azadan paydalani'p, ata-analar ji'ynali'si' haqqi'nda dag'aza jazi'n'. Qatarli'q sanli'qlardi'n' jazi'li'wi'na di'qqat awdari'n' ha'm dag'azani'n' tildin' qaysi' stiline qatnasli' yekenin ayti'n'.

## DAG'AZA

200... ji'l mart ayi'ni'n' 20-sa'nesinde mekteptin' woqi'wshi'lar sarayi'nda Nawri'z bayrami'na arnalg'an saltanatli' ma'jilis boladi'.

Ma'jilis saat $15^{00}$ te baslanadi'.

Sho'lkemlestiriw ken'esi 200... ji'l. 20.03.

***187-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen jay ha'm qospa sanli'qlardi' seplik qosi'mtasi' menen tu'rlen'.

To'rt, segiz, won bes, won alti'.

***188-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Mazmuni'n so'ylep berin'. Sanli'qlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday sanli'q yekenin ayti'n'. Teksten paydalani'p, aq terekke baqlaw ju'rgizin'.

### AQ TEREK

Aq terek — yegislikte buri'nnan ma'lim ag'ash. Kelip shi'g'i'wi' Gimalay, Awg'anstan boli'wi' mu'mkin. Worta Aziyada, Worayli'q ha'm Qubla Evropada, Jaqi'n Shi'g'i'sta yerte waqi'tlardan beri yegilip kelmekte.

Aq terek 30-40 metr biyiklikke shekemgi du'ziw wo'setug'i'n, suli'w, piramidali', turaqli' ag'ash. Bag'anasi'ni'n' tu'p jag'i' qaralti'm sur ren'de, azlap jari'lg'an boli'p keledi. Joqari'si' tegis, surlaw-jasi'l yamasa ku'l ren'de boladi'. Bu'rtikleri tu'ksiz, wo'tkir ushli', qon'i'r tu'ste boladi'. Japi'raqlari' u'sh mu'yeshli yamasa rombi' si'yaqli', tu'ksiz, u'stki ta'repi jasi'l, to'mengi ta'repi aqshi'l ren'de. Ko'k terekten sa'l keyinlew gu'lleydi.

Aq terek tez wo'sedi. 10-11 ji'lda wortasha biyikligi 13-14 metr, wortasha diametri 12-17 santimetr boladi'. Bizin' jag'dayda suwi'qqa shi'damli'.

*(Ilimpazlardi'n' baqlawlari'nan)*

## § 48. Ji'ynaqlaw san ha'm woni'n' jasali'wi'

**Ji'ynaqlaw sanlar** zatlardi' ji'ynaqlap, ko'rsetedi ha'm **neshew?** degen sorawg'a juwap beredi. Ji'ynaqlaw sanli'qlar 1 menen 7 nin' arasi'ndag'i' sanaq sanlarg'a **-aw/-ew** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. Mi'sali': **birew, yekew, u'shew, to'rtew, besew, altaw, jetew.**

Ji'ynaqlaw sanli'qlardi'n' **-aw/-ew** qosi'mtalari' **yeki, alti', jeti** sanlari'na jalg'ang'anda tu'birdin' son'i'ndag'i' **i', i** dawi'sli' sesi tu'sirili'p jazi'ladi'. Mi'sali': **yek (i)+ew, alt (i')+aw, jet (i)+ew.**

Ji'ynaqlaw sanli'qlar ma'nisi jag'i'nan sanaq sanlarg'a jaqi'n. Sonli'qtan wolar awi'zsha sanawda sanaq sanlardi'n' worni'na qollani'la beredi. Mi'sali': **birew, yekew, u'shew, to'rtew** t.b.

Ji'ynaqlaw sanli'qlari' atli'q so'zlerdin' worni'na qollani'li'p kelgende, wolarg'a betlik, tarti'm, seplik qosi'mtalari' jalg'anadi'. Mi'sali': **birewmen, birewsen', birewi, yekewi, u'shewi, yekewin', to'rtewin'; yekewdin', to'rtewdin', to'rtewine, to'rtewdi, to'rtewinen, to'rtewinde** t.b.

***189-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ji'ynaqlaw sanli'qlardi' tawi'p, wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p ayti'n'.

1. Woni'n' balalari' besew, u'shewi mektepte woqi'ydi'. 2. Yeki balasi' bar, yekewi de yerjetip kiyati'r. 3. Birewden yekew jaqsi', yekewden u'shew jaqsi', to'rtewdin' nesin aytasan'. 4. Jaybergen menen Berdibay ag'ani'n' balasi' aldi'ng'i' partalardi'n' birewine woti'rdi'. 5. Bizler ku'nde-ku'nde yekewimiz na'wbetshi bola beremiz be yamasa basqa balalar da gezek-gezek bola ma? — dep soradi' bu'gingi na'wbetshi bala. 6. Bizler ati'zg'a yekewlep suw ashti'q. *(W.X.)* 7. Wolar bali'qti' yekew-yekewden ali'sti'.

***190-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'p, ji'ynaqlaw sanlardi' tabi'n'. Wolardi'n' qaysi' ma'nini bildirip kelgenin (san ma'nisinde me yamasa zatli'q ma'ni de me) tu'sindirin'.

1. Yeki shi'n'g'i's jawlap aldi' yelimdi,
   Birewin men jek ko'remen wo'lgenshe,
   Yekinshisin ashi'p ju'rek to'rimdi,
   Sag'i'naman, asi'g'aman ko'rgenshe.

*(I.Y.)*

2. Yekewimizde de u'n joq. *(G.I.)* 3. Wolardi'n' ishinen birewi qalqi'p ju'rgen bochkalarg'a asi'li'p, suwg'a batpay aman qaldi'. 4. Wonlag'an adam ayazlap, to'rtewi awi'ri'p qaldi'. *(A.Bek.)* 5. Mi'na yekewimizdi qan'baq shelli ko'rmedi. *(K.S.)*

*191-shi'ni'g'i'w.* **Yekewi, to'rtewimiz** sanli'qlari'n to'mendegi u'lgiden paydalani'p seplen'.

| **Seplik** | **Ji'ynaqlaw san** |
|---|---|
| A | yekewi, to'rtewimiz |

## § 49. Toplaw san ha'm woni'n' jasali'wi'

**Toplaw sanlar** zatlardi' san jag'i'nan toplap ko'rsetedi ha'm **nesheden?, qanshadan?**, **neshewlep?, qanshalap**? sorawlari'na juwap beredi. Sanli'qlar dara ha'm jup so'z tu'rinde qollani'ladi'.

Toplaw sanli'qlar to'mendegishe jasaladi':

1. Dara ha'm jup so'z boli'p kelgen sanaq, ji'ynaqlaw sanli'qlari'na shi'g'i's sepliginin' qosi'mtasi' jalg'ani'wi'nan jasaladi'. Mi'sali': **yekiden, u'shten, u'sh-u'shten, u'shewden, to'rtewden, jigirmadan, woti'zdan, u'shew-u'shewden, altaw-altawdan** t.b.

2. Toplaw sanli'qlari' **-lap/-lep** qosi'mtalari' jalg'ani'w arqali' da jasaladi'. Mi'sali': wonlap, **ju'zlep, mi'n'lap, won-wonlap, yekew-yekewlep, bir-birlep, besew-altawlap** t.b.

Geyde toplaw san jasawshi' qosi'mtalar sanaq sanlarg'a dizbeklesip kelgen atawi'sh so'zlerge jalg'ani'p ta toplaw ma'nisin bildiredi. Mi'sali': **bes tonnadan, 100 bastan, yeki adamlap** t.b.

Toplaw sanlari' so'z tu'rlewshi qosi'mtalari' menen wo'zgermeydi.

***192-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'p, toplaw sanlardi' tabi'n'. Wolardi'n' sorawlari'n ha'm qalay jasali'p kelgenin ani'qlan'.

1. Barli'q jaqtan birim-birim, yekew-u'shewden Yeshimbettin' u'yine jigitler kele basladi'. *(A. Bek.)* 2. Aldi'mi'zda yeki-yekiden dizilisip kiyati'rg'an qara ko'rindi. 3. Bul ka'ralarda ha'r ji'li' million tonnadan ta'biyg'i'y wot-jem ji'ynap ali'w mu'mkin. *(T. Q.)* 4. Qaraqalpaqstanni'n' qi'zlari' bizin' institutqa birimlep yemes, al wonlap, ju'zlep keletug'i'n bolsi'n. *(Q. J.)* 5. Segizi kelesi ji'li' won alti', bug'an tag'i' to'rtten qossan', jigirma boldi' ma? (Sh. S.) 6. Mine, bi'yi'l yekewimiz bes tonnadan da'n aldi'q. *(S. X.)*

***193-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Toplaw sanlardi'n' asti'n si'zi'p, jasali'wi'n ayti'n'.

1. Adamlar uzaq jerge ju're almay ha'r jerde bir adamlap, yeki adamlap qala basladi'. *(Q. Y.)* 2. Wolar won-wonlap jolda qala berdi. *(A. Bek.)* 3. Wol qoylardi' geybir jerden wonlap, geybir jerden jigirmalap ji'ynadi'. *(T. Q.)*

4. A'skerleri yeki ju'z,
Jigirmadan bo'linip,
Won wotawg'a taradi'.
Yekewden ya u'shewden
Bo'limlerge taradi'.

*(A.D.)*

Bekkem buwi'p bellerin,
Yerkekshe kiyim kiyedi.
To'rt bo'linip won-wonnan.
Jaw boli'p bag'qa tiyedi.

*(«Qi'rq qi'z».)*

## § 50. Shamali'q san ha'm woni'n' jasali'wi'

**Shamali'q san** zatti'n' sani'n, mug'dari'n shamalap ko'rsetedi. Shamali'q sang'a **qansha?, nesheden?, qanshadan**? sorawlari' qoyi'ladi'.

Shamali'q sanli'qlar to'mendegishe jasaladi':

1. Sanaq sanlarg'a **-lag'an/-legen, -day/-dey, -tay/-tey** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. Mi'sali': **Wonlag'an woqi'wshi', jigirmalag'an qi'z, yeliwlegen adam, ju'zdey qoy, yeki ju'zdey ji'lqi', u'sh ju'zdey qara mal, bir mi'n'day tawi'q** t.b.

2. Ko'plik qosi'mtali' sanaq sanlarg'a wori'n seplik qosi'mtasi'ni'n' jalg'ani'wi'nan shamali'q san jasaladi'. Mi'sali': **saat beslerde, jasi' woti'zlarda, saat to'rt-beslerde** t.b.

3. Sanaq sanlardi'n' juplasi'p keliwinen jasaladi'. Mi'sali': **u'sh-to'rt, bes-alti', jeti-segiz, qi'rq-woti'z, 5-6 ku'n, million-million tonna paxta** t.b.

4. Seplik qosi'mtali' kelgen sanaq sanlarg'a **aslam, arti'q, jaqi'n, shamalas, juwi'q, ko'birek** t.b. mug'dar ma'nili so'zlerdin' dizbeklesip keliwinen de jasaladi'. Mi'sali': ju'zden aslam, woti'zg'a jaqi'n, yeliwge shamalas, qi'rqtan arti'q, jigirmadan ko'birek, alpi'stan azi'raq t.b.

***194-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Shamali'q sanlardi' tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n ha'm qanday so'zler menen dizbeklesip turg'ani'n ani'qlan'.

1. Serjant bizlerden won metrdey alda. *(N. D.)* 2. Wol baydi'n' wonlag'an diyqani' bar. 3. Ko'terilgen yeki mi'n'day xali'qti'n' qoli'nda ha'r qi'yli' qural-jaraqlar payda boldi'. *(A. Bek.)* 4. Ma'tekege juwi'r, u'sh ji'li'm, wonlag'an aw tayarlasi'n. *(K. S.)* 5. A'diwli ana, senin' su'yikli muhabbati'n' ha'r waqi'tta da millionlag'an jas jigitler menen qi'zlarg'a ari'lmas dima'r, qaytpas g'ayrat beredi. *(J. A.)* 6. Tek azang'i' saat wonlarda g'ana

Aynaxan ken'sege keldi *(X.S.)* 7. Woyaq-buyag'i' woti'z-qi'rq minutti'n' ishinde keliwge tiyisli adamlardi'n' ko'pshiligi xojali'q ken'sesine ji'ynaldi'. *(Q.D.)*

***195-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Shamali'q sanlardi'n' asti'n si'zi'p, jasali'wi'n ayti'n'.

1. Qi'sti'n' suwi'q, qi'rawli' ku'nleri mallardi'n' jasi' ha'm ji'ni'si'na qarap, ku'nine 10-15 kilogramm ma'kke silosi', 5-8 kg bede, 3-4 kg maydalang'an pishen yamasa 300-800 gramm koncentrat wot-jem sali'nadi'. 2. Al, tuqi'm mallarg'a 2-2,5 kg mug'dari'nda koncentrat wot-jemler beriledi. 3. Mallardi'n' semizligi kewildegidey bolmasa qoldan qosi'msha tu'rde iri wot-sho'pler ha'm 150-200 gramm mug'dari'nda aralaspa jemler beriledi. *(«Y.Q.»)* 4. Bul bo'limde diyqanlardi'n' ko'pshiligi wo'z jumi'si'n yeki-u'sh yari'm yese wori'nlag'an. *(J.S.)* 5. Wol wo'zinin' ustazi'na million-million alg'i's ayti'w menen wo'zinin' fronttag'i' jetiskenlikleri tuwrali' jazi'pti'. *(T.Q.)* 6. Ha'mmesi woti'z beske jaqi'n adam ji'ynaldi'. *(A.B.)*

***196-shi'ni'g'i'w.*** Shamali'q sanlardi'n' asti'n si'zi'p, woni'n' jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. Wol woti'zlag'an na'reteni ko'l menen da'ryani'n' tu'yisken jerine wornalasti'rdi'. *(K.S.)* 2. Usi' geybir u'ylerde u'sh-to'rt si'yi'r, yeki-u'sh baspaq, qi'rq-woti'z qoy-janli'qlar bar. *(S.X.)* 3. Woti'z-qi'rq batpan da'ni bar, Ta'jimbet degen bar yedi. *(A.D.)* 4. Bir mi'n' tog'i'z ju'z won besinshi-bir mi'n' tog'i'z ju'z won alti'nshi' ji'llari' yedi. *(A.Bek.)* 5. Yekew-u'shewi Anyani'n' albomi'na u'n'ilip qarap woti'r. *(A.W.)* 6. Ju'zden aslam jaslar qala quri'li'si'nda belsendi xi'zmet yetpekte. *(J.A.)* 7. Wol wo'z wotari'nan u'sh ju'zden aslam qarako'l teri tapsi'rdi'. *(«Y.Q.»)* 8. Bul jigittin' jasi'ni'n' won bes-won alti'dan arti'q yemes yekenin birden biliw qi'yi'n yemes yedi. *(Q.D.)*

## § 51. Bo'lshek san ha'm woni'n' jasali'wi'

Bo'lshek san pu'tinnin' bo'legin bildiredi ha'm wog'an **neshe?, qanshasi'**? sorawlari' qoyi'ladi'. Mi'sali': **U'shten** yeki**, to'rttin' biri** t.b.

Bo'lshek sanlar yeki tu'rli boli'p jasaladi':

1. Bo'lshek sanni'n' birinshisi (bo'limi) shi'g'i's sepliginde, yekinshisi (ali'mi') qosi'mtasi'z kelip jasaladi'. Mi'sali': **alti'dan u'sh**, **wonnan bes, ju'zden bir** t.b.

2. Bo'lshek sanni'n' da'slepkisi (bo'limi) iyelik sepliginde, son'g'i'si' (ali'mi') III bette tarti'mlani'p kelip, bo'lshek san jasaladi'. Mi'sali': **altawdi'n' yekewi, u'shtin' biri, mi'n'ni'n' biri** ha'm t.b.

Bo'lshek sanlar pu'tin sanlarg'a iye bolg'anda, bir pu'tin alti'dan bir, u'sh pu'tin to'rtten yeki, bir pu'tin wonnan bes t.b. si'yaqli' boli'p ayti'ladi' ha'm jazi'ladi'.

Bo'lshek sanlardi' arifmetikali'q jol menen cifrlap bergende:

$\frac{2}{4}$; $\frac{5}{10}$; $1\frac{2}{6}$; $7\frac{5}{8}$; 1,5 t.b. tu'rinde jazi'ladi'.

Pu'tinnin' yekiden bir $\frac{1}{2}$, to'rtten bir $\frac{1}{4}$ bo'legin ko'rsetiwde yari'm (0,5), sherek (0,25) so'zleri de qollani'ladi'.

***197-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Bo'lshek sanlardi' tawi'p, jasali'wi' ha'm jazi'li'wi'n ayti'n'. Yari'm, sherek sanlari'ni'n' ma'nisin tu'sindirin'.

1. Jari'mshi'lar jerdi to'rtten birine, u'shten birine aladi'. *(N.D.)* 2. Bul ku'ni Mi'rzali' ag'a u'sh yari'm tonna paxta tergen yedi. *(S.S.)* 3. Aydi'n' yari'mi' pitti. *(S.X.)* 4. Sherek a'sirden berli Quday-bergen ag'a bir

ka'sipti iyelep kiyati'r. *(X.A.)* 5. Jo-n'i'shqani'n' qatarlari' ma'kkeden 7,5 sm qashi'qli'qta boladi'. *(X.A.)* 7. To'rttin' birine diyqan turar, «ten' bo'l», — dedi Aydos baba. *(B.G'.)* 8. Xang'a yelden ji'ynalg'an salg'i'rtti'n' to'rtten biri de jetedi. *(K.S.)*

***198-shi'ni'g'i'w.*** Cifr menen berilgen bo'lshek sanlardi' woqi'n' ha'm wolardi' so'z benen jazi'n'.

$3\frac{4}{2}-\frac{3}{6}$; $9\frac{1}{3}+2\frac{7}{5}$; $1\frac{1}{6}+3\frac{4}{8}$; $10\frac{4}{5}+8\frac{3}{4}$.

$20{,}6-10{,}03$; $5{,}8+8{,}5$.

***199-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi so'z benen berilgen bo'lshek sanlardi' cifr menen jazi'n' ha'm wolardi'n' jasali'wi'n ayti'n'.

1. Jumi'sshi'lardi'n' qatnasi'wi' worta yesap penen 61,6% ten ibarat, yag'ni'y yari'mi'na qarag'anda u'shten yeki bo'legine jetedi. (*Gazetadan*) 2. Na'tiyjede usi' ko'lemnin' u'shten bir bo'legin viltten qutqari'p qaldi'q. *(Q.J.)* 3. Sizin' woyi'n'i'zsha, du'nyani'n' to'rtten u'sh bo'legi suw, wolardi'n' worni'na da yegin yegiw kerek pe? 4. Mashinalardan jigirmani'n' won to'rti isleydi. *(T.Q.)* 5. Mi'naw baqqan qoyi'mni'n' u'shten biri su'yinshi. *(«Alpami's»)* 6. Besewdin' to'rtewi qalada qaldi' *(A.D.)* 7. Wo'gizimdi berdim mayi'na, alti'ni'n' bir payi'na. *(W.)*

## § 52. Sanli'qti'n' morfologiyali'q wo'zgesheligi ha'm ga'ptegi xi'zmeti

Sanli'qlar to'mendegi ga'p ag'zalari'ni'n' xi'zmetin atqaradi'.

1. Sanli'qlar, ko'binese atli'q so'zlerge qatnasli' boli'p keledi. Wolar zatlardi'n' sani'n, mug'dari'n ani'qlap kelgende, ani'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'.

Mi'sali': Brigadami'zda **20 sali'kesh, 12 mexanizator, 8 suwshi'** bar. Ag'am menen apam **alti'nshi'** bo'limde isleydi. *(«Y.Q.»)*

2. Sanli'qlar ga'ptegi qollani'li'w worni'na qaray bas ag'zalardi'n' xi'zmetin de atqaradi'. Mi'sali': Wolar **u'shewi** kinog'a bardi'. Xojali'qta besewmiz. **Alti'** u'shke bo'linedi.

3. Sanli'qlar atli'q so'zlerdin' worni'na qollani'li'p, seplik qosi'mtali' kelgende, toli'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Wol **tog'i'zi'nshi'ni'** pitkerdi. **Tog'i'zdi'** u'shke bo'liwge boladi'.

4. Sanli'qlar feyillerge qatnasli', is-ha'rekettin' sani'n, mug'dari'n bildirip kelgende pi'si'qlawi'sh boladi'. Mi'sali': Ku'n **bir** jawsa, terek **yeki** jawadi'. *(Naqi'l)* Mashinalar Qaratawg'a **yeki** ret qatnadi'. Mashinalar **yekew-yekewden** bo'lindi. *(Q.D.)*

***200-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Sanli'qlardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' seplikte turg'ani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetin atqari'p kelgenin ayti'n'.

I. Shadimurat woni'nshi'ni' pitkergen ji'li', Perixan jetinshini pitkerdi. *(A. B.)* 2. Woni'n' minnetlemesi ha'r 100 bas sawli'qtan keminde 100 bas qozi' ali'w. *(«Y. Q.».)* 3. Mekteptin' aldi'nda yeki gu'jim terek bar *(«J».)* 5. Beresige besew ko'p, alasi'g'a altaw az. *(Naqi'l)* 6. Yekewimizde de u'n joq *(G. I.)* 7. Sen wol jaqta teren'nen wondi' alsan', biz bunda ju'zdi, mi'n'di' aldi'q. *(W.A.)* 8. Yeki atti' yertle, birewine wo'zin', yekinshisine Sadi'q minsin. *(K.S.)*

***201-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Sanli'qlardi' tawi'p, wolardi'n' wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' qanday sorawlarg'a juwap beretug'i'ni'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin ayti'n'.

1. Woni'n' aldi'nda yendi 500 bas qoy. 2. Wol ha'r 100 bas sawli'qtan 140 qozi' ali'wg'a yeristi. *(J. S.)*

3. Woni'n' jasi' bi'yi'l won segizde. 4. Yekewi qol ali'sti'. 5. Wol bu'gin birinshi, u'shinshi brigadalardi'n' jumi'si'n tekserip, bali'qshi'lar menen tu'nep te shi'qti'. *(W. A.)*

## SANLI'Q BOYI'NSHA GRAMMATIKALI'Q TALLAW

### Tallawdi'n' jobasi':

I. So'z shaqabi'. Uluwma ma'nisi.

II. Morfologiyali'q belgileri: 1. Turaqli' belgisi: a) jay yamasa qospa: b) sanli'qti'n' qaysi' tu'ri yekenligi. 2. Qosi'msha belgileri: a) seplik: b) tarti'm: d) betlik: y) ko'plik. Yeger bul belgiler sol sanli'qta qollani'lsa.

III. Sintaksislik xi'zmeti (ga'ptin' qaysi' ag'zasi' yekenligi).

### Tallaw u'lgisi:

Klasi'mi'zda woti'z woqi'wshi' bar.

| Awi'zsha tallaw | Jazba tu'rde tallaw |
|---|---|
| 1. Woti'z-sanli'q. Jay sanli'q<br>2. Sanaq san. Sorawi' neshe? woti'z woqi'wshi'<br>3. Ga'pte woqi'wshi' so'zinin' sani'n ko'rsetedi. | 1. Woti'z sanli'q.<br>2. a) Jay sanli'q woti'z (woqi'wshi') b) sanaq san, sorawi' neshe? woti'z (woqi'wshi')<br>3. Neshe? (woqi'wshi') woti'z — ani'qlawi'sh |

***202-shi'ni'g'i'w.*** Joqari'dag'i' u'lgige tiykarlani'p sanli'q boyi'nsha, da'slepki yeki ga'pin awi'zsha ha'm son'g'i' yeki ga'pin jazba tu'rde grammatikali'q tallaw jasan'.

1. Jiydenin' qi'rq tu'ri boladi'. 2. Mug'allim woqi'wshi'lardi'n' to'rtewinen tapsi'rma soradi'. 3. Jigildik jiyde 4-5 ji'lda miywe beredi. 4. Woqi'wshi'lardi'n' jigirma yekisi ju'da' jaqsi' woqi'ydi'.

## TA'KIRARLAW

### *Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. Sanli'qti'n' basqa so'z shaqaplari'nan wo'zgesheligin ayti'n'.
2. Sanli'qlardi'n' du'zilisi ha'm ma'nisi boyi'nsha tu'rlerin ayti'n' ha'm mi'sallar keltirin'.
4. Sanli'qlar ga'ptin' qaysi' ag'zalari'ni'n' xi'zmetinde qollani'ladi'? Mi'sal keltirin'.

***203-shi'ni'g'i'w.*** Teksttegi cifrlar menen berilgen sanli'qlardi' so'z benen ko'shirip jazi'n'. Wolardi'n' sanli'qti'n' qaysi' tu'rine jatatug'i'ni'n ayti'p berin'.

Terisken wo'simligi 11,7 mi'n' gektar jerdi iyeleydi. Soni'n' menen birge, woni'n' wortasha qali'n'li'g'i' bir gektar jerge 1200-1500 tu'pke shekem tuwra keledi. Bul wo'simlikke klimat aytarli'qtay ta'sir yetpeydi. Ma'selen, qurg'aqshi'li'q bolg'an ji'li' tuqi'm ko'p bergen 1949-ji'l menen sali'sti'ri'p qarag'ani'mi'zda, tuqi'm beretug'i'n wo'simliklerdin' sani' 80 procentke, al bir gektarg'a 960 tu'pten tuwra keledi. Bir tu'p teriskennen ali'natug'i'n tuqi'm zu'ra'a'ti 5-28 gramg'a shekem jetedi. Demek, usi' yesap boyi'nsha bir gektarg'a worta yesap penen 12,4 kg yamasa bir ji'lda joqari'da ko'rsetilgen bo'limshede ha'mmesi boli'p 142 tonnag'a jaqi'n tuqi'm wo'nimi ali'nadi'. *(X.Z.)*

***204-shi'ni'g'i'w.*** Sanli'qti'n' ha'r tu'rine bir-bir so'z ali'p, seplik qosi'mtalari' menen seplen'.

## ALMASI'Q

### § 53. Almasi'q haqqi'nda tu'sinik

Atli'q, kelbetlik, sanli'qlardi'n' worni'na almasi'p qollani'latug'i'n so'zlerge **almasi'q** delinedi.

Almasi'q atli'q, kelbetlik, sanli'qlardi'n' da'l atamasi' yemes. Wolardi' worni'n basatug'i'n yekinshi bir so'z benen ataydi'. Mi'sali': **Asan** zavodta jumi'sshi' boli'p isleydi. **Wol** wo'zine tapsi'ri'lg'an jumi'slardi' arti'g'i' menen wori'nlaydi'. Bul ga'plerdegi **Asan** so'zi yekinshi ret qaytalanbaw ushi'n woni'n' worni'n basatug'i'n **wol** almasi'g'i' qollani'li'p kelgen. Asang'a tiyisli bolg'an pikir yekinshi ga'pte **wol** so'zine qatnasli' ayti'ladi'.

Almasi'qlar ko'binese atli'qti'n' worni'na qollani'latug'i'n bolg'anli'qtan, ko'plik, seplik, tarti'm qosi'mtalari' menen wo'zgeredi. Ga'pte baslawi'sh, toli'qlawi'sh ha'm ani'qlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi'.

***205-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Almasi'qlardi' tawi'p, wolardi'n' qaysi' so'zdin' worni'na almasi'p kelgenin ha'm qanday qosi'mtalar menen wo'zgerip turg'ani'n ani'qlan'.

## KAVKAZ

Kavkaz, sa'lem jasi'l tawlardi'n' sebi,
Sa'lem jer qundi'zi', gu'lge bezengen!
Watan i'shqi' menen su'yemen seni,
Taw qosi'g'i'n su'ygen ju'regim menen.

Balali'q ji'llari'mda men seni ko'rdim,
Betlerinde Pushkin jazg'an kitapti'n',
Lermontov qa'leminen toqi'lg'an ji'rdi'n',
Ha'rbir qatari'nda sen sheshek atti'n'.

Sonda terbep aqi'l-huwshi'mdi' alg'an,
Shayi'rli'q muzasi'nday sendegi shi'ray,
Shayi'r hawazi'na ilesip, sag'an—
Balali'q qi'yallari'm ushqandi' talay...

(*I. Y.*)

***206-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Almasi'qlardi'n' asti'n si'zi'p, qanday so'z shaqaplari'ni'n' worni'na almasi'p kelgenin ayti'n'.

1. Ishine motor wornati'lg'an kemenin' arti'nda bir adam dizerlep woti'r, wol ara-tura woti'rg'an worni'nan ushi'p turi'p tum-tusi'na asi'qqanday ko'z saladi'. 2. Ten'iz jiyegi ko'k jasi'l. Woni'n' u'stinde qanati'n qi'ya qag'i'p, shari'qlap ushi'p shag'ala ju'r. 3. Wo'tegendi izlesem, wol da bir kemeni miniwge qolaylasi'p ati'r yeken. 4. Bali'q-shi'lar wo'zlerinin' bo'limlerine kelip qoni's basti'. 5. Bular wornalasqan «Taslaq» ken' ko'lemdi bir wo'zi ali'p jatqan belgili jer yedi. *(W.A.)* 6. Kimdi ayti'p woti'rsan' Worazga'liy, men Stepanovti' shaqi'rg'an yedim, wol da ha'zir kelip qalar. *(G.I.)*

## ALMASI'QTI'N' TU'RLERI

Almasi'qlar ma'nisi ha'm grammatikali'q wo'zge-sheligine qaray 8 tu'rge bo'linedi:

1. **Betlik almasi'g'i'** (men, sen, wol, biz, siz).
2. **Wo'zlik almasi'g'i'** (wo'z).
3. **Siltew almasi'g'i'** (bul, sol, usi', wol, a'ne, mine t.b.).
4. **Soraw almasi'g'i'** (kim, ne, kimnin', nenin' qaysi', qanday).
5. **Belgilew almasi'g'i'** (ha'rkim, ha'r na'rse, ha'rqanday, ha'rqaysi', ha'rbir t.b.).
6. **Ja'mlew almasi'g'i'** (barli'g'i', ha'mmesi, ba'ri, ja'mi, ba'rshe, pu'tkil t.b.).
7. **Belgisizlik almasi'g'i'** (a'llekim, a'llene, a'llena'rse, a'llenebir, bazi'bir, geybir t.b.).
8. **Boli'msi'zli'q almasi'g'i'** (heshkim, hesh na'rse, heshbir, heshqashan, heshqanday, heshteme).

***207-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat bo'lip, wolardi'n' almasi'qti'n' qaysi' tu'ri yekenin ayti'n'.

**Men** «A'miwda'rya» jurnali'ni'n' jan'a sani'n ko'zden wo'tkerdim. A'bdibay bolsa kishkene beli menen qumdi' qazi'wg'a kiristi. **Bul** qazi'lg'an jerde suw quyi'lg'an i'di'si'mi'zdi' saqlaymi'z. **Wo'z** isi menen mashqul boli'p ati'rg'an A'bdibay birden baqi'ri'p jiberdi:

— **Mi'nan',** qara!

**Men** jalt qaradi'm. Qazi'lg'an qudi'qti'n' ishinde qanday da bir mi'lti'qti'n' qundag'i' ko'rinip tur. Wo'z ko'zimizge **wo'zimiz** isenbedik. Saqli'q penen **woni'** suwi'ri'p aldi'q. Bul bir sebepler menen ko'milip qalg'an besatar yeken. Yendi **ba'ri** tu'sinikli yedi. *(J.S.)*

— **Kim** awi'lda traktorshi' boli'p islep ati'r?

— Azat.

— Wol **qashan** keldi?

— Bu'gin.

**Ha'rkim wo'z** isi menen ba'nt. **Heshkim** jumi'ssi'z qarap ju'rgen joq. **A'llekim** tu'nde yesikti qaqti'. Biraq si'rtta **heshkim** ko'rinbedi.

## § 54. Betlik almasi'g'i'

*208-shi'ni'g'i'w.* Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat yetin'. Wolardi'n' qanday so'z shaqabi'ni'n' worni'na qollani'li'p turg'ani'na ha'm sorawlari'na itibar berin'.

Ku't **meni sen, men** qaytaman,
**Sen** ju'rgen betke,
Ku'tpe dep kim aytsa, **wog'an** jaqsi'li'q yetpe.
**Men senin'** shadli'g'i'n', demin' da'wrani'n'.
Iske asqan a'rmani'n'man, anajan.

**Sen** miywali' daraq, **mendur** jemisin',
Boylari'mdi' ko'rsen' piter kemisin',
Ha'rbir alg'an g'a'niybetli dem ushi'n,
Ma'n'gi minnetdarman **sag'an**, anajan.

*(I.Y.)*

**Men, sen, wol, biz, siz** so'zleri betlik almasi'g'i'n bildiredi. Betlik almasi'g'i' u'sh bette, birlik, ko'plik sanlarda qollani'ladi'.

1-bet: **men, biz (bizler**) so'ylewshi adamdi' bildiredi. Mi'sali': **Men** kinog'a bardi'm. **Bizler** awi'lda jasaymi'z. Sorawi': **kim? kimler?**

2-bet: **sen, siz (sizler)** ti'n'lawshi' adamdi' bildiredi. Mi'sali': **Sen** kitapti' woqi'. **Sizler** ti'n'lan'. Sorawi': **kim?, kimler?**

3-bet: **Wol (wolar)** so'ylewshi menen ti'n'lawshi'dan basqa adamlar ha'm basqa da zatlardi' bildiredi. Mi'sali': **Wol** su'wret saldi'. **Wolar** qosi'q aytti'. Sorawi': **kim?, kimler?** Qoylar qoldan jem jegen quli'nday u'yirsek yedi, **wolar** ko're sala ma'n'i'rasti'. (W.X.) Sorawi': **neler?**

Si'payi' so'ylewde **men, sen** almasi'qlari'ni'n' worni'na **biz, siz**, almasi'qlari' qollani'ladi'.

Betlik almasi'qlari'na **-lar/-ler** ko'plik qosi'mtalari' jalg'anadi'. Ko'plik qosi'mta **wol** almasi'g'i'na jalg'ang'anda, tu'birdegi **l** ha'ribi tu'sip qali'p jazi'ladi': **wol+lar—wo-lar.**

Betlik almasi'qlari' seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

## Betlik almasi'g'i'ni'n' sepleniwi

| Seplik | I bet | II bet | III bet |
|---|---|---|---|
| A. | **men,** biz | **sen,** siz | **wol** |
| I. | **menin',** bizin' | **senin',** sizin' | **woni'n'** |
| B. | **mag'an,** bizge | sag'an, sizge | **wog'an** |
| T. | **meni,** bizdi | **seni,** sizdi | **woni'** |
| Sh. | mennen, bizden | sennen, sizden | **wonnan** |
| W. | mende, bizde | sende, sizde | **wonda** |

Bul kestede qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge seplik qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' menen wo'zgeris kirgen iyelik sepliginde tu'birdegi **n, l** ha'ribi tu'sip jazi'ladi'. Al, bari's sepliginde tek da'slepki ha'ribi g'ana saqlani'p, tabi's sepliginde I-II bette tu'birden **n**, al III bette **l** ha'ribi tu'sip qali'p jazi'lg'an. III bettegi shi'g'i's, wori'n sepliklerinde tu'birdegi **l** ha'ribi **n** ha'ribine wo'zgerip qollani'lg'an.

***209-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Betlik almasi'qlari'n tawi'p, qanday seplikte turg'ani'n ani'qlan'.

## HA'RKIMNIN' WO'Z U'YI, WO'LEN' TO'SEGI

Ta'riypin' ko'p ayti'p maqtay almayman,
Ha'mmeden ag'la dep aqlay almayman,
Sen barda jat jurtta toqtay almayman,
«Ha'rkimnin' wo'z u'yi, wo'len' to'segi».

Qaraken'nin' qalasi' da wo'zindey,
Aq ko'kirek an'qi'ldag'an so'zindey,
Sharapatli', miyrim toli' ju'zindey,
«Ha'rkimnin' wo'z u'yi, wo'len' to'segi».

Sag'an kelgen millet wo'nip-wo'sedi,
Nan qali'n'lap, ko'geredi ko'sewi,
Seni «Dosli'q qalashasi'» desedi,
«Ha'rkimnin' wo'z u'yi, wo'len' to'segi».

(*A'.W.*)

Betlik almasi'qlari'na **-ni'ki/-niki, -di'ki/-diki** tarti'm qosi'mtalari' jalg'anadi'. Bul qosi'mtalar **men, sen, wol** almasi'qlari'na jalg'ang'anda, so'z tu'bi-rindegi **n, l** ha'ripleri tu'sip qaladi': **meniki, seniki, woni'ki**, **bizlerdiki, sizlerdiki, wolardiki** t.b.

Yeger de **-ni'ki/-niki** qosi'mtalari' **biz, siz** betlik almasi'qlari'na jalg'ansa, qosi'mtani'n' birinshi ha'ribi tu'sip qali'p ayti'ladi' ha'm solay jazi'ladi': **biziki, siziki**.

**-ni'ki/-niki** qosi'mtalari' jalg'ang'an betlik almasi'qlar menshiklilik ma'ni an'latadi': kitap **meniki**, da'pter **seniki,** ko'ylek **woni'ki** ha'm t.b.

***210-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Tarti'mlani'p kelgen betlik almasi'qlari'n tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n'.

1. Seniki duri's, Perizat. 2. Meniki tek wo'mirlik jol. 3. Sheshe, pochtalion sizikine de qayri'li'p yedi g'oy. (W. A.) 4. Bizikinde ju're bersen'-o. *(N.D.)*

Adam bolsa jay sanaydi' woni' kim?
Xalqi'mi'z bir xojali'qtay jasag'an,
Bizikine kim kelse, u'y soni'ki,
Qayda barsam, wo'z u'yim, wo'z bosag'am!

*(M. L.)*

## § 55. Wo'zlik almasi'g'i'

Zatlardi' ha'm basqa da na'rselerdi ani'qlap, tasti'yi'qlap ko'rsetetug'i'n **wo'z** so'zine wo'zlik almasi'g'i' delinedi.

Wo'zlik almasi'g'i' ataw formasi'nda qollani'lg'anda, ko'binese tarti'mlang'an atli'qlardi'n' aldi'nda keledi ha'm sol so'zdin' ani'qlawi'shi' xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Ha'rbirimiz bul ulli' atlani'sta **wo'z** worni'mi'zdi' belgilewge ti'ri'sami'z. *(I.Y.)*

Wo'zlik almasi'g'i' ko'plik, tarti'm, seplik qosi'mtalari' menen u'sh bette tu'rlenedi, seplenedi. Mi'sali': **Wo'zimmen, wo'zimsen', wo'zi, wo'zlerimiz, wo'zlerin'iz, wo'zleri.**

Wo'zlik almasi'g'i' seplik qosi'mtalari' menen seplengende, tarti'm jalg'awli' tu'rinde qollani'ladi'.

**Wo’zlik almasi’g’i’ni’n’ sepleniw u’lgisi:**

| Seplik | I bet | II bet | III bet |
|---|---|---|---|
| Ataw | wo’zim | wo’zin’ | wo’zi |
| Iyelik | wo’zimnin’ | wo’zin’nin’ | wo’zinin’ |
| Bari’s | wo’zime | wo’zin’e | wo’zine |
| Tabi’s | wo’zimdi | wo’zin’di | wo’zin |
| Shi’g’i’s | wo’zimnen | wo’zin’nen | wo’zinen |
| Wori’n | wo’zimde | wo’zin’de | wo’zinde |

Wo’zlik almasi’g’i’ betlik almasi’g’i’ menen dizbeklesip te qollani’ladi’. Bunday jag’dayda wo’zlik almasi’g’i’ tarti’m jalg’awli’ keledi de, ko’binese ataw seplikte turadi’: **men wo’zim, sen wo’zin’, wol wo’zi, biz wo’zimiz, siz wo’zin’iz, wol wo’zi.**

***211-shi’ni’g’i’w.*** Qosi’qti’ woqi’n’. Wo’zlik almasi’qlardi’ tawi’p, wolardi’n’ qanday ga’p ag’zasi’ yekenin tu’sindirin’.

## WO’Z U’YIM

Qayda barsam wo’z u’yim, wo’z bosag’am!
Jer, suw, tog’ay,
Biytani’s say-salalar,
Men ko’rmegen, ko’rgen awi’l-qalalar,
Ba’ri-ba’ri wo’z u’yim, wo’z bosag’am.
Wo’z u’yim dep yesaplayman u’yin’di,
Sen paydalan men ji’ynag’an buyi’mdi’,
U’yimiz de, woyi’mi’z da usag’an.
Mi’naw qala, zavodlar da biziki,
Men do’retken qosi’qlar da biziki,
Qayda barsan’ wo’z u’yin’, wo’z bosag’an’.

(*M.L.*)

***212-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Wo'zlik almasi'g'i'n tawi'p, woni'n' qanday qosi'mtalar menen wo'zgerip kelgenin ani'qlan'.

1. Yernazar jo'ninde barli'q xabardi' wonnan wo'zim soradi'm. 2. Biz wo'zimiz awi'ldan shi'qqanbi'z. 3. Biz woni' wo'z qollari'mi'z benen qurami'z. 4. Meyli aqsha jag'i'n menin' wo'zim sorasti'ri'p ko'reyin. *(A.Bek.)* 5. Paqi'rbay i'zadan wo'zin zorg'a tutti'. 6. Bul birlespe diyqanlardi'n' wo'zlerinin' qarari' boyi'nsha tarqati'p jiberilip, worni'na TOZ du'zilgen. 7. Wo'zi — qatti' miynetkesh adam. 8. Wo'zin miynetten ali'p qashpaydi'. *(I.Y.)*

***213-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Wo'zlik almasi'g'i'ni'n' asti'n si'zi'p, qanday so'z shaqabi' menen dizbeklesip turg'ani'n ha'm qanday qosi'mtalar jalg'ani'p kelgenin tu'sindirin'.

1. Ag'ash ta qartaysa wo'z ko'rkin jog'altadi'. 2. Denesine qanday da bir na'rse quyi'li'p, wo'zin jasari'p ketken si'yaqli' sezedi. 3. Ha'y, a'n'go'dek balalar, mag'an ba ya wo'zlerin'izge ku'lip tursi'zlar ma? — dedi g'arri' attan tu'sip. *(I.Y.)*

4. Yerkin qanat qaqti' azatli'q qusi',
Ketti wo'mirimizdin' qa'ha'rli qi'si',
Ha'r zamanni'n' wo'z kiyim, wo'z modasi',
Jan'a turmi's wo'ssin dedin', sho'girme.

*(I.Y.)*

## § 56. Siltew almasi'g'i'

***214-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdegi aji'rati'p ko'rsetilgen so'zlerge di'qqat awdari'n'. Wolar qanday so'z shaqabi' menen baylani'sqan ha'm qanday sorawlarg'a juwap beredi.

1. Wol **usi'** samalg'a wo'n'menin berip, yeki qora qoydi'n' si'rti'nan qarap tur. 2. **Bul** Asqarg'a hesh qashi'q yemestey sezilip, kewlin basqa bir na'rselerge burdi'.

3. Yekinshisi biyik minarali' bir qala yedi. **Sol** qalag'a dushpan basi'p kirmekshi boldi'. 4. Senin' **mi'na** isin' jaramaydi'. 5. Ali'sta kiyati'rg'an jolawshi'lar Aysa'nemge ap-ani'q ko'rindi. **A'ne** jaqi'nlap ta qaldi'. 6. **Wol** bir ku'nler ku'nbedi, tek qaran'g'i' tu'n yedi. *(N.D.)*

Zatlardi', adamlardi' siltep ko'rsetiw ushi'n qollani'lg'an almasi'qlarg'a **siltew almasi'g'i'** delinedi.

Siltew almasi'g'i' ma'nisinde **bul, sol, usi', wol, a'ne, mine, mi'naw, ana, anaw** t.b. so'zler qollani'ladi'.

Siltew almasi'qlari' siltep ko'rsetiletug'i'n zatlardi'n' aldi'nda qollani'li'p, **qaysi'?, qa'ne?** sorawlari'na juwap beredi. Mi'sali': Ati'zi'mi'zda ashi'li'p ati'rg'an paxtalar ko'p. **Bul** paxtalar birneshe mi'n' tonnalardi' quraydi'. **A'ne** suli'w ko'rinisli awi'llar.

Siltew almasi'qlari' ko'plik, tarti'm, betlik ha'm seplik qosi'mtalari' menen tu'rlengende, zatli'q ma'ni bildiredi. Siltew almasi'qlari'nan **a'ne, mine, a'nekey, minekey** si'yaqli' tu'rleri ko'plik, seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenbeydi.

Siltew almasi'qlari' juplasi'p qollani'lg'anda aralari'na defis qoyi'li'p jazi'ladi'. Mi'sali': **anaw-mi'naw, anag'an-mi'nag'an, wog'an-bug'an, woni'-buni'** ha'm t.b.

## Siltew almasi'g'i'ni'n' sepleniw u'lgisi:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Ataw | **bul** | **sol** | usi' | mi'na |
| Iyelik | **buni'n'** | **soni'n'** | usi'ni'n' | mi'nani'n' |
| Bari's | **bug'an** | **sog'an** | usi'g'an | mi'nag'an |
| Tabi's | **buni'** | **soni'** | usi'ni' | mi'nani' |
| Shi'g'i's | **bunnan** | **sonnan** | usi' | mi'nadan |
| Wori'n | **bunda** | **sonda** | usi'nda | mi'nada |

Bul sepleniwde qara ha'rip penen jazi'lg'anlar seplik qosi'mtalari' qosi'li'p tu'biri wo'zgerip kelgen. Bunda **bul**, **sol** so'zleri ataw sepliginen basqa sepliktin' ha'mmesinde tu'biri qi'sqari'p qollani'lg'an. Al, usi' so'zler bari's sepliginde kelgende, seplik qosi'mta tu'birdegi son'g'i' sestin' qi'sqari'wi'na baylani'sli' **-g'an** tu'rinde jalg'anadi'.

**An'lati'w. Wol** siltew almasi'g'i' betlik almasi'g'i'ni'n' III bettegi tu'ri menen birdey. Biraq, wolardi'n' ma'nilik qollani'li'wi'nda ayi'rmashi'li'q bar. **Wol** almasi'g'i' atli'qlardi'n' aldi'nda siltep ko'rsetiw ma'nisinde kelgende siltew almasi'g'i' boladi'. Al, atli'qti'n' worni'na qollani'lg'anda betlik almasi'g'i'n bildiredi. Mi'sali': 1. **Wol** ku'nler a'lle-qashan wo'tip ketti. *(N.D.)* 2. Yeger bala geypara waqi'tlari' narazi' boli'p ji'lag'i'si' kelse, **wol** adamlarg'a ko'rinbew ushi'n shiraljinlerdin'* arasi'na kelip jasi'ri'natug'i'n yedi. *(Sh.A.)*

Bunda birinshi ga'ptegi **wol** almasi'g'i' ku'nler so'zinin' aldi'nda woni' siltep ko'rsetip, qaysi'? sorawg'a juwap berip, siltew almasi'g'i'n bildiredi. Al, yekinshi ga'pte **wol** almasi'g'i' bala so'zinin' worni'na almasi'p, kim? sorawi'na juwap berip, betlik almasi'g'i'n an'latadi'.

***215-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Siltew almasi'qlari'n tawi'p, qanday qosi'mtalar menen wo'zgergenin ha'm sorawlari'n ani'qlan'.

— Men anaw ku'ni aytpadi'm ba, sen wonsha qi'y-nala berme dep.

— Usi' jumi'sti' kelip alsa bolmay ma?

— Ha'r ayda qansha ju'k tasi'ladi', qansha ju'k jibe-riledi, sog'an qarap sizlerge haqi' to'leymiz, wonnan arti'q bermeymiz, — dedi.

— Bunnan bali'qshi'li'q yetken de ta'wir shi'g'ar.

---

Shiraljin — ji'n'g'i'ldi'n' bir tu'ri

— Bali'qshi'li'q islewge keme kerek, aw kerek, wol bizlerde joq.

— Sen Uri'qli'dag'i' Womardi' bilesen' be?

— Awa, bilemen.

*216-shi'ni'g'i'w.* Siltew almasi'qlari'n tawi'p, wolardi'n' qaysi' seplikte yekenin, tu'bir ha'm qosi'mtalari'n atap ko'rsetin'.

Berman kelin', mi'nani' qara, mi'naw bir tu'p alma ag'ashi'. Buni'n' shaqasi'ndag'i' japi'raqlari' u'sh tu'rli. Mi'naw alma, mi'naw qa'reli, mi'naw shiye, — dedi. *(N.D.)* 2. Sizin' awi'li'n'i'zda ma'mleketlik qa'rejettin' yesabi'nan sonday jaqsi' jay sali'nadi', wonda woti'ri'wg'a ha'mme qi'zi'g'adi'. Wo'zim de sog'an asi'g'i'p ati'rman. Bunda sen asi'qpay, albi'ramay, bolg'an ha'm bolatug'i'n isti duri's ayt, sonda heshbir qa'telespeysen'. *(T.N.)* 3. Usi'g'an juwapti' qaysi'lari'n' beresen'? Bug'an men de hayranman. Mi'naw semiz, anawi'n'ni'n' yebindey sorpali'g'i' bar. *(W.A.)*

## § 57. Soraw almasi'g'i'

*217-shi'ni'g'i'w.* Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge itibar berin'. Wol so'zlerdin' qanday ma'nide qollani'lg'ani'n ha'm qanday almasi'q yekenin tu'sindirin'.

— Sen A'met penen dossan' g'oy-a'?

Serjan Atamuratti'n' sorawi'na qati'wlana tu'sti.

— **Kim** aytti' woni'?

— Wo'zin'.

— **Qashan?**

— Bag'ana.

— **Qayerde?**

— Umi'tti'n' ba? *(T.Q.)*

Wolar tag'i' ju'z metrdey alg'a ju'rdi.

— Qa'ne, **qansha** go'rek bar yeken, sanap ko'reyik dep Shamurat ata usi'ni's yetti.

— **Qansha** go'rek sanadi'n'? — dedi.
— Na'jim, sen neshe g'orek sanadi'n'?
— Won tog'i'z.
— Qa'ne, **qayda** paxta? *(Q.D.)*

Adam, zat, belgi, wori'n, waqi't haqqi'nda sorawli' ma'ni bildiretug'i'n almasi'qlarg'a **soraw almasi'g'i'** delinedi.

Soraw almasi'qlari'n **kim, ne, qanday, qaysi', qayda, qashan, qansha, qalay, neshe, neshinshi** t.b. si'yaqli' so'zler bildiredi. Soraw almasi'qlari' atli'q, kelbetlik sanli'q, ra'wishlerdin' worni'na qollani'ladi'.

**Kim** soraw almasi'g'i' adamg'a, **ne** almasi'g'i' janli' ha'm jansi'z zatlar haqqi'ndag'i' sorawdi' bildiredi. **Kim, ne** soraw almasi'qlari' ko'plik, tarti'm, betlik ha'm seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

## Soraw almasi'qlari'ni'n' tarti'mlani'wi'

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| I bet | kimim | nem | neshem | neshewim |
| II bet | kimin' | nen' | neshen' | neshewin' |
| III bet | kimi | nesi | neshesi | neshewi |

## Soraw almasi'qlari'ni'n' sepleniwi

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| A. | kim | ne | neshe | neshew |
| I. | kimnin' | nenin' | neshenin' | neshewdin' |
| B. | kimge | nege | neshege | neshewge |
| T. | kimdi | neni | nesheni | neshewdi |
| Sh. | kimnen | neden | nesheden | neshewden |
| W. | kimde | nede | neshede | neshewde |

***218-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Soraw almasi'qlari'ni'n' asti'n si'zi'p, wolarg'a qanday qosi'mtalar jalg'ani'p turg'ani'n ani'qlan'.

1. Kimin'iz yedi, mu'mkin, jaqi'n-juwi'q birewin'iz shi'g'ar? Qaysi'n'i'zg'a bag'i'nayi'n? *(A.A'.)* 2. Kimdi ayti'p woti'rsan', Worazga'liy? *(G.I.)* 3. Qanday maqul bolar yeken? *(T.N.)* 4. Qaysi'si'nda boldi'n', soldat?-Stroybatta... *(Sh.S.)* 5. Kimsen' kelip turg'an? — Men, A'bdira'su'wli atan'man. 6. Nege solay dep woylaysi'z?

— Amanatti' alg'an adam tabi's yetpey me da'stu'rde.

— Nem bar? ... Ya jasi'ri'n go'mme ko'mip qoyi'ppan ba? *(A.Q.)*

Soraw almasi'qlari'nan **kim**, **ne**, **qanday**, **qansha**, **qaysi'**, **qalay** si'yaqli' tu'rleri wo'zlerinin' sorawli'q ma'nisinen uzaqlasi'p, ga'pte grammatikali'q qatnas almasi'qlari'ni'n' ma'nisin bildirip te keledi. Bul jag'dayda soraw almasi'qlari', ko'binese qospa ga'ptin' qurami'ndag'i' jay ga'plerdi wo'z ara bayla-ni'sti'radi'. Qospa ga'ptin' qurami'ndag'i' yekinshi jay ga'pte (bas ga'pte) qatnas almasi'g'i'na qatna-si'qli' so'zler qollani'ladi'. Mi'sali': **Kim** islemese, **sol** jemeydi. **Ne** yeksen', **soni'** worasan'. *(Naqi'l)* Ha'kim **qayda** jumsasa, wol **sonda** isleydi. *(B.B.)* Asaw Araldi'n' minezi **qanday** wo'jet bolsa, qoyni'ndag'i' bali'qlari'ni'n' wo'ris wo'zgertiwi de **sonday** qubi'lmali'. *(K.S.)*

***219-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirin'. Wolardi'n' du'-zilisine qaray qanday ga'p yekinin ani'qlan' ha'm qatnas alma-si'qlari'ni'n' asti'n si'zi'p, qanday xi'zmette kelgenin tu'sindirin'.

1. Kim intizamli', zeyinli bolsa, sol sabag'i'nan jaqsi' woqi'ydi'. 2. Ximiya neshe tu'rli boyaw shi'g'arsa, sonsha tu'rli tufli bar. *(«T.Q.»)* 3. Yeger kim de kim mag'an dus kelgen woqi'wshi' bola beredi dep woylasa, wol qa'te-lesedi. 4. Kim jaman woqi'sa, wol jumi's islep te jari'maydi'. *(Sh. A.)* 5. Ha'zir usi' bo'lmenin' ishi qanday i'qsham go'zzal bolsa, menin' ko'z aldi'ma keleshektegi turmi'si'm da sonday ko'rkem boli'p yelesleydi. *(I. Q.)*

***220-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Berilgen ga'plerdegi soraw-qatnas almasi'qlardi' ha'm wolarg'a qatnasi'qli' so'zlerdi ayti'n'.

1. Balasi'ni'n' islegen yerlikleri g'arri'g'a qanday unag'an bolsa, Aysa'nemge de sonday unadi'. *(W.A.)* 2. Kim da'wju'rek bolsa, sol bara bersin. *(W.X.)* 3. Bali'q qansha mol bolsa, aqsha sonsha ko'p boladi'. 4. Qay jerde is pa'ti qi'zsa, sol jerde wo'nim ko'p boladi'. *(As.M.)* 5. Aspannan ne tu'sse, jer soni' ko'teriwge jarati'lg'an. *(T.Q.)* 6. Qaysi' jaqqa ko'z jiberip qarasan' da, sol jaqta traktorlar jerdin' asti'n u'stine shi'g'ari'p ju'rgenin ko'resen'. *(J. S.)* 7. Aldi'ng'i' arba qaydan ju'rse, son'g'i' arba da sonnan ju'redi. *(Naqi'l)*

## § 58. Belgilew almasi'g'i'

Qanday da bir betti (adamdi'), zat yamasa belgini basqalari'nan aji'rati'p, belgilep ko'rsetetug'i'n almasi'qlarg'a **belgilew almasi'g'i'** delinedi.

Belgilew almasi'qlari' **ha'r** so'zinin' **kim, qanday, qaysi', qashan** t.b. soraw almasi'qlari' ha'm **bir** so'zinin' aldi'nan qosi'li'p jazi'li'w arqali' jasaladi': **ha'rkim, ha'rqanday, ha'rqaysi', ha'rqashan, ha'rbir** t.b.

**Ha'r** so'zi atli'q so'zler menen dizbeklesip kelgende, sol so'zlerge birikpey bo'lek jazi'ladi': **ha'r adam, ha'r ku'ni, ha'r jerde, ha'r waqta, ha'r na'rse.**

Belgilew almasi'qlari' zatlardi' daralap, belgilep ko'rsetiw ushi'n qollani'ladi'.

**Ha'rkim, ha'rqaysi', ha'r na'rse** almasi'qlari' atli'q so'zlerdin' worni'na almasadi'. Mi'sali': 1. **Ha'rkim** wo'z miyneti menen dan'qqa bo'lenedi. 2. Wol **ha'r na'rsege** qi'zi'g'i'p qarap tur.

**Ha'rqanday, ha'rbir** almasi'qlari' kelbetlikler si'yaqli' atli'q so'zlerdin' aldi'nda kelip, ani'qlawi'shli'q xi'zmet atqaradi'. Mi'sali': **Ha'rqanday**

buyi'mlar jaydi'n' ishin bezep tur. Bul ulli' iske **ha'rbir** adam wo'z u'lesin qosadi'.

**Ha'rkim, ha'rqaysi', ha'r na'rse** almasi'qlari' atli'q so'zlerdin' worni'na qollani'latug'i'n bolg'anli'qtan, tarti'm, seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

## Belgilew almasi'g'i'ni'n' tarti'mlani'wi'

| Bet | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet | ha'r na'rsem | ha'r na'rselerimiz |
| II bet | ha'r na'rsen'<br>ha'r qaysi'n' | ha'r na'rselern'iz<br>ha'r qaysi'n'i'z |
| III bet | ha'r na'rsesi<br>ha'r qaysi'si' | ha'r na'rseleri<br>ha'r qaysi'lari' |

## Belgilew almasi'g'i'ni'n' sepleniwi

| | | | |
|---|---|---|---|
| A. | ha'rkim | ha'rqaysi'si' | ha'rbiri |
| I. | ha'rkimnin' | ha'rqaysi'si'ni'n' | ha'rbirinin' |
| B. | ha'rkimge | ha'rqaysi'si'na | ha'rbine |
| T. | ha'rkimdi | ha'rqaysi'si'n | ha'rbirin |
| Sh. | ha'rkimnen | ha'rqaysi'si'nan | ha'rbirinen |
| W. | ha'rkimde | ha'rqaysi'si'nda | ha'rbirinde |

***221-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Belgilew almasi'g'i'n tawi'p, wolardi'n' neshinshi bette ha'm qaysi' seplikte turg'ani'n ayti'n'.

1. Awi'lg'a qala ko'rki kirgen. Ha'rbir u'yde, ha'rbir ko'shede elektr shi'rag'i', radio tochka bar. *(«Y.Q.»)* Ha'rkimnin' qa'dirdan anasi' wo'zine jaqsi'. *(G.I.)* 3. Usi' ko'ldin' wo'zi Aytekege ha'rqanday si'yli'qtan arti'q boldi'

*(W.A.)* 4. Qi'yal ali'p qashadi', ha'r na'rselerdi woylatadi'. Ha'rbir tu'p paxta ushi'n gu'resiw kerek. Ha'rqaysi'mi'z bir quwi'sqa ti'g'i'ldi'q. *(I.Y.)* 5. Wolardi'n' ha'rqaysi'si' ku'nine 5-6 tonnadan paxta terip ju'r. Merwert suwli' Alti'n ko'ldin' hawasi' ha'rbir da'rtke da'rman yeken, Qon'i'rat. *(I.Y.)*

***222-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Belgilew almasi'qlari'n asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi'ni'n' worni'na qollani'lg'ani'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Ha'rqaysi'si' wo'zlerinin' tabaqlari'n ali'p bari'p, tamaq a'kelip iship ati'r. Geybirewleri sheshinbesten to'segine bari'p jati'r. 2. Ha'rkim wo'z tiyresi menen usi' jerde woti'r. 3. Ha'r na'rsenin' wo'z tariyxi' bar. *(N.D.)* 4. Ha'rkimnin' wo'zlerinshe dem alg'anlari' da yesitilip turdi'. *(G. Q.)* 5. Ha'rqaysi'si'ni'n' qoli'nda bir qushaq aq qag'az. *(W.A.)*

6. So'zlerim merwertdur yesitkil ha'rbir,
Jazdi'm so'zdi mudam ulli' xali'q ushi'n.

*(Berdaq)*

***223-shi'ni'g'i'w.*** Belgilew almasi'g'i'ni'n' **ha'rkim, ha'rqanday, ha'rqaysi', ha'rbir, ha'r na'rse** so'zlerin keltirip, ha'rqaysi'na birbirden ga'p qurap jazi'n'. Wolardi'n' tarti'm, seplik, ko'plik qosi'mtali' boli'p keliwin yesapqa ali'n'.

## § 59. Ja'mlew almasi'g'i'

Zatlardi', belgi ha'm qubi'li'slardi' ji'ynaqlap, ja'mlep ko'rsetetug'i'n almasi'qlarg'a **ja'mlew almasi'g'i'** delinedi.

Ja'mlew almasi'qlari' **barli'q**, **ba'ri**, **ba'rshe**, **ja'mi**, **ha'mme**, **gu'lla'n**, **pu'tkil**, **pu'tin**, **tamami'** so'zleri arqali' bildiriledi.

Mi'sali': Bizler sonda jumi'sqa **ha'mmeden** buri'n keletug'i'n yedik. **Pu'tkil** dalani'n' u'stine mehriban

ha'm kewilli ti'ni'shli'q wornap turdi'. Yendigiden bi'lay **barli'q** iste de bir adamday bolami'z. *(Sh.A.)*

Ja'mlew almasi'qlari' atli'qlardi'n' worni'na qollani'lg'anda, seplik ha'm tarti'm qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

## Ja'mlew almasi'g'i'ni'n' sepleniwi

| | | | |
|---|---|---|---|
| A. | ha'mme | barli'g'i' | ba'ri |
| I. | ha'mmenin' | barli'g'i'ni'n' | ba'rinin' |
| B. | ha'mmege | barli'g'i'na | ba'rine |
| T. | ha'mmeni | barli'g'i'n | ba'rin |
| Sh. | ha'mmeden | barli'g'i'nan | ba'rinen |
| W. | ha'mmede | barli'g'i'nda | ba'rinde |

## Ja'mlew almasi'g'i'ni'n' tarti'mlani'wi'

| Bet | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet | ha'mmem, barli'g'i'm | ha'mmemiz, barli'g'i'mi'z |
| II bet | ha'mmen', barli'g'i'n' | ha'mmen'iz, barli'g'i'n'i'z |
| III bet | ha'mmesi, barli'g'i' | ha'mmesi, barli'g'i' |

Ja'mlew almasi'qlari' ga'pte baslawi'sh, toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh ha'm birgelkili ag'zali' ga'plerde uluwmalasti'ri'wshi' so'z xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': 1. **Ha'mmen'iz** meni ti'n'lan'. (baslawi'sh) 2. Wol **ba'rine** inandi'. (toli'qlawi'sh). 3. **Barli'q** woqi'wshi'lar mektepke ji'ynaldi'. (ani'qlawi'sh). 4. Digirman tarti'w, suw a'keliw, ku'l shi'g'ari'w, kir juwi'w — **ha'mmesi** Aysa'nemnin' belgili xi'zmetleri boldi'. (uluwmalasti'ri'wshi' so'z). *(N.D.)*

***224-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ja'mlew almasi'qlari'n tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi'ni'n' worni'na qollani'li'p turg'ani'n ha'm qanday qosi'mtalar menen tu'rlenip kelgenin ani'qlan'.

1. Ba'rinin' de keypiyati' ba'lent, qushtarli'g'i' zor, adi'mi' shaqqan, g'awi'rlasi'p barati'r. 2. Qazi'ni'n' aldi'nda barli'g'i'n da aytti'm. *(A.Bek.)* 3. Pu'tkil Xorezmnin' toli'si'n to'gip, wortasi'n shaypaltqan 1912-ji'lg'i' «Aq qapshi'q» ji'li' yedi. *(M.D.)* 4. Bul so'zdi ba'ri de maqullamaqta. 5. Ba'rinin' so'z ti'n'lag'i'si' kelip tur. 6. Biybijan u'yinin' gu'lla'n jumi'si'n wo'zi islep, ketken-kemtilgen jerlerin pitew menen boldi'. *(W.A'.)* Bul waqi'yag'a bir men yemes, ha'mmenin' na'zeri awdi'. *(A'.Sh.)* 8. Periyzag'a ha'mmenin' na'zeri awdi'. *(W.A.)*

***225-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Ja'mlew almasi'qlari'ni'n' asti'n si'zi'p, qanday qosi'mtalar menen tu'rlenip kelgenin ha'm qaysi' a'gzani'n' xi'zmetinde yekenin ayti'n'.

1. Ba'ri de qayi's belbew buwg'an. 2. Qazayaqli', shomaq, teristamg'ali' ha'm basqa da birqansha ruwlardi'n barli'g'i' usi' jerde. 3. Bul ku'ni pu'tkil yel uyqi'lamastan shi'qti'. *(A.B.)* 4. Bul gu'n'kildilerdin' ba'rinen de si'rttag'i'lar biyxabar yedi. (Sh.S.) 5. Tamami' qaraqalpaq ji'yi'lsi'n dedim. *(G.W.)* 6. Jer, sen bizlerdin' ha'mmemizdi wo'z gewden'nin' u'stinde ko'terip tursan'. *(Sh.A.)*

***226-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi ko'rsetilgen ja'mlew almasi'qlari'n tarti'm ha'm seplik qosi'mtalar menen tu'rlen'.

Barli'q, gu'lla'n, ha'mme, ba'rshe, pu'tkil, pu'tin, ja'mi.

## § 60. Boli'msi'zli'q almasi'g'i'

Qollani'li'wi' jag'i'nan boli'msi'zli'q ma'ni bildiretug'i'n almasi'qlarg'a **boli'msi'zli'q almasi'g'i'** delinedi.

Boli'msi'zli'q almasi'qlari' **hesh** so'zi menen soraw almasi'g'i'ni'n' ha'm basqa da belgisizlik ma'nidegi so'zlerdin' qosi'li'wi'nan jasaladi': **heshkim, heshqanday, heshqaysi', heshqashan, heshqayda, heshbir, heshbirew, heshteme, heshten'e.**

Mi'sali': Awi'lda **heshkim** jumi'ssi'z ju'rgen joq. **Heshqaysi'si'** uji'batli' **heshten'e** ayta almadi'. (*T.Q.*)

**Hesh** so'zi atli'q so'zler menen dizbeklesip kelgende, sol so'zlerden bo'lek jazi'ladi': **hesh adam, hesh waqi'tta, hesh jerde, hesh na'rse** t.b.

**Heshkim, heshqaysi', heshbirew, heshteme** almasi'qlari' atli'q so'zlerdin' worni'na qollani'li'p kelgende, tarti'm ha'm seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

## Boli'msi'zli'q almasi'qlari'ni'n' tarti'mlani'wi' ha'm sepleniwi

| Bet | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet | heshkimim | heshkimimiz |
| II bet | heshkimin' | heshkimin'iz |
| III bet | heshkimi | heshkimi |

| | | | |
|---|---|---|---|
| A. | heshqaysi'si' | hesh na'rse | heshteme |
| I. | heshqaysi'si'ni'n' | hesh na'rsenin' | heshtemenin' |
| B. | heshqaysi'si'na | hesh na'rsege | heshtemege |
| T. | heshqaysi'si'n | hesh na'rseni | heshtemeni |
| Sh. | heshqaysi'si'nan | hesh na'rseden | heshtemeden |
| W. | heshqaysi'si'nda | hesh na'rsede | heshtemede |

Boli’msi’zli’q almasi’qlari’ ga’pte baslawi’sh, toli’qlawi’sh, ani’qlawi’sh ha’m pi’si’qlawi’shti’n’ xi’zmetlerin atqaradi’. Mi’sali’: 1. Do’gerekte **heshkim** ko’rinbeydi. 2. Ziyrek woqi’wshi’lardi’n’ **heshqaysi’si’n** to’men woqi’ydi’ dewge bolmaydi’. 3. Bu’gin do’gerekte **heshbir** jan selt yetpedi.

***227-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi ko’shirip jazi’n’. Boli’msi’zli’q almasi’qlari’ni’n’ asti’n si’zi’p, wolardi’n’ jasali’wi’n ha’m qaysi’ so’z shaqabi’ni’n’ worni’na qollani’li’p turg’ani’n tu’sindirin’.

1. Adam bende menen ashi’li’p so’ylespeytug’i’n bul kisinin’ wo’mir su’rip woti’rg’anli’g’i’n heshkim yelestirmedi. 2. Biraq «bala-shag’ani’ da wortali’qqa sali’w» degenin’ heshqanday shi’nli’qqa si’ymaydi’. 3. Sag’an heshbir sun’qar pa’nje sala almas. *(I.Y.)* 4. Bizin’ sag’an shi’n dosli’q ja’rdem ushi’n sozi’lg’an qoli’mi’zdi’ heshkim qag’a almaydi’. 5. Shayqi’mi’z bir aytqani’n heshqashan ta’kirarlamas yedi. 6. Heshkim heshten’e demedi. *(T.Q.)* 7. Biraq g’arri’ yele jarti’wli’ hesh na’rse u’yretpedi. *(W.A.)*

***228-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi woqi’n’. Boli’msi’zli’q almasi’qlari’n tawi’p, wolar tarti’mni’n’ neshinshi betinde, qaysi’ seplikte ha’m qaysi’ ag’zani’n’ xi’zmetinde yekenin ani’qlan’.

1. Yeger bul jerde atli’ payda bolg’an Seydandi’ usi’ ko’rinisinde su’wretlep ayti’p berse, heshkim inanbas ta yedi. 2. Woni’ heshqanday qara ku’shler toqtati’p terisine buri’w mu’mkin yemes. *(I.Y.)* 3. Ishtegi bali’q heshqayda qashpaydi’. *(W.A.)* 4. Menin’ ha’zir jalg’i’z balamnan basqa heshkimim joq. 5. Yernazar bolsa, yesikten kirgen jerde ishtegi tastay tu’nek qaran’g’i’dan ko’zleri hesh na’rseni ko’rmey qaldi’. *(A.Bek.)*

***229-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi berilgen almasi’qlardi’ keltirip ga’p du’zin’. Wolardi’n’ tarti’mlani’p ha’m seplenip qollani’li’wi’n yesapqa ali’n’.

Heshkim, heshbir, hesh na'rse, heshqanday, heshqashan, heshqaysi'si', heshten'e.

## § 61. Belgisizlik almasi'g'i'

Zat, belgi ha'm sanni'n' belgisizligin bildiretug'i'n almasi'qlarg'a **belgisizlik almasi'g'i'** delinedi.

Belgisizlik almasi'qlari' to'mendegishe jasaladi':

1. **A'lle** so'zinin' soraw almasi'qlari'na qosi'li'p keliwinen jasaladi': **a'llekim, a'llene, a'llenebir, a'lleqashan, a'lleqayda** t.b.
2. **Gey** so'zinin' belgisizlik ma'nidegi **bir**, **birew**, **para** so'zleri menen qosi'li'si'wi'nan jasaladi': **geybir, geybirew, geypara**.
3. **Bazi'** so'zi **bir**, **birew** so'zleri menen qosi'li'wi'nan: **bazi'bir, bazi'birew.**
4. **Bir** so'zi **neshe, qansha, neme, den'e, para** so'zleri menen qosi'li'si'wi' arqali' jasaladi': **birqansha, birneshe, birneme, birden'e, birpara.**

**Gey, bir** so'zleri almasi'qlar menen qosi'li'p jazi'ladi' da, al basqa so'z shaqaplari' menen dizbeklesip kelgende, bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': **gey adamlar, gey ku'nleri, gey zatlar, bir kisi, bir waqta, bir na'rse, bir ku'ni.**

Belgisizlik almasi'qlari'ni'n' **a'llekim, a'llebirew, a'lle na'rse, geybirew, bazi'birew**, **birneme** si'yaqli' zatli'q ma'nide qollani'latug'i'n tu'rleri tarti'm ha'm seplik qosi'mtalari' menen tu'rlenedi.

### Belgisizlik almasi'g'i'ni'n' tarti'mlani'wi'

| Bet | birlik | ko'plik |
|---|---|---|
| I bet | a'llekim | a'llekimimiz |
| II bet | a'llekimin' | a'llekimin'iz |
| III bet | a'llekimi | a'llekimleri |

## Belgisizlik almasi'g'i'ni'n' sepleniwi

| | | | |
|---|---|---|---|
| A. | a'llekim | geybirew | birneme |
| I. | a'llekimnin' | geybirewdin' | birnemenin' |
| B. | a'llekimge | geybirewge | birnemege |
| T. | a'llekimdi | geybirewdi | birnemeni |
| Sh. | a'llekimnen | geybirewden | birnemeden |
| W. | a'llekimde | geybirewde | birnemede |

***230-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Belgisizlik almasi'qlari'n tawi'p, wolardi'n' jasali'wi' tuwrali' tu'sinik berin'.

1. Buri'n telegraf bolg'ani' menen woni' a'llekimler buzi'p ketken. *(M.D.)* 2. Wol a'llene waqi'tlari' aynali'p keldi de, ma' bala, mi'nani' tani'ysan' ba? — dep terezenin' ko'zinen bu'klewli bir zat uzatti'. 3. Biz wolardi' a'lleqashan umi'tqan yedik. 4. «Nawri'z» uyqi'n'di' ash, worni'n'nan tur, ha'zir ketemiz, — dep si'bi'rlag'an tani's dawi's a'lleqaydan qulag'i'na yesitildi. 5. Geybirewler at arbasi'n aylanshi'qlap, yer-turmani' menen da'skelerin taqlasti'ri'p ju'r. 6. Bazi'bir adamlar «wog'an yel-jurti' menen mal-mu'lkin taslap, bo'ten yelge qashi'p ketsin degen kim bar!», — desti. 7. Aradan birneshe ku'nler wo'tti. *(A.B.)* 8. Bolmasa men haqqi'nda dedi me? *(W.A.)* Jotali' ari' kisi qag'azg'a birnemelerdi jazi'p woti'r. *(K.S.)*

***231-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Belgisizlik almasi'g'i'ni'n' atli'qlardi'n' worni'na qollani'latug'i'n tu'rlerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' seplikte turg'ani'n ayti'n'.

1. Geybirewlerdin' a'llekimge ashi'wli' dawi's penen uri'sqani' yestiledi. 2. Arqan menen talasi'p, qayi'g'i'n ag'i'sti'n' wo'rine qaray ju'rgize almay kiyati'rg'an qayi'qshi'lardi'n bir na'rselerdi so'kkenleri yesitiledi. *(N.D.)* 3. Bir na'rselerdi si'zi'p belgileydi. 4. Turi'mbet yesin

bilgeli kisi yesiginde diyqan ju'rip kiyati'r. 5. Birneshe ji'l Seydulla qayshi'li'nikinde boldi'. *(N.D.)* 6. A'lleneden sa'tem ali'p woyansa, ba'ha'rgi qara suwi'qtan denesi muzlap, qalti'rap ati'r yeken. *(K.S.)* 7. Bazi'birewler a'ynek jayda qawi'n jep woti'r. *(T.Q.)*

***232-shi'ni'g'i'w.*** **Bazi'birew, a'llebirew** almasi'qlari'n birlik ha'm ko'plik sanda seplik qosi'mtalari' menen tu'rlen'.

***233-shi'ni'g'i'w.*** Ta'biyatti' baqlawlari'n'i'zdan paydalani'p, ji'l ma'wsimlerinin' birine arnap kishi tekst jazi'n'.

## § 62. Almasi'qlardi'n' ga'ptegi xi'zmeti

**Almasi'qlar** atli'q, kelbetlik, sanli'q ha'm ra'wishtin' worni'na qollani'latug'i'n bolg'anli'qtan, ga'pte barli'q ga'p ag'zalari' xi'zmetin atqaradi'.

Baslawi'shti'n' xi'zmetinde, ko'binese betlik, wo'zlik, ja'mlew, belgilew ha'm boli'msi'zli'q almasi'qlari' qollani'ladi'. Wolar ataw seplikte kelgende baslawi'sh, al basqa sepliklerde kelgende, toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh ha'm pi'si'qlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi': 1. **Men sizin'** inin'iz Qaypan menen so'ylestim. 2. **Bul** jumi'sti' Bag'da apani'n' tikkeley **wo'zi** basqari'p ju'r. 3. **Ha'rkimnin' wo'zine** bekitilgen jumi'slari' bar.

Bul mi'sallarda birinshi ga'ptegi **men** almasi'g'i' ataw sepliginde baslawi'sh, **sizin'** almasi'g'i' iyelik sepliginde kelip ani'qlawi'sh xi'zmetin atqari'p tur. Yekinshi ga'pte **bul** — ani'qlawi'sh, **wo'zi** — baslawi'sh, al u'shinshi ga'ptegi **ha'rkimnin'** almasi'g'i' iyelik sepliginde — ani'qlawi'sh, **wo'zine** almasi'g'i' bari's sepliginde toli'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'.

Geyde **a'ne, mine, a'nekey, minekey** siltew ha'm **qa'ne, qa'nekey, qalay** soraw almasi'qlari' ga'ptin' uluwmali'q mazmuni'na qatnasli' kiris ag'za xi'zmetin atqaradi'. Bunday jag'dayda wolar u'tir arqali'

bo'linip jazi'ladi'. Mi'sali': 1. **A'ne**, shardarani'n' u'sti qi'z-kelinsheklerge toli'p ketti. *(J.Sap.)* 2. **Mine,** jan'a-jan'a g'ana ha'r jer-ha'r jerden mori'lar tu'tey basladi'. *(T.Q.)* 3. **Qane**, bul jerge to'gindi qaydan alar yekenbiz. *(W.A.)*

***234-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Almasi'qlardi' tawi'p, wolardi'n' qanday seplikte kelgenin ayti'n'.

1. — Ha-ha-ha'y! Yesitin'ler! Suw kiyati'r, suw! Wol wo'zinin' g'arri'li'g'i'na qaramastan, g'abi'r-g'ubi'r kiyinip, da'rriw dalag'a shi'qti'.

Haw, bul bizin' Worazbaydi'n' dawi'si' g'o!. Woni'n' qi'yali'na kewlindegi ko'pten beri u'mit-a'rmani' iske asi'p, suw menen birge jan'a wo'mir, jan'a baxi't kiyati'rg'anday boldi'...

— Qalay da woni' bari'p ko'rsek qaytedi,— dedi. 2. Sen bilsen', bul ag'ashlar menin' de perzentlerim. Wolardi' shu'llikleyinen ka'malg'a keltirgenmen. 3. Woni' wo'zin'nen ko'r. Maqtanba, wog'an shekem yele sen quw dalada adasi'p ketip, lashi'n'ni'n' qay shuqi'rda qalatug'i'ni'n quday bilsin. Men wo'z jerimde, wo'z yelimde heshqashan adasqani'm joq, adaspayman da. 4. Men sag'an wo'z jani'mdi' pida' qi'laman. 5. Sennen gu'der u'zbedim. 6. Bul menin' sag'an aytajaq sheshiwshi so'zim, — dedi Ja'miyla. *(A.Bek.)*

***235-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Almasi'qlardi' tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n'. Sol almasi'qlardi'n' qaysi' seplikte ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

Men U'stu'rt penen xoshlasarman dep woylag'an yedim. Wolay yemes yeken.

U'stu'rt wol wo'zinin' tariyxi'nda ko'rmegenlerdi ko'rip ati'r. A'ne, ja'ne Buxara gazi Uralg'a barmaqshi'. Ha'zirdin' wo'zinde bul kompressor stanciyasi' Uralg'a bir sutkada 3 million kubometr aslami'raq gazdi jetkerip beredi.

Al, men usi’nday keleshekke iye a’jayi’p, jer asti’ bayli’g’i’ mol u’lkeden ayi’ri’laman. Menin’ ju’regim ha’r ku’n sayi’n solay ju’riwdi qa’leydi. Men ja’ne bawi’r basqan U’stu’rttemen.

*(S.S)*

***236-shi’ni’g’i’w.*** Wo’zlerin’iz woqi’p ati’rg’an ko’rkem shi’g’armalardan yamasa «A’debiyat» sabaqli’g’i’n’i’zdag’i’ u’zindilerden almasi’qti’n’ betlik, wo’zlik, siltew, soraw, ja’mlew ha’m belgilew almasi’qlari’ni’n’ ha’rqaysi’na bir-birden 6 ga’p tawi’p jazi’n’.

## ALMASI’QTI’ MORFOLOGIYALI’Q TALLAW

### Tallaw jobasi’:

I. So’z shaqabi’. Uluwma ma’nisi:

II. Morfologiyali’q belgileri: 1. Tiykarg’i’ belgileri: a) tu’ri; b) sorawi’; 2. Qosi’msha belgileri: a) seplik; b) betlik; d) tarti’m; s) ko’plik (yeger sol so’zde usi’ belgiler bolsa).

III. Sintaksislik xi’zmeti.

### Tallaw u’lgisi:

Atasi’ **bul** portfeldi ko’shpeli avtolavkadan sati’p aldi’.

| Awi’zsha tallaw | Jazba tallaw |
|---|---|
| 1. **Bul** — almasi’q<br>2. **Bul** — siltew almasi’g’i’, soraw qaysi’?<br>3. **Bul** — ga’pte ani’qlawi’sh. | 1. **Bul** — almasi’q<br>2. **Bul** — siltew almasi’g’i’, sorawi’ qaysi’?<br>3. **Bul** — ani’qlawi’sh. |

***237-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Berilgen ga’plerdegi almasi’qlardi’ awi’zsha tallaw jasan’.

1. Men to’men qarap ti’p-ti’ni’sh woti’rdi’m. 2. Bul pishenler keptirilip bawlanadi’. 3. Geybir bozi’qqan jerler suwg’a qandi’ri’ldi’. 4. Bug’an wolar awi’zlari’n ashi’p tan’lani’si’p, hayran qaldi’. 5. Sen kim menen woti’rdi’n’? 6. Wo’zime de pitegene wo’zgeris kirgen si’yaqli’. *(S.S.)*

## TA’KIRARLAW

***Sorawlarg’a awi’zsha juwap berin’:***

1. Almasi’qlar qaysi’ so’z shaqaplari’ni’n’ worni’na almasadi’?
2. Almasi’qlardi’n’ tu’rlerin ayti’n’.
3. Betlik almasi’qlari’n ayti’n’. **Men, sen,** wol almasi’qlari’ni’n’ qaysi’si’ adamnan basqa zatlardi’n’ worni’na qollani’ladi’?
4. Siltew almasi’qlari’n ayti’n’. **Wol** almasi’g’i’ qanday jag’dayda betlik, qanday jag’dayda siltew almasi’g’i’ ma’nisin beredi?

***238-shi’ni’g’i’w.*** Almasi’qlardi’n ha’rbir tu’rine qatar ta’rtibi menen mi’sallar keltirip jazi’n’.

***239-shi’ni’g’i’w.*** Woqi’n’. Almasi’qlardi’ tawi’p, wolardi’n’ qanday so’z shaqabi’ni’n’ worni’na qollani’li’p turg’ani’n ayti’n’.

Bul aytqani’n’ heshqanday shi’nli’qqa si’ymaydi’. Ha’rkim wo’z kewline kelgenin islep, diyqanlardi’n’ ta’g’diri menen sanaspaytug’i’n zaman wo’tip ketti.

G’arri’ wo’zin a’lleqanday qolaysi’z sezip, tap gewishi menen ken’espekshi bolg’anday to’men qarap salbi’ray tu’sti. A’llen waqi’tta Seydan bir qaptali’na qarap:

— Bizdey tirsegi shi’yqi’ldag’an g’arri’lardi’ ja’bdillestirip ne payda ko’resiz? Jaslardi’ tarti’n’, wolardi’n’ bileginde ku’shi, basi’nda miyi toli’q, — dedi...

G’arri’ usi’lay dedi de, jaylap basi’p, ju’weri ati’zg’a kirip ketti. *(I.Y.)*

***240-shi’ni’g’i’w.*** Ga’plerdi ko’shirip jazi’n’. Almasi’qlardi’ tawi’p, wolardi’n’ ga’ptin’ qaysi’ ag’zasi’ yekenin tallaw u’lgisi boyi’nsha asti’n si’zi’p ko’rsetin’.

1. Qara papaqli' jigit qag'azg'a qarap birna'rseni woqi'p woti'r. — Joldaslar, ti'ni'shlani'n'i'z! Bu'ginnen baslap barli'g'i'n'i'z da wo'zlerin'iz de qatti' ta'rtip wornati'wi'n'i'z lazi'm. Sizlerdin' komandirin'iz mi'naw joldas. 2. Bul yesheyin ju'rgen adamlardan yemes, betine kisi betletpeytug'i'n aybatli' maydan adamlari'. Ba'ri de qayi's belbew buwg'an, belinde alti'atar. Bulardi'n' isleri asi'g'i's. Ne islep ju'rgeni wo'zlerine g'ana belgili. 3. Palman kimnin' dos, kimnin' dushpan yekenin jaqsi' biletug'i'n boldi', mine vokzalg'a da jetip keldi. 4. Bunnan won yeki ji'l buri'n woqi'wg'a baratai'rg'ani'mi'zda anaw ko'ringen qos terektin' tu'binen shi'g'i'p, tu'ye menen To'rtku'lge to'rt ku'nde barg'an yedik.

***241-shi'ni'g'i'w.*** **Wol bul, sen** almasi'qlari'n seplik qosi'mtalari' menen tu'rlen'. Qaysi' sepliklerde wo'zgeriske ushi'raytug'i'ni'na itibar berin'. Sepleniwdi keste tu'rinde berin'.

***242-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdegi **wol** almasi'g'i'ni'n' qaysi' almasi'q yekenin, sonday-aq, **kim, ne, neshe, qayda, qaysi'** almasi'qlari'ni'n' ma'nisin ayti'p berin'.

1. — Kim shi'g'ardi' woni'?
— Gu'laysha, Yerbay, Qalbay. *(T.Q.)*
2. Qaydan kiyati'rsan'?
— Dayi'mni'n' awi'li'na bari'p kiyati'rman. Sen bul jerge qanday jumi's penen keldin'? Balasi'ni'n' islegen yerlikleri g'arri'g'a qanday unag'an bolsa, Aysa'nemge de sonday unadi'. *(W.A.)*
3. Bunnan keyin jolawshi'lardi'n' kimi tani'slari'ni'n' u'yine, kimi bet aldi' dag'i'sa basladi'.
— Shi'rag'i'm, senin' neshe ji'lda qayti'p kelgenin'?
— Sarras u'sh ji'l yeki ayda.
4. Kim da'wju'rek bolsa, sol bara bersin. *(W.X.)*

***243-shi'ni'g'i'w.*** Almasi'qlardi'n' jazi'li'wi' boyi'nsha diktant jazi'n'. Diktantti'n' teksti mug'allim ta'repinen tan'lanadi'.

## § 63. Awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyiller

Feyiller is-ha'rekettin' zatli'q ma'nidegi qatnasi'na qaray awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyil boli'p bo'linedi.

Tabi's sepligindegi so'zleri menen baylani'satug'i'n feyillerge **awi'spali' feyiller** delinedi. Mi'sali': **qapi'ni' jap, xatti' woqi'di'.** Awi'spali' feyillerge **jaz, woqi', ash, kes, jap, qaz** t.b. feyiller kiredi: A'met awqatti' ishti. To'rebay ag'ashti' kesti.

Xi'zmet yeter adam wo'zin **xosh yetip**,
Dushpani'n mun'ayti'p, dosi'n **shad yetip**,
Keshe-ku'ndiz ata-anasi'n **yad yetip**,
Xi'zmet yeter ata-ana, xali'q ushi'n.

*(Berdaq)*

Tabi's sepligindegi so'zlerdi talap yetpeytug'i'n feyiller **awi'spasi'z feyiller** dep ataladi'. Bunday feyillerge **bar, kel, qal, tur, uyqi'la, toqta, quwandi', jandi', shi'qti', bardi', ko'beydi, sharshadi'.**

Bes-alti' baqsi' **quraldi',**
Bul istin' jo'ni **soraldi',**
Kewil ha'r jaqqa **taraldi',**
Wo'mirinshe umi'tpaspan.

*(Ku'nxoja)*

***244-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen ga'plerden awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyillerdi tawi'p, wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirip berin'.

1. Muratbay bir shaqag'a asi'ldi' da, birden terekke wo'rmeledi. 2. Joldasbay jerge tu'sken pisken yeriklerdi

terdi. Wol joldaslari'na yerik u'lestirdi. 3. Gu'layda u'kesin jubatti'. Ayjamal u'kesine awqat berdi. 4. Woqi'wshi'lar mektep do'geregine na'lsheler tikti. 5. Balalar ko'lge sayaxatqa bardi'. Wolar wonda quslardi', wo'simliklerdi ko'rdi. 6. Gu'ljan, sen mi'na yertek kitapti' woqi'p shi'q.

***245-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerdi woqi'p, wondag'i' awi'spali' feyillerdi bir bo'lek, awi'spasi'z feyillerdi bir bo'lek ko'shirip, ga'p ishinde keltirip jazi'n'.

Jaz, ko'r, shesh, bar, kel, shi'q, ket, top, jap, ish, woqi', kes, tes, jat, qash, qal, toqta, tazala, toqi', ji'yna, tolti'r, keltir, bayla, qaz, serip, art.

Awi'spali' ha'm awi'spasi'z ma'ni qospa feyillerde ko'mekshi feyillerge baylani'sli' bolmay, tiykar feyillerge tikkeley baylani'sli' boladi'. Yag'ni'y, qospa feyildin' qurami'ndag'i' tiykar feyil awi'spali' bolsa, qospa feyil de awi'spali', awi'spasi'z bolsa, qospa feyil de awi'spasi'z boladi': **Woqi'p** shi'qti' — awi's-pali', **kelip qaldi'** — awi'spasi'z. Mi'sali': Jiyengu'l kitapti' **woqi'p shi'qti'**. Atabay u'yge **kelip qaldi'.**

***246-shi'ni'g'i'w.*** Gu'rrin'di woqi'p, mazmuni'n so'ylep berin'. Ga'plerdegi awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyillerdi tawi'p, ayti'p berin'. Wolardi'n' bir-birinen ma'nilik wo'zgesheligin tu'sinip ali'n'.

## JA'RDEM

Ma'mbet taw bawrayi'nda jayi'li'p ju'rgen bir topar suwi'ndi' ko'rdi. Wolardi'n' birewi to'mendegi bir jar tasqa sekirdi. Basqalari' woni'n' keyninen sekirdi. Awi'r salmaqtan tas wopi'ri'ldi'. Suwi'nlar shi'n'rawg'a quladi'. U'shewi qardi'n' arasi'nan wo'zleri zorg'a shi'qti'. Qalg'anlari' ko'rinbedi. Bir adam qar asti'nda qalg'an suwi'nlarg'a juwi'rdi'. Wol womba qardan hapli'g'i'p zorg'a keldi. Wol qardi' qoli' menen gu'rep asha basladi'. Yeki saattay ter-

lep-tepship, wol qardan suwi'nlardi' ashti'. Ju'da' ha'lsiregen son' wol aspang'a mi'lti'qtan woq atti'. Dawi'sqa basqa awi'llaslari' keldi. Ba'ri jabi'li'p qalg'an suwi'nlardi' ashi'p aldi'. So'ytip jigirmalag'an suwi'n wo'limnen qutqari'ldi'. Wolardi' birotala bosati'p jiberdi. *(S.M.)*

***247-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerdi keltirip ga'p quran'. Bunda awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyillerge itibar berin'.

Gazeta, xat, jurnal, ag'am, apam, xat tasi'wshi', napaqa pul, jaz keldi, jiber, ayt, yekti, kes, a'keldi, tolti'r, a'ketti, bar, qaz, alg'i'z, quwandi', ko'beydi, sharshadi'.

***248-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Bunda tabi's sepliginde kelgen so'zlerdin' geyde qosi'mtali', geyde qosi'mtasi'z kelgendegi ma'nilik wo'zgesheligin tu'sindirip berin'.

Balalar jer suwg'ardi'. — Balalar jerdi suwg'ardi'. Men kitapti' a'keldim. — Men kitap a'keldim. Ayjamal su'wretti berdi. — Ayjamal su'wret berdi. Gu'listan woqi'wshi'larg'a jazg'an qosi'g'i'n woqi'p berdi. — Gu'listan woqi'wshi'larg'a qosi'q woqi'p berdi. Bizler u'yde tapsi'rmani' wori'nladi'q. — Bizler u'yde tapsi'rma wori'nladi'q. Ziliyqa, sen nandi' ali'p kel. — Ziliyqa, sen nan ali'p kel. Tekshege kitaplardi', gazetani' qoy. — Tekshege kitaplar ha'm gazeta qoy. Jaqsi' jumi'sti'n' basi'nda. — Jaqsi' jumi's basi'nda.

***249-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin' yadi'n'i'zdan awi'spali' feyillerdin' ha'm awi'spasi'z feyillerdin' ha'rqaysi'si'na bes ga'p qurap jazi'n'.

## FEYIL DA'REJELERI

### § 64. Feyil da'rejeleri haqqi'nda tu'sinik

Feyiller tiykarg'i' leksikali'q ma'nisi menen qatar da'reje ma'nisine de iye boladi'.

Is-ha'reket penen woni'n' islewshisi arasi'ndag'i' ma'nilik qatnaslardi' bildiretug'i'n feyiller **feyil da'rejeleri** dep ataladi'.

Feyildin' da'reje ma'nileri tu'bir ha'm do'rendi feyiller arqali' bildiriledi. Mi'sali': **woqi', woqi't, ter, tergiz, tara, taran, ter, teris, terildi** ha'm t.b.

Feyildin' da'rejeleri feyil tu'birine **-i'n / in, -n, -g'i'z/ -giz, -qi'z/-kiz, -di'r/-dir, -i'l/-il, -i's/-is -s** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. Mi'sali': **tara-n, juw-i'n, ku't-in, jaz-g'i'z, al-di'r, ayt-qi'z, ter-il (di), qaz-i'l (di'), ko'r-is, so'yle-s** t.b.

Feyildin' basqa qosi'mtalari' da'reje qosi'mtalari'nan keyin jalg'anadi'. Feyil da'rejeleri ha'reket penen woni'n' islewshisi arasi'ndag'i' ma'nilik qatnaslari'na ha'm morfologiyali'q belgilerine qaray: **wo'zlik da'reje, wo'zgelik da'reje, belgisiz da'reje** ha'm **sheriklik da'reje** si'yaqli' to'rt tu'rge bo'linedi.

## § 65. Wo'zlik da'reje

***250-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen feyil so'zlerge di'qqat awdari'n'. Wolardi'n' tu'bir ha'm qosi'mtali' tu'rlerin ma'nilik jaqtan sali'sti'ri'p, ma'nilerine baqlaw jasan'.

| | |
|---|---|
| Juw — juw-i'n | tayarla — tayarla-n |
| kiy — kiy-in | qi'mta — qi'mta-n |
| su'rt — su'rt-in | ku't — ku't-in |
| sora — sora-n | woyla — woyla-n |

Is-ha'reket iyesinin' wo'zi ta'repinen islengenin bildiretug'i'n feyilge **wo'zlik da'reje** delinedi. Mi'sali': **juwi'ndi', kiyindi** t.b. Bul feyillerdin' is-ha'reketi islewshinin' wo'zine qarati'lg'an, waqi'ya, ha'reketti islewshi wo'zi.

Wo'zlik da'reje feyili arnawli' **-i'n/-in, -n** qosi'mtalari' arqali' jasaladi'. Wolar ko'binese awi's-

pali’ ma’nidegi tu’bir feyillerge jalg’ani’p, sol awi’spali’ feyiller awi’spasi’z feyilge wo’tedi. Mi’sali’: **jasandi’, tayarlandi’, tazalandi’, woylandi’** t.b.

Wo’zlik da’reje feyili geyde **-i’l/-il, -l** qosi’mtalari’ arqali’ da jasaladi’. Mi’sali’: **keril, sozi’l, bu’gil, awdari’l, ji’ynal** t.b.

Wo’zlik da’reje jasawshi’ **-i’n/-in** qosi’mtasi’ dawi’ssi’z sesten keyin, al **-n** qosi’mtasi’ dawi’sli’dan keyin jalg’anadi’: **juw-i’n, su’rt-in, woyla-n** t.b.

***251-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdegi wo’zlik da’reje feyillerin tawi’p, wolardi’n’ qosi’mtalari’n ani’qlan’.

1. Yelmurat jerindegi wo’sip turg’an ko’k sho’plerdi ko’rip tan’landi’. *(J.A.)* 2. Marat a’ri-beri woylandi’. 3. Adamlar Qoshqarbaydi’n’ da’rwazasi’ni’n’ aldi’na ji’yi’ldi’. 4. Wog’an barli’q na’rse su’ykimli ko’rindi. *(W.X.)* 5. Qoshqarbay Wo’tepke buri’ldi’. *(S.X.)* 6. Wolar kiyimlerin kiyinip, buwi’ni’p, ketiwge tayarlandi’.

***252-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen feyil so’zlerge tiyisli qosi’mtalar qosi’p, wo’zlik da’reje jasap, ga’p ishinde keltirip jazi’n’.

Tara, tayarla, julqi’, suli’wla, kiy, silk, tazala, juw.

## § 66. Wo’zgelik da’reje

***253-shi’ni’g’i’w.*** To’mendegi tu’bir feyiller menen do’rendi feyillerdi bir-birine sali’sti’ri’n’. Birinshi qatardag’i’ feyillerden yekinshi qatardag’i’ feyillerdin’ wo’zgesheligin ayti’n’.

| | |
|---|---|
| Jaz — jazdi’r | jaz — jazg’i’z |
| yek — yektir | yek — yekkiz |
| ayt — aytti’r | ayt — aytqi’z |
| al — aldi’r | ju’r — ju’rgiz |
| ju’r — ju’rdir | wo’sh — wo’shir |
| ter — terdir | ko’sh — ko’shir |

Is-ha'rekettin' basqa birew arqali' isleniwin bildiretug'i'n feyillerge **wo'zgelik da'reje** delinedi. Mi'sali': Wol Asang'a qosi'q **aytqi'zdi'**, basqa balalarg'a saz **sherttirdi**. Bundag'i' **aytqi'zdi', sherttirdi** feyilleri wo'zgelik da'reje ma'nilerin bildiredi.

Wo'zgelik da'reje feyili to'mendegi qosi'mtalar arqali' jasaladi':

1) **-di'r/-dir, -ti'r/-tir** qosi'mtalari' tu'bir ha'm do'rendi tu'bir feyilge jalg'ani'p, wo'zgelik da'reje jasaladi'. Mi'sali': **aldi'r, ko'ndir, ishtir, aytti'r** t.b.

2) **-qi'z/-kiz, -g'i'z/-giz** qosi'mtalari' ko'binese awi'spali' feyillerge jalg'ani'p, awi'spali' wo'zgelik da'reje feyilin jasaydi'. Bul qosi'mta **-di'r/-dir** qosi'mtasi' menen sinonim boli'p keledi. Mi'sali': **alg'i'z-aldi'r, kiygiz-kiydir, jazg'i'z-jazdi'r** t.b.

3) **-i't/-it, -t** qosi'mtalari' da aqi'ri' dawi'sli' seslerge yamasa **r, l, y, k, q** dawi'ssi'zlari'na pitken feyillerge jalg'ani'p, wo'zgelik da'reje jasaladi'. Mi'sali': **woqi't, wor-nat, ji'li't, tani't, bosat, semirt, qozg'alt, azayt, ko'beyt, qorqi't, u'rkit** t.b.

Wo'zgelik da'reje jasawshi' qosi'mtalar birinin' u'stine biri jalg'ani'p, qabatlasi'p ta qollani'la beredi. Mi'sali': **aldi'r-t, aldi'rt-qi'z, aldi'rtqi'z-di'r, jazdi'r-g'i'z, woqi't-ti'r-g'i'z** t.b.

***254-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wo'zgelik da'reje feyillerinin' asti'n si'zi'p, jasali'wi'n ayti'p berin'.

1. Mug'allim woqi'wshi'larg'a terek tiktirdi, mekteptin' aynalasi'n tazalatti'. 2. Tereklerge suw a'keliw ushi'n salma qazdi'rdi'. 3. Wol a'n'gimesin qi'zi'qli' yetip ayti'p, adamlardi' ishek-silesi qatqansha ku'lgizdi. 4. Mug'allim woqi'wshi'larg'a bayan jazg'i'zdi'. 5. Woqi'wshi'larg'a kitapti' dawi'slap woqi'tti'. 6. Wo'nimnin' wo'zine tu'ser bahasi'n azaytti'. 7. Wol awi'ldan qawi'n-g'arbi'z aldi'rg'i'zdi'.

***255-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Wo'zgelik da'reje feyillerdi tawi'p, wolardi' tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p, ayti'p tu'sindirin'.

1. Mektep ushi'n alti' qabat u'y berip qoyi'ppan, yerten' tiktirip beremen. 2. Qi'si'nda ji'lli' bolmasa, men woqi'ti'w juwapkershiligin moyni'ma almayman. 3. — U'ylerine bari'p woqi't... Buri'nda sonday yedi, — dedi aqsaqal.

— Jag'day tuwdi'r, men sawatli' yetemen!... *(W.X.)* 4. Men woni' bali'q awlawg'a ko'ndirdim. 5. Xanzada woni'n' qolti'g'i'nan ko'terip turg'i'zdi'. *(A.B.)* 6. Ata-anam meni qoli'mnan jeteklep a'kelip, gu'dishektin' sayasi'na woti'rg'i'zi'p qoyatug'i'n yedi. 7. Ji'lamasi'n dep qoli'ma taraqtay nan uslati'p ketedi. *(Sh.A.)*

## § 67. Belgisiz da'reje

***256-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi bo'lip berilgen tu'bir ha'm qosi'mtali' feyillerdi bir-biri menen sali'sti'ri'n'. Yekinshi qatardag'i' feyillerdin' birinshi qatardag'i' feyillerden wo'zgesheligin ani'qlan'.

| | |
|---|---|
| ter | teril (di) |
| qaz | qazi'l (di') |
| si'ba | si'bal (di') |
| suwg'ar | suwg'ari'l (di') |
| shi'g'ar | shi'g'ari'l (di') |
| aqla | aqlan (di') |
| isle | islen (di) |

Is-ha'rekettin' islewshisi belgisiz bolg'an feyillerge **belgisiz da'reje** dep ataladi'. Mi'sali': **Woti'n shabi'ldi', gerbish wo'rildi, jay aqlandi'** t.b. Bul mi'sallardag'i' **woti'n, gerbish, jay** so'zlerine qatnasli' is-ha'rekettin' kim ta'repinen islengenligi belgisiz.

Belgisiz da'reje feyilinin' qosi'mtalari' yeki tu'rli:

a) - **i’l/-il, -l** qosi’mtalari’. Bulardi’n’ **-i’l/-il** qosi’mtasi’ feyil tu’birine dawi’ssi’z seslerden son’, al **-l** qosi’mtasi’ dawi’sli’ sesten keyin jalg’anadi’. Mi’sali’: **xat jazi’l (di’), paxta teril (di), sali’ wori’l (di’), suw ashi’l (di’), jer su’ril (di),** sabaq woral (di’) t.b.;

b) **-i’n/-in -n** qosi’mtalari’. Bul qosi’mtalardi’n’ **-i’n/-in** tu’ri feyil tu’birine dawi’ssi’zlardan keyin, al **-n** tu’ri dawi’sli’dan son’ jalg’anadi’. Mi’sali’: **sali’n (di’), ilin (di), tu’yeklen (-di), qalan (di’)** t.b.

Belgisiz da’rejenin’ **-i’n/-in, -n** qosi’mtasi’ wo’zlik da’rejenin’ qosi’mtasi’ menen birdey. Biraq bul yeki da’rejenin’ arasi’nda ma’nilik wo’zgeshelik bar. Bulardi’n’ qaysi’ da’rejenin’ ma’nisinde qollani’lg’anli’g’i’ kontekst (ga’pte qollani’li’wi’) arqali’ aji’rati’ladi’. Mi’sali’: **Azat juwi’ndi’, kiyindi, tarandi’** degendegi feyillerdin’ is-ha’reketi sol is-ha’rekettin’ iyesinin’ wo’zi ta’repinen islengenligi ani’q bilinip turadi’. Al, **qora tazalandi’, sali’ tu’yeklendi, kiyim ilindi** degen da’reje feyillerinin’ kim ta’repinen islengenligi belgisiz, uluwma is-ha’rekettin’ islengenligi xabarlanadi’.

***257-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen ga’plerdi woqi’n’. Belgisiz da’reje feyillerin tawi’p, wolardi’n’ qosi’mtalari’n atap ko’rsetin’.

1. Ha’r tu’pti ken’nen ali’p qari’m-qari’m yetip u’sh-to’rt jerden teren’ qazi’ldi’. 2. Qansha teren’ qazi’lg’an sayi’n ma’sele ayqi’n bola basladi’. 3. Wolar qazi’lg’an shuqi’rlardi’ ko’rdi. *(W.X.)* 4. Da’rwaza ashi’ldi’. 5. Si’yi’rlar bosati’ldi’. *(S.X.)* 6. Qi’zi’l suwdi’n’ pa’ti menen qali’n’ muz qopari’ldi’. *(W.A.)* 7. Ati’z-sheller tazalandi’. 8. Jerler suwg’ari’li’p boli’ndi’.

***258-shi’ni’g’i’w.*** To’mende berilgen feyillerge **-i’l/-il, -l, -i’n/-in, -n** qosi’mtalari’ni’n’ tiyislisin qosi’p, belgisiz da’reje feyilin jasan’. Qara ha’rip penen berilgenlerin ga’p ishinde keltirip jazi’n’.

Isle, **wor**, si'pi'r, **aqla**, juw, **kiy**, jara, **suwg'ar**, su'r su'rt, su'yke, tart, unta, maydala, al, **pitker**, wo'shir, ildir, keltir, **jaz**, woqi'.

***259-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Belgisiz da'reje feyillerin tawi'p, wolardi'n' da'reje jasawshi' qosi'mtalari'n ayti'n'.

1. Awi'l pu'tkilley uyqi'dan woyandi'. Qara u'ylerdin' tu'n'likleri ashi'ldi'. 2. Dasturqan jayi'li'p, shay ishildi. 3. Dasturqan u'stine qant ta, konfeta da qoyi'ldi'. *(W.X.)* 4. Ko'she boylari'ndag'i' aq terekler putaldi'. 6. Kereksiz taslandi'lar qaladan shi'g'ari'li'p taslandi'.

## § 68. Sheriklik da'reje

***260-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi feyillerdi tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'p ayti'n'. Tu'bir menen qosi'mtani'n' arasi'nda qanday ayi'rmashi'li'q bar yekenine itibar berin'.

Ko'ris, jazi's, isles, tarti's, a'kelis, so'yles, woylas, ko'teris, suwg'ari's, bo'lis, tarqas, ayti's, qazi's, teris.

Is-ha'reket birneshe adam ta'repinen birgelikte islenetug'i'ni'n bildiretug'i'n feyillerge **sheriklik da'reje** delinedi. Sheriklik da'reje feyilleri to'mendegi qosi'mtalar arqali' jasaladi':

1. Tu'bir ha'm do'rendi feyillerge **i's/-is, -s** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. Mi'sali': **jazi's, ko'ris, tani's, so'yles** t.b.

2. Sheriklik da'reje feyilleri **-las/-les** qosi'mtalari' arqali' jasaladi'. Bul qosi'mtalar ko'binese atawi'sh tiykarli' feyillerge jalg'ani'p, sheriklik da'reje feyilin jasaydi'. Mi'sali': **qaplas, qollas, woylas** t.b.

Sheriklik da'reje feyilleri to'mendegi ma'nilik wo'zgesheliklerge iye boladi':

a) is-ha'rekettin' birneshe adam ya'ki zatlardi'n' qatnasi'wi' arqali' birgelikte islengenlikti bildiredi.

Mi'sali': Wolar uzaq waqi't **woylasi'p, pikirlesedi,** juwabi' tabi'lsa birge **quwani'sadi'.** *(X.T.)* Gu'lzar anasi'na qami'r **iylesti,** nan jabi'wg'a **ja'rdemlesti.**

b) sheriklik da'reje feyilleri ko'plik ma'ni bildiredi. Ko'plik ma'nidegi sheriklik da'reje feyillerinen an'lati'lg'an is-ha'rekettin' iyesi (subyekt) ko'plik jalg'awli' yamasa ko'plik ma'nidegi so'zlerden boladi'. Mi'sali': Gu'lsa'nemler ishek-silesi qati'p **ku'listi.** *(J.A.)* Bizler sol ta'repke qaray **juwi'ri'sti'q.**

***261-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen tu'bir feyillerge **-i's/-is, -s, -las/-les** qosi'mtalari'ni'n' tiyislisin qoyi'p, sheriklik da'reje feyilin jasan'. Qara ha'rip penen berilgen so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'.

**So'zler:** bayla, ter, **wota**, a'kel, ji'y, buw, **apar**, qolla, **si'pi'r**, **yek**, u'y, tazala, ko'ter, sa'lem, ko'mek, ja'rdem.

***262-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Sheriklik da'reje feyillerin tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n ha'm ma'nilik wo'zgesheliklerin tu'sindirin'.

1. Wolar kele sala Ja'ha'ngir menen apaq-shapaq ko'risti. 2. Wol sol keypinde Narbay menen sa'lemlesti, hal-jag'day sorasti'. 3. Bizler sizin' pikirin'izge qosi'lami'z, — dep g'awi'rlasti'. 4. Yekewi bir-birine sa'l uzag'i'raqtan qarasti', son'i'nan ju'da' jaqi'n turi'p ushi'rasti'. 5. Ha'mme ne islew jo'ninde woylasti'. 6. Biz de tag'i' ko'remiz, woylasami'z, ma'sla'ha'tlesemiz. 7. Ilimpazlar, agronomlar, suw qa'nigeleri toplani'sti'. 8. G'awashalardi'n' rawajlani'wi', ta'rbiyasi' menen tani'sti'q. *(W.X.)*

***263-shi'ni'g'i'w.*** Feyil da'rejelerinin' tu'rleri boyi'nsha keste si'zi'n'. Kestege feyil da'rejelerinin' ha'rbir tu'rinin' da'slep qosi'mtalari'n, wonnan keyin 4-5 mi'sal keltirin'.

| Feyil da'rejeleri | Qosi'mtalar ha'm mi'sallar |
|---|---|
| | |

## FEYILDIN' JASALI'WI'

Feyiller yeki turli usi'l menen jasaladi':

1) Feyil jasawshi' qosi'mtalar 2) so'zlerdin' qosi'li'si'wi' arqali'. Feyildin' so'z jasawshi' qosi'mtalari' feyilden basqa so'z shaqaplari'na jalg'ani'wi' arqali' jan'a feyil so'z jasaladi'. So'zlerdin' qosi'li'w usi'li' da yeki so'zdin' ma'nilik jaqtan qosi'li'wi' arqali' jan'a feyil jasaydi'.

## § 69. Feyildin' qosi'mtalar arqali' jasali'wi'

***264-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi kestege di'qqat awdari'n'. Tu'bir so'zlerdin' qanday so'z shaqabi' yekenin ayti'n'.

| **Tu'bir so'zler** | **Qosi'mtalar** | **Do'rendi so'zler** |
|---|---|---|
| adi'm | - la | adi'mla |
| tu'yek | - le | tu'yekle |
| jaqsi' | - la | jaqsi'la |
| ko'k | - er | ko'ger |
| u'sh | - le | u'shle |
| bas | - qar | basqar |
| yes | - ker | yesker |
| qara | - y | qaray |
| tar | - ay | taray |

Basqa so'z shaqaplari'nan to'mendegi feyil jasawshi' qosi'mtalardi'n' jalg'ani'wi' arqali' jan'a **do'rendi feyiller** jasaladi':

1. **-la/-le** qosi'mtasi' atli'q, kelbetlik, sanli'q, ra'wish ha'm basqa da so'zlerge jalg'ani'p feyiller jasaladi'. Mi'sali': **basla, bazarla, qolla, dizerle** feyil-

leri atli'qtan jasalsa, **jaqsi'la, birle, jaqi'nla, joqari'la** feyilleri kelbetlik, sanli'q ha'm ra'wish-lerden jasaladi'.

2. **ar/-er/, -r** qosi'mtalari' kelbetlikten feyil jasaydi': **ko'k-ko'ger, taza-tazar, jan'a-jan'ar** t.b.

3. **ay/-ey, -y** qosi'mtalari' kelbetlikke ha'm geypara atli'q ha'm ra'wishlerge jalg'ani'p, do'rendi feyil jasaydi': **tar-taray, ken'-ken'ey, mol-molay, qara-qaray, uzi'n-uzay, ko'p-ko'bey** t.b.

4. **-a, -e** qosi'mtasi' atli'qtan feyil jasaydi': **wot-wota, tu'n-tu'ne, woyi'n-woy (i') na, ji'yi'n-jiy(i')-na, san-sana** t.b.

5. **-qar -ker, -g'ar, -ger** qosi'mtalari' atli'q so'zlerge qosi'li'p, do'rendi feyil jasaydi': **bas-basqar, yes-yesker, suw-suwg'ar, an'-an'g'ar** t.b.

6. **-lan, -len** qosi'mtasi' atli'q ha'm kelbetlikten feyil jasaydi': **qari'w-qari'wlan, kewil-kewillen, shad-shadlan, yesersoq-yesersoqlan, kishipeyil-kishi-peyillen** t.b.

***265-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'nan ja-salg'ani'n ayti'n'.

1. Fermada qi'zg'i'n jumi's baslandi'. 2. Qoylar qozi'ladi'. 3. Ba'ha'rde ko'k sho'pler ko'gere basladi'. 4. Jari's pa'ti buri'ng'i'dan beter ku'sheydi. 5. Woqi'w-shi'lar g'awashalardi' u'shledi. 6. Wolar mallari'n suwg'ardi'. 7. Ba'ha'rde ku'n uzardi'. 8. Woqi'wshi'-lardi'n' ja'miyetlik jumi'sqa qatnasi'n mug'allim basqari'p bardi'. 9. Wol Baltabaydi' balasi'ndi' ma, a'ytewir woni'n' so'zin ti'n'lag'i'si' kelmedi. 10. Ha'mme woni'n' so'zine ku'limsiredi. 11. Wol wo'zine kewli toli'p shadlandi'.

***266-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi'nan ha'm qanday qosi'mtalar arqali' jasalg'ani'n ayti'p berin'.

## JAYLAWDA

Ko'z jiberdim jaylawg'a,
Mol tabi'slar jaylawda.
Anasi'na yerkelep,
Jas qozi'lar woynawda.
Jaylaw sa'ni bir bo'lek,
Jasi'l sho'pler jaynawda.
Buzawlari'm semirip,
Ko'k maysani' toylawda.
Sharwalari'm yertelep,
Mal silosi'n saylawda.
Qi'zi'qti'rdi' meni ko'p,
Jaylawdag'i' bay sawg'a.
Jali'qpayman hesh waqta,
Jaylawi'mdi' ji'rlawg'a.

*(S.N.)*

***267-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerge feyil jasawshi' qosi'mtalar qosi'p, ko'shirip jazi'n' ha'm sol qosi'mtali' so'zlerdin' ishinen wo'zlerin'iz tan'lap ali'p bes ga'p quran'.

Ko'k, aq, qol, gu'l, yekew, to'men, taraq, qonaq, ko'p, ji'yi'n, jas, woyi'n, adi'm, qi'sqa, uzi'n, bu'rtik, kewil.

7. **-i'/-i** qosi'mtasi' wo'nimsizlew qollani'li'p, kelbetlik, ra'wish ha'm yeliklewish so'zlerden feyil jasaydi'. Mi'sali': **ken'-ken'i, bek-beki, juwas-juwasi', kem-kemi, burq-burqi', sharp-sharpi'** t.b.

8. **-i'q/-ik** qosi'mtasi' atli'q, kelbetlik, sanli'q ha'm ra'wishten feyil jasaydi': **boz-bozi'q, tot-toti'q, dem-demik, da'm-da'mik, jol-joli'q, bir-birik, kesh-keshik** t.b.

9. **-si'/-si, -si'n/-sin, sira/-sire, si't/-sit** qosi'mtalari' ma'nilik jaqtan bir-birine jaqi'n. Wolar atli'q, kelbetlik, almasi'q ha'm ra'wishlerge jalg'ani'p, feyillerdi jasaydi'. Mi'sali': **balasi'n, ju'reksin, ar-**

**si'n, bati'rsi'n, qi'zi'qsi'n, awi'rsi'n, menmensin, ko'psin, uyqi'si'ra, ha'lsire, kemsit, siyreksit** t.b.

10. **-ra/-re/, -i'ra/-ire** qosi'mtalari' atli'q, kelbetlik ha'm yeliklewish so'zlerden feyil jasaydi'. Bul qosi'mtalar geypara seske yeliklewish so'zlerden do'rendi feyil jasap kelgende, tiykarg'i' tu'bir menen qosi'mtani'n' arasi'nda **n'** sesi yesitiledi ha'm jazi'ladi'. Mi'sali': **tumawra, quwra, jalti'ra, jarqi'ra, ji'lti'ra, gu'rkire, man'i'ra, mo'n'ire** t.b.

***268-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqabi'nan jasalg'ani'n tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'p ayti'p berin'.

1. Qara u'ydin' aldi'ndag'i' qaqi'rani'n' ishinde shari'q-lardi'n' gu'n'rengen dawi'slari' yesitildi. (A.B.) 2. Su'tke suw qossan' su'ymesin boladi', ku'shke ku'sh qossan' demesin boladi'. 3. Aqsaq qoy tu'sten keyin man'i'raydi'. 4. Jaraqli' ku'ni jaw joli'qpaydi'. 5. Jaw qashsa, bati'r ko'beyedi. 6. Atlardi'n' shabi'si' menen joldi'n' shan'lari' burqi'radi'. 7. Wol mi'yi'q tarti'p ku'limsiredi. 8. Jol boyi'ndag'i' sho'pler a'lleqashan quwrap qalg'an.

***269-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi so'zlerge § 69 tin' 7-, 8-, 9-punktlerindegi qosi'mtalardi'n' tiyislisin jalg'ap, ha'rbir tu'rine bir yamasa yeki so'z tan'lap ali'p bes-alti' ga'p quran'.

Bek, juwas, kem, jelp, qun, da'm, jol, wori'n, yerkin, qi'zi'q, bilgish, qi'mbat, as.

## § 70. Feyilden feyil jasawshi' qosi'mtalar

Tu'bir yamasa do'rendi feyillerge feyildin' so'z jasawshi' qosi'mtalari' jalg'ani'p, yekinshi bir buyri'q meyil yamasa feyil da'rejeleri jasaladi'.

To'mendegi qosi'mtalar arqali' feyilden yekinshi bir feyil so'zler jasaladi':

1. **-la/-le, -ta/-te** qosi'mtalari' tu'bir feyillerge jalg'ani'p, buyri'q meyil jasaydi'. Mi'sali': **bu'kle, u'rle, sabala, qamala, qarawla, qi'sta, qi'mta** t.b.

2. **-a/-e, -i'/-i** qosi'mtalar arqali': **bura, wo'te, du'ze, qura, joni', mi'ji', keri, sori', tinti** t.b.

3. **-na/-ne, -ra/-re** qosi'mtalari' tu'bir feyillerge jalg'anadi': **kerne, jayna, tu'yne, jayra, tu'yre** t.b.

4. **-si'/-si** qosi'mtasi' **-g'an/-gen** qosi'mtali' kelbetlik feyillerge jalg'ani'p buyri'q ma'nili do'rendi feyil jasaydi'. Mi'sali': **bilgensi, bilmegensi, ko'rgensi, ko'rmegensi, aytpag'ansi', sezbegensi** t.b.

5. **-mala/-mele (-pala/-pele, -bala/-bele)** qosi'mtalari' tu'bir ha'm do'rendi feyillerge jalg'ani'p, is-ha'reketi dawamli' ma'nidegi buyri'q meyil jasaydi'. Mi'sali': **basti'rmala, u'ymele, qazbala.**

***270-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p, wolardi'n' feyil jasawshi' qosi'mtalari'n ha'm qanday so'z shaqabi'na jalg'ani'p kelgenin ani'qlan'.

1. A'jimurat wo'ship qalg'an wotti' u'rlep ali'sti'rdi'. 2. Wot lawlap jana basladi'. 3. Ali'sta awi'ldi'n' daqi'llari' tolqi'nlani'p, jaynap ko'rinedi. 4. Bizler yegislik jerlerdin' jap-shellerin du'zettik. 5. Sali' ati'zlari'nda sabanlar qalay bolsa solay jayrap ati'r. 6. Wol bul ha'diyselerdi ko'rse de wo'zinshe bilmegensindi. 7. Wolar yesiginin' aldi'na shertek sog'i'p basti'rmaladi'.

***271-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Do'rendi feyillerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' tu'bir ha'm so'z jasawshi', so'z tu'rlewshi qosi'mtalari'n aji'rati'p ayti'p berin'.

1. Paroxod bizlerge ju'da' jaqi'nladi'. 2. Atam qi'r-mandi' qi'zi'lladi'. 3. Men atama ko'meklestim. 4. Men woni'n' pikirin quwatladi'm. 5. Kereksiz na'rselerdi shi'-g'ari'p taslag'annan keyin, jaydi'n' ishi biraz ken'eydi. 6. Shi'raqlar jag'i'lg'annan keyin jaydi'n' ishi jaynap ketti.

***272-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Feyilden feyil jasawshi' qosi'mtalardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' qanday feyillerdi (qaysi' da'reje, qaysi' meyil) jasap turg'ani'n ayti'n'.

1. Wol qoli'ndag'i' qag'azi'n yeki bu'kledi. 2. Bizler uslag'an bali'qlari'mi'zdi' suw boyi'nda tazaladi'q. 3. Wol menin' qoli'mnan tarti'p julqi'ladi'. 4. Yekewi de bir-birine ti'g'i'li'si'n'qi'radi'. 5. Bag'dagu'l mi'yi'q tarti'p ku'limsiredi. 6. Wolar bizlerdi asi'qti'ri'p qi'stasti'rdi'. 7. Wol bir aytqani'n yeki ayti'p mi'ji'di'. 8. Apam iyneni quraq da'skerge tu'yredi.

## § 71. Feyil jasawshi' qosi'mtalardi'n' jazi'li'wi'

1. Feyil jasawshi' qosi'mtalar tu'bir so'zdin' son'g'i' buwi'ni'ni'n' juwan-jin'ishkeligine qaray juwan ha'm jin'ishke tu'rinde jazi'ladi'. Mi'sali': **adi'm-la, qari's-la, tu'ygish-le, shad-lan, kewil-len, az-ay, ko'p-ko'bey, saw-mala, iyter-mele** ha'm t.b.

2. Yeger feyil jasawshi' **-a** qosi'mtasi' **woyi'n, ji'yi'n, qi'yi'n** si'yaqli' so'zlerge jalg'ansa, sol so'zlerdegi yekinshi buwi'ndag'i' **i'** ha'ribi tu'sip qali'p jazi'ladi': **woyi'n-woyna, ji'yi'n-ji'yna, qi'yi'n-qi'yna** ha'm t.b.

3. Dawi'sli' sesten baslang'an **ar/-er, -ir, -ey** qosi'mtalari' **aq, ko'k, sho'k, ko'p** si'yaqli' so'zlerge jalg'ang'anda, tu'birindegi **q, k, p** sesleri **g', g, b** seslerine wo'zgeredi ha'm sol wo'zgergen tu'rinde jazi'ladi': **aq-ag'ar, ko'k-ko'ger, sho'k-sho'gir, ko'p-ko'bey.**

***273-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Jazi'wda wo'zgeriske ushi'rag'an do'rendi feyillerdi tawi'p, wolardi'n' wo'zgeriske ushi'raw sebeplerin tu'sindirin'.

Ba'ha'r baslani'p, ko'k sho'pler ko'gerdi. Mektep aynalasi'ndag'i' terekler japi'raq shi'g'ardi'. Mektebimizdin'

aldi’na Berdaq atami’zdi’n’ mu’sini wornati’ldi’, woni’n’ a’tirapi’na ha’r tu’rli gu’ller yegildi. Yestelikke woqi’wshi’lar ji’ynaldi’. Yesteliktin’ ashi’li’w hu’rmetine mektebimizdin’ woqi’wshi’lari’ yestelikti aynali’p woynadi’, qosi’q aytti’. Woyi’nshi’ woqi’wshi’lardi’n’ sani’ ko’beydi.

***274-shi’ni’g’i’w.*** Berilgen so’zlerge tiyisli qosi’mtalari’n jalg’ap ko’shirip jazi’n’. Jazi’wda wo’zgeriske ushi’rag’an so’zlerdin’ asti’n si’zi’n’ ha’m wolardi’n’ wo’zgeriske ushi’raw sebebin ayti’n’.

**So’zler:** qozi’, tis, arqan, gips, g’umsha, tati’w, u’sh, jaqi’n, tu’n, gu’ril, ko’k, wot, wori’n, woyi’n, ji’yi’n, az, ko’p, sho’k, aq, so’k, qol, qi’yi’n, i’si’l, won’, bat.

**Qosi’mtalar:** -a/-e, -la/-le, -las/-les, -da/-de, -ay/-ey, -ar/-er, -g’ar/-ger, -i’r/-ir.

## SO’ZLERDIN’ QOSI’LI’WI’ ARQALI’ FEYILLERDIN’ JASALI’WI’

***275-shi’ni’g’i’w.*** Bag’anani’n’ yeki ta’repindegi feyillerdi sali’sti’ri’n’. Wolardi’n’ qanday so’z shaqaplari’ni’n’ qosi’li’wi’ arqali’ jasalg’ani’na di’qqat awdari’n’.

| | |
|---|---|
| hu’rmet yetti | kelip ketti |
| maqul ko’rdi | kirip shi’qti’ |
| sa’lem berdi | ali’p keldi |
| jaqsi’ ko’rdi | qazi’p al |
| juwap berdi | ko’rip kel |

## § 72. Qospa feyiller

Atawi’sh so’z ha’m feyildin’ yamasa yeki feyildin’ qosi’li’wi’ arqali’ qospa feyiller jasaladi’. Qospa feyiller jasali’wi’na qaray, **atawi’sh tiykarli’ qospa feyiller** ha’m **feyil tiykarli’ qospa feyiller** boli’p, yeki topargʼa bo’linedi.

1. Feyilden basqa atawi'sh so'zlerge feyillerdin' qosi'li'si'wi' arqali' jasalg'an feyiller **atawi'sh tiykarli' qospa feyiller** dep ataladi'. Atawi'sh so'zlerge qosi'li'sqan feyiller wo'zinin' qosi'li'sqan so'zinin' da'slepki leksikali'q ma'nisin ha'reketlik ma'nige wo'tkeredi. Sali'sti'ri'n': **Sa'lem beriw — sa'lemlesiw, xabar yet — xabarla, tasti'yi'q boldi' — tasti'yi'qladi', maqul ko'rdi — maqulladi', dos boli'w, jaqsi' ko'riw, qol qoyi'w, tan' qali'w, tars-turs yetiw** t.b.

2. Feyil tiykarli' qospa feyiller feyillerdin' qosi'li'si'wi'nan jasaladi'. Qosi'li'sqan feyillerdin' yekewi de ma'nili feyillerden boladi'. Mi'sali': **sati'p ali'w, ali'p keliw, ali'p bar, ali'p kel, ali'p ber, ko'rip kel, kirip shi'q, bari'p kel, bari'p qaytqan** t.b.

Qospa feyiller u'sh yamasa wonnan da ko'p feyillerdin' qosi'li'si'wi' arqali' da jasaladi'. Mi'sali': **dawam yetip ati'r, aybat yetip qoydi', xabar berip turatug'i'n yedi, dawam yetip ati'rg'an yedi** t.b.

**An'lati'w: -ip/-ip, -p, -a, -e, -y** formali' hal feyiller menen ko'mekshi feyillerdin' qosi'li'si'wi' barli'q jag'dayda qospa feyillerdi jasay almaydi'. Mi'sali': **woqi'p ati'r, qarap tur, islep ju'r, woqi'p shi'g'i'w, so'ylep beriw, jaza ber, jaynap ketti** t.b. Bul qosi'li'sqan so'zlerdin' ha'mmesinde yekinshi komponettegi (bo'legi) so'zler da'slepki komponenttegi (bo'legi) so'zge qosi'msha grammatikali'q ma'ni beriwshi ko'mekshi feyil xi'zmetin atqaradi'.

***276-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Qospa feyillerdi tawi'p, wolardi'n' neshe so'zden, qanday so'z shaqaplari'nan jasalg'ani'n ani'qlan'.

Quti'm bu'gin yerte woyandi'. Ken' daladan qatti' yesken samaldi'n' gu'wildisi, u'rgen iytlerdin' dawi'si' woni'n' uyqi'si'n buzi'p jiberdi. Qara u'yler shati'r-shuti'r yetip, ten'selip turg'anday. Mu'mkin, basqa bir na'rse bo-

li'p qalg'an shi'g'ar dep te woyladi'. Gu'z ayi'ni'n' salqi'n tartqan son'g'i' ku'nlerinde ko'k sho'plerdin' iyisi, da'rya boyi'ni'n' salqi'n hawasi' ju'rek sezimin ku'sheyte tu'sti.

Wol worni'nan turi'p, a'dettegidey kerilip-sozi'li'p yerkin dem aldi'. Tan'ni'n' salqi'n hawasi'n meyilinshe juti'p, jani' ra'ha'tlengendey, kewil sarayi' ashi'la tu's-kendey boldi'. *(X.S.)*

***277-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qospa feyillerdi tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm ga'p ag'zalari'ni'n' qaysi' tu'ri yekenin ayti'p berin'.

Ku'n tami'lji'p tur. Yerte gu'zdin' mawji'rag'an azani'. Men xosh iyisli azanni'n' shi'qli' hawasi'nan na'pes ali'p, zawi'qlani'p, shoqalaq jaqqa biraz qarap turdi'm. Men qayda barsam da, basqa bir jaqqa bet bursam da, ko'z aldi'mda turg'an na'wshe gu'ldey jas urpaqlardi' ta'rbiya-law ha'm woqi'ti'wdi' bir jo'nge sali'p baslap jiberiw woyi'mnan shi'qqan yemes.

Waqi't belgisiz tu'rde wo'tpekte. Woqi'w-ta'rbiya jumi'si' — ma'mleketlik is! Men buni' jaqsi' bilemen. Biraq, ha'zirinshe mag'an ja'rdem beretug'i'n adam shamali'. Duri's, Aybergen ag'a klass ushi'n qara u'y tiktirip berdi, bul jo'ninde usi' woti'ri'qshi' woqi'wshi'larg'a xabar yetti. Woni'n' buni'si'na da shi'n ju'rekten, raxmet! *(W.X.)*

***278-shi'ni'g'i'w.*** Feyillerdi woqi'p, wolardi'n' jasali'w jollari'n tu'sindirin'. Qospa feyillerdin' birinshi so'zinin' qaysi' so'z shaqa-bi' yekenin ha'm son'g'i' so'zinin' qanday feyiller yekenin ayti'n'.

Qol qoydi', hu'rmet yetti, ko'rip shi'q, jek ko'riw, sa'lem beriw, shomp yetiw, gu'rs yetti, xabar beriw, wa'de yetiw, dem ali'w, shi'g'ari'p sali'w, ali'p kel, sati'p al, qarap tur, woynap ju'r, wo'mir su'riw, jazg'an yedi, ayta-tug'i'n yedi, maqul ko'riw, qabi'l yetiw, tan' qali'w, uza-ti'p sali'w, baha beriw, qulaq aspaw, xabarlasi'p turatug'i'n yedim, dem ali'p woti'r yedi, dawam yetip ati'r yeken.

***279-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen qospa feyillerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Wolardi'n' jasali'wi'n ha'm ga'p du'zgende qanday so'z wo'zgertiwshi qosi'mtalardi'n' jalg'ani'p kelgenin ani'qlan'.

Qabi'l yetiw, dos boli'w, kewil ko'teriw, ko'z sali'w, ali'p kel, ali'p shi'q, tamam boldi'.

## § 73. Birikken ha'm birikpegen qospa feyiller ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

Qospa feyiller birikken, birikpegen ha'm jup so'z tu'rlerinde qollani'ladi'.

1. Qospa feyiller yeki tu'bir feyildin' birigiwinen jasaladi'. Bunday feyiller bir so'z tu'rinde birigip jazi'ladi'. Mi'sali': **apar** (ali'p bar), **a'per** (ali'p ber), **a'kel** (ali'p kel), **barati'r** (bara ati'r), **kiyati'r** (kele ati'r), **yerjetiw, yerjetken** t.b.

2. Qospa feyiller yeki so'zdin' ma'nilik jaqtan qosi'li'si'p, dizbeklesip keliwi arqali' jasaladi'. Diz-beklesiw joli' menen jasalg'an qospa feyiller birik-pey, bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': **ko'rip shi'q, woqi'p boldi', jazi'p al, na'zer sal, xabar yet, qol qoydi', dem aldi', so'ylep ber, ja'rdem yetti** t.b.

3. Qospa feyiller juplasi'p ta ayti'ladi'. Juplasi'p ayti'lg'an feyillerdin' arasi' defis arqali' jazi'ladi': **so'yley-so'yley, bara-bara, ayta-ayta, ko're-bile, qaray-qaray, aytti'-qoydi', isledi-tasladi'** t.b.

***280-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Birikken ha'm birikpegen qospa feyillerdi tawi'p, wolardi'n' jazi'li'wi'n tu'sindirin'.

1. Qi'zari'p tan' ati'p kiyati'r. 2. Da'ryani'n' suwi' sarqi'li'p barati'rg'anday azlaw ko'rindi. 3. Tan'ni'n' shashi'rap ati'wi' da woni'n' kewlin ko'termedi, na'zeri to'men. 4. Tek g'ana ko'k jiyekten ko'terilip kiyati'rg'an ala bultli' aspanni'n' qus joli'nday ayg'i'shlang'an si'zi'q-lari'na bir qaradi'. 5. Quti'm ne ushi'n tan' sa'ha'rden

A'miwda'rya boyi'na, Qos to'bege ko'z taslaydi'. 6. Sebebi, ju'reginde bir si'rli' waqi'ya jati'r... 7. Wol alg'a qaray yentelep ju'rip barati'r. 8. Qasi'ndag'i' jas bala — Xojan albi'rap, aldi'nda barati'rg'an Seyilbekti ko're almay qaldi'. *(X.S.)*

***281-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Qospa feyillerdi tawi'p, wolardi'n' asti'n si'zi'n' ha'm jazi'li'wi'n ayti'n'.

1. Bizler soqpaq penen kiyati'rmi'z. 2. Soqpaq bizlerdi tuwri' awi'lg'a apardi'. 3. Bizler ji'l sayi'n sayaxatqa shi'g'i'p turami'z. 4. Mug'allim mag'an ana kitaplardi' ali'p ber dep jumsadi'. 5. Men ko'rsetilgen kitaplardi' a'perdim. 6. Woqi'wshi'lar azanda mektepke qaray ketip barati'rg'an yedi. 7. Al, adamlar bolsa, yersili-qarsi'li' jumi'slari'na asi'g'i'p ketip barati'r.

Qospa feyiller meyil, ma'ha'l ham modalli'q ma'nilerde de qollani'ladi'. Bul jag'dayda qospa feyiller ani'qli'q meyildin' betlik qosi'mtalari'n qabi'l yetedi. Betlik qosi'mtalari' qospa feyildin' son'g'i' si'n'ari'na (ko'mekshi feyilge) qosi'ladi'. **Mi'sali': sati'p aldi'm, sati'p aldi'n', sati'p aldi', qosi'q aytti'm, qosi'q aytsan', qosi'q aytti'** t.b.

Qospa feyiller ko'binese ga'ptin' bayanlawi'shi' xi'zmetin atqaradi'. **Mi'sali':** Wolar bir-birewine **ja'rdem berdi.** Wortag'a jayi'lg'an dasturqang'a nan **ali'p kelindi.** (J.S.)

***282-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi qospa feyillerdi u'sh ma'ha'lde, betlik qosi'mtalari'n qosi'p tu'rlen'.

Ali'p kel, ja'rdem ber, xabar yet, kirip shi'q.

***283-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qospa feyillerdi tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n ha'm ga'ptin' qaysi' ag'zasi'ni'n' xi'zmetinde kelgenin ayti'n'.

Jas sharwani'n' 1992-ji'l qutli' ji'llari'ni'n' biri boldi'. Wolar wo'z qaramag'i'ndag'i' mallardi' ku'tip bag'i'wdi'n' na'tiyjesinde ma'mleketke 8 tonna go'sh tapsi'ri'p, aq ju'zli abi'rayg'a yeristi. Bir ji'ldi'n' ishinde Maqset penen Qarshi'g'a a'dewir ta'jiriybe ha'm qa'rejet topladi'. Xojali'g'i'ndag'i' mallardi'n' bas sani'n 20 g'a ko'beytti. Jas sharwalar tek mallardi'n' ku'timine qaraw menen g'ana sheklenip qalg'an joq. Qolda bar imkaniyatlardan uqi'pli' paydalani'p, wo'zleri ushi'n aji'rati'lg'an 30 gektar jerden mallar ushi'n wot-sho'p daqi'llari'n molayti'p ati'r. Sebebi, jem, wot-sho'psiz sharwani'n' tabi'sqa yerisiwi mu'mkin yemes. Buni' yerli-zayi'pli' jas sharwalar jaqsi' tu'sinedi.

### *Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. Feyiller neshe tu'rli usi'l arqali' jasaladi'?
2. Qospa feyiller jasali'wi' boyi'nsha neshe toparg'a bo'linedi?
3. Birikken ha'm birikpegen qospa feyillerdin' jasali'w wo'zgesheligin tu'sindirip berin'.
4. Qospa feyillerdin' jazi'li'wi'n tu'sindirin'.

## KELBETLIK FEYIL

### § 74. Kelbetlik feyil haqqi'nda tu'sinik

To'mendegi kelbetlik feyillerdin' jasali'wi'na di'qqat awdari'n'.

| | |
|---|---|
| bar-g'an — barg'an | bar-ar — barar |
| kel-gen — kelgen | kel-er — keler |
| ayt-qan — aytqan | woqi'-r — woqi'r |
| jet-ken — jetken | bara-jaq — barajaq |
| bara-tug'i'n — baratug'i'n | bar-maqshi' — barmaqshi' |

Zatti'n' belgisin is-ha'reket arqali' bildiretug'i'n feyillerge **kelbetlik feyil** delinedi.

Kelbetlik feyil yeki so'z shaqabi' — feyil ha'm kelbetliktin' ma'nisin bildiriwshi feyildin' ayri'qsha

bir tu'ri. Wol do'rendi tu'rinde betlik ma'nige iye yemes. Sonli'qtan betlik yemes feyillerdin' topari'na kiredi.

Kelbetlik feyil is-ha'reket ma'nisinde kelgende, da'reje, ma'ha'l, bet-san, boli'mli'-boli'msi'zli'q qosi'mtalari' menen wo'zgeredi. Basqa feyiller si'yaqli', seplik qosi'mtali' ha'm tirkewishli ata-wi'shlardi' basqaradi'. Wolar kelbetlikler si'yaqli', ko'binese atli'q so'zlerdin' aldi'nda kelip, woni' is-ha'reket arqali' si'patlaydi', ga'pte ani'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': **su'rilgen** jer, **qaynag'an** suw, **wori'lmag'an** pishen, **yegiletug'i'n** jer t.b. **Su'rilgen** jerlerge tuqi'm sebilip mala basi'ldi'. **Suwg'a qang'an** ji'lqi'lar seyisxanag'a qarap tasi'r-lasi'p shawi'p ketti. *(Sh.A.)*

***284-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' woqi'n'. Kelbetlik feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qanday so'z shaqaplari'ni'n' aldi'nda kelgenin, qanday so'zler menen dizbekleskenin ha'm sorawlari'n ayti'p berin'.

Tuwg'an jerdi biz ken' deymiz qashannan,
Ken'lik wog'an nesip yetken a'zelden,
Tuwg'an jer — bul da'wir menen jasag'an,
Wol babamni'n' qoli' menen bezelgen.

Babam — sahrayi', ko'p jol wo'tilgen,
Sahrada gu'l pitse woni'n' qoli' bar.
Demde-aq qi'rq gez qudi'q qazi'p pitirgen,
Woni'n' wo'zinshelik su'rdew joli' bar.

Gu'ldi quwratqandi' wobal dep bilip,
Woni' jasartqandi' sawap sanag'an,
Qayda saz yesitse, qulag'i'n tu'rip,
U'yinen bir wori'n qoyi'pti' wog'an.

*(S. P.)*

***285-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Kelbetlik feyildi tabi'n'. Wolarg'a sorawlar qoyi'p, qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde yekenine tu'sinik berin'.

Mine, Qi'zi'lqum boylari'nda haqi'yqat ba'ha'r basландi'. Ko'kte quyash jarqi'rap, jer-anani'n' bawi'ri'n balqi'tti'. Tumli'-tus ko'k-jasi'l do'ngen lipaslar kiyindi. Tuw uzaqtan ko'zge tu'setug'i'n taw jotalari' menen qum janbawi'rlari' jasi'l maysalar menen bo'lendi. So'ytip, ja'n-jaqti'n' ba'ri g'awlap shi'qqan, a'tirdey an'qi'g'an wo'simlikler menen mali'ndi'...

Mine, asi'g'i'p ku'tken ku'n de kelip jetti. To'r bettegi u'stine qi'zi'l borlat jabi'lg'an qi'zi'l stol bu'gin a'kelip qoyi'lg'an yedi. *(W. X.)*

***286-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan kelbetlik feyilge 6 ga'p ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' asti'n si'zi'n'.

## § 75. KELBETLIK FEYILDIN' JASALI'WI'

Kelbetlik feyiller to'mendegi qosi'mtalar arqali' jasaladi'.

1. Tu'bir ha'm do'rendi tu'bir feyillerge **-g'an / -gen, -qan/ken** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi': **woqi'-g'an, isle-gen, ayt-qan, ket-ken, aytqi'z-g'an, jazdi'r-g'an, ju'rgiz-gen, islet-ken** t.b.

2. Buyri'q meyilge **-ar/-er, -r** qosi'mtalari' jalg'ani'w arqali': *bar-ar, kel-er, sora-r, jazdi'r-ar, woqi't-ar, ko'rset-er* t.b.

3. Hal feyildin' **-a, -e, -y** qosi'mtali' tu'rlerine, **-tug'i'n, -jaq** qosi'mtalari' jalg'ani'w arqali' da kelbetlik feyil jasaladi': **keletug'i'n, ali'natug'i'n, woqi'ytug'i'n, aytajaq, ko'rejaq, barajaq, jetejaq** t.b.

Kelbetlik feyildin' **-g'an/-gen, -qan/-ken** qosi'mtali' tu'rleri feyildin' wo'tken ma'ha'lin, **-ar/-er, -r, -tug'i'n, -jaq** qosi'mtali' tu'rleri keler ma'ha'ldi bildiredi.

Kelbetlik feyiller qospa feyil tu'rinde de qollani'ladi'. Mi'sali': **kirip kelgen, shi'g'i'p ketken, ali'p kiyati'rg'an, woqi'ytug'i'n bolg'an, so'ylep berejaq, ali'p kelejaq** t.b.

***287-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Kelbetlik feyillerdin' jasali'wi'n ha'm wolardi'n' qaysi' ma'ha'ldi bildirip turg'ani'n ayti'n'.

Ku'tken ku'nler de kelip jetti.

Aqsayg'a keletug'i'n atlardi' birewler desantti'n' ati' dese, birewler Aqsaydi'n' ati' deydi. Sawri'si' ji'lti'rap, bu'yirleri shi'g'i'p turg'an, qarni' toq, sho'li qang'an atlar yedi bular. Atlar da'slepki ku'nleri suwg'ari'wg'a apar-g'anda, soqi'rlarday ayag'i'n abaylap basi'p zorg'a ju'retug'i'n yedi. Son'i'nan wolar da'ryadan qaytqanda jari'si'p shabi'si'p qaytatug'i'n boldi'. *(Sh.A.)*

***288-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen feyillerge kelbetlik feyildin' tiyisli qosi'mtasi'n qosi'p, kelbetlik feyil jasan'.

Ayt, ket, kel, bar, suwg'ar, su'rgiz, bol, ti'rmala, woqi', isle, jazdi'r, ji'y, ji'yna, aqla, woqi't, wota, ko'r, bil, sora.

***289-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan kelbetlik feyildin' jasali'wi'ni'n' ha'rbir tu'rine yeki ga'pten tawi'p jazi'n'.

## § 76. Kelbetlik feyildin' atli'qlasi'wi' ha'm ga'ptegi xi'zmeti

Kelbetlik feyiller ga'p ishinde atli'q ma'nisinde qollani'li'p atli'qlasadi'. Atli'qlasqan kelbetlik feyiller atli'qti'n' ko'plik, seplik qosi'mtalari'n qabi'l yetedi.

Kelbetlik feyiller wo'zine bag'i'ni'shli' so'zler menen birlikte kelbetlik feyil toplami'n du'zedi ha'm sol toplam ga'pte ken'eytilgen ani'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': **Suwg'a qang'an** ati'zlar yegiske tayarlandi'. **Ali'stan ko'ringen** Samarqand

tawlari' ha'r tu'rli tu'ske yenip buldi'rap ko'rinedi. («*Y. Q.*») Hu'kim su'rge ti'ni'shli'qti' **hawli'g'i'p kirip kelgen** jigit buzdi'. (*S. X.*)

Kelbetlik feyiller ga'p ishinde to'mendegi sintaksislik xi'zmetlerde keledi.

1. Ataw seplik tu'rinde atli'q so'zlerdi si'patlap kelgende, ani'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': **Islengen** jumi'slardi' ko'rip shi'qti'q. **Suwg'ari'lg'an** jerleri tapqa keldi.

2. Kelbetlik feyiller ga'ptin' son'i'nda kelip bayanlawi'sh boladi'. Mi'sali': Yeki wotaw qatar **tigilgen.** *(W.X.)* Wol kiyim **kiygende,** adam qarap turg'anday boli'p **jarasatug'i'n yedi**. *(M.D.)* Wol bi'yi'l liceyde **woqi'yjaq**.

3. Atli'qlasqan kelbetlik feyiller ga'pte baslawi'sh, toli'qlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi'. Mi'sali': 1. **Ayran ishken** quti'ladi', **shelek jalag'an** tuti'ladi'. (Naqi'l). 2. **Woqi'wdi' pitkergenler** awi'lg'a keldi. 3. Ayag'i' u'lken **si'yg'ani'n** kiyedi, ayag'i' kishkene **su'ygenin** kiyedi. (Naqi'l)

Bul mi'sallardag'i' 1-2-ga'ptegi kelbetlik feyiller baslawi'shti'n' xi'zmetin 3-ga'ptegi kelbetlik feyiller toli'qlawi'sh xi'zmetin atqari'p kelgen.

***290-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'p tu'sindirip berin'.

1. Ushan Qaratawg'a **jaqi'nlag'annan** saldawshi'lar menen da'rg'ani'n' mazasi' qasha basladi'. 2. Kemeshiler si'r bildirgisi kelmey, Sa'hibjamaldan **bir na'rseni jasi'rg'an** si'yaqli' ko'rinedi. 3. Ga' ag'i'sqa, ga' quyashqa qarap **woti'rg'an** Sa'hibjamal darg'ag'a na'zer taslap yedi, qasi'-qabag'i'n qari's u'yip, tunji'rap tur yeken. 4. **Bilmegenin sorag'an** ali'm, **soramag'an** wo'zine zali'm. 5. Zamanago'y u'lgide **sali'ng'an** imaratlar qalami'zdi'n' ko'rkine ko'rk qosadi'.

***291-shi'ni'g'i'w.*** Naqi'llardi' woqi'n'. Atli'qlasqan kelbetlik feyillerdi tawi'p, qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin tu'sindirin'.

Maldi' tapqang'a baqti'r, woti'ndi' shapqang'a jaqti'r. Ko'p jasag'an bilmeydi, ko'pti ko'rgen biledi. So'z ma'nisin bilmegen, so'zdi wo'zine keltirer. Bo'lingendi bo'ri jeydi.

***292-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Kelbetlik feyillerdin' qanday sepliktegi so'zler menen dizbeklesip kelgenin ani'qlan'.

1. Si'rtta ju'rgen jasawi'llardi'n' biri Mamanlar kiyati'rg'ani'n aytti'. *(T.Q.)* 2. Sizin' qorqpaytug'i'ni'n'i'zg'a inanaman. *(N.D.)* 3. Gu'laydi'n' jandi'ri'p woti'rg'an sho'plerinin' jali'ni' joqari' ko'terildi. *(T.Q.)* 4. Jurtti'n' bergenin men de bereyin. *(W.X.)* 5. Haqi'yqatli'qti' su'ygendi xali'q su'yedi. *(Naqi'l)* 6. Shi'g'i'p so'ylegenlerdin' so'zine men de qosi'laman. *(A'.T.)* 7. Wol tusi'nan wo'te bergende sa'lem berdi. *(J.S.)*

***293-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan qarap, kelbetlik feyillerdin' ga'pte ani'qlawi'sh, baslawi'sh ha'm toli'qlawi'sh boli'p keliwine 6 ga'p tawi'p jazi'n'. Woni'n' u'sh ga'pindegi kelbetlik feyil atli'qlasqan boli'p kelsin.

## HAL FEYIL

### § 77. Hal feyil tuwrali' tu'sinik

**Berilgen ga'plerdi sali'sti'ri'n'**:

| | |
|---|---|
| Jawi'n jawdi'. | Jawi'n **silpilep** jawdi'. |
| Wol woti'rdi'. | Wol **u'ndemey** woti'rdi'. |
| Wol ti'nbadi'. | Wol **kelgeli** ti'nbadi'. |

Bag'anani'n' yekinshi ta'repindegi qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zler hal feyil. Wolar ra'wishler

si'yaqli', is-ha'reketti si'patlap kelgen. Wolarg'a bayanlawi'shqa qatnasli' **qa'ytip**?, **qalay**? degen sorawlar qoyi'ladi'.

Hal feyil — feyil ha'm ra'wishtin' belgilerine iye boladi'. Feyillik belgige iye boli'p kelgende, is-ha'reketti bildiredi. **Woqi'p shi'qti', islep ati'r.**

Basqa feyiller si'yaqli' boli'mli', boli'msi'z tu'rde, awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyil ma'nilerinde qollani'ladi'. **Aytpay, jazbay.**

Ra'wishlik belgige iye boli'p kelgende, tiykarg'i' is-ha'reketke (bayanlawi'shqa) qatnasli' boli'p keledi. Ra'wishler si'yaqli' is-ha'reketti pi'si'qlawi'shli'q ma'nide si'patlaydi'. Wol **u'ndemesten** woti'r.

Hal feyiller qospa feyillerdin' qurami'nda tiykarg'i' feyil wazi'ypasi'n atqaradi'. Mi'sali': 1. **Jawi'n jawi'p tur. 2. Wol so'yley basladi'.** Bul ga'plerdegi **jawi'p, so'yley** degen so'zler hal feyil. Wolar wo'zinen son'g'i' ko'mekshi feyiller menen birlikte bir grammatikali'q ma'nini bildiredi.

***294-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Hal feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qanday ma'nide kelgenligin ayti'n'.

Qatti' boran Asqardi'n' ha'r jag'i'nan bir ali'p ko'rdi. Biraq, wol moyi'madi'.

Bir waqi'tta boran za'rebesin u'yirip, worasan ku'sheydi. Adi'mi'n atti'rg'i'si' kelmey, suwi'q ken' wo'n'meni aldi'nan borasi'nlap, keyin qaray iyterdi. Bazda won'i'nan, ga' sol jag'i'nan uri'p sog'adi'. Ash belinen u'rlep, qatti' hu'wleydi. Asqardi'n' man'lay aldi'nda qardi' uwmajaqlap worap, u'sti-u'stine shi'rmap, shi'r-shi'r aynaldi'ri'p quyi'n ko'terildi. Son' du'beleyge aynaldi'. Yekewi qosi'li'p, qar suwi'ri'p shashi'p, ishinen dem tartqan iyrimdey, Asqardi' do'gereklep worap aldi'. *(W.X.)*

***295-shi'ni'g'i'w.*** Hal feyillerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Hal feyillerdin' jasali'w wo'zgesheliklerin yesapqa ali'n'.

Juwi'ri'p, so'ylep, ju'rip, kiyati'ri'p, ko'rinbey, kelmey, ji'lti'rap, woqi'p, kele sala, baslap.

## § 78. Hal feyildin' jasali'wi'

Hal feyiller tiykari'nan, to'mendegi qosi'mtalar arqali' jasaladi':

1. Tu'bir ha'm do'rendi feyillerge **-i'p/-ip, -p** qosi'mtalari' qosi'li'w arqali' jasaladi'. Bul qosi'mtalar dawi'sli' seske pitken feyillerge **-p**, dawi'ssi'zg'a pitse, **-i'p/-ip** qosi'mtalari' tu'rinde qosi'ladi'. Mi'sali': **sora-p, so'yle-p, bar-i'p, kiyin-ip** t.b.

**-i'p/-ip, -p** qosi'mtali' hal feyildin' boli'msi'zli'q ma'nisi -**may/-mey** qosi'mtasi' arqali' bildiriledi: **bari'p-barmay (qaytti'), kelip-kelmey (ketti)** t.b.

2. Feyil so'zlerge **-a, -e, -y** qosi'mtalari' qosi'li'w arqali' jasaladi'. Feyildin' aqi'ri' dawi'sli' seske pitse -**y**, dawi'ssi'zg'a pitse -**a, -e** qosi'mtalari' qosi'ladi'. Mi'sali': *so'yle-**y**, tara-**y**, ju'r-**e**, ayt-**a**, jaz-**a**.*

***296-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Hal feyillerdi tawi'p, qosi'mtalari'n ha'm tu'bir feyillerge qalay jalg'ani'p kelgenin tu'sindirin'.

Ku'ndiz, a'sirese, tal tu's waqi'tlari'nda bala putalari' ha'rriygen ji'n'g'i'lli'qlardi'n' arasi'na bari'p woti'ri'wdi' jaqsi' ko'retug'i'n yedi. Wolar biyik boli'p wo'sedi. Tu'biri nartli' ha'm juwani'raq boli'p, joqari' jaqlari' bu'rkelip, asti'na saya tu'sip turg'anli'qtan, jani'nda basqa sho'plerdin' wo'siwine mu'mkinshilik bermeydi. Wolar tap tog'aydi'n' shetindegi qarag'aylarg'a usap an'qi'p, arasi' ti'm-ti'ri's, qapi'ri'q i'ssi' boladi'. Biraq, bir ta'wir jeri putalardi'n' arasi'nan aspan aydi'nlani'p ko'rinip turadi'. A'ne, sonday waqi'tlari' bala shalqortasi'na tu'sip jati'p aladi' da, aspang'a qaraydi', da'slep ko'zleri jasqa toli'p, perdelenip turg'anli'qtan hesh na'rseni won'lap an'g'ara almaydi'. *(Sh.A.)*

3. Tu'bir feyillerge **-g'ali'/-geli, -qali'/-keli** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. Bul qosi'mtalar juwan buwi'nnan keyin **-g'ali'/-qali'**, al jin'ishke buwi'nnan keyin **-geli/-keli** tu'rinde jalg'anadi': **barg'ali', kelgeli, woqi'g'ali', islegeli** t.b.

4. Tubir feyillerge **-g'ansha/-genshe, -qansha/-kenshe** qosi'mtalari' qosi'li'w arqali' da jasaladi'. Bul qosi'mtalar so'zdin' son'g'i' buwi'ni'ni'n' juwan jin'ishkeligine qaray **-g'ansha / -qansha, -genshe / -kenshe** tu'rlerinde jalg'anadi': **barg'ansha, kelgenshe, qaytqansha, ko'rgenshe** t.b.

5. Hal feyildin' **-g'anday/-gendey, -qanday/-kendey** qosi'mtalari' tu'bir feyillerge qosi'li'p, uqsati'w-sali'sti'ri'w ma'nisindegi hal feyillerdi jasaydi'. Mi'sali': **alg'anday, ko'rgendey, bilgendey, ishkendey, ko'rmegendey, jazg'anday, bilmegendey** t.b.

6. Hal feyildin' **-mastan/-mesten (-pastan/-pesten, -bastan/-besten)** qosi'mtalari' 6 fonetikali'q variantta qollani'ladi'. Bular tu'bir ha'm do'rendi feyillerge jalg'ani'p, boli'msi'zli'q ma'nidegi hal feyillerdi jasaydi'. Hal feyildin' **-may/-mey** boli'msi'z qosi'mtasi' menen sinonim boli'p keledi. Mi'sali': **aytpay-aytpastan, uyqi'lamay-uyqi'lamastan** t.b.

7. Tu'bir ha'm do'rendi feyillerge **-g'anli'qtan/-genlikten, -qanli'qtan/-kenlikten** qosi'mtalari' qosi'li'p hal feyil jasaladi'. Hal feyildin' bul qosi'mtalari' ha'reket ati' feyilinin' **-g'anli'q/-genlik, -qanli'q/-kenlik** qosi'mtalari'na shi'g'i's sepliginin' **-tan/-ten** qosi'mtasi'ni'n' qosi'li'wi'nan jasali'p, bir qosi'mta tu'rinde qa'liplesip ketken. Mi'sali': **quwang'anli'qtan, woqi'g'anli'qtan, kelmegenlikten** t.b.

***297-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Hal feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qosi'mtalari'n ani'qlan'.

1. Kempir yeki-u'sh kese shay iship bolg'ansha, Ayxan u'ndemedi. *(T.Q.)* 2. Poezd kelgenshe, qi'zi' mektepten

qaytatug'i'n yedi. *(N.S.)* 3. Yegis baslang'ali' usi' yekewi bir traktordi' gezeklesip aydaydi'. *(K.S.)* 4. Jiyemurat awi'lg'a kelgeli qansha wo'zgerisler boli'p ati'r. *(T.Q.)* 5. Tawlar ha'mme na'rseni wo'zine jasi'ri'p taslag'anday. *(S.K.)* 6. Wol heshkimge sezdirmesten shi'g'i'p ketti. *(M.D.)* 8. Suw bolmag'anli'qtan, bul a'tiraptan yel ketti. 9. U'yinde shi'rasi' bolmag'anli'qtan, wot jag'i'p, jaqti' qi'latug'i'n yedi. *(M.D.)*

***298-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen feyillerge tiyisli qosi'mtalari'n qosi'p, hal feyil jasan'. Hal feyildin' dara ha'm qospa feyil tu'rinde keliwin yesapqa ali'n'.

Al, bol, sal, qoy, uyqi'la, jaz, woqi', ter, suwg'ar, wota, wo't, ji'yna, ti'rmala, aytpa, juw, so'yle, kel, shi'q.

## § 79. Hal feyildin' ga'ptegi xi'zmeti

1. Hal feyiller tiykari'nan, is-ha'reketke (bayanlawi'shqa) qatnasli' pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Wol **maqtani'p** so'yledi. Azat joqari'dan **sekirip** tu'sti. Wol **u'ndemesten** woti'r.

2. Hal feyil wo'zine qatnasli' so'zlerdi basqari'p hal feyil toplami'n du'zedi. Hal feyil toplami' bayanlawi'shqa qatnasli' ken'eytilgen pi'si'qlawi'sh wazi'ypasi'n atqaradi'. Mi'sali': **Qatti'raq ju'rip** u'yge keldim. *(W.X.)* **Senin' yerlik islerin'di yesitip** ju'da' quwandi'm. *(A'.T.)*

Hal feyil toplami' jazi'wda yeki tu'rli wo'zgeshelikke iye boladi': a) hal feyil toplami' bayanlawi'shqa jaqi'n kelgende, u'tir menen bo'linbey jazi'ladi'. Mi'sali': Ju'k mashinalari' **ka'rwanday dizilisip** kelip tur. *(W.X.)*

b) hal feyil toplami' bayanlawi'shtan uzaqlasi'p, ga'ptin' basi'nda kelgende, u'tir arqali' bo'linip jazi'ladi'. Mi'sali': **Mi'lti'g'i'mdi' arqalap,** Qarateren'ge jetip bardi'm. *(A'.Sh.)*

**An'lati'w:** Hal feyil toplamlari' u'tir arqali' bo'linip kelgende, bayanlawi'shi' hal feyilden bolg'an bag'i'ni'n'qi' ga'pke uqsas keledi. Bul jag'dayda hal feyil toplami'nda baslawi'sh ta, bayanlawi'sh ta bolmaydi'. Al, bag'i'ni'n'qi' ga'ptin' bayanlawi'shi' xi'zmetinde kelgen hal feyildin' bas ga'ptin' baslawi'shi'nan basqa wo'z aldi'na baslawi'shi' boli'wi' tiyis. Sali'sti'ri'n':

1. **Jag'adag'i' Jumagu'ldi ko'rip,** wolar irkildi. *(T.Q.)* 2. **Bultlar** a'ste-a'ste **ko'ship,** aspan ashi'la basladi'. *(W.X.)*

Birinshi ga'ptegi hal feyil toplami'ni'n' baslawi'shi' da bayanlawi'shi' da joq. Wol hal feyildin' basqari'wi'ndag'i' so'z dizbegi tu'rinde kelip, ken'eytilgen ag'za xi'zmetin atqaradi'. Al, yekinshi ga'ptegi hal feyil wo'z aldi'na baslawi'shi'na iye boli'p, bag'i'ni'n'qi' ga'ptin' bayanlawi'shi' xi'zmetindegi bag'i'ni'n'qi'li' qospa ga'pti du'zedi.

***299-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Hal feyillerdi wo'zine bag'i'ni'shli' so'zi menen birge asti'n si'zi'n' ha'm qaysi' sepliktegi so'zlerdi basqari'p kelgenin ayti'n'.

1. Miyirxan sa'l basi'n ko'terin'kirep mi'yi'q tartti' da qoydi'. *(W.X.)* 2. Qi'zi'lqumni'n' sheksiz ken'isliginde wo'rkeshlenip jati'rg'an biyik to'beler ali'stan tolqi'nlang'an ten'izdey buldi'rap ko'rinedi. *(X.S.)* 3. Miymanxanani'n' bufetinen awqatlani'p boli'p, u'shewi sol a'tirapti' qi'di'ri'wg'a shi'qti'. 4. Wol Sa'hipjamaldi' ko'rip ati'ni'n' ji'lawi'n qaqti'. 5. Son' yekewimiz a'n'gimelesip, sher tarqati'sti'q. *(W.X.)* 6. Wol usi' jumi'sqa kelgeli beri aldi'ng'i' qatarda kiyati'r. *(S.S.)* 7. Traktor jerdin' batpaq-satpag'i'n ti'n'lamay alg'a ji'lji'di'. *(W.X.)*

***300-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Hal feyillerdin' qaysi' sepliktegi so'zlerdin' basqari'p kelgenin ha'm qaysi' ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetinde yekenin, ma'nisin ani'qlan'.

1. Bir waqi'tta a'kemnin' qushag'i'nan jazdi'ri'li'p to'r betke woti'rdi'm. 2. Yenem bolsa, yeki ko'zin ji'pi'li'q-

latpastan, yernin qi'mi'p, ti'm-ti'ri's woti'ri'pti'. 3. At ju'ktin' awi'rli'g'i'na shi'damay bir janbaslap ji'g'i'ldi'. *(A.A'.)* 4. Jawdi'n' si'rti'nda bolg'ansha ishinde bol. *(Naqi'l)* 5. A'kem biyday qi'rmani'n alg'ansha qaldi'. 6. Wol usi' u'yge kelgeli dalag'a shi'qpag'an yedi. *(T.Q.)*

***301-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n', hal feyillerdin' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' ga'p ishinde u'tir arqali' bo'linip jazi'li'w ha'm bo'linip jazi'lmaw sebebin tu'sindirin'.

1. U'shewi piyadalap ju'rip, g'awashani' aynali'p shi'qti'. 2. Geypara ati'zlarda toqtap, bir na'rselerdi woylasti'. 3. Ha'rkim bir-birewine qoli'ndag'i' topi'raqti' ko'rsetip, jerdin' hasi'ldarli'g'i'n, jan'a massivtin' keleshegin ayti'sti'. 4. Keyin izeykeshtin' ka'nari'n jag'alap, az g'ana ju'rgennen keyin i'rashti'n' u'stine shi'qti'. 5. Rayon basshi'si' jan'adan sali'ni'p ati'rg'an imaratlardi' qoli' menen nusqap ko'rsetti. *(W.X.)*

## ATAWI'SH FEYIL

### § 80. Atawi'sh feyil ha'm woni'n' jasali'wi'

Atawi'sh feyil wo'zinin' do'rendi tu'rinde feyildin' bet, san, meyil ha'm ma'ha'l ma'nilerin an'latpaydi', tek is-ha'rekettin' atamasi'n g'ana bildiredi.

Atawi'sh feyil to'mendegi qosi'mtalar arqali' jasaladi': Tu'bir ha'm do'rendi feyillerge **-i'w/-iw, -w** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' menen wo'nimli qollani'ladi': **bari'w, keliw, ayti'w, woqi'w, jazi'w** t.b.

**-maq/-mek (-paq/-pek, -baq/-bek)** qosi'mtalari' arqali' jasalg'an atawi'sh feyil wonsha wo'nimli qollani'lmaydi': **barmaq, kelmek, jazbaq, aytpaq** t.b.

Atawi'sh feyil **-maqta/-mekte** qosi'mtali' tu'rinde de qollani'li'p, dawamli' ha'zirgi ma'ha'l ma'nisin

---

Atawi'sh feyil — ha'reket ati' feyili

bildiredi. Ga'ptin' son'i'nda kelip bayanlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Awi'li'mi'z ji'l sayi'n **gu'llenbekte.** G'awashalar ku'n sayi'n **rawajlanbaqta.**

Atawi'sh feyil qospa feyil tu'rinde de qollani'ladi'. Mi'sali': **xi'zmet yetiw, shi'g'i'p ketiw** t.b.

***302-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Atawi'sh feyillerdi tawi'p, wolardi'n' qosi'mtalari'n ha'm qanday feyillerge jalg'ani'p kelgenin ayti'n'.

1. Is ko'p, paxtani' suwg'ari'w kerek, qari'q jari'w, azi'qlandi'ri'w, kultivaciyalaw, jabayi' sho'plerden tazalaw islerinin' isleniwi kerek. Ba'rine u'lgeriw kerek. *(«Y.Q».)* 2. Bir waqi'tta u'lken u'sh pazna jerge tu'siriliwi ma'ttal, ti'n' jerdin' topi'rag'i' won'bag'anday boli'p ayi'ri'li'p ketti. 3. Shaqi'ri'w qag'az kelip, ku'n sayi'n bir jag'i' armiyag'a ketip ati'rsa, qalg'anlari' biydaydi' tezirek ji'ynap ali'w ushi'n uyqi' degendi bilmey qaralay wo'ship ju'r. *(Sh.A.)* 4. Bular wo'zine dos kim, dushpan kim, soni' bilmek. 5. Wolardi'n' talabi', uqi'bi', sheberligi xalqi'mi'z ta'repinen joqari' bahalanbaqta. *(Q.Y.)*

***303-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Atawi'sh feyillerin tawi'p, asti'n si'zi'n'.

1. Respublikada temir jol, avtomobil ha'm hawa transporti' menen jolawshi'lar tasi'w a'dewir ko'beydi. *(«Y.Q.»)* 2. Miynet yetiw — hu'rmetli is. 3. Bizlerdin' maqsetimiz paxta jobasi'n asi'ri'p wori'nlaw. 4. Yendi wog'an Baysi'ng'a qayti'w joq. *(N.D.)* 5. Bati'rg'a qosi'p ku'shlerin, islemek boldi' islerin. *(Q.J.)*

***304-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerge **-i'w/-iw, -w; -maq/-mek, -paq/-pek, -baq/-bek** qosi'mtalari'n qoyi'p atawi'sh feyilin jasan'.

Bar, kel, tasi', woqi', jaz, woti'r, tur, kiyindir, ji'yna, jazdi'r, rawajlandi'r, woqi't, tazala, islet, ko'rsetkiz, so'yle, qoni'slan, suwg'ar, birle, bil, u'yret, gu'res, awdar.

Atawi'sh feyil ma'nilik (semantikali'q) jaqtan feyil ha'm atli'q so'zlerdin' ma'nisine jaqi'n keledi. Basqa feyiller si'yaqli', boli'mli' ha'm boli'msi'zli'q ma'nilerde qollani'ladi': **almaw, bermew, so'ylemew** t.b. Atawi'sh feyili atli'q so'zlerdi basqari'p feyil so'z dizbegin du'zedi. Mi'sali': **ati'zlardi' suwg'ari'w, ko'sheni tazalaw, awi'lda islew** t.b.

Atawi'sh feyil seplik, ko'plik ha'm tarti'm qosi'mtalari' menen tu'rlenedi. Ga'pte, ko'binese baslawi'sh, toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi'. Sol sebepli atawi'sh feyil **ha'reket ati' feyili** dep ataladi'. Mi'sali': **Shi'g'i'p so'ylewler** (baslawi'sh) baslandi'. Bi'yi'l **suwg'ari'wdi'** (toli'qlawi'sh) yerte basladi'q. **Suwg'ari'w** (ani'qlawi'sh) jumi'slari' sapali' ju'rgizilip ati'r.

Atawi'sh feyilleri de wo'zinen buri'n kelgen ha'rtu'rli so'zler menen sintaksislik baylani'sqa tu'sip, feyil toplami'n du'zedi. Feyil toplamlari' ken'eytilgen ag'za xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': 1. **Yegislik jerlerdi suwg'ari'wdi'** sapali' wo'tkerdik. 2. **Ko'shelerdi tazalaw** jumi'slari' pitkerildi. 3. **Ji'ynali'sta shi'g'i'p so'ylewler** baslandi'.

## Atawi'sh feyildi'n' sepleniwi

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ataw | woqi'w | ta'rbiyalaw | suwg'ari'w |
| Iyelik | woqi'wdi'n' | ta'rbiyalawdi'n' | suwg'ari'wdi'n' |
| Bari's | woqi'wg'a | ta'rbiyalawg'a | suwg'ari'wg'a |
| Tabi's | woqi'wdi' | ta'rbiyalawdi' | suwg'ari'wdi' |
| Shi'g'i's | woqi'wdan | ta'rbiyalawdan | suwg'ari'wdan |
| Wori'n | woqi'wda | ta'rbiyalawda | suwg'ari'wda |

***305-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Atawi'sh feyildi tawi'p, woni'n' qaysi' so'zlerdi basqari'p kelgenin ani'qlan'.

1. Wolar da ha'rqaysi'si' wo'z soqpag'i'n tan'lawg'a qaradi'. 2. Mektepti pitkeriwden mug'allimshilik woqi'wg'a qalag'a ketti. 3. Yegindi ji'ynawg'a yele qol ura qoyg'ani'mi'z joq. 4. So'ytse de kombaynni'n' aylani'wi'na qolayli' boli'w ushi'n ati'zdi'n' shet-shebirin qol menen wori'p qoydi'q. 5. Kombaynni'n' qasi'nda heshkim ko'rinbeydi. Shamasi', Qasi'm bir jaqqa ketken boli'wi' kerek. (Sh.A.) 6. Ko'zin bir noqatqa tikken, wonnan almaq joq.

***306-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen atawi'sh feyillerge tarti'm qosi'mtalari'n qosi'p, u'sh bette tu'rlen'.

**So'zler**: woqi'w, jazi'w, keliw, almaq, bermek, bilmek.

***307-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Atawi'sh feyillerin tawi'p, wolardi'n' qaysi' ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetin atqari'p kelgenin ayti'n'.

Hesh pursat joq, sa'l ti'ni'g'i'p toqtawg'a,
Jol qoyi'lmas aldawli'qti' aqlawg'a.
Sert aytqanbi'z: ju'zimiz shan' bolsa da,
Ar-nami'sti'n' tazali'g'i'n saqlawg'a.

*(I.Y.)*

Ko'rdik bizler tap usi'nday suli'wdi',
Woylap qaytti'q tag'i', bari'p ko'riwdi,
Maqul tapsa yeger bizdi sol jerge,
Shopanli'qqa ali'p qal dep ayti'wdi'.

*(Q. J.)*

## § 81. Feyillerdin' sintaksislik xi'zmeti

***308-shi'ni'g'i'w.*** To'mende berilgen ga'plerdi woqi'p shi'g'i'n', qara ha'rip penen jazi'lg'an feyil so'zlerdin' ga'pte qanday xi'zmette qollani'li'p turg'ani'n ayti'p berin'.

1. Sa'rsenbay woqi'wdan bos waqti'nda ag'asi'na **ko'meklesedi**. Ziywar bolsa, anasi'na **ja'rdemlesedi**. 2. Bizler demali's ku'ni balalar kitapxanasi'na bari'p, yertek kitap **ali'p qaytti'q**. 4. **Woqi'g'an** kitaplari'mi'zdi'n' mazmuni'n analari'mi'zg'a **ayti'p beremiz**. 5. **An'lamay** so'ylegen, **awi'rmay** wo'ledi. (*Naqi'l*) 6. Asanni'n' tiykarg'i' woy-pikiri institutqa woqi'wg'a **kiriw yedi.**

7. **Tu'rgelip** yerteden jumi'sqa **shi'g'i'p**,
Qoli'n'di' **qabarti'p**, belin'di **bu'gip**,
Dizen'di **si'zlati'p**, miynetin **shegip**,
Jegen bir zag'aran' paldan jaqsi'raq. *(Berdaq)*

Feyillerdin' ga'ptegi tiykarg'i' sintaksislik xi'zmeti bayanlawi'sh. Soni'n' menen qatar, ga'pte basqa so'zler menen grammatikali'q baylani'sqa tu'sip, baslawi'sh, toli'qlawi'sh, ani'qlawi'sh, pi'si'qlawi'sh xi'zmetinde de qollani'ladi'. Ma'selen, **ba'ha'r boldi', jerge tuqi'm sebildi** bundag'i' **sebildi** so'zi bayanlawi'sh xi'zmetinde tur. Yeger **maldi' tapqang'a baqti'r, woti'ndi' shapqang'a jaqti'r** degen ga'ptegi **baqti'r**, **jaqti'r** so'zleri de bayanlawi'sh, **tapqang'a, shapqang'a** kelbetlik feyilleri atli'qti'n' bari's seplik qosi'mtasi'n qabi'l yetip, toli'qlawi'sh xi'zmetinde qollani'lg'an. **Azamat jari'sqa qatnasi'w ushi'n qalag'a qayti'p ketti** degendegi **qatnasi'w ushi'n** — pi'si'qlawi'sh, **qayti'p ketti** — bayanlawi'sh wazi'ypasi'nda qollani'lg'an. **Ayti'wshi'** aqi'l bolsa, **ti'n'lawshi'** dana boladi'. Bunda di'qqat yetilgen feyiller ga'pte baslawi'sh wazi'ypasi'nda qollani'lg'an.

***309-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qlarda qara ha'rip penen jazi'lg'an feyil so'zlerdin' ma'nilerine di'qqat awdari'n' ha'm wolardi'n' ga'pte qanday sintaksislik wazi'ypada qollani'lg'ani'n ayti'p berin'.

Jaqsi'lar jamandi' **tekler**,
Yamanlar bir ga'pti **kekler**.

Shaxzadalar begi-begler,
A'dalatli'q jol **bolmadi'**.
Ya bolmasa gu'z **keler me**,
Ya bolmasa jaz **keler me**,
Jayma shuwaq jaz **keler me**
Woni'n' payani' bolmadi'.

(*Berdaq*)

Dag'i'standa mali'm taslap **kelemen**,
Ko'zim tu'sse, i'shqi' woti'na ku'yemen.

(«*Alpami's*»)

***310-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen feyil so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n'. Wolardi'n' ga'pte qollani'li'w wo'zgesheligine baylani'sli' qanday sintaksislik wazi'ypada qollani'lg'ani'n bilip ali'n'.

Hu'rmet, izzet, xi'zmet yetiw, so'ylew, ayti'p beriw, jetkeriw, ali'p ketiw, apari'w, a'stelew ju'riw, ketip qaldi', gu'rrin'lesti, islep ati'r, woqi'g'an, basqarmaqta.

***311-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen naqi'l-maqallardi' woqi'n', wonda qollani'lg'an feyil so'zlerdin' ma'nilik wo'zgesheligin tu'sindirin', wolar ga'pte qaysi' ga'p ag'zasi' wazi'ypasi'nda kelgenligin ayti'n'.

1. Miynet baxi't keltirer. 2. Ne yeksen', soni' worasan'. 3. Qon'si'ni' qozg'ama ko'shirersen', wotti' qozg'ama wo'shirersen'. 4. Jamannan qash, jaqsi'g'a jantas. 5. Atan'a ne qi'lsan', aldi'n'a sol keledi. 6. Tawdi'-tasti' jel buzar, adamzatti' so'z buzar. 7. Jaqsi'ni'n' jati' bolmas, jamanni'n' uyati' bolmas. 8. Awzi' ku'ygen u'rlep ishedi.

9. Aqi'ldi'n' so'zine kewil su'yiner,
Aqmaqti'n' isine jani'n' tu'n'iler,
Hiyleker ken' jerde bilgish ko'riner,
Tar jerde aqi'ldi'-huwi'shti' si'ndi'rar.

(*Maqti'mquli'*)

## FEYILLERDI TA'KIRARLAW USHI'N SORAWLAR HA'M TAPSI'RMALAR

### I. Awi'zsha juwap berin':

1. Qanday so'zler feyil so'z shaqabi'na kiredi?
2. Feyil da'rejelerin ayti'n'. Wo'zlik ha'm wo'zgelik da'reje qosi'mtalari'n ayti'n', mi'sallar keltirin'.
3. Belgisiz ha'm sheriklik da'rejelerdin' qosi'mtalari'n ayti'p, mi'sallar keltirin'.
4. Feyillerdin' jasali'w usi'llari'n ayti'n'. Mi'sallar keltirin'.
5. Kelbetlik feyildin' qosi'mtalari'n ayti'n'. Mi'sal keltirin'.
6. Hal feyildin' qosi'mtalari'n ayti'n'. Qaysi' so'z shaqabi'na jaqi'n? Ga'pte qaysi' ag'zani'n' xi'zmetin atqaradi'?
7. Atawi'sh feyilinin' qosi'mtalari'n ayti'n', mi'sallar keltirin'. Qaysi' so'z shaqabi'na jaqi'n? Qanday jag'dayda atli'qlasadi'?
8. Awi'spali' ha'm awi'spasi'z feyillerdin' ma'nilerin ayti'n'.

### II. Tapsi'rmalardi' wori'nlan':

1. Feyil da'rejelerinin' ha'rbir tu'rin keltirip 5 ga'p du'zin'.
2. **Woqi'g'an, juwi'ri'w** so'zin seplik qosi'mtalari'nda seplen'.

***312-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Feyil da'rejelerin tawi'p qosi'mtalari'ni'n' asti'n si'zi'n'.

1. Bizler de paxta bayrami'na bari'w ushi'n tayarlandi'q. Ag'am da, men de juwi'ndi'q, tarandi'q, awqatlandi'q, kiyindik, so'ytip toyg'a kettik. 2. Ku'n jawg'anli'qtan, dalada turg'an zatlardi' ishke kirgizdik. 3. Men ko'ylek tiktirdim. 4. Wog'an xat ko'shirtti. 5. Gu'ljamal apasi'na xat jazi'sti'. 6. Men salma qazi'si'wg'a ja'rdemlestim. 7. Jumbag'i'm juti'ldi', woyg'a bari'p quti'ldi'.

***313-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n', tilek meyillerdin' asti'n si'zi'p, qanday sintaksislik xi'zmette qollani'lg'ani'n tu'sindirin'.

1. Menin' bul ma'sele jo'nindegi pikirdi ani'g'i'raq tu'sindirgim keledi. 2. Kempir menen g'arri' jalg'i'z

balani' ko'z aldi'nan jibergisi kelmeydi. *(Q.x.y)* 3. Xatkerdi ko'rgim keldi. *(T.J.)* 4. Tag'i' Gu'ljanni'n' izinen barg'i'si' keledi. *(A.A'.)* 5. Wol tek Ari'slani'n qushaqlap, ayi'bi'n moyi'nlap uyalsa da, si'r bergisi kelmey ji'mi'yi'p, ku'limsirep turg'an Gu'ljandi' ko'redi.

***314-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'p shi'g'i'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p, tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'p, defis arqali' ko'shirip jazi'n'.

U'sh adam aynadan qalada tiklengen jan'a suli'w jaylarg'a, a'sirese, ko'shelerde jani'p turg'an shi'raqlarg'a qarap woti'r. Quri'li's montajlaw basqarmasi'ni'n' worayli'q ustaxanasi'ni'n' ishinde Berdaq atami'zdi'n' su'wreti bar. Bul ulli' adamni'n' ji'lli' ju'zi xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'n wolarg'a ko'rsetip turg'anday.

I'ras, Taqi'yatas bunnan birneshe ji'llar buri'n shan'g'i'ti'p ati'rg'an jer yedi. Xalqi'mi'z bul jerde jan'a qalani' ka'malg'a keltirdi. Worayli'q ko'shelerdin' ba'rine asfalt to'segen. Woni'n' yeki boyi'ndag'i' ko'k penen talasi'p wo'sip barati'rg'an ha'rtu'rli terekler qalani'n' go'zzalli'g'i'na suli'wli'q qosqanday. *(«Y.Q.»)*

***315-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen so'zlerge **la / -le, -ar / -er, -ay/-ey, -a, -e, -qar/-ker, -si'n/-sin, -lan/-len** qosi'mtalari'n jalg'ap, do'rendi feyil jasap, ga'p ishinde keltirip jazi'n'.

Besew, yeki, taza, bas, sari', qara, ketpen, adi'm, wo'kpe, muz, is, wori'n, woyi'n, uyqi', bala, shaq.

## RA'WISH

## § 82. Ra'wish haqqi'nda tu'sinik

***316-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qanday so'z shaqabi' yekenine di'qqat awdari'n'.

1. **Keshe** ata-analar ji'ynali'si'n shaqi'rdi'm. 2. Ata-analar ji'ynali'si' **tez** tarqadi'. 3. Sabaq baslani'wg'a **azmaz**

qalg'anda, **ha'r jaqtan** woqi'wshi'lar kele basladi'. 4. **Azanda** quyash jadi'rap shi'qti'. 5. Bul kitap woqi'wshi'lardi' **wog'ada** qi'zi'qti'rdi'. 6. Mekteptin' a'tirapi'na **ko'p** adam ji'ynali'pti'. (W.X.)

Ra'wish, ko'binese is-ha'rekettin', belgi yamasa zatti'n' belgisin bildirip keledi. Is-ha'rekettin' belgisin bildirip kelgende, feyiller menen baylani'sadi'. Mi'sali': **Bu'gin yerte** keldi. **Tez** so'yledi.

Ra'wish belginin' belgisin bildirip kelgende, kelbetlik penen baylani'sadi'. Mi'sali': Ju'da' qi'zi'q kitap, wog'i'ri' aqi'lli' bala, **ku'ta'** jin'ishke jip.

Zatti'n' belgisin bildirip kelgende, atli'q penen baylani'sadi': Bi'yi'l biydaydan **mol** zu'ra'a't ali'ndi'.

Is-ha'rekettin' ha'r tu'rli belgisin, hal-jag'dayi'n bildiretug'i'n so'z shaqabi'na **ra'wish** delinedi.

Ra'wishler **qashan?, qayda?, qayerde?, qalay?, qansha?, qa'ytip?** t.b. sorawlarg'a juwap beredi.

Ra'wishler wo'zi qatnasli' so'zler menen wo'z formasi'n wo'zgertpesten baylani'si'p, wo'zgermeytug'i'n so'z shaqabi' topari'na kiredi. Ra'wish ga'pte, ko'binese pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'.

***317-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Di'qqat yetilgen ra'wishlerdin' qanday so'z shaqabi'ni'n' belgisin bildirip kelgenin ha'm sorawlari'n ani'qlan'.

1. Qashqi'n **yele ja'n-jag'i'na** alaqlap kiyati'r. 2. **Qa'pelimde** wol jumalaq bir na'rsege tayi'p ji'g'i'ldi'. 3. Wolardi'n' qupi'ya so'zleri **kem-kemnen** ha'wijge mindi. (Sh.S.) 4. **Ha'zir** bizler jumi'sqa ketemiz. 5. **Sol ku'ni azannan keshke** deyin jumi'sta boldi'q. (N.D.) 6. Bekimbet wo'z woyi'n bir jerge ja'mlep bolg'ani'n Bekjang'a **yerten'ine** aytti'. 7. Wol yen'sesin **joqari'** ko'terip, sol qaptali'na qaradi'. 8. **Bi'yi'l** bizler sali'dan **ko'p** zu'ra'a't aldi'q.

***318-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Ra'wishlerdi ha'm sol ra'wishlerdin' baylani'si'p kelgen so'zlerinin' asti'n si'zi'n'. Ra'wishlerdin' sorawlari'n ayti'n'.

1. Shi'ni'nda da, bu'gin ku'ndegige qarag'anda Nurxoja juwg'arada kele qoymadi', biraz yeglenip qaldi'. 2. Aqi'ri', wol ha'r ku'ni keshquri'n ken'sede boli'p, islegen jumi's-lardi'n' juwmag'i'n ko'rip shi'g'adi'. 3. Wol sa'l shaq-qani'raq ju'rip, aldi'na qaradi'. Ali'sta aydan do'nge shi'-g'i'p barati'rg'an Ji'lgeldinin' to'besi ko'rindi. 4. Aydana da, basqalar da a'dep Ji'lgeldi jo'ninde basqasha pikirde boldi'. 6. Ma'lpey jay-paraxat ju'rip kiyati'ri'p, birden kishipeyil bola qaldi'. 7. Wol sa'l juwasi'di'.

***319-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ra'wishleriden ga'p quran'. Ra'wish-lerdin' qanday so'z shaqabi' menen baylani'sqani'n ani'qlan'.

Bu'gin, tu'nde, ha'zir, ali'sta, ko'p, tez, biyi'l, uzaqta.

## RA'WISHTIN' DU'ZILISINE QARAY TU'RLERI

***320-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ra'wishlerdi woqi'n'. Wolardi'n' neshe so'zden du'zilip turg'ani'na itibar berin'.

1. **Jay ra'wishler**: keshe, yerten', ha'zir, joqari'da, to'mende, qi'sta, jazda, alda, keyninde, artta, uzaqta.
2. **Qospa ra'wishler**: ha'r waqi't, ha'mme waqi't, bu'gin-yerten', anda-sanda, tum-tustan, ha'r jerden, ha'r jaqqa, a'ri-beri, qayta-qayta.

> Ra'wishler du'zilisine qaray **jay ra'wish** ha'm **qospa ra'wish** boli'p yekige bo'linedi.

## § 83. Jay ra'wish

> Dara bir so'zden bolg'an ra'wishke **jay ra'wish** delinedi. Mi'sali': **keshe** keldim, **ha'zir** shi'g'i'p ketti.

Jay ra'wishler morfologiyali'q quri'li'si'na qaray ***tiykar*** ha'm ***do'rendi ra'wish*** boli'p yekige bo'linedi.

Tek tu'bir so'z tu'rindegi ra'wishlerge **tiykar ra'wish** delinedi: **yerte, kesh, ko'p, buri'n, tez**.

Tiykar ra'wishlerdin' ko'pshiligi sali'sti'ri'w da'reje qosi'mtalari' menen wo'zgeredi. Mi'sali': **tez-tezirek, ji'ldam-ji'ldami'raq, az-azlaw, ko'p-ko'plew** t.b.

So'z jasawshi' qosi'mtalar arqali' jasalg'an ra'wishlerge **do'rendi ra'wish** delinedi. Do'rendi ra'wishler tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a bo'linedi: **tu'rkmen-she, jan'a-sha, usi'-lay, jas-lay, ko'k-ley** t. b.

**An'lati'w: keyin, son', buri'n, beri, bi'lay** t.b. si'yaqli' ra'wishler ga'pte qollani'li'wi'na qaray ataw ha'm seplik qosi'mtali' so'zlerge dizbeklesip, tirkewish boli'p ta keledi. Al, wolar ra'wishlik ma'nide kelgende, wo'z aldi'na dara ma'nili so'z retinde qollani'ladi'. Mi'sali': Sali'sti'ri'n': 1. Wol **keyin** (ra'wish) keldi. 2. Wol bizlerden **keyin** (tirkewish) qaytti'.

***321-shi'ni'g'i'w.*** Tekstti woqi'n'. Jay ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' qaysi'si' tiykar, qaysi'si' do'rendi yekenin ani'qlan'.

Wortada uzi'ni'na qoyg'an stol bar. To'resh ka'ttin' u'stinde woti'ri'p ko'p woylandi'. Nandi' uslap ko'rip, tag'i' woylandi'. Aq su't bergen ana qanday qa'dirli. Nan To'reshtin' tamag'i'nan wo'tpedi. Qaytadan qoyni'na iyterip qoyi'p, qoli'n tez tarti'p aldi'. Ayag'i'n g'az-g'az basi'p yesikke keldi. Yesikten si'g'alap da'rwazag'a keldi. Bir qoli' menen qoyni'ndag'i' nandi' si'rti'nan basi'p kiyati'r. (*N. D.*)

## § 84. Qospa ra'wishler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

Yeki yamasa birneshe so'zlerdin' birigiw, qosi'li'si'w ha'm juplasi'wi'nan jasalg'an ra'wishlerge **qospa ra'wish** delinedi.

Qospa ra'wishler: **bu'gin, tez arada, tez-tezden**.

Qospa ra'wishler to'mendegishe jazi'ladi':

1. Ma'nisi ha'm ayti'li'wi' jag'i'nan birigip jazi'ladi'. Mi'sali': **bu'gin** (bul ku'n), **bilqastan** (bil qastan yemes), **bilego're** (bile ko're yemes) t.b.

2. Ma'nisi ha'm ayti'li'wi' jag'i'nan birikpegen qospa ra'wishler bo'lek jazi'ladi'. Mi'sali': **ku'ni keshe, tan' azanda, ha'r waqi'tta, wo'z ara** t.b.

3. Yeki so'zdin' juplasi'wi'nan jasalg'an qospa ra'wishler defis arqali' jazi'ladi'. Mi'sali': **ku'ni-tu'ni, kem-kemnen, anda-sanda, azanli'-kesh** t.b.

***322-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Qospa ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' jasali'wi' ha'm jazi'li'wi'n ayti'n'.

1. Bi'yi'l gu'z wo'tken ji'lg'a qarag'anda ha'r ku'ni ashi'q-jari'q boli'p turdi'. 2. Ku'n sayi'n ken'sede jumi'slar ko'beyip, biraz waqi'tqa deyin woti'ri'wg'a tuwra keldi. 3. Sol sebepli de, son'g'i' ku'nleri Nurxoja u'yine kem-kem keshirek qaytatug'i'n boli'p ju'r. 4. Uzag'i'raqta bir na'rse ji'lt yetip ko'rindi de, tap sol zamatta u'stine suw quyi'lg'an shaladay birden wo'ship qaldi'. 5. Nurxoja jol-jo'nekey Ma'lpeydi ayadi'. 6. Woni' bu'gin rayong'a shaqi'rg'an joq, wol Ra'metke woylaspag'a barati'r.

***323-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ra'wishlerdi keltirip ga'p du'zin'. Wondag'i' ra'wishtin' ha'm sol ra'wish baylani'sli' boli'p kelgen so'zdin' asti'n si'zi'n'.

**Ra'wishler**: bi'yi'l, yerte zamanda, keshquri'n, ha'zirhse, ha'r ku'ni, ku'ni-tu'ni, azanda.

## § 85. Ra'wishtin' da'rejeleri ha'm wolardi'n' jazi'li'wi'

Ra'wishler da'reje ko'rsetkishlerine iye boladi'. Mi'sali': **buri'n — buri'n-i'raq, keyin — keyin-irek, ju'da' tez, wog'i'ri' joqari', di'm uzaq, jap-jaqi'n**.

Ra'wishtin' da'rejeleri is-ha'rekettin' belgisin basqa bir is-ha'reket belgisi menen sali'sti'ri'p, woni'n' isleniwinin' arti'q ya kemligin ko'rsetedi. Ra'wishtin' da'rejeleri ***sali'sti'ri'w da'reje*** ha'm ***artti'ri'w da'reje*** boli'p yekige bo'linedi.

1. Ra'wishtin' jay da'rejesi tu'bir ha'm do'rendi tu'bir ra'wishleri arqali' bildiriledi. Mi'sali': **buri'n, yerte, son', tez, az** t.b. Bizler wolardan **buri'n** keldik. Qoylar azanda **yerte** jayi'li'p ketti. (*W.X.*)

2. Ra'wishtin' sali'sti'ri'w da'rejesi tiykar ra'wishke **-i'raq/-irek (-raq/-rek), -law/-lew** qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'. **Mi'sali': azi'raq, ko'birek, keshirek, ko'plew, ali'slaw** t.b.

Ra'wishtin' da'reje jasawshi' qosi'mtalari' to'mendegishe jazi'ladi': a) so'zdin' son'g'i' sesi dawi'ssi'zg'a pitse, **-i'raq/-irek**, al dawi'sli'g'a pitse, **-raq/-rek** tu'rinde jalg'anadi' ha'm jazi'ladi'. **Mi'sali': buri'ni'raq, ja-qi'ni'raq, basqasharaq, yerterek** t.b.

b) so'zdin' son'g'i' buwi'ni' juwan bolsa, **-raq, -i'raq**, **-law** juwan tu'rinde, al jin'ishke bolsa, **-irek/-rek, -lew** tu'rinde jalg'anadi'. Mi'sali': **ji'ldami'raq, aldi'raq, joqari'law, keshirek, keshlew** t.b.

3. Ra'wishtin' artti'ri'w da'rejesi **ju'da', di'm, wog'ada, ku'ta', wog'i'ri'** t.b. janapayli'q xi'zmettegi ku'sheytiw ra'wishlerinin' tiykar ra'wishlerdin' aldi'nan dizbeklesiwi arqali' jasaladi'. Mi'sali': **ju'da' yerte, wog'i'ri' kesh, di'm a'ste, wog'ada ko'p** t.b.

Ra'wishtin' artti'ri'w da'reje ko'rsetkishi birikpegen qospa ra'wishler si'yaqli' bo'lek jazi'ladi': **wog'i'ri' tez, ju'da' shaqqan, di'm joqari'** t.b.

***324-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Ra'wishlerdin' da'rejelerinin' jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. Uzag'i'raqta, ko'z ushi'nda bir na'rse ji'lt yetip ko'rindi. 2. Ne ushi'n ti'n' ha'm partaw jerlerdi wo'z-

lestiriw haqqi'nda buri'ni'raq woylamadi'q. 3. Keyinirek xatti' qayta-qayta woqi'p shi'qti'. 4. A'jiniyaz basqa mollalarg'a qarag'anda ko'shege ko'birek shi'g'adi'. *(K.S.)* 5. Usi'nday tamasha waqi'yani' doslari'na tezirek so'ylep beriwge asi'g'aman. *(A'.T.)* 6. Topi'rag'i' boz, qon'i'r boli'p, wonda gipstin' mug'dari' ko'birek ushi'rasadi'. 7. Biyigirek jerdegi topi'raqti'n' to'mengi tas qabati' jer betine jaqi'n wornalasadi' da, woyli' jerlerinde ku'ta' to'mende jaylasadi'. 8. Ba'ha'r aylari'nda paydalani'-latug'i'n jaylawlar biri-birinen uzag'i'raq jaylasqan. *(X. Z.)*

***325-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ra'wishtin' da'rejelerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' jazi'li'wi' tuwrali' tu'sinik berin'.

1. Suwg'ari'wdi'n' sapali' boli'wi' ha'm paxtani'n' qani'p suw ishiwi, yen' joqari' zu'ra'a't ali'wdi'n' tiykari'. 2. Bul jerde jer asti' suwlari' ku'ta' teren'de jaylasqan. 3. Tu'slik U'stu'rt woypatli'q rayoni'nda ku'ta' ko'p zapasqa iye gaz ka'ni bar. 4. U'stu'rt boyi'nsha bunday seksewilli tog'aylardi'n' sani' ku'ta' ko'plep ushi'rasadi'. *(X.Z.)* 5. Wol qarsi'li'q yetpey a'sterek g'ana «raxmet» ayti'p, qaptali'ma woti'rdi'. 6. Armani'raq bari'p ko'z asti'mnan buri'lsam, wol da buri'lg'an yeken. *(T.Q.)*

***326-shi'ni'g'i'w.*** Ko'p noqatti'n' worni'na **-i'raq/-irek (-raq/-rek), -law/-lew, ku'ta', ju'da', wog'ada** si'yaqli' qosi'mta ha'm da'reje ko'rsetkishlerinin' tiyislisin qoyi'p ko'shirip jazi'n' ha'm wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin tu'sindirin'.

1. Ali's...ta qarawi'tqan bir na'rse ko'rindi. 2. Bi'lay... shi'qqannan keyin aldi'nan bir kisi shi'qti'. 3. Shopanlar bul jaylawlardi' ... joqari' bahalaydi'. 4. Bul jaylawlardi' basqa jaylawlarg'a sali'sti'ri'p qarag'ani'mi'zda, wolar wo'nimi jag'i'nan ... mol wot-sho'pke iye. 5. Qi'zi'lsha U'stu'rt sharayati'nda taslaqli', qi'rli', gipsli topi'raqlarda ko'p... wo'sedi. 6. Tu'yesin'ir bir ji'ldi'n' ishinde yeki ret gu'llep ... ko'p tuqi'm beredi. 7. Birinshi gu'llew da'wiri

aprel ayi' boli'p, may ayi'ni'n' aqi'ri'...da tuqi'mlari' pisedi. 8. Bul da'wirde tuqi'mdi' ko'p... beredi. Biraq bul da'wirde birinshi tuqi'm beriw da'wirine qarag'anda az... boladi'. (*X.Z.*)

## RA'WISHTIN' JASALI'WI'

Ra'wishler yeki tu'rli usi'l menen jasaladi':

1. Ra'wish jasawshi' qosi'mtalar arqali': **wo'zimshe, wo'zbekshe, jaslay, ishkeri, ko'plep** t.b.
2. So'zlerdin' qosi'li'wi' arqali': **ha'r ku'ni, ha'r jerde, baspu'kil, bu'gin, ku'ni-tu'ni, a'ri-beri** t.b.

## § 86. Ra'wishtin' qosi'mtalar arqali' jasali'wi'

Atli'q, kelbetlik, sanli'q, almasi'q ha'm ra'wishtin' wo'zine ra'wish jasawshi' qosi'mtalar jalg'ani'p do'rendi ra'wishler jasaladi':

1. **-sha/-she** qosi'mtasi' atli'q, kelbetlik, almasi'q ha'm ra'wishlerge jalg'ani'p, do'rendi ra'wish jasaladi': **wori'ssha, awi'zsha, jan'asha, qi'sqasha, to'mendegishe, ha'zirshe, sonsha, wo'mirinshe** t.b.
2. **-lay/-ley** qosi'mtasi' atli'q, kelbetlik, almasi'qtan ra'wish jasaydi': **zatlay, ko'kley, solay** t.b.
3. **-lap/-lep** qosi'mtasi' mug'dar, si'n ra'wishleri ha'm waqi'tli'q, awi'rli'q wo'lshew birliklerin bildiretug'i'n atli'qlardan ra'wish jasaydi': **azlap, ko'plep, a'stelep, jayawlap, piyadalap, uzaqlap, jaqi'nlap, ali'slap, aylap, ji'llap, tonnalap, gramlap** t.b.
4. Do'rendi ra'wishler waqi't, wori'n ma'nili atli'qlarg'a bari's, shi'g'i's, wori'n sepliginin' qosi'mtalari' jalg'ani'wi' arqali' da jasaladi'. Bul qosi'mtalar wo'zlerinin' da'slepki ma'nisinen pu'tkilley uzaqlasi'p, sol so'zlerden aji'rati'wg'a bolmaytug'i'n da'rejede qa'liplesip ketken. Mi'sali': **qi'sta, jazda keshte, tu'nde, ba'ha'rde, uzaqtan, uzaqta, uzaqqa, azanda, ku'nde, ji'lda, tu'ste** t.b.

***327-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qosi'mtalar arqali' jasalg'an ra'wishlerdi tawi'p, qanday so'z shaqabi'nan jasalg'ani'n ayti'n'.

1. Bir-yeki ku'n ku'teyik, yeger bir da'regi shi'qpasa, wo'zim izinen bari'p yerkeklershe so'ylesemen. *(T.Q.)* 2. Ha'zirshe Jan'abaydi'n' yelesi ju'regine ji'lli' lep berip kiyati'r. 3. Biraq na'tiyje pu'tkilley basqasha boli'p shi'q-ti'. 4. Ku'ndegi a'detinshe jarma-jawg'ani'n iship boli'p, jigit wo'zinin' a'kesinen qalg'an go'ne wotawi'na bari'p kirdi. *(Sh.S.)* 5. Qi'zi'lsha wo'simliginin' tami'ri'nda ashi'tqi' bolatug'i'n zatlar ko'plep ushi'rasadi'.

***328-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Do'rendi ra'wishlerdin' asti'n si'zi'p, bari's, shi'g'i's, wori'n seplik qosi'mtasi' tu'rinde kelgen ra'wishlerdin' jasali'w wo'zgesheligin ha'm ma'nisin tu'sindirin'.

1. A'tirapi'mi'zdi' qorshap alg'an qali'n' tog'ay ba'rqulla ha'rem tuti'p qoyg'anday ko'rinedi. Qi'sta siyreklep, jazda do'nip, jasi'l japi'raqlardi' jami'li'p shi'g'a keledi. 2. Wo'zi qawi'n yegiwge di'm teperish. Wo'mirinshe a'lekke yegip ko'rmegen desedi jurtti'n' ba'ri. 3. Qaydan bilsin, ku'nde sarg'ayg'an qawi'nlari'n iyt jey bergen son', qoli'na shani'shqi' ali'p an'li'g'an g'oy. 4. Tu'nde yeki jerge shu'tik shi'ra jag'i'ladi'. 5. Azanda murni'mi'zdi'n' tesigi qara tu'tinge ti'g'i'li'p keletug'i'n yedi. 6. Jaqi'nda mug'allim keldi. 7. Wol sizlerdi wori'ssha woqi'tadi', — deytug'i'n yedi. *(T.Q.)*

***329-shi'ni'g'i'w.*** Qosi'qti' ko'shirip jazi'n'. Ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n ha'm qanday ga'p ag'zasi' yekenin ani'qlan'.

## KU'NSHI'G'I'S JOLAWSHI'SI'NA

Wo'n'irinde shayqalg'an jas qara tal,
A'miwda'rya suwlari'nan na'r ali'p. —
Qublasi'nda sho'kken narday Qara taw,
Arqasi'nda aq sazanli' Arali'...

Ko'kten kelsen' ushqi'r sun'qar zi'mi'rap,
Aeroportqa mashinalar si'rg'anar.
Jerden kelsen', joli'n' «Sharjaw-Qon'i'rat»
«Xosh keldin'» dep bag'-baqshalar i'rg'alar.

*(I.Y.)*

***330-shi'ni'g'i'w.*** **Qi'sta, ba'ha'rde, jazda, gu'zde** so'zleri ha'm **-sha/-she, -lay/-ley, -lap/-lep** qosi'mtali' ra'wishlerdi keltirip 7 ga'p du'zin'. Qosi'mtalardi'n' atli'q, kelbetlik, sanli'q, almasi'q ha'm ra'wishke jalg'ani'p jasali'wi'n yesapqa ali'n'.

## § 87. Ra'wishtin' so'zlerdin' qosi'li'si'wi' arqali' jasali'wi'

***331-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge di'qqat awdari'n'. Wolardi'n' jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. **Bu'gin** jalg'i'z wo'zim **a'bden** jali'qqanli'qtan bir na'rsem tu'sip qalg'anday boli'p tur. 2. Men **bug'an azmaz** quwanayi'n dedim. 3. Qi'z apam bolsa ha'r kelgen sayi'n **mol-mol** bazarli'q a'keledi. 4. Qi'z apam usi'lardi' aytqanda ma'n'i'zi'na **wonsha** tu'sinbeymen. 5. Qi'z apamni'n' **ko'zinshe** apam menen ag'am mag'an keyigendi qoydi'. 6. **Azanda ku'ta' yerte** turdi'm. 7. **Bul waqi'tta** qi'z apam da qalada ju'r yedi. 8. **Bir ku'ni** jumi'si'm boli'p Turdi'baydi'n' u'yine bardi'm. *(T.Q.)*

Ra'wishler so'zlerdin' qosi'li'wi' arqali' da jasaladi'. So'zlerdin' qosi'li'si'w usi'li' qospa ra'wishlerdi jasaydi'.

So'zlerdin' qosi'li'wi' arqali' ra'wishler to'mendegishe jasaladi'.

1. Ra'wishler yeki so'zdin' birigiwi arqali' jasaladi'. Mi'sali': **bu'gin (shi'g'i'si': bul-ku'n), bi'yi'l (shi'g'i'si': bul-ji'l), baspu'kil, birotala, jayparaxat, biraz, bilego're, yeleberin, birtalay** t.b.

2. So'zlerdin' dizbeklesip keliwi arqali' jasaladi':

a) **bul, sol, wol, ha'r** almasi'qlari' menen basqa atawi'sh so'zlerdin' dizbeklesiwi arqali': **bul jerde, bul waqta, sol jaqta, ana jerde, ha'r jerde, sol zamatta, sol gezde, wol jaqta, ha'mme jaq** t.b.;

b) belgisizlik ma'ni beriwshi **bir** so'zi menen atawi'sh so'zlerdin' dizbeklesiwi arqali': **bir waqta, bir gezde, bir jola, bir sapari', bir jaqqa** t.b.;

d) boli'msi'zli'q ma'ni beriwshi **hesh** so'zi menen atawi'sh so'zlerdin' dizbeklesiwi arqali': **hesh waqta, hesh jaqqa, hesh jerde, hesh jaqta** t.b.;

s) yeki ra'wishtin' ha'm basqa da ra'wish penen atawi'sh so'zlerdin' dizbeklesiwi arqali': **tez ku'nde, ku'n uzaqqa, ku'ni keshe, ku'ni bu'gin, tan' yerten', tez arada, ku'n ara, uzaq ku'nge** t.b.

***332-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Ra'wishlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' jasali'w jollari'n tu'sindirin'.

1. Bu'gin bul a'rmang'a jetistim. *(W.X.)* 2. Ko'bi bi'yi'ldi'n' wo'zinde-aq miywe bergen. *(N.D.)* 3. Ma'lpey jayparaxat ju'rip kiyati'ri'p birden kishipeyil bola qaldi'. *(W.X.)* 4. Wol mag'an yeliklep jalan'bas ju'retug'i'n yedi. 5. Wol asi'qqani'nan yetigin qon'i'ltayaq kiyip dalag'a shi'qti'. *(G.I.)* 6. Sabi'rbay birtalay irkilip qaldi'. *(N.D)*

***333-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Qospa ra'wishlerdi tawi'p jasali'wi'n ayti'n'.

1. Sol waqi'tta M. Gorkiydin' «Analar haqqi'nda qanshelli ji'rlasan' da, ba'ribir wol hesh tawsi'lmaydi'» — degeni yadi'ma tu'sip ketti. *(W.X.)* 2. Usi' waqi'tta toptay dumalang'an semiz, juwan qari'nli' molla Seyit keldi. 3. Bir waqi'tta adamlardi'n' dawi'slari' yesitildi. 4. Ji'qqi'n usi' jerden baslang'an yeken. 5. Biz bu'gin bir a'hmiyetli ma'sele jo'ninde woylasi'p ali'wg'a ji'ynaldi'q. *(Q.D.)* 6. Kem-kem qali'n' qami's siyrekley basladi'. *(T.Q.)*

Min ati'n'a bu'gin tu'nde,
Ji'lap ju'rme ku'nde-ku'nde.

Birewler giyneli-zarli',
Tezbe-tez si'nap bilgeysiz.

*(Berdaq)*

***334-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. So'zlerdin' qosi'li'si'wi' arqali' jasalg'an ra'wishlerdin' asti'n si'zi'n'. Solardi'n' ishinen **bir, hesh** so'zleri arqali' jasalg'an ra'wishlerdin' ma'nisin ayti'n'.

1. Son'i'nan arqami'zda qalg'an go'ne meshitke buri'li'p qaradi' da, gu'rsinip suwi'q demin aldi'. 2. Mi'nada bir waqi'tta Seyit molla bala woqi'tatug'i'n yedi. 3. Bir ku'ni men meshittin' yesiginen si'g'aladi'm. 4. Bul waqi'tta ku'n de a'dewir joqari' ko'terilip, ko'kke wo'rmelegen yedi. 5. Bir ma'ha'li men baspashi'lardi'n' qarawi'tqan sho'girmelerin ko'rip qaldi'm. 6. Qi'rda wo'sken sho'l qami'slari'ni'n' ha'r jerde birewi ko'rinip tur. 7. Ba'lki, bir jerlerde sari' qulaq aq qoyan seken'lep barati'rg'an shi'g'ar. 8. Woni' qansha izlesek te hesh jerde ko'rinbeydi. Wolar usi' aynaladan uzaqlap hesh jaqqa ketpewi mu'mkin. *(W.X.)*

3. Yeki ra'wishtin' ha'm basqa da ra'wishlik ma'ni beriwshi so'zlerdin' juplasi'wi'nan jasaladi'. Mi'sali': **bu'gin-yerten', tez-tez, az-azdan, wo'z-wo'zinen, tez-tezden, a'ste-a'ste, yerteli-kesh, ku'ni-tu'ni, qatti'-qatti', birim-birim, qolma-qol, betpe-bet, anda-sanda, ara-tura, ko're-sala** t.b.

***335-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. So'zlerdin' qosi'li'si'p juplasi'wi'nan jasalg'an ra'wishlerdi ani'qlan'.

1. Ma'rt jigitti yeger su'yse yelati', ku'nnen-ku'nge artar woni'n' quwati'. 2. Bul jerde qoylar qi'si'-jazi' jayi'ladi'. *(J.S.)* 3. Sol ku'ni azanda wolar yemin-yerkin

jaynap jasnag'an yedi. 4. A'tiraptag'i' tawlar da, tog'aylar da ji'm-ji'rt. *(Sh.A.)* 5. Balalar bet-qollari'n shala-shula juwi'ni'p, wori'nlari'na woti'rmay qatarlasi'p tik turdi'. *(N.D.)*

***336-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ra'wishlerdi tawi'p asti'n si'zi'n' ha'm wolardi'n' jasali'w usi'llari'n ayti'n'.

1. Son'g'i' ku'nleri Nurxoja kem-kem keshirek qaytatug'i'n boli'p ju'r. *(W.A.)* 2. Wolar is jo'ninde ashi'qtan-ashi'q bir-biri menen tarti'sa basladi'. *(Sh.A.)* 3. U'ydin' ishi ji'm-ji'rt ti'ni'shli'q yeken. 4. Tek g'ana samal yen' ba'lent qarag'aylardi'n' usha basi'na selten' berip, wolardi' anda-sanda terbep ketedi. 5. Kempir de g'abur-g'ubi'r kiyinip, shi'rani' jaqti'. *(Sh.A.)*

## RA'WISHLERDIN' MA'NISINE QARAY TU'RLERI

Ra'wish is-ha'reket ha'm belgini si'patlaw ma'nilerine qaray waqi't ra'wishi, wori'n ra'wishi, si'n ra'wishi, mug'dar-da'reje ra'wishi, sebep ra'wishi, maqset ra'wishi si'yaqli' 6 tu'rge bo'linedi.

### § 88. Waqi't ra'wishi

Waqi't ra'wishi is-ha'rekettin' isleniw waqti'n bildirip, **qashan?, qashannan beri?** degen sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': **Azanda** jumi'sqa ketti. **Bu'gin** sabaqqa jaqsi' tayarlandi'm. Wol **son'** keldi. **Ha'zirshe** usi' jerde turami'z. **Tu'nde** qar jawdi'.

Waqi't ra'wishinin' ma'nisin to'mendegi so'zler bildiredi: **bu'gin, ha'zir, keshe, ku'ndiz, tu'nde, ba'ha'rde, mudami', ba'rqulla, bayag'i'da, keshquri'n, ilgeride, a'wele, yen' a'wele, buri'n, keyin, yertede, yerten'ine, kelesi ku'ni, udayi', ku'nde, anda-sanda, tez ku'nde, qi'si'-jazi', jaz boyi'** t.b.

***337-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Waqi't ra'wishlerin tawi'p, wolardi'n' qaysi' so'zdi waqi'tli'q ma'nide si'patlap kelgenin ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Ha'zir poezd zi'mi'rap barati'rg'an jerden bir waqi'tlarda sol jalg'i'z atli' ju'rip wo'tken shi'g'ar. 2. Jan'a wori'lg'an jon'i'shqa tiyelgen arba temir joldi' kesip wo'tetug'i'n jerge qarap zi'mi'rap kiyati'r. 3. Ha'zir bolg'anda, sizdi qa'legen jag'i'n'i'zg'a apari'p taslar yedim. Yele talay gezlesemiz. 4. Wol waqi'tta men a'skeriy xi'zmetten bosani'p, jaqi'nda kelgen ku'nlerim yedi. 5. Yerten'ine jolda ketip barati'ri'p a'tirapqa qaradi'm. 6. Sol waqi'tta aldi'mdag'i' ju'k tiyelgen mashina wori'ndi' bosatti'. 7. Aqquwlar toparlasi'p keshquri'n ko'ldin' u'stinde ushi'p ju'rdi.

***338-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Waqi't ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p wolardi'n' jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. Bul jerden shi'qqali' udayi' ku'n-tu'n jol ju'rdik. 2. Ha'zir sentyabr. Biraq ku'n i'ssi'. Al, yerten' ku'n suwi'tadi'. *(W.X.)* 3. Ji'lda Quwani'shjarmadan artpa ali'p, shi'g'i'r menen azi'-kem diyqanshi'li'q yetedi. 4. Ba'ha'rde jerlerin yegiske tayarlaydi'. *(S.X.)* 5. A'liybektin' jasi' bi'yi'l qi'rq u'shte. *(W.X.)* 6. Bu'gin bul a'rmang'a jetistim. *(W.X.)* 7. Usi' waqi'tta a'ynektin' aldi'nda qaran'lap birew tur. *(T.Q.)* 8. Bul jerde qoylar qi'si'-jazi' jayi'ladi'. *(J.S.)*

***339-shi'ni'g'i'w.*** Waqi't ra'wishlerin keltirip, 6 ga'p jazi'n'. Jazg'an ga'plerin'izdegi ra'wishlerdin' jasali'wi' ha'rtu'rli bolsi'n.

## § 89. Wori'n ra'wishi

Wori'n ra'wishi is-ha'rekettin' isleniw worni'n bildiredi.

Wori'n ra'wishleri **qayda?, qayerde?, qayerden?, qayerge**? t.b. sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali':

Awi'l **artta** qaldi'. **Ali'sta** ji'lti'ldap wot ko'rinedi. Mashina **alg'a** zi'mi'rap barati'r. Bizler **sol jerde** dem alami'z. **Tum-tustan** basqa da adamlar kele basladi'.

Wori'n ra'wishi ma'nisindegi so'zler: **to'mende, joqari'da, sonda, artta, keyinde, usi' jerde, usi'nda, u'stinde, ha'r jerde, uzaqta, to'men, aldi'na, hesh jerde, hesh jaqta, bir jaqqa, tum-tustan, tum-tusqa, ja'n-jaqtan, a'ri-beri, armanda** t.b.

***340-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Wori'n ra'wishlerin tawi'p, wolardi'n' jasali'wi'n tu'sindirin'.

1. To'mende joqari' voltli' elektr liniyalari' ko'rinip tur. 2. Men sonda isleymen. *(S.X.)* 3. Ha'r jerde qar i'laqti'ri'p woynag'an balalar ko'rinedi. *(T.Q.)* 4. Vokzal keyinlep izde qaldi'. *(S.X.)* 5. Jeter jerde yel joq. *(N.D.)* 6. Ko'z ushi'nda duman ko'rinedi. *(W.X.)* 7. Jumi'sshi'lar ja'n-jaqtan ati'z basi'na ji'ynala basladi'. 8. Men usi' jerden sizlerge ju'zip baraman. *(J.A.)* 9. Bir-birine qaramay, tumli'-tusqa taradi'. *("A")* 10. Qi'yqi'wlap baqi'ri'p yedi, hesh jerden ses shi'qpadi'. *("Q.x.y.")*

***341-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Wori'n ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' so'zge qatnasli' yekenin ha'm sorawlari'n ani'qlan'.

1. Men tunji'rap to'men qaradi'm. 2. Biraq ji'lli' jer to'le qazi'p, qi'si'nda balalardi' sonda woqi'ti'w mu'mkin. 3. Yerte woyani'p si'rtqa shi'qti'm. 4. A'lleqayaqlardan meni a'tirdey an'qi'g'an jupar iyisler yelitti. 5. A'teshtanda wot lawladi'. U'y i'si'p ketti. Men keyin shegindim. 6. Men qatti' woylani'w menen si'rtqa shi'qti'm. 7. Men qayda qarasam da, basqa bir jaqqa bet bursam da, ko'z aldi'mda turg'an na'wshe gu'ldey qulpi'rg'an jas urpaqlar woyi'mnan shi'qqan yemes. (*W.X.)*

## § 90. Si'n ra'wishi

Si'n ra'wishi is-ha'rekettin' qalay islengenin bildirip, **qalay?, qa'ytip?, qalayi'nsha**? sorawlari'na juwap beredi.

Si'n ra'wishleri: **tez, a'ste, da'rhal, da'rriw, zorg'a, zordan, a'bden, birden, a'sten, yerkin, jay, birge, yadtan, jaslay, ko'kley, wo'zinshe, wori'ssha, awi'zsha, tez-tez, u'sti-u'stine, kem-kemnen, ile-shala, ko'plep-ko'meklep, qatti'-qatti', kesesine, uzi'ni'na, shalqasi'na, yemin-yerkin,** t.b. Mi'sali': Adamlar joldan **yersili-qarsi'li'** wo'tip tur. Yekinshi ku'ni woqi'w **a'dettegishe** baslandi'. Hawa rayi' **a'bden** buzi'ldi'.

***342-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Si'n ra'wishlerin tawi'p, wolarg'a wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' sorawlar qoyi'n' ha'm qaysi' ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetinde yekenin tu'sindirin'.

1. Wol suwdan da'rhal atli'g'i'p shi'qti' da, soqpaq penen u'yler ta'repke qaray juwi'ri'p ketti. 2. Wolar demnin' arasi'nda jayi'li'p turg'an tawarlardi' awdar-ten'ker yetip tasladi'. 3. Sonli'qtan avtolavkani'n' sati'wshi'si' wolardi'n' birimlep ko'rip, ta'rtip saqlawi'n talap yetti. 4. Biraq woni'n' bul so'zi mi'na hayallarg'a birden ta'sir yete qoymadi'. 5. Bala bir qaptalda tur yedi. Wol kem-kemnen zerige basladi'. 6. Wol a'ste-aqi'ri'n ju'zip kete berdi. *(Sh.A.)*

***343-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Si'n ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' quri'li'si'n ani'qlan'.

1. Paroxodti'n' qalay barati'rg'ani' ko'p waqi'tqa deyin ko'rinip turdi'. 2. Bala da ko'p waqi'tqa shekem wo'zinin' qalayi'nsha bali'qqa aylani'p da'rya arqali' aq paroxodqa qalay ju'zip barg'i'si' keletug'i'ni' haqqi'nda woyladi'. 3. Balani'n' bug'an isengeninin' ma'nisi, a'kesin

wog'ada ko'rgisi kelgen yedi. 4. Qi'zi' biyshara kem kewillenip ji'lap, a'kesinen qayta-qayta keshirim sorapti'. 5. Qi'si' menen da'ryani'n' arg'i' jag'i'ndag'i' tog'ayli'q samal menen gu'wlep astan-kesten boli'p turg'anli'qtan, ha'tte qorqi'ni'shli' seziledi.

## § 91. Mug'dar-da'reje ra'wishi

Mug'dar-da'reje ra'wishi is-ha'rekettin' mug'dari'n, belgi yamasa zatti'n' arti'q-kemlik da'rejesin, mug'dari'n bildiredi.

Mug'dar-da'reje ra'wishleri **qansha? qalay? qansha-dan?** degen sorawlarg'a juwap beredi. Mi'sali': Wol **az** so'yleydi, **ko'p** ti'n'laydi'. Suwdan sho'bi mallarg'a **ju'da'** jug'i'mli'. *("Y.Q.")* Sabi'rbay **bir talay** irkilip qaldi'. *(N.D.)* Woni'n' tu'ri **azi'raq** wo'zgergen yedi. Bul soraw Qi'di'rbaydi' **tag'i'** woylandi'rdi'. *(J.S.)*

Mug'dar-da'reje ma'nisindegi so'zler: **ko'p, az, azi'raq, a'dewir, wonsha, wo'mirinshe, qayta, qayta-qayta, qaytadan, ja'ne, tag'i', birtalay, mol, kem, arti'g'i'raq, zi'yat, zi'yati'raq, za'rre, sa'l, sa'l-kem, azmaz, azg'antay** t.b.

***344-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Mug'dar-da'reje ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qaysi' so'z benen baylani'si'p turg'ani'n ha'm sorawlari'n ayti'n'.

1. Bul buri'ng'i'dan go're a'dewir ta'wir boldi'. *(S.S.)* 2. Suwg'a qural ko'p sali'nsa, bali'q ta ko'p uslanadi'. 3. Woni'n' usi'nday miynet su'ygishligi ushi'n avtobaza ja'ma'a'ti qayta-qayta alg'i'slar aytti'. *("Y.Q.")* 4. Biybi ja'ne qaradi'. *(T.Q.)* 5. Bul qi'yallardan keyin bala azmaz jen'il tarti'p, kewilleneyin dedi. 6. Tawlarg'a gu'zdin' tag'i' ta'psi urdi'. 7. Ag'ashlardi'n' arasi' menen kiyati'rg'an marallar wonsha asi'qpay joqari' shaqalardag'i' sari' japi'raqlardi' shali'p wotlap kele berdi. *(Sh.A.)*

***345-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Mug'dar-da'reje ra'wishlerin tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetinde kelgenin tu'sindirin'.

1. Woti'ri's birtalay uzaqqa sozi'ldi'. 2. So'ylesip, qosi'q ayti'p, biraz waqi't wo'tkizgen son', Aralbay a'n'gime ayti'p berdi. 3. Wolar qayta-qayta kartag'a qaraydi', bir na'rselerdi si'zi'p belgileydi. 4. Azi'raq turi'p, suwi'q demin aldi'. 5. Bag' sharshi'-sharshi' ati'zlarg'a bo'lingen. 6. Won' jaqtag'i' birneshe ati'zda ju'zim, alma, shabdal, a'nar, biyi ha'm basqa da miyweli ag'ashlar yegilgen. Ko'bi bi'yi'ldi'n' wo'zinde-aq miywe beripti. 7. Wonnan beri a'dewir ji'llar wo'tti. *(N.D.)* 8. Ali'p kelingen aqsha Aytekege qayta berildi. *(J.S.)*

***346-shi'ni'g'i'w.*** **Ko'p, azi'raq, a'dewir, qayta-qayta, birtalay, azmaz, wonsha** so'zlerin keltirip, ga'p du'zin'. Du'zgen ga'plerin'izde ra'wishlerdin' pi'si'qlawi'sh, ani'qlawi'sh, toli'qlawi'sh ha'm bayanlawi'sh xi'zmetlerinde keliwin yesapqa ali'n'.

## § 92. Sebep ra'wishi

Is-ha'rekettin' isleniw ya islenbew sebebin bildiretug'i'n ra'wishke sebep ra'wishi delinedi.

Sebep ra'wishi **ne sebep?, ne sebepli?, ne sebepten?, nege?** degen sorawlarg'a juwap beredi.

Sebep ra'wishinin' ma'nisin **ilajsi'z, ilajsi'zdan, biykar, bosqa** t.b. so'zler bildiredi. Mi'sali': Men aldi'nnan **biykarg'a** ali'ppang'oy. *(W.A.)*

***347-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Sebep ra'wishin tawi'p, woni'n' sorawlari'n ha'm is-ha'reketke qatnasli' ma'nilerin ayti'n'.

1. Annabaydi' ilajsi'zdan mal bag'i'wg'a ma'jbu'rledi. *(T.Q.)* 2. Ja'ne ku'ni menengi hu'rmeti bosqa ketti. *(W.A.)* 3. Nede bolsa ati'mdi' biykarg'a aytqan yekenmen. 4. Wol buni'n' aytqani'na ilajsi'zdan ko'nedi. *(T.Q.)*

***348-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n'. Sebep ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p, so'z benen baylani'si'w ma'nisin ani'qlan'.

1. Murat qoylardi' ilajsi'zdan baydi'n' u'yine aydap keldi. (S. Ayniy) 2. Wol ilajsi'zdan tu'yeni sho'girdi. *(U.P.)* 3. Hayal ati'n qaraqalpaqlar biykarg'a uran yetpese kerek. *(Sh.S.)* 4. Bizler de bostan-bosqa qarap ju'rmey, wo'z maqsetlerimizge jetiwge ha'reket yetip ati'rmi'z.

## § 93. Maqset ra'wishi

Is-ha'rekettin' isleniw maqsetin bildiretug'i'n ra'wishke **maqset ra'wishi** delinedi. Wolar **nege?, ne maqset penen?, qanday maqset penen?** degen sorawlari'na juwap beredi.

Maqset ra'wishinin' ma'nisin **arnap, a'deyi, jorta, jortag'a, jay, jaysha, yesheyin, tegin, qastan, bilqastan, qasaqana** t.b. so'zler bildiredi. Mi'sali': Wol xatti' u'yine **arnap** jazi'pti'. *(W.T.)*

***349-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Maqset ra'wishlerin tawi'p, wolardi'n' sorawlari'n wo'zi qatnasli' so'zge baylani'sli' ma'nilerin ani'qlan'.

1. Wol a'deyi Bekimbet yesitsin degendey juwan dawi'si'n dari'ldata so'yledi. *(W.A.)* 2. Yesiginin' aldi'na kelip turdi' da jortag'a dawi'sladi'. 3. Qasaqana gezlespeymiz, ya wol mennen buri'n wo'tip ketken, ya ji'ynali'sta irkilgen boladi'. *(T.Q.)* 4. A'dep woni'n' so'zin de yesheyin jolkerlik shi'g'ar dep woylap yedi. *(T.Q.)* 5. Men tek jaysha ko'reyin dedim. *(J.S.)*

***350-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Maqset ra'wishlerinin' asti'n si'zi'p, tiyisli sorawlari'n qoyi'n'.

1. Wol jorta mi'yi'q tartti'. Wolar jay kirip kelgen joq. *(J.S.)* 2. Wo'zim bilqastan so'ylesiwge keldim. *(J.A.)*

3. Wolar azang'a shekem qashi'rmay saqla dep qasaqana wo'zime tapsi'rdi'. *(T.Q.)* 4. Wol jerge tegin kelmegen yedi.

## § 94. Sinonim ra'wishler

Ra'wishler, tiykari'nan, is-ha'reket ha'm belginin' belgisin bildiretug'i'n so'z shaqabi'. Al, belginin' belgisin bildirip kelgende, tiykarg'i' ma'nini sali's-ti'ri'p yamasa ku'sheytip ko'rsetedi, tiykarg'i' ma'nige ta'sirlilik, ko'rkemlik tu's beredi.

Bunday wo'zgesheliklerdin' bildiriliwinde sinonim ra'wishler stillik qural xi'zmetin atqaradi'.

Si'rtqi' ko'rinisi ha'r tu'rli, ma'nileri bir-birine jaqi'n ra'wishlerge **sinonim ra'wishler** delinedi.

Ra'wishtin' sinonimlik qatarlari' tildin' ko'rkem-liligin, i'qshamli'li'g'i'n artti'radi'. Mi'sali': Wol **shaqqan-shaqqan** ju'rdi degen ga'ptegi **shaqqan-shaqqan** so'zin teksttin' son'g'i' ga'plerinde qayta-lamay, sog'an ma'niles, yekinshi bir sinonimlik qatarlardi' qollani'wg'a boladi': **tez-tez** ju'rdi, **ji'ldam-ji'ldam** ju'rdi, **shalt-shalt** ju'rdi t.b.

Sinonim ra'wishlerdi barli'q jag'dayda birinin' worni'na birin almasti'ri'p qollana beriwge bol-maydi'. Mi'sali': Wo'simliklerdin' bul tu'ri U'stu'rtte **ju'da' (ku'ta') ken'** taralg'an dep ayti'wg'a boladi' da, al **yen' ken' (di'm ken')** dep ayti'w stillik jaqtan uyqasi'mli' bolmaydi'. Sonli'qtan sinonim ra'wishlerdi qollani'wda tekst mazmuni'na qarap, sheberlik penen paydalani'w kerek.

***351-shi'ni'g'i'w.*** Ko'rkem shi'g'armalardan, naqi'l-maqallardan sinonim ra'wishlerge alti' ga'p jazi'n'.

***352-shi'ni'g'i'w.*** Di'qqat yetilgen sinonim ra'wishlerdi wo'zine sinonim bolatug'i'n ra'wishler menen almasti'ri'p jazi'n'. Wolardi'n' qaysi' so'z shaqabi'n si'patlap turg'ani'n tu'sindirin'.

1. U'stu'rt sharayati'nda **yen' ko'p** taralg'anlari' selew boli'p tabi'ladi'. 2. U'stu'rtte wo'setug'i'n selewdin' uluwma taralg'an jer ko'lemi **wonsha** ko'p yemes. 3. Qon'i'rbas wo'simligi U'stu'rt jag'dayi'nda duzli' ha'm duzi' **wonsha** ko'p bolmag'an topi'raqlarda wo'sedi. 4. Men wol waqi'yani' yesitkende bul adamdi' **a'bden** ayadi'm. *(B.B.)* 5. Wol bir qoli'n jazdi'ri'p shoshaytti' ha'm **tez** tarti'p aldi'. *(S.S.)*

## § 95. Antonim ra'wishler

Ma'nileri bir-birine qarama-qarsi' bolg'an ra'wishlerge **antonim ra'wishler** delinedi.

Antonim ra'wishler: **joqari'-to'men, yerte-kesh, arman-berman, uzaq-jaqi'n, az-ko'p, tez-a'ste, azlap-ko'plep, azlaw-ko'plew, ku'ndiz-tu'nde** t.b.

Ra'wishlerdin' ha'mme tu'ri antonimlik ma'nide qollani'la bermeydi. Is-ha'rekettin' waqi't, wori'n, si'n, mug'dar da'rejesin bildiretug'i'n ra'wishler antonimlik ma'nide qollani'ladi'. Mi'sali': **bu'gin-yerten', joqari'-to'men, alg'a-artqa, biyikte-pa'ste (wori'n); tez-a'ste, ji'ldam-aqi'ri'n (si'n)** t.b.

Ma'nileri qarama-qarsi' bolg'an **yerteli-kesh, azli'-ko'pli, arman-berman, a'ri-beri, anda-mi'nda, azanli'-kesh** t.b. juplasi'p qollani'lg'an ra'wishler antonimlik qatarlardi' du'ze almaydi'. Wonday ra'wishler antonimlik ma'nidegi jup ra'wish boladi'.

***353-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerge itibar berip, wolarg'a antonim bolatug'i'n so'zlerdi tawi'p ayti'n'.

1. Qoylar to'rt ayaqlap, sheginsheklep **keyin** ba'sti. 2. Asqar bunday wo'jetlerdi **aldi'na** su'yrep apardi'. 3. Asqar **arman** bir, **berman** bir juwi'ri'p shali'qti'. *(W.X.)* 4. Wol paqi'r da **aldi'na** tartsa, **arti'na** jetpey, wo'z ku'nin zorg'a ko'rip ketti. *(N.D.)* 5. Bali'qshi'lardi'n'

qayi'g'i' ten'izdin' tolqi'ni' menen ga' **joqari'** ko'teriledi, ga' **to'men** tu'sedi. 6. Mendey sorli' da'rtli **ko'p**, baxti' **az** shayi'rdi'n' birazi'n ko'z benen ko'rdim. *(A'.Q.)* 7. Ha'zir telefondi' qaqsam da, so'ylese beremen, **ku'ndiz**, **aqsham** da. *(A.D.)*

***354-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Antonimles ra'wishlerdin' asti'n si'zi'n'. Wolardi'n' du'zilisi boyi'nsha qanday ga'plerdin' qurami'nda qollani'lg'ani'n ani'qlan'.

1. Mekteptin' wo'zi ba'lent jerge sali'ng'anli'qtan, awi'l pa'ste qali'p qoyg'an. Yag'ni'y mektep joqari'da, awi'l to'mende. 2. Buri'n mekteptin' peshi qoydi'n' ko'ni menen qi'zdi'ri'latug'i'n yedi. Yendi saban jag'adi'. 3. Arbakesh woti'ratug'i'n jer yeki adamg'a mol boladi' da, al u'sh adamg'a tar. 4. Woni'n' qatnaytug'i'n jeri jaqi'n yemes ali's yedi.

## § 96. Ra'wishtin' ga'ptegi xi'zmeti

1. Ra'wishler is-ha'reketti wori'n, waqi't, si'n, mug'dar-da'reje ha'm tag'i' basqa ha'r tu'rli ma'nilerde si'patlap, tiykari'nan, pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': Polat **a'dettegishe** azan menen dene shi'ni'g'i'wi'n isledi. Wol **bu'gin** a'skeriy komissariatqa bardi'. **Bul jerde a'dettegishe** adamlar ko'p yedi. *(Sh.R.)* Wo'mirbek g'arri' suwpi'ni' **jorta** qorqi'tpaqshi' boldi'. Jol **tag'i'** dawam yetti. *(T.Q.)*

2. Ra'wishler atli'qlasi'p kelgende, baslawi'sh, toli'qlawi'sh ha'm bayanlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi'. Mi'sali': **Ko'p** qorqi'tadi', teren' bati'radi'. *(naqi'l)* **Ko'pke** juwi'rg'an azdan bos qaladi'. *(Naqi'l)* **Ko'pti** jamanlag'an ko'miwsiz qaladi'. *(Naqi'l)* Ko'lde ne **ko'p**, qami's **ko'p**. Qi'zketkennin' keleshegi **aldi'nda.** *(N.D.)*

3. Mug'dar-da'reje, si'n ra'wishleri atli'q so'zlerdi si'patlap, ani'qlawi'sh boli'p keledi. Mi'sali': Xoja-

li'g'i'mi'zda bi'yi'l sali'dan **ko'p** wo'nim ali'ndi'. *(«Y.Q.»)*. **Sonsha** adam qarji'ni' ha'm mashinani' qaydan alami'z. *(Sh.A.)* Azmaz sho'kkishlep yedim, a'lleqanday **wo'zgeshe** ses shi'g'ardi'. (*A'.T.*) Awi'l xojali'g'i'n qayta quri'wdi'n' na'tiyjesinde ijara xojali'g'i'mi'zda **az** qarji' jumsap, **ko'p** wo'nim jetistirildi («*Y.Q.*»).

***355-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ra'wishlerdin' ga'ptin' qaysi' ag'zasi' xi'zmetinde kelgenin ani'qlan'.

1. Adamlar bu'gin azang'i' saat beste mashinag'a mindi. 2. Azi'qlari'n ali'p mashinag'a woti'rg'annan keyin arti'na buri'li'p, qoli'n mag'an bir bi'lg'adi'. 3. Tog'ayda ne ko'p, toran'g'i'l ko'p. *(T.Q.)* 4. Wol ko'pke isshen'lik uqi'bi' menen jarandi'. 5. Wol birden qashti'. *(A.B.)* 6. Woqi'wshi'lardi'n' ko'bisi Atamuratti' qorshap aldi'. *(T.Q.)* 7. Aradan ko'p ku'nler wo'tti. Woqi'wshi'lar woqi'wg'a a'bden quni'qti'. *(W.X.)* 8. Atamurat ku'ndegisinen bu'gin yerte woyandi'.

***356-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Ra'wishlerdin' asti'n si'zi'p, wolardi'n' qanday ga'p ag'zasi' xi'zmetinde kelgenin tu'sindirin'.

1. Wol biraz waqi'tqa deyin qobi'zi'n ha'r waqi'tta bir g'an'qi'ldati'p, qosi'q aytpastan so'ylep woti'rdi'. 2. Bir waqi'tta yeki iyni solqi'ldap, qumbi'l boli'p ji'rlay basladi'. 3. Ja'niwarlar gu'ysep jati'r. 4. Awi'r jatarda ku'nnin' hawasi' birden buzi'ldi'. 5. Burshaq biraz jawdi'. 7. Keyninen azg'antay jamg'i'r silpilep aldi'. *(W.X.)* 8. Ko'pti ko'rgen ko'p biledi. 9. Ko'p ko'pligin yetedi. Az so'yle, ko'p ti'n'la. *(Naqi'l)* 10. Jaslardi'n' keleshegi aldi'nda. 11. Yerten' — mug'allimler ku'ni.

***357-shi'ni'g'i'w.*** **Bu'gin, ha'r ku'ni, azanda, qasaqana, ko'p, qi'sta, ha'r jerde, azmaz, birden** ra'wishleri qatnasqan ga'p du'zin'. Wolardi' morfologiyali'q tallan'.

## RA'WISHLERDI TA'KIRARLAW

1. Ra'wish degenimiz ne?
2. Ra'wishtin' da'rejeleri neshew ha'm wolar qalay jasaladi'?
3. **Keyin, son', buri'n, aldi'n** so'zlerinin' birde ra'wish, birde tirkewish boli'p qollani'li'w wo'zgesheligin ayti'n'.
4. Ra'wishler ma'nisine qaray qanday tu'rlerge bo'linedi?
5. Ra'wishler, ko'binese qaysi' so'z shaqabi'n si'patlap keledi ha'm qaysi' ag'zani'n' xi'zmetin atqaradi'?

**Tapsi'rma:** N. Da'wqaraevti'n' **«Internatta»** shi'g'armasi'nan ra'wishtin' ma'nisine qaray ha'rbir tu'rine mi'sal keltirin'.

***358-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' qanday sorawlarg'a juwap beretug'i'ni'n ha'm ma'nilik tu'rlerine aji'rati'p ayti'n'.

1. Maqset yerten'ine de kewline g'ulg'ula tu'sip, hesh jerde taqat yete almadi'. Tez ketkisi keldi. 2. Maqset ku'nnin' kesh boli'wi'n shi'damsi'zli'q penen ku'tti. 3. Keshte mu'shkili jen'illesetug'i'nday sezildi. 4. Bizin' awi'lg'a mektep jaqi'n. 5. Men bir jaqqa ketsem, brigadir basshi'li'q yetip turadi'. 6. Qa'pelimde yekewi birden ku'listi. *(A'.T.)*

***359-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ga'plerdi woqi'n'. Qospa ra'wishlerdi tawi'p, wolardi'n' jasali'wi' ha'm jazi'li'wi'n tu'sindirin'.

1. Bir suwi'q ku'ni wol istin' qi'zi'w pa'ti menen jen'il-jelpilew kiyinip, qazi'wshi'lardan sa'l buri'ni'raq qosi'na qaytadi'. 2. I'sqi'rg'an boran kem-kemnen a'bden shi'yi'rdi'. 3. Asqar qatti' suwi'qta qardi' qayra-qayra basi'p, qora betke buri'ldi'. 4. Qora ishi de won'i'p turg'an joq, qar wo'rden-i'qqa uytqi'ydi'. 5. Boran u'sti-u'stine quti'ri'ni'p gu'wildeydi.

***360-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Di'qqat yetilgen so'zlerdin' qaysi'si' ra'wish, qaysi'si' tirkewish xi'zmetinde kelgenligin ani'qlan'.

1. Bunnan jeti ji'l **buri'n** pa'rdiywali'na wo'zim i'lay atqan paxta sklad go'nerip qali'pti'. 2. Wol ji'llari' bizler **buri'n** wa'delesip qoymasaq ta, ha'r sapari' ku'n batar **aldi'nda** usi' saydi'n' jag'asi'na ji'ynalami'z. 3. **Buri'n** men bul haqqi'nda yesitpegenlikten, ne dep juwap bererimdi bilmey qaldi'm. 4. **Son'** dumanlardi'n' arasi'nan woni' ko'rmey qaldi'm. *(U.R.)* 5. **Keyin** ja'ne sergeklenip, ko'zi shayday ashi'ldi'.

***361-shi'ni'g'i'w.*** To'mendegi berilgen ra'wishlerdi sinonim ha'm antonim ra'wishlerge bo'lip, ko'shirip jazi'n'.

Ha'zir, bu'gin, di'm, yerten', wog'i'ri', yen', keshte, keshe, tu'nde, a'bden, tez, ku'ndiz, a'ste, keyin, ji'ldam, az, buri'n, ko'p, shaqqan, aldi'n, artqa, uzaq, ishke, jaqi'n, si'rtqa, jan'a, udayi', udayi'na, da'rhal, ba'rha, ba'rhama, mudam, bag'ana, ba'rqulla, uzaq, to'mende, mol, joqari'da, tag'i', a'wele, kem, da'slep, arman, hesh waq, ha'r waqi't, hesh waqi't, berman, pa's, ha'rqashan.

## WOQI'W JI'LI' DAWAMI'NDA WO'TILGENLERDI TA'KIRARLAW

### *Sorawlar:*

1. Bul sabaqli'qqa til iliminin' qanday bo'limleri kirgen?
2. Morfologiya neni u'yretedi?
3. So'z jasali'wda neler u'yreniledi?
4. So'z shaqaplari'ni'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'qlari'n ayti'n'.
5. So'z shaqaplari' tiykari'nan ga'ptin' qaysi' ag'zalari'ni'n' xi'zmetin atqaradi'?

**Tapsi'rma:** Ko'rkem shi'g'armalardan so'z shaqaplari'ni'n' ha'rbirine mi'sallar tawi'p ko'shirip jazi'n'.

***362-shi'ni'g'i'w.*** S. Nuri'mbetovti'n' **«Perzentim»** qosi'g'i'n ta'sirli yetip woqi'p, do'rendi so'zlerdi tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'n'. Wolardi'n' qalay jalg'ang'ani'n ayti'p berin'.

***363-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Qara ha'rip penen jazi'lg'an so'zlerdin' qalay jasali'p turg'ani'n tu'sindirin'.

Aradan birneshe ku'nler wo'tti. **Seyilbek** penen A'nwar da baylardi'n' jasi'rg'an mallari'ni'n' deregin izlestirip awi'l arasi'n barlasti'rdi'. **Serimbettin'** ati'na jazdi'rg'an qoylardi'n' deregi tabi'ldi'. **Qi'zi'lqumda** Qazali'g'a qaray aydap barati'rg'an jerinen tuti'ldi'. Bir ku'n wo'tpey tag'i' bir quwani'shli' xabar kelip jetti. **Xojamuratlar** qashqi'nlardi' izlep kiyati'ri'p, **Qusxanani'n'** tawi' menen Qazaqda'ryadan **Turdi'murat** baydi'n' qara mallari'n tawi'p ali'pti'.

***364-shi'ni'g'i'w.*** So'zlerdi woqi'p, tu'bir ha'm qosi'mtalarg'a aji'rati'n'. So'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' xi'zmetin tu'sindirin'.

Suwshi', qon'si'las, ji'lqi'man, bag'man, si'zg'i'sh, jazli'q, gu'zlik, jaylaw, bilimpaz, wo'nim, quli'nshaq, woyi'nshi'q, ko'rpeshe, gu'rteshe, quwani'sh, qozg'ali's.

***365-shi'ni'g'i'w.*** Wo'zlerin' **-ma/-me, -aq/-ek, -g'i'/-gi, -i's/-is, -i'sh/-g'i'sh, -li'q/-lik, -shi'li'q/-shilik** qosi'mtalari'nan do'rendi atli'q jasan'. Ani'q atli'qti'n' asti'n bir, abstrakt ma'nili atli'qti'n asti'n yeki si'zin'.

***366-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Seplik qosi'mtali' so'zlerdin' ga'pte qaysi' ga'p ag'zasi'ni'n' xi'zmetinde kelgenin ayti'n'.

Ha'r ji'l sayi'n joqari' zu'ra'a't jetistirip ju'rgen Shamurat Muwsaevti' xojali'q basqarmasi' 1936-ji'li' zveno basli'g'i' yetip belgiledi. Xojali'q basqarmasi'ni'n' bul isenimi Shamurat Muwsaevti'n' iskerligin ja'ne bir ma'rtebe ku'sheytip jiberdi. Wol sonnan bergi wo'tken waqi'tlardi'n' ishinde paxtadan joqari' zu'ra'a't jetistiriwde birqansha jumi'slar isledi.

***367-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen atli'q so'zlerdi defis arqali' tu'bir ha'm qosi'mtag'a ayi'ri'p jazi'n'.

Aspaz, miynetkesh, paxtakesh, wo'nim, sawi'nshi', traktorshi', woyi'nshi'q, bo'lme, yegislik, tog'ayli'q, woraq, jazi'wshi', basqarma, wo'nerpaz, bali'qshi'.

***368-shi'ni'g'i'w.*** Berilgen ra'wish so'zlerdi ga'p ishinde keltirip jazi'n', wolardi'n' ma'nilerin tu'sindirin'.

Ku'ndiz, qi'sta, bi'yi'l, ha'zir, ba'rqulla, keshquri'n, buri'n, usi'nda, uzaqta, to'mende, a'dewir, mol, ko'p, bilqastan, jorta, qasaqana, ba'rhama, wog'ada, ju'da'.

***369-shi'ni'g'i'w.*** Woqi'n'. Sanli'qlardi' tawi'p, tu'rleri boyi'n-sha ayti'p berin'.

Yegilgen ma'kkeler ta'rbiyani'n' jaqsi'li'g'i'nan 45-50 ku'nde gu'lge woti'radi'. Birinshi u'sh ku'n ishinde wo'simliklerdin' 10-15 procenti, al keyingi yeki ku'nde 25-30 procenti gu'llep boladi'. Wonnan keyin ma'kkeler toli'q gu'lge yenip, pashalardan shashaq shi'g'ara basladi'.

Ma'direyim 80 gektar jerden soni'n' ishinde 30 gek-tari'nan bir ji'lda yeki ret zu'ra'a't ji'ynap aldi'. Birinshi ret su't-qami'r waqti'nda 1160 centner ko'k shin'girik ji'ynap aldi'.

***370-shi'ni'g'i'w.*** S. Ma'jitovti'n' **«Woqi'g'an bala»** gu'rrin'in woqi'p, tu'bir ha'm qosi'mtag'a aji'rati'n'.

***371-shi'ni'g'i'w.*** Ko'shirip jazi'n'. Do'rendi feyillerdi tawi'p, wolarg'a qanday betlik qosi'mtalari' jalg'ani'p kelgenin ayti'n'.

1. Bizler mektep qaptali' jer maydani'nda gezek boyi'nsha jumi's isleymiz. Miywe ag'ashlari'ni'n' tu'plerin bosatami'z, ketpenleymiz, jawi'nnan keyin woni' ti'r-malaymi'z. 2. Bizin' awi'lda qoy fermasi' bar. Wonda qoylar yeki-yekiden qozi'laydi'. 3. Bizler bali'q duzladi'q. Atamurat jay saladi'. 4. Gu'lmurat woti'n maydaladi'. Bizler ko'she boylari'n tazaladi'q.

***372-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi woqi'n'. Atawi'sh feyillerdi tawi'n'.

1. Biz u'skenelengen ju'k mashinasi'nda Qulanli' yari'm atawi'ndag'i' jer betine siyrek shi'g'atug'i'n bor ji'ni'slari'n u'yreniw ha'm bul jerdegi bir teren' burg'i'law qudi'g'i'ni'n' jumi's na'tiyjeleri menen tani'si'w maqsetinde kiyati'rg'an yedik. *(J.J.)* 2. Bilimdi teren' iyelew — tiykarg'i' wazi'ypami'z. 3. Buyri'qta ko'rsetiliwine qarag'anda bulardi'n' qorg'ani's bag'dari'ni'n' worayli'q bo'limin iyelew kerek yedi. *(K.G'.)* 4. Mardandi' bali'qshi'lar awlag'an bali'g'i'n sali'w ushi'n qapshi'q worni'na paydalandi'. *(K.S.)*

***373-shi'ni'g'i'w.*** Ga'plerdi ko'shirip jazi'n' ha'm wolarg'a morfologiyali'q tallaw jasan'.

Man'i'rag'an yeshki dawi'si' ti'ni'q hawada tal-tal yesitiledi. Izeykeshtin' boyi'n jag'alap kiyati'rg'an Maqset dawi'sti'n' qay ta'repten shi'g'i'p ati'rg'ani'n ani'qlamaqshi' boli'p, biraz qulaq tu'rip turdi'. Samal won'nan yesip tur. Maqset sol ta'repke jaqi'nlay bergeni, yeki i'laq izeykeshtin' jiyegine woynap shi'qti'. Man'i'rap az g'ana turdi' da, ja'ne ji'n'g'i'l tu'bine qaray shapqi'ladi'.

(*A. Wo'teniyazova*)

***374-shi'ni'g'i'w.*** 1. Berilgen birikpegen qospa atli'qlardi'n' neshe so'zden jasalg'ani'nan ha'm ma'nisine di'qqat berin'. 2. **«Alpami's»** da'stani'nan qospa atli'qlarg'a mi'sallar keltirin'.

1. Ha'zir xali'q sani'ni'n' wo'siminin' wonnan biri g'ana rawajlang'an yellerge — Evropag'a, Arqa Amerikag'a, Yaponiyag'a, Avstraliyag'a tuwri' keledi. Milletler sherikligi ekspertlerinin' boljawi'na qarag'anda, bizin' a'sirimizdin' aqi'ri'nda jer ju'zinde 6,1 milliard adam jasaydi'. Ha'r ji'li' jer shari'ni'n' xalqi'na 50 millionnan aslam adam qosi'ladi'. *(«Y.Q.»)*

## SHA'RTLI QI'SQARTI'WLAR

"A". — "Alpami's" da'stani'
A. A'. — Abat A'liyev.
A. B. — Asan Begimov
A. Bek — Aytbay Bekimbetov
A. D. — Abbaz Dabi'lov
A. G. — Arkady Gaydar
A. Q. — Abdulla Qahhar
A. M. — Ayapbergen Muwsaev
As. M. — Askad Muxtar
A. Wo. — Aman Worazov
A'. A. — A'bdimurat Atajanov
A'. A'. — A'skerbay A'jiniyazov
"A'". j. — "A'mu'wda'rya" jurnali'
A'. Q. — A'bdibay Qarli'bayev
A'. N. — A'lisher Nawayi'
A'. W. — A'bilqasi'm Wo'tepbergenov
A'. T. — A'denbay Ta'jimuratov
A'. Sh. — A'met Shamuratov
Berdaq — Berdaq
B.S. — Bazarbay Seytekov
D. Sh. — D. Sherniyazova.
"Y.Q." — "Yerkin Qaraqalpaqstan"
G. E. — Genjemurat Yesemuratova
G. I. — Genjemurat Izimbetov
G'. S. — G'alim Seytnazarov
I. Q. — Ismayi'l Qurbanbayev
I. Y. — Ibrayi'm Yusupov
"J." — "Jetkinshek"
J. A. — Jolmurza Aymurzaev
J. D. — Joldas Dilmuratov
J. J. — Jiyen Ji'raw.
J. M. — Jubatxan Muratbayev
J. S. — Joldas Seytnazarov
J. Sap. — Jan'abay Saparov
J. Sh. — Jumaniyaz Sha'ripov
K. A. — Ken'esbay Allambergenov
K. I. — Ku'nxoja
K. M. — Kamal Ma'mbetov
K. S. — Karamatdin Sultanov
"Q". — "Qi'rq qi'z" da'stani'
"Q. x. y." — Qaraqalpaq xali'q yertekleri
Q. J. — Qa'liy Jumaniyazov
"Q. x. l." — Qaraqalpaq xali'q legendalari'
"Q. n. m." — "Qaraqalpaq naqi'l- maqallari'"
L.T. — Lev Tolstoy
M. — Maqtumquli'
M.D. — Mi'rzag'aliy Da'ribayev
M.K. — Mustay Ka'rim
M.S. — Ma'ten Seytniyazov
M.T. — Mi'rza Tursi'nzada
M.Sh. — Mixayl Sholoxov
N. B. — Na'biy Bo'rekeshev
N. D. — Na'jim Da'wqaraev
N. J. — Nawri'z Japaqov
N. S. — Na'zir Saparov
W. B. — Worazaq Bekbawlov
W. A. — Wo'tegen Ayjanov
W. Alsh. — Wo'tesh Alshi'nbay uli'
W. X. — Wo'serbay Xojaniyazov
S. A. — Sadritdin Ayniy
S. Ari's. — Saparbay Ari'slanov
S. X. — Sapar Xojaniyazov
S. J. — Saylawbay Jumag'ulov
S. K. — Su'yin Kapaev
S. M. — Seyfulg'abit Ma'jitov
S. N. — Sadi'q Nuri'mbetov
S. P. — Seydulla Pirjanov
S. S. — Saparbay Saliyev
T. X. — Tashkenbay Xalmuratov
T. J. — Tilewbergen Jumamuratov
T. Q. — To'lepbergen Qayi'pbergenov
T. Qab. — Toli'bay Qabulov
T. M. — To'lepbergenov Ma'tmuratov
T. N. — Turdi'murat Na'jimov
T. S. — Tajetdin Seytjanov
U. P. — Uzaqbay Pirjanov
V. B. — Volentin Boshin
Sh. A. — Shi'ng'i's Aytmatov
Sh. R. — Sharap Rashidov
Sh. S. — Shawdi'rbay Seytov

## MAZMUNI'

**1-sentyabr — G'a'rezsizlik ku'ni** ............ 3

V klasta wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw ............ 5

**Fonetika ha'm imla** ............ 9

§ 1. Buwi'n ha'm buwi'nni'n' bo'liniwi ............ 9
§ 2. Buwi'nni'n' tu'rleri ............ 11
§ 3. Buwi'nlardi' wo'tkermelew ............ 12

**U'nleslik ni'zami'** ............ 14

§ 4. U'nleslik ni'zami' haqqi'nda tu'sinik ............ 14
§ 5. Buwi'n u'nlesligi ............ 17
§ 6. Ses u'nlesligi ............ 20

**Leksikologiya** ............ 25

§ 7. Leksikologiya haqqi'nda tu'sinik ............ 25
§ 8. Qaraqalpaq a'debiy tilinin' so'zlik bayli'g'i' haqqi'nda tu'sinik ............ 26
§ 9. Uluwma qollani'latug'i'n ha'mmege wortaq so'zler ............ 28
§ 10. Terminler haqqi'nda tu'sinink ............ 30
§ 11. Ka'siplik so'zler ............ 31
§ 12. Dialektlik so'zler ............ 33
§ 13. Basqa tillerden wo'zlestirilgen so'zler ............ 35
§14. Wori's tilinen ha'm wori's tili arqali' basqa tillerden kirgen so'zler ............ 36
§15. Go'nergen so'zler ............ 38
§ 16. Neologizmler ............ 40
§ 17. Turaqli' so'z dizbekleri ............ 42

**So'zliktin' tu'rleri** ............ 44

§ 18. Tu'sindirme so'zlik ............ 45
§ 19. Dialektologiyali'q so'zlik ............ 47

**So'z jasali'w ha'm imla** ............ 51

§ 20. So'zlerdin' quri'li'si' jag'i'nan tu'rleri ............ 51

§ 21. Do’rendi so’z .................................................................. 53
§ 22. Dara so’z ha’m qospa so’z ................................................... 54
§ 23. So’zlerdin’ jasali’w usi’llari’ ............................................... 56
§ 24. So’z jasawshi’ qosi’mtalar .................................................. 57
§ 25. So’zlerdin’ qosi’li’si’wi’ arqali’ jasali’wi’ .............................. 59
§ 26. Birikken qospa so’zler ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ .................. 61
§ 27. Birikpegen qospa so’zler ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ .............. 62
§ 28. Jup so’zler ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ .................................. 63
§ 29. Qi’sqarg’an so’zler ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ ....................... 65

**Ta’kirarlaw** ......................................................................... 66
**Atli’q** ................................................................................. 67

§ 30. Atli’qti’n’ jasali’wi’ ........................................................... 67
§ 31. Atli’q jasawshi’ qosi’mtalar ................................................ 68
§ 32. Atli’q jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ jazi’li’wi’ ...............................70
§ 33. Atli’qti’n’ so’z qosi’li’w usi’li’ arqali’ jasali’wi’ ........................ 73
§ 34. Birikken atli’qlar ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ .......................... 74
§ 35. Birikpegen atli’qlar ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ ....................... 75
§ 36. Jup atli’qlar ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ ................................. 76
§ 37. Qi’sqarg’an atli’qlar ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ ...................... 78
§ 38. Menshikli qospa atli’qlardi’n’ jazi’li’wi’ ................................ 79
§ 39. Ko’p ma’nili atli’qlar .......................................................... 80
§ 40. Sinonim atli’qlar ............................................................... 83
§ 41. Antonim atli’qlar ............................................................... 84
§ 42. Atli’qti’n’ sintaksislik xi’zmeti ............................................. 85

**Atli’qlardi’ ta’kirarlaw boyi’nsha sorawlar ha’m tapsi’rmalar** .... 87

**Sanli’q** ............................................................................... 89

§ 43. Sanli’q tuwrali’ tu’sinik ...................................................... 89
§ 44. Jay ha’m qospa sanli’qlar ................................................... 91
§ 45. Sanli’qti’n’ tu’rleri ............................................................. 93
§ 46. Sanaq san ha’m woni’n’ sepleniwi ........................................ 94
§ 47.Qatarli’q san ha’m woni’n’ jasali’wi’ ...................................... 95
§ 48. Ji’ynaqlaw san ha’m woni’n’ jasali’wi’ ................................... 97
§ 49. Toplaw san ha’m woni’n’ jasali’wi’ ....................................... 99
§ 50. Shamali’q san ha’m woni’n’ jasali’wi’ ................................. 101
§ 51. Bo’lshek san ha’m woni’n’ jasali’wi’ .................................... 103
§ 52. Sanli’qti’n’ morfologiyali’q wo’zgesheligi
ga’ptegi xi’zmeti ................................................................... 104

Sanli’q boyi’nsha grammatikali’q tallaw ..... 106

**Ta’kirarlaw** ..... 107

**Almasi’q** ..... 107

§ 53. Almasi’q haqqi’nda tu’sinik ..... 107
Almasi’qti’n’ tu’rleri ..... 109
§ 54. Betlik almasi’g’i’ ..... 110
§ 55. Wo’zlik almasi’g’i’ ..... 113
§ 56. Siltew almasi’g’i’ ..... 115
§ 57. Soraw almasi’g’i’ ..... 118
§ 58. Belgilew almasi’g’i’ ..... 121
§ 59. Ja’mlew almasi’g’i’ ..... 123
§ 60. Boli’msi’zli’q almasi’g’i’ ..... 125
§ 61. Belgisizlik almasi’g’i’ ..... 128
§ 62. Almasi’qlardi’n’ ga’ptegi xi’zmeti ..... 130

**Feyil** ..... 135

§ 63. Awi’spali’ ha’m awi’spasi’z feyiller ..... 135

**Feyil da’rejeleri** ..... 137

§ 64. Feyil da’rejeleri haqqi’nda tu’sinik ..... 137
§ 65. Wo’zlik da’reje ..... 138
§ 66. Wo’zgelik da’reje ..... 139
§ 67. Belgisiz da’reje ..... 141
§ 68. Sheriklik da’reje ..... 143

**Feyildin’ jasali’wi’** ..... 145

§ 69. Feyildin’ qosi’mtalar arqali’ jasali’wi’ ..... 145
§ 70. Feyilden feyil jasawshi’ qosi’mtalar ..... 148
§ 71. Feyil jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ jazi’li’wi’ ..... 150

**So’zlerdin’ qosi’li’si’wi’ arqali’ feyildin’ jasali’wi’** ..... 151

§ 72. Qospa feyiller ..... 151
§ 73. Birikken ha’m birikpegen qospa feyiller
ha’m wolardi’n’ jazi’li’wi’ ..... 154

**Kelbetlik feyil** ..... 156

§ 74. Kelbetlik feyil haqqi’nda tu’sinik ..... 156
§ 75. Kelbetlik feyildin’ jasali’wi’ ..... 158
§ 76. Kelbetlik feyildin’ atli’qlasi’wi’ ha’m ga’ptegi xi’zmeti ..... 159

**Hal feyil** .......... 161

§ 77. Hal feyil tuwrali' tu'sinik .......... 161
§ 78. Hal feyildin' jasali'wi' .......... 163
§ 79. Hal feyildin' ga'ptegi xi'zmeti .......... 165

**Atawi'sh feyil** .......... 167

§ 80. Atawi'sh feyili ha'm woni'n' jasali'wi' .......... 167
§ 81. Feyillerdin' sintaksislik xi'zmeti .......... 170
Feyillerdi ta'kirarlaw ushi'n sorawlar ha'm tapsi'rmalar .......... 173

**Ra'wish** .......... 174

§ 82. Ra'wish haqqi'nda tu'sinik .......... 174
§ 83. Jay ra'wish .......... 176
§ 84. Qospa ra'wishler ha'm wolardi'n' jazi'li'wi' .......... 177
§ 85. Ra'wishtin' da'rejeleri ha'm wolardi'n' jazi'li'wi' .......... 178

**Ra'wishtin' jasali'wi'** .......... 178

§ 86. Ra'wishtin' qosi'mtalari' arqali' jasali'wi' .......... 181
§ 87. Ra'wishtin' so'zlerdin' qosi'li'si'wi' arqali' jasali'wi' .......... 183

**Ra'wishlerdin' ma'nisine qaray tu'rleri** .......... 183

§ 88. Waqi't ra'wishi .......... 186
§ 89. Wori'n ra'wishi .......... 187
§ 90. Si'n ra'wishi .......... 189
§ 91. Mug'dar-da'reje ra'wishi .......... 190
§ 92. Sebep ra'wishi .......... 191
§ 93. Maqset ra'wishi .......... 192
§ 94. Sinonim ra'wishler .......... 193
§ 95. Antonim ra'wishler .......... 194
§ 96. Ra'wishtin' ga'ptegi xi'zmeti .......... 195

**Ra'wishlerdi ta'kirarlaw** .......... 197

Woqi'w ji'li' dawami'nda wo'tilgenlerdi ta'kirarlaw .......... 198
Sha'rtli qi'sqarti'wlar .......... 202

*O'quv nashri*

**Madenbay Da'wletov, Baymurat Qutli'muratov**

# QORAQALPOQ TILI

Umumiy o'rta ta'lim maktablarining
6-sinfi uchun darslik

*(Qoraqalpoq tilida)*

"Bilim" nashriyoti
Nukus — 2013

Redaktori' *S. Baynazarova*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Woperatori' *N. Saukieva*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**
**Mu'ddeti 5 ji'l.**

Original-maketten basi'wg'a ruxsat yetilgen waqti' 18.06.2013-j.
Ofset qag'azi'. Formati' 60x90$^1/_{16}$. Tip «Times» garniturasi'.
Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Kegl 12. Ko'lemi 13,0 b/t.
12,82 yesap b/t. Nusqasi' 8845 dana. Buyi'rtpa № 13-51.

«Bilim» baspasi'. 230100. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

«O'zbekiston» baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi.
Tashkent, «Nawayi'» ko'shesi, 30.

## Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetetug'i'n keste

| № | Woqi'wshi'ni'n' ati' a'kesinin' ati' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli'q ijarag'a berilip, woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaatlandi'rarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p, shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri qayta jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaatlanarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sabaqli'qti' qayta tiklew mu'mkin yemes. |

*O'quv nashri*

**Madenbay Da'wletov, Baymurat Qutli'muratov**

# QORAQALPOQ TILI

Umumiy o'rta ta'lim maktablarining
6-sinfi uchun darslik

*(Qoraqalpoq tilida)*

"Bilim" nashriyoti
Nukus — 2013

Redaktori' *S. Baynazarova*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Woperatori' *N. Saukieva*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**
**Mu'ddeti 5 ji'l.**

Original-maketten basi'wg'a ruxsat yetilgen waqti' 18.06.2013-j.
Ofset qag'azi'. Formati' 60x90$^{1}/_{16}$. Tip «Times» garniturasi'.
Ofset usi'li'nda basi'ldi'. Kegl 12. Ko'lemi 13,0 b/t.
12,82 yesap b/t. Nusqasi' 1411 dana. Buyi'rtpa № 13-52.

«Bilim» baspasi'. 230100. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

«O'zbekiston» baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi.
Tashkent, «Nawayi'» ko'shesi, 30.

UO‘K: 811.512.121
(075)
KBK 81.2
Д-59

**Qaraqalpaq tili.** 6-klass ushi’n sabaqli’q.
Д-59 No’kis, «Bilim», 2013-j. 208 bet.

**UO‘K: 811.512.121**
**(075)**
**KBK 81. 2**

Sabaqli’qti’n’ kirisiw, V klasta wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw, Fonetika ha’m imla (§ 1-3), Leksikologiya (§ 7-18), Morfologiya ha’m imla. Atli’q (§ 29-41), Sanli’q (§ 42-51), Almasi’q (§ 52-61), Ra’wish (§ 80-94) — **M. Da’wletov;** U’nleslik ni’zami’ (§ 4-6), So’z jasali’w ha’m imla. So’zlerdin’ quri’li’si’ jag’i’nan tu’rleri (§ 19-28), Feyil (§ 62-79), Woqi’w ji’li’ dawami’nda wo’tilgenlerdi ta’kirarlaw — **B. Qutli’muratov** ta’repinen ja’zi’ldi’.

Pikir bildiriwshiler:

**Kurbaniyazova P.** — No’kis qalali’q 6-sanli’ mekteptin’ joqari’ kategoriyali’ mug’allimi;
**Ismaylova Z.** — No’kis qalali’q 10-sanli’ mekteptin’ I kategoriyali’ mug’allimi;
**Qaljanova N.** — Xojeli rayonli’q 10-sanli’ mekteptin’ II kategoriyali’ mug’allimi.

**Ma’mleketlik byudjet qarji’lari’ yesabi’nan basi’p shi’g’ari’ldi’. Biypul.**

**ISBN 978-9943-327-96-2**

**© «Bilim» baspasi’, 2013**
**© «O‘zbekiston», 2013**